

# Ираф

## III
## 2022

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА**

УЧРЕДИТЕЛЬ И ИЗДАТЕЛЬ
Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
РСО-Алания

---

Журнал издается с февраля 1991 года

**Главный редактор**
**Эльбрус СКОДТАЕВ**

**Редакция**
Виталий Колиев – заместитель главного редактора
Альбина Такоева
Валентина Миндзаева
Наталья Семенова
Джульетта Бузоева

**Редколлегия**
Тамерлан Камболов
Таймураз Тамаев
Руслан Бабочиев
Амурхан Кибиров
Милуся Будаева

ВЛАДИКАВКАЗ, 2022

# Ирæф

## III
## 2022

**ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ**

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
**СКЪОДТАТИ Эльбрус**

**Редакци**
Колити Витали – сæйраг редактори хуæдæййевæг
Такъоти Альбинæ
Миндзайти Валентинæ
Семенова Наталья
Бузойти Джульеттæ

**Редколлеги**
Хъамболти Тамерлан
Тамати Таймураз
Бабочити Руслан
Къибирти Амурхан
Будайти Милуся

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2022

# НОМЕРИ ЕС:

«О уарзт, дæу равзурста мæ цæстæ!»
*Габети Юрикки поэзибæл рафæлгæст*....................................5
Габети Юрик. *Æмдзæвгитæ*...........................................................49

## Прозæ æма поэзи

Сакъити Эльбрус. *Кæсунцæ нæмæ æностæ бæрзондæй. Эссе*...............62
Къибирти Амурхан. *Æмдзæвгитæ*..............................................105
Дзабайти Фузæ. *Радзурд*..........................................................125

## Нæуæг нæмттæ

Галачити Элен. *Æмдзæвгитæ*....................................................135

## Нæ юбилярта

Тетцойти Таймураз – 100 анзи. *Æмдзæвгитæ*..............................138
Хохойти Федар – 70 анзи. *Радзурдтæ*..........................................156
Черчести Хъасполат – 75 анзи. *Радзурдтæ*...................................186

## Алантæ киристон дин райсуни 1100 анзмæ

Гостити Ларисæ. *Саугин Аладжихъоти Аксо*...................................215

## Публицистикæ

Горæт Дигора – 170 анзи..........................................................225
Гарданти Михал. *Киристонгъæуи царди хабæрттæй*........................228

## Ахурадон æрмæг скъоладзаутæн

Алфамбулай дуйне. 1 къалас. *Идарддæр*......................................275
Математикæ. 1 къалас. *Идарддæр*...............................................288

# «О УАРЗТ, ДÆУ РАВЗУРСТА МÆ ЦÆСТÆ!»

*Габети Юрикки поэзибæл рафæлгæст*

Аци уацгъуди финсуни размæ нæуæгæй, хуæрз лæмбунæгæй бакастæн Габети Юрикки æмдзæвгитæ. Æхебæл ин ци финстонцæ æма радзурдтонцæ адæн, уони нæ байаргъудтон барæй. Нæ бакастæн нæуæгæй, 2000-аг анзи уагъд журнал «Ирæфи» 1 номери, поэти æмдзæвгити циклмæ финст, Малити Васой раздзурд «Æгас цо, Юрик». Цæмæн нæ? Уомæн нæ, æма мæ фæндадтæй хецæнæй, бунтон еппардæй Габей-фурти алæмæти сфæлдистадæбæл мæхе гъудитæ зæгъун. Нæ мæ фæндадтæй, цæмæй сæбæл æндæр еске гъуди исбеда æма естихузи фæббæрæг уа. Фал е – дуккаг æй. Фиццаг ба – фæндадтæй мæ, цæйбæрцæ гæнæн уа, уойбæрцæбæл Юриккæн æрмæстдæр æ поэзи равзарун, æ царди хабæрттæн ин неци зонгæй, æма уони хæццæ нæ бæтгæй е 'мдзæвгити рантæсæн.

Раздзурд æ кæронбæттæни уæнгæ ку 'рхъæрттæй, уæдта, гъай-гъайдæр, æркастæн Юриккæн æхе номбæл финст æрмæгутæмæ дæр, радзубанди кодтон æ хеуæнтти хæццæ дæр, æма ймæ, уони хинцгæй, хуæрз гæзæмæ æнхæрсæнтæ бахастон.

Габей-фурти сфæлдистади туххæн æ сабийбонти хуæздæр æрдхуæрдтæ, хæстæгдæрмæ 'й ке фæрци базудтонцæ поэзиуарзгутæ – уони хæццæ нæ цæстингас æнхузæн кæми рауадæй, уоци бунæттæ рахсастон, кæд, æма литературæмæ барæ дарæг дууæ хецæн адæймаги еци-еу авторбæл æнгæс ку гъуди кæнонцæ, уоми аййеппæй неци ес, е уæлдай æвдесæн дæр ма униау æй сæ хатдзæгти рæстдзийнадæн, уæддæр. Цæмæдессаг æма аййев нæ 'й, загъд ка 'рцудæй, уой дуккаг хатт фæлхатун.

Поэти зæнхон цард æма æрвон скурдиади тæлæнтæн, хецæнæй сæ ку райсай æма равзарæй, уæд ирддæр, бæ-

рæгдæрæй разиндзæнæй сæ бастдзийнадæ дæр. Æма, кæд, зæнхон адæймаги æууæлтæ – æ цардиуагæ, æ зæрдихатт, æ рæстдзийнадæ, æ уоди кæдзос, хæлар уæдта уæззау зунд е сфæлдистадæбæл æнæ фæззингæ н' адтæнцæ, уæддæр, иннердæмæ ба – æ æрттæ цæгъдæг, уолæнтæгай сæххæтгæнæг скурдиадæ дзæвгарæ арфдæр фæд ниууагъта поэтæн æхе цардбæл. Е – еухузи гъуди, традицион критикæ æнцондæрæй ке лæдæрун кæнуй, уæхæн. Иннæ ба – сфæлдистадон архайæгæн æ хумæтæг зæнхонуг адæймаги минеугутæ дæр лæвæрд фæуунцæ е скурдиади хæццæ еумæ, æ бауæри æй сæ рантæсæн дæр, æма æмархайд кæнунцæ. Нæ бон зæгъун æй уотæ дæр: лæги минеугутæ фæуунцæ е скурдиади аккаг. Ауæхæн цæстингас кæд зæрдæмæдзæугæдæр æй, уæддæр лæдæрунмæ ба – зиндæр. Поэт куд тухгиндæр уа, уотæ имæ аци гъуди фулдæр хауй, хæстæгдæр æй, – фæлмастдæрæн ба, ахиддæр æ адæймагон хецæн æууæлтæй æнтæсунцæ æ уадзевдзитæ дæр. Æртиккаг гъуди ба æй уæхæн: ес син дууердæмæ бастдзийнадæ, кæрæдземæ дарунцæ æнхузæн барæ.

Гурусхагбæл гурусхæ кæнгæ 'й, бундоронбæл ба æууæндун æма лæмбунæг дзубанди æркæнун гъæуй. Кæнгæ æпбæлдтитæ, бæрзонд эпитеттæй «гъолти гъазунмæ» нæ гъавун. Цæбæл дзорун, е ахсгиаг гъуддаг æй нур дæр æма никки ахсгиагдæр униау æй исонбони.

Зæгъун æй, æнæ фæстæмæ фæккæсгæй æма федарæй: нуртæккæ уæ къохти даретæ дессаги киунугæ. Цидæриддæр финст æрцудæй нури уалдæнгæ нæ алæмæти гъæздуг дигорон литератури, уонæй мæмæ Габети Юрикки æмдзæвгитæй æнæнгъæлæгидæр æма дессагдæр нецима фæккастæй. Сауæнгæ дæр – уотæ, æнæнгъæлæгидæр æма дессагдæр, – аййевдæр æма сæ хуæздæр ку нæ хонун, кæд ма уомæ дæр æркæсун гъæуй, уæддæр. Ке зæгъун æй гъæуй, уонæй уæлдай ма берæ бæрæггæнæнтæ ес сфæлдистади æмвæзадæн аргъ кæнунмæ, фал рабарæ-бабарæ, еуей-инней нихмæ æвæрун ме 'хæсмæ нæ хауй. Не стур финсгутæй алке дæр æхе бунати 'й. Алкæмæ дæр си ес æхе сæрмагонд поэтикон минеугутæ 'ма лæгигъæдтæ, куд кæсæгæн дæр æхе уарзон æма аккаг поэт, уотæ. Адæ 'ма, дан, хузæ æвзарунмæ лимæнтæ нæййес.

Æ поэзий бæрзæндæмæ гæсгæ, Габети Юриккæн гъæуама

раги адтайдæ нæ классикти рæнгъи æхе зингæ бунат. Аци цубур рафæлгæсти, Юрикки берæвæрсугон сфæлдистадæбæл зин рахъæртæн æй. Цæмæй нæ къохти ести гарау хатдзæг искæнун бафтуйа, уой туххæй ба нæ уæддæр еу цалдæр æмдзæвги гъæуй хецæнæй равзарун, уонæнти ба хъæбæр листæг æркæсун сæ алли гъудиадæ, рæнгъæ, дзурдбаст, дзурд, дзурдиздæх æма, сауæнгæ, дамугъамæ дæр. Ка нæма бакастæй Юрикки æмдзæвгитæ, е нæ зонуй, дзурдтæ хецæнæй æвзаргæ цæмæн æнцæ, – гъома, дзурд æма дзурд, – дзурд уотемæй дæр лæдæрд æй. Фал аци поэти дзурдтæ се ’нæнгъæлæги æмбасти рахезунцæ сæ хумæтæг, «аллибони» нисанеуæгæй, æнцæ æвæсмард фæззинд, кæцæйдæр идардæй, æнæзонгæ æрфитæй ист, æнзти фæлмæй ка нæбал зиннуй, еци рагон недзаманон дуйнеййæй, цума неандертайлæгти догтæй æрбайгъустæнцæ махмæ, кенæ ба – ка нæма рæстадæй, еци æрцæуйнаг дзамантæй, æрмæст ма нин, уой хæццæ ба, æвдесунцæ нæ царди нуриккон уавæр дæр, «æхсæдун» нин кæнунцæ æ «къузуртæ» уæдта амайун – æ «бугъзуртæ». Дуккагæй ба – Габети Юрикки сфæлдистади ес хъæбæр берæ нæуæг дзурдтæ, нури уæнгæ дигорон æвзаги ка некæдма адтæй, уæхæнттæ. Уони рантæсæн, сæ фæззинди рæуонæ сæрмагондæй æвзаруйнаг æй.

...Уæд ма си дамугъатæмæ ба хецæнгай цæмæн кæсун гъæуй? – зæгъгæ, гъай-гъайдæр, исæвзуруниау æй уæхæн фарста æма уобæл исдзуапп кæнун ба фæстæдæр бавзардзæнæн, æмдзæвгитæй ист, комкоммæ æрхаст дæнцитæй.

* * *

Тæккæ фиццагидæр бафепбайун гъæуй уой, æма, ка неке фæнзуй, е æхуæдæг дæр зин бафæнзæн æй. Габети Юрикки поэтикон «æрмдзæф» неке хæццæ ес исхæлæмулæгæнæн, – финсуй, лæг æ фуни дæр ке некæд фæууидтайдæ, байархайгæй дæр ке нецихузи æргъуди кодтайдæ, уæхæн æнахури дессаг уадзимистæ. Е сфæлдистадæ æй бунтон хехузон æма уникалон, неке поэзий «коми тулфи» фæд ибæл ес æрæстæфæн, – æй, арвæй дор не ’рхаудзæнæй игон будурмæ, уой хузæн бæрæг æма «еунæг».

Æвæдзи, нæ иннæ устур финсгути сфæлдистадæй игъауги, е ’мдзæвгитæ дессагдæр æнцæ се ’нахури гъудитæ ’ма нивесийнитæ, сæ, сосæгдзийнæдтæй идзаг, рантæсæнæй, сæ хуæрзцубур формитæй, се ’нæзонгæ дзурдтæ ’ма дзурдбæститæй, сæ «æмирдзийнадæй», сæ азæлдæй æма ма берæ æндæр цæмæйдæрти. Уæхæн хецæнхуз сфæлдистадæ ба киунугæкæсæги сагъæси диапазон уруходæр кæнуй, меддуйне ба – гъæздугдæр. Юрикки æмдзæвгитæй бал еуемæ, рæнгъæгай æй равзаргæй, æркæсæн, цума ’ймæ уæлдæр ранимад минеугутæ куд хаунцæ...

Нуртæккæ фæрсæрдигæй ци берæ, уæдта арæхдæр ба – нæгъæугæ информаци кæлуй адæймагбæл, уой гулфæнти ранигъулдæй, æ «хъур» си байдзаг æй æма ’й æгасæй æ хурфи ку дара, уæд фæтъттъæп уодзæй. Уомæ гæсгæ ’й фæгъгъæуй фæууæгъдæдæр ун, цидæртæ си æндæмæ ракалун. Æноси, кенæ æности размæ ба, æвæдзи, адæймаги ихæстæ дæр, æ фæрæзнитæ дæр бæрæгдæр æма лæдæрддæр адтæнцæ: ци ’й фæндуй царди уæдта ин изолдæр куд архайгæ ’й, уой зудта. Берæ дзорун си нæ гъудæй, гъуддаг кæнунмæ рæстæгбæл ауæрдгæ адтæй. Цубурæй загъд æрцæуидæ гъуди, ’ма уотемæй тухуастдæр уæдта фæлгонцгундæр рауаидæ. Аци принцип поэзий ба, царди куд, уомæй дæр хуæздæр федауй:

*– Мæгур уæнтæ –*
*Бæлди ’мбарзт.*

**«Уæнтæ»**, æвæдзи – **уонтæ, иуонтæ, иуæнгтæ. Мæгур уæнтæ – куствæллад, ристæйдзаг иуæнгтæ.** Фиццаг рæнгъи ес æдеугурæй цуппар иуонги. «Бæлди ’мбарзт»-и ба – æртæ иуонги, – цубурдæрæй зæгъæн ин нæййес. Адæймаг цæмæ бæллуй, уой исæнхæст кæнун æ арми не ’фтуйуй, æгондæй æ медæгæ байзайуй.

*– Æ курæнттæ –*
*Сæлди ’ндзарст.*

Æ «курæнтти» дон нийййех æй, æндзаруй донкæлæн бæлæгъти цори, гъезæмарæ кæнуй, цæмæй пернæ æрзела æма æ «кунауæггаг нартихуар баинса», фал ин си неци уайуй:

*– Гур-гæв судæй,*
*Æрмарт æнцæ.*
*Ургæфтудæй –*
*Цæлмартæнтæ.*

Аци рауæн и «мæнгарддæр» дзурдтæ райдæдтонцæ сæ куст: **«Гур-гæв судæй»** ци æй, уобæл берæ фæссагъæс кодтон, æма, кæд, фиццаг дзурди æдеугурæй æхсæз дамугъай ес, уæддæр архайд дæр æвдесуй, æнкъарæнтæй дæр æнхæст æй: **гур – гурæ**, **гæв – гæв-гæв** кæнуй. **«Судæй»**-æн ба ес дууæхузи балæдæрæн: **басудæй** фур уазалæй, уæдта – **судæй мæлуй**, гъома, хъæбæр исæстонг æй, фал, æвæдзи, тæккæ растдæр ба – сæ дууæ дæр еумæ! Поэзий еци æнтæст æй, цъеусор уæларви æ думæгæй æрахæссуни хузæн. Куд уинæн, уотемæй дууæ цубур дзурдемæн ес цалдæрхузи балæдæрæн, хецæнтæй сæ райсгæй дæр, се ’мбастæн дæр. Цæйбæрцæ хъаурæ ес аци дзурдбасти, уой ба сæри хъанзмæ багъаруни разæй бауæр æхебæл æнкъаруй, æма ниндзуг уй, раст цума йбæл зуймон цъемоси уазал дон басæххæт киндæ ’й, уоййау. Гъудий разæй æнкъарæн ци рæнгъитæй багъара адæймагмæ, уæхæн æмдзæвгитæ берæ ес Габети Юрикмæ. Е сфæлдистади еци æуууæл, æвæдзи, æй тæккæ ахсгиагдæр æма нин хатдзæг искæнуни барæ дæттуй, Юрик поэзий æгæрон хæзнадони тæккæ арфдæр римæхсæнтæмæ дæгъæл ке ’ссердта, уотемæй, сæ фарнæй фæххайгин уогæй, æхе сæрмагонд «аййевадон дуйне» ке исаразта. Нæ иннæ курхон дзурди мугкаг итаугути æмрæнгъи, Габети Юрик къæпхæн уæлйаудæр, зин исхъæртæн бæрзæндæмæ есуй дигорон литературæ.

Æмдзæвги дуиуонгон дзурд **гурæ**, поэт æйййевуй **гур**-æй, еу иуонг (еу дамугъа **æ**) си гæлст æрцудæй, æма уой фæрци ба рæнгъæ фæццубурдæр æй, фелвæстдæр, фæййитингдæр æй, æ медесæй ба неци рахаудтæй, фал ма кæсæги, уæлæнхасæн, сагъæс кæнун дæр кæнуй и «къодагонд» дзурд æхебæл, æ рантæсти мугкагбæл. Гъудибæл бафтаун ба, æнæмæнгæ, хауй поэзий домæнтæн сæ раззагдæртæй еуемæ. Изолдæр цæуæн:

*– Гур-гæв судæй, –*
*Æрмарт æнцæ.*

Нури уæнгæ æнæзонгæ, цубур дзурд **«æрмарт»** дæр æй автори исфæлдист берæ нæуæг дзурдтæй еу. Æвæдзи, цæуй **«арм»** æма **«арт»**-æй. Лæг ку **«басуйуй»**, уæд æ армитъæпæнтæ кæрæдзебæл цурд-цурдæй сæрфунмæ фæййагайуй ’ма си тог рацæуй, æ къохтæ рагъар унцæ. **«Ургæфтудæй – цæлмартæнтæ»** лæдæрд æй, гъома, фур тухгустæй ниуургæфтуд æй, ниццæлмартæнтæ ’й, никъкъæдзæ, никъкъолæ ’й, гъæуй æй æнхус, уомæ гæсгæ, поэт зæгъуй идарддæр:

*– Къол-мæгури –*
*Адæн-хъау.*

Ами дæр бабæй ес дууæ кунæггонд дзурди: **къол** – къолæ, **хъау** – хъаурæ (кенæ – хъауæ, ауæ), æма си и «уæлдай» дамугъатæ гъæугæ дæр нæ кæнунцæ, – уæд и æмдзæвги «зæрдихатт», «гурисконд», хегъæдондзийнадæ ихæлгæ кæнунцæ. Юрик – Юрик нæ уайдæ, æ алли дамугъайæн дæр тæккæ аккагдæр бунат ку нæ еридæ, уæдта ин æ нисанæй кæронмæ ку нæ пайда кæнидæ. Уæлдæр ке бафепбайдтан, дамугъайæн ба еунæгæй цæй хъаурæ ес, зæгъгæ, уотæ еске нæфал мæхуæдæг дæр рагъуди кодтайнæ. Фал мин Юрикки æмдзæвгитæ мæ цæститæ райгон кодтонцæ æма ми æруагæс кæнун байдæдтонцæ, фиццаг æркасти, уæн кæмæн нæййес, уотемæй ба, мах нимад нæ нимайгæй, уæддæр æрдзи медæгæ ка ’й, уæхæн парадокстæ; еу дамугъайæн æхеми нæ, фал ма, сауæнгæ, æ рагæлсти, æ нæуни дæр цидæр хъаурæ æма нисанеуæг æвæрд ес: иннети, æ хæццæ дзурди ка адтæй, уони нæбал фæхъхъор кæнуй æма сæ «куст» ирддæрæй разиннуй. Раст, цума, командæй лæгъуз футболист нæ рандæ кæндзæнæ, уой хузæн.

Ци æмдзæвгæмæ кæсæн, уоми уæхæн дæнцитæ хъæртунцæ: **гур**, **гæв**, **къох**, **хъау**, **сæт**, **дес**-æн сæ кæрæнттæ æндæгонд ке ’рцудæнцæ, уой фæрци сæ медес фæйййиндтугдæр æй, фендондæр æнцæ и дзурдтæ, фæлмæн къинсæ нæ ниннæмдзæнæ, уæдта ин, гахи гумбулбæл æй æрбатохгæй, æ уæлдай цъопп не стондзæнæ, уоййау. Къере уотемæй рауайуй рæсугъддæр, тæнцъарæдæр æма хуæрзадæдæр.

Æмдзæвги иннæ гъудиади кæд цуппар дзурди ес, уæддæр æ уæзæ ба иннетæй минкъийдæр нæ ’й. Æ арф философи

æма æнкъарæнти фæрци æй банимайун æнгъезуй поэтикон медесгун рæнгъарæзти аккаг дæнцæбæл:

*– Дзол сæ хъури –*
*Кадæнгау.*

Ухери хъйамæт гæнгæй, фæллонгун адæймагæн къæбæр исамал кæнун, аргъауи хузæн, бæллеццаг æма зин адтæй. Ку бафтуидæ æ арми, уæдта е ба уидæ æнæнгъæлæги устур цау, æ царди «историон усмæ» æма æ хъури рандæуидæ «кадæнгау», зæрдæ рохсгæнæн æхцæуæндзийнади хæццæ. Ӕрмæст, куд гъудæй, уотæ арæх не ’скæнидæ уæхæн нивгун бон:

*– Ескæд гæззуй –*
*Тæнæн – къæнст!*

Еу-ефстагмæ фæццæуидæ «гæззуй (дæндаги) къæнст», цæмæй мæгур косæг лæги тæнтæ бунтондæр ма бахауонцæ æма судæй ма ниммæла.

*– Фестæг пъæззуй –*
*Ӕнæнтæст.*

Аци гъудиади бæрæг æй мæгури бон, – æнæнеци, фестæг лæгæн пъæззуй цæугæ рауайуй æма ин неци æнтæсуй.

*– Цъæмæн-цъосæн –*
*Сæт-ивулд.*

**«Цъос»**, **«цъосæн»** ци бæрæг кæнуй, уой нæ равзурстон, кæд еститæ æримисæн ес хе зæрдтæй, уæддæр, **«цъæмæн»** ба, æвæццæгæн, æй цубургонд **«цъæмæнгæс»**-и формæ, **«сæт»** – «сæтæ». Ами ма ес еу цæмæдессаг фæззелæн. Кæд и фæстаг дзурд зæрдæмæдзæугæ нæ ’й, уæддæр адæни царди æмбæлуй, æма ’й Юрик «къодагондæй» ке испайда кодта, уой фæрци и дзурди «æнадæдзийнадæ» дæр фæккунæгдæр æй: **«сæт»** – æма фæцæй уайтæккæ дæр. Еци листæг ’здæхæнтæ сфæлдистадон лæги ацъагъуæбæл, еугуремæ зин-

нæг сорæттæй, фулдæр дзорæг æнцæ. Хумæтæг дзурдтæй аци гъудиадæ рафинсæн ес: «Мæгури дæр цъæмæнгæс дзол хуæргæ ку фæууина, уæд æ фур хицæй æ билидæнттæ æруайунцæ». Æгæр листæг имæ уой туххæй æркастæн, æма мæ фæндуй бафепбайун, – цубур гъудиæдти дæр Юрикмæ цæхæн цæстæбæлуайгæ, фæлгонцгин нивæсийнитæ фæззиннуй. Поэтæн е скурдиади фæрци æнтæсуй баеу кæнун аййев нивæфтудтæ æма арф гъудитæ арæнæлвæст, хуæрзамад фæлгæтти медæгæ. Æ еци æууæлæн дæр ин æмбал зин иссерæн æй нæ литератури.

*– Æнæ ’мпъозæн –*
*Сæ дивул.*

Гъудиадæ, цифæнди лæдæрд кæд æй, – се скъуд дивилтæн ма сæмæ æмпъозæнти фагæ хъумац дæр нæййес, – уæддæр, автор си базургин уадзæндзурд ке испайда кодта, уой фæрци фæцæй ахедæггундæр. Æрмæст бабæй ами дæр поэт еци адæмон загъдмæ бауагъта æхе тог: дзурд «дивил» – «дивул»-æй раййивта ’ма бунтон æндæрхузи хуарæнтæй хурст æрцудæй. «Дивил» æнæуой дæр ци æй, уой æй, фал ма си «дивул» ку зæгъай, уæдта ’й фæхъхъæбæрдæр кæндзæнæ, ’ма ин е ба æфхуæрæни хузи уайуй, – ци «дивил» æй, уомæй, цума, никкидæр «фæддивилдæр» уй. Уæлæнгай æркасти, рагъуди гæнæн ес, поэт æй рифмæ фæаййевдæр кæнуни туххæй райййивта, зæгъгæ: «сæтивулд – сæ дивул», – фал е мæнгæдтæ ’й. Поэт æй раййивта интуитивон хузи, æвзаг æ уодигъæдæй арф ке æнкъаруй, уой фæрци, рауадæй ин æхегъæди, куддæр æнæргъудити æма йбæл исфедудта. Уотæ дæр мæмæ кæсуй, цума аци æмдзæвги, рæнгъити астæу, ку сæ финста, уæд цæстникъулди бæрцæ рæстæг дæр н’ адтæй, исуолæфти фагæ уæлдæф дæр, – уотæ æмбаст æма еудадзуг æнцæ. Раст и æмдзæвгæ, цума, кæмидæр фарсбæл цæттæ финст адтæй ’ма ин Юрик æ хузæ исиста, æма нин æй нæ рази хузистæй райвардта.

*– Незтæ къæс-суй,*
*Тæнхъарæй.*

Магъа, **«къæс-суй»** ци уа? Æмдзæвги контекстмæ гæсгæ, уæдта мурти азæлдмæ гæсгæ ’й бангъæлæн ес мæнæ атæ дæр: незтæ **къæси** (кенæ – **къæссай** дзаг) **исуй** фур лæмæгъæй, фур æнæхъаурæй.

*– Не стæг кæсуй*
*Нæ царæй.*
*Дес: тæккæ зин*
*Нæ зар æй.*

Поэт кæд архайæн дзурд «кæсуй» зæгъуй, уæддæр си змæлд нæййес, фал æррæстæ хузæй æвдесуй уавæр: фур фудхузæй фæрскъитæ зиннунцæ. Иннæ гъудиадæй – «Дес: тæккæ зин нæ зар æй» – æмдзæвгæн динамикæ равардта.

Ами дæр бæрæг æй, авторæн, дигорон адæмон царди ци бæрцуатгин зæгъдтитæ ес, етæ адæгон нæ ’нцæ. Фиццаг гъудиадæ æй «кæдзосæй ист» дигорон æвзаги хæзнадонæй. Цæстæ æрдарун гъæуй, поэтмæ ци ассоциацитæ фæззиннун кодта еци «федар фразæ», ци æнкъарæнтæ исæвзурун кодта æ зæрди уæдта уони цихузи форми загъта. Алцидæр лæдæрд æй, уæддæр бабæй æртиккаг рæнгъи фæззиндтæй дууæ «къуæрддумæг» дзурди: **дес** æма **зин**. Кæсгæ æнцæ, куд **дессаг** æма **зиндæр**. Фал ци зæрдæбæл æмбæлагæ, ци берæ æнкъарæнтæ ес, поэт æй куд исаразта, уотемæй аци гъудиади!

Юрик æвдиста цардæн куд е ’ргон, уотæ æ аууон фарс дæр. Æ кæцидæр æмдзæвгитæ адæймаги меддуйне раст, цума, усхъунмæ исхатунцæ:

*– Арти скъæфæн*
*Сог, – нæ цард.*
*Карди цæфæн*
*Тог ’нæгъард.*
*Ци фау зæгъæн?*
*Дзæнæт-дог!*
*Цикъау нæ гъæн*
*Æнæ тог.*

Хуцау – æ дæсни, – ци зæгъуйнаг æй ами поэт. Берæхузти

ин ес балæдæрæн. Бавзарæн арæхсгайти: сæ еу – адæймаг дуйней ’змæлди туфулмæ гæлст æрцудæй, артмæ сог багæлдзæгау, арти скъæфæнау ферттевуй уæлдæфи æ цард æма «басодзуй». Карди цæфæй дæр си тог нæ рагъардзæнæй... Ами ес дæлгонмæ хатт гъуди: поэт пайда кæнуй æмдзæвгæ финсунади мадзал – гиперболæй, комкоммæ лæдæрун æй нæ гъæуй. Æвæццæгæн, уотæ зæгъунмæ гъавуй, æма уодгоймаги «цæфсгæ» цард уойбæрцæбæл итинг æма цубур æй, ’ма си карни «цæфтæй тог рагъара», уомæн дæр рæстæг нæ «рафагæ» уй.

*Ци фау зæгъæн?*
*Дзæнæт-дог.*

Уæддæр уйнадæ уарзун гъæуй, «дзæнæтау» æй адæймаги догæ, æ гъæнæй тог нæ кæлуй, арти содзгæй дæр имæ рист нæ гъаруй, уотæ хъазар æй цард. Цума еу фуди иннæ уæзгæдæр фуд фæббунæй кæнуй, æма еци «маневри» фæрци æмдзæвги фудæн æ фæд æрбайсæфуй. Аци рæнгъитæ гузавæ ’ма æрхунбæл не ’фтаунцæ, зæрдмæгур нæ кæнунцæ, фал, цæмæдæргæсгæ, сæ медæгæ хæссунцæ нифси римæхст рохс. Кæд æй æмдзæвги иннæ минеугутæ æндæр сагъæстæбæл фæккæнунцæ?!

Æмдзæвгæн эстетикон «адæ» дæттуй, автори гъæздуг дзурдуатæй еу – дзæнæт-дог, ’ма ’й гъæуй хецæнæй равзарун. Кæцæй цæуй, е бæрæг æй, фал æй, цæветтонгæ, ацихузи ба Юриккæй фæстæмæ неке загътайдæ, уомæн æма е хауй уой координатон системæмæ, уой будурмæ, уой стильмæ, – æндæр ескæбæл не сфедудтайдæ. Дзæнæт-догæ зæгъун ма ескæмæнти дæр бантæстайдæ, æма уоми уоййасæбæл устур нæуæгдзийнадæй неци адтайдæ: адæймаги дзæнæтон догæ уæзданæй цæуй, – уомæ æнгæс ба – æ гъуди.

Фал си поэт еунæг дамугъа рандæ кодта æма и вазуггин дзурд æхе бунтон æндæрхузонæй равдиста, æ нисанеуæг дæр раййивта. Ка банифс кæндзæнæй, зæгъгæ, аци «арæзт дзурд» дигорон æвзаги не ’сфедаудзæнæй, уæдта ка зæгъдзæнæй, æма ’й уæхæнттæ нæ гъæздуг кæнунцæ, кенæ ин æ ауон гæнæнтæн дæнцæн не ’сбæздзæнæнцæ?! «Дзæнæт-дог» – зæгъгæ, æ азæлд дæр «дæнгги» хузæн æй, фат топпи

цъухæй нæ фæййервæздзæнæй æхсти фæсте, кенæ, дæ армæй ести не ’ркъæцц кæндзæнæ, æма, æвæццæгæн, е дæр æвдесуй, уæлиуон цард адгин ке ’й, фал цæсти фæнникъулди хузæн уайтæккæ дæр ке фæууй. Поэт нин лæдæрун кæнуй, рæстæг дзæгъæли цъæхуæл кæнун ке нæ гъæуй, уой е ’мдзæвги алли исуолæфæнæй æма науæрæй дæр.

Уотемæй, уадзевдзий нисани, æверхъау æма бауæр уазалгæнæн æнкъарæнти фæрци, уæддæр æвæрд ес, цардæн аргъ кæнуни рæстмæарæзт, позитивон гъуди.

Ес ма мæмæ, аци æмдзæвгæ куд лæдæрун, уомæн æндæр верситæ дæр, æма, бабæй, е ба уобæл дзорæг æй, ’ма поэти берæвæрсугон, «мæрзæздухт» уадзевдзитæ киунугæкæсæги сæхемæ кæсун кæнунцæ хецæнхузи цæстингастæй, сæхе æвзарун кæнунцæ аллирдиги æма аллихузти.

Ке зæгъун æй гъæуй, литературæ уарзæгæн е æнцондзийнадæ нæ дæттуй, æма ин уотæ æхцæуæн дæр нæ униау æй. Фал æвзаруни усми æ сæри фæззиннунцæ цидæр нæуæг гъудитæ, æ цæститæ райгон унцæ нæуæг еститæ фæййинунмæ.

Ци иннæ верситæй загътон, уони нæбал дзорун, – ке æрхастон, уой дæр æрмæстдæр дæнцæн, – Габей-фурти поэзи сосæгдзийнæдтæй идзаг ке æй, уой бавдесунæн. Уой поэзий римæхст къумти сгарун ку байдайа лæг, уæд æ сæр исдзæгъæлтæ уодзæнæй, – уой уоди цитæ цæуй, уонæбæл фæххуæст нæййес. Поэзи æма поэтбæл финсун æнцон некæд æй, фал мин си аци хаттæй зиндæр ба некæд адтæй. Е ’мдзæвгитæ, издий къæрттитау, зæрди ауиндзæнтæбæл æруæзунцæ. Фал æй ка лæдæра, кæмæн тайонцæ, е ба си æхецæн, хуасийни хузæн, пайдай бауæргъæдтæ райсуй, æхседуй æма федардæр кæнуй сæ фæрци:

*– Ервæзт ниуæрттæбæл*
*Фæд-æхст;*
*Е ’рмæст дзиуæрттæбæл –*
*Фæдзæхст.*

Аци цуппаррæнгъон, æвæдзи, Юрик ниффинста æхебæл. Цуппар рæнгъеми æвдист æрцудæй лæги цард æма æ хъисмæти дзæвгарæ хай. Æрмæст, объективон æма æнæдузæр-

дугкаг хатдзæг искæнун зин æй, уомæн, æма дзурд **фæд-æхст**-æн дæр цалдæрхузи балæдæрæн ес, æма си и алли вариант дæр æ фæсте æндæр варианттæ расайуй, уонæй бабæй алкедæр уæд еумæйаг гъуди æййевгæ кæнуй. Еци еунæг дзурди фалæнбулай æнгъезуй æнæгъæнæ дискусси исаразун дæр. «Ниуæрттæ» бæргæ фæййервазтæнцæ, фал сæбæл «фæд» ба байзадæй, æма уой дæр фехсун, нинтъо-хун гъæуй; кенæ: ниуæрттæ исæскъудæнцæ æма сæ ницъ-цъиллинггæй бауæрбæл фæд фæууагътонцæ (ниццавтонцæ, «фехстонцæ»); кенæ: «ервæзт ниуæрттæбæл æхсти фæд» байзадæй... æма уотæ идарддæр. Æ «ервæзт ниуæрттæбæл фæд-æхст» кæмæн æрцудæй, уомæн ма еунæг хуасæ байза-дæй: «дзиуæрттæбæл бæфæдзæхсун».

Юрикки поэзи цæмæй конд æй, цæхæн аразæн æрмæгæй æма дæсниадæй, уобæл мин хуæрзцубурæй дзуап дæтгæ ку рауаидæ, уæд зæгъинæ: **æздухт** дзурдтæй æма **дзурдæздух-титæй**. Дигорон æвзаги парахат дзурдуат никки парахатдæр кæмæй фæккодта, еци нæуæг æримист, æргъудигонд, конд, æздухт дзурдтæ, хецæнæй, æмдзæвгити «æндæдуар» райс-гæй дæр, цæмæдессаг æнцæ, фал ма сæ ку исеумитæ кæнуй, уæдта «дзурдæздухтитæй» æ уадзимистæ се ’цæг хузæ ис-калунцæ, ’ма ин «цади сæри» хузæн «æрдзæф кæнун» рай-дайунцæ. Аци усмæй испайдагæнгæй, бафепбайун аййепп ма уæд, уæдта зундамонуни хузи дæр ма рауайæд: наукон косгутæн, литературæ æртасгутæн æма финсгутæн берæ æв-заруйнаг темитæ ниууагъта Габети Юрикки поэзи. Дæнцæн: е ’гас нæуæг дзурдтæ дæр ин исесун гъæуй æмдзæвгитæй æма сæмæ лæмбунæгæй æркæсун, наукон уацгъуди сæбæл ниф-финсун; æ дзурдбæститæ дæр æнцæ сæрмагонд æрдзубан-дий агкаг, уомæн, æма æвдесунцæ дессаг хузтæ, нивесийни-тæ, сорæттæ уæдта сæ медæгæ хæссунцæ берæ информаци; æ æмдзæвги арæзт æма зæлунадæ æнцæ техникон æгъдауи, ритмикæ æнкъаруни æма рифмитæ æвзаруни уæлдæр дæс-ниадæ; æ уадзимисти арф римæхст гъуди раргон кæнун, æ, кæронмæ загъд кæми не ’рцæуй медес, æмдзæвги æма кæ-сæги пайдайæн, уони рартасун, уони æрдзæ базонун. Ахура-дон косгутæ си сæхуæдтæ хуæздæр иссердзæнæнцæ, цæмæ ма се ’ргон рахатун, цæбæл ма æрдзубанди кæнун æнгъезуй, уæхæн темитæ.

Уæлдæр ке кой искодтан, æ зæгъуйнæгтæ, кæронмæ загъд, цума, кæми не ’рцæунцæ, уонæми ес сосæг зæрдæ римæхст, етæ, цидæр дессагхузи, эмоцитæй ба фæуунцæ хуæрзидзаг. Раст, куройни дæнтти ауазнæ ку фегон уй, æма, урдугмæ расæххæтт гæнгæй, пернæ не ’рзелуй, уоййау райвулунцæ адæймагбæл ’ма ин ’змæлун кæнунцæ æ еугур гурахст дæр. Сæ лæмбунæг аргъаун уотæ æнцон ке нæй, е дæр поэти хъаурæбæл дзорæг æй. Райсæн, æхуæдæг скурдиадæ куд уинуй ’ма æнгъæлуй, уой æвдесæг æмдзæвгæ:

*Æрдзæй æ хъаппи æвæрд æй, –*
*Бæрцæй сайтæнттæн «лæдæрд» æй.*
*Нæдæр – алхимикти цъæх-сæг, –*
*Колби фæрстæбæл рæдæхсæг.*
*Нæдæр – цитæмæ фазæбурд,*
*Нæ – урзæсгар, нæ – цæстагурд,*
*Дæрццæги нитътъанг, арв – фæтæн,*
*Евæн – базури фæххæтæн,*
*Æрдзæн, не схъæртгæй æ дзебæл,*
*Æ къæртт ферветгæй, æхебæл.*
*Зунди бæрзæндæ, фæнди – бун, –*
*Уомæ неци схъæртдзæй æппун.*

* * *

Нийййерæгмæ ка цæхæн цæстæй кæсуй, уæхæн адæймаг æй æхуæдæг, – айдагъ уомæй дæр бæрæг æй. Фал арæх поэти гъудикæнунадæ фæстегæй – размæ цæуй: мади уарзт бæдолæмæ куд æвдесуй, уобæл куд æнæкæрон берæ æууæндуй, уомæй зиннуй æхе зæрдирахаст дæр нийййерæгмæ:

*– Дæ хъор фунти –*
*Дæгъæл-узт дæ.*
*Дæ хор тунти –*
*Дæ фæлустæ.*

*Исуæд мадæн*
*Цæст-тавд æма*
*Изæдбадæн*
*Дæ авдæнæ.*

Бауæррæвдауæг æма «зæрдæтайунгæнæг» æнцæ аци рæнгъитæ: цæйбæрцæ гъар ес «цæсттавд»-и, цæйбæрцæ уæларвон сугъдæгдзийнадæ ес «изæдбадæн»-и. Поэти цæститæбæл уайунцæ, сувæллони авдæни сæргъи гъæуайгæнæг изæдтæ куд бабадтæнцæ, æма мадæн æ цæститæ тавуй бæдоли æдас уавæр. Зæнæг – цæсти рохс æй, – зæгъуй зундгин адæмон æмбесонд.

Кæмæй райгурдæй, уоци нийиерæг ка уарзуй, е, – кæми райгурдæй, уоци зæнхæ, бæстихай дæр уойбæрцæбæл уарзуй. Юрик адтæй æууæнкгин лæг, ка некæд неке рауæйæ кæндзæнæй, уæхæн. Е ’рдхуæрдтæй ин арæх фегъосинæ, æцæг рыцæри хузæн лæхъуæн адтæй, зæгъгæ, багъæуаги, дан, æмбали сæрбæл, кенæ рæстдзийнади сæрбæлтау, æнæ фæстæмæ фæккæсгæй, æ цард дæр равардтайдæ. Е устур уоди хецау хуннуй, уæхæн лæг æ Райгурæн зæнхæ дæр, æ Фидибæстæ дæр некæд нецæбæл баййевдзæнæй, естæмæй си арази ку нæ уа, уæддæр. Лæг ке фæууарзуй, уомæй ин æмбæлуй боз нæ ун дæр, – ци си хезуй, куд ин æнгъæл æй, уотæ ку нæ разиннуй, уæд, æндæра ин ка неке æй, уомæй гъаст кæнунмæ ба ’й евдæлгæ дæр нæ фæккæнуй.

Уæхæн курхон загъд ес, æма, зæгъгæ, дæ бон уавæр раййевун ку нæ уа, уæд уæддæр дæхемæ æ хæццæ (гъома – уавæри хæццæ) исарази уни хъаурæ иссерæ. Фал Габети Юрик, æвæдзи, уæхæн н’ адтæй. Цардæй ци хизта, æма æцæгдзийнадæй куд æй, етæ æгæр идард лæудтæнцæ кæрæдземæ, æгæр арф сæрисæфæн ком адтæй сæ астæу: Юрикки бон нæ бацæй уоци «скъуди» сæрти бахезун, æ бæллецти ци «уодибæстæ» уидта, уордæмæ. Фæндон æма æцæгдзийнадæ куд изолдæр уонцæ сæ кæрæдземæ, уотæ ба зиндæр ниффæразæн исуй, хуæздæрмæ ка бæллуй, рæстдзийнадæ æ уйнади нисанеуæг кæмæн æй, еци адæймагæн, е ’нæбондзийнадæ. Уæддæр Юрик, асæги цардæй бæлгæ цардмæ поэзийæй хед аразта, цума уотæ фæдзахста фæдонтæн: аци хедбæл цотæ æма равзурдзинайтæ царциати рæсугъд, æнаййепп царди, хæран æма маст кæми нæййес, адæн æрмæстдæр уарзгæ кæми кæнонцæ сæ кæрæдзей, рист æма зиндзийнадæ кæми не ’взаронцæ. Фал, æвæдзи, е фуни хузæн æй. Цард цард æй, æма си алцидæр фæууй. Еци æгъатир æцæгдзийнади хæццæ Юрикки кæдзос уод не ’сфедудта.

Адæймаг арæх æ нурæй боз нæ фæууй, хуарз ин ку уа, уæддæр хуæздæрмæ æнгъæлдзау æй. Евгъуд æноси цардарæзти дæр поэт уидта цидæр гъæнтæ. Æркæсæн, бæсти уавæр кæми равдиста еунæг æлвæст строфайæй:

*– Бæсти ба ци?*
*(Нурти дог!) –*
*Цæсти бацъиртт*
*Муртги тог.*

Аци рæнгъитæ уацаргæнæг æнцæ, сæ бакæсæги сæри асдзæгъдæн кæндзæнцæ, дзордзæнæй сæ æ меднимæри. Фал, цæмæ гæсгæ, уой нæма лæдæрдзæнæй. Бавзарæн, цæхæн сосæг хъаппæ си æвæрд униау æй, уобæл радзорун. Бæндæн къумæлхийтæ ’ма æнгон тухт ку уа, æнцондæрæй хæссуни туххæй, уæд ин е ’цæг хузæ ’ма æ дæргъцæ нæ базондзæнæ, цалинмæ ’й райхалай, уæдмæ.

Нивæфтудтæй загъди устур хъаурæ ес, дзурдтæй конд хузæ берæ сагъæстæбæл бафтауй, алкедæр си агоруй ’ма еруй, æхе ци гъæуй, уой. Юриккæн дæр æ хуарæнтæ дзурдтæ ’нцæ, æма си кæнуй æрттевгæ хузтæ, рæстæг арвбæл уарун æма хори тунтæй Сослани æндурæ куд æркъæлæт ласа, уотæ аййев æма бæрæг æнцæ нæ поэтæн дæр. Нур ба ихалæн æмдзæвги «къубулойнæ». Бæстæ ци уавæри æй, цитæ си цæуй? Мæлæти бæдæйнæг ба ку нæ ’й, «нурти дог!» – фæрсуй æма æхецæн дзуапп кæнуй автор, идарддæр ба ’й гъуддагæй – дæнцæй федар кæнуй: «Цæсти бацъиртт / Муртги тог», – зæгъгæ, аци дзурдти алциæвдесæг медес байвардта, балæдæрун сæ æнгъезуй аллихузти. Цæститæбæл æваст рауайунцæ дууæ лæги, – устур минкъиййи цæсти муртги дон бацъиртт кодта, ’ма е æ цæстæбæл æ къохæй фæххуæстæй, «уау», зæгъгæ. Муртги тауæг ин æй расугъта. Хуарз ин ракæнунмæ ку гъава, уæдта, муртгæ пайда æй ’ма ин æй хуæрунмæ ратдзæнæй. Ци уинæн ами: архайгутæ, миуæ æма миуи фæстеуæг. Уæдта – рабарститæ: устур лæг – бæстæ, и минкъий лæг ба – хумæтæг цæрæг. Бæсти къохи æнцæ хъаурæ æма хæзнатæ, æрмæг – «муртгæ». Æ бон ин æй уой хуæрунмæ радтун, цæмæй ин пайда уа, фал ин æй æ цæсти бацъиртт кæнуй, е ба æ бунат зона, æма си, ци ’мбæлуй, уомæй фул-

дæр ма уина, – æ хъаурæ йбæл æвзаруй. Муртги дон – «тог» ке хонуй, е дæр айдагъ цæстæбæлуайгæ нивæ нæ ’й, фал ма си ес психологион фактор дæр: советон доги хузти сæйраг-дæр сурх адтæй. Цуппаррæнгъон ма уотæ бæлæдæрæн дæр ес: дзоргæ – еуæрдæмæ, кæнгæ ба – иннердæмæ. Цæстфæлевæн æма кæнгæ миутæ! Мæгур лæги цæстити муртги тог æвгæд цæуй хуæрзеуæгау. Айдагъ ресгæ си нæ кæнуй, фал ма курмæ дæр. Хуарз æнгъæлæй фуд райсуй, фал æй уой уинуни барæ дæр нæййес, лæдæруни дæр æма æ бартæбæл исдзоруни. Бухсæд, æ цард бонвуддæргæнгæ ку цæуа, уæд-дæр æма боз уæд е ’гъиццаг уавæрæй, мæнгæ зæрдæвæрд-титæй. Аци æмдзæвги ци гъудитæ байвардта, е поэтæн æхе позици æй, – раст æй æви нæ, е ба æндæр фарста æй...

* * *

Нур кудуавæри æй дуйне æма си адæймаг куд архайуй, уой атемæй дæр уинæн, уой æвдесун уотæ æхсицгæ нæ гъæуй. Юрик, æвæдзи, æхуæдæг уинуй æма мах æргон дæр æзда-хуй, адæймагæн æхе æрдзон минеугутæ, æ «адæймагдзий-надæ» мулкитæ-гъæздугдзийнæдтæй ахсгиагдæрбæл нимад кæми адтæнцæ, кенæ ба – уодзæнцæ, уоци «аргъаути бæстæ-мæ». Поэт цæмæ бæлла, уой ба барæ-æнæбари дæр бæттуй рæстæги хæццæ, е гъæуама æнхæстгонд æрцæуа, исæцæг уа рæстæги медæгæ. Дуйней ’змæлдæй, «адæни гъæрæй» ин еппардгæнæн нæййес, – уæд фæндон синти дзæгъæли ’й.

Юрик сагъæс кæнуй не ’зиниккон цард æма не ’сонбони хъисмæтбæл. Æма, фæстæмæ ракæсун дæр размæ фæу-уинунæй берæ æнцондæр нæй: евгъуд дзаман нæмæ уотæ ирдæй нæбал фæззиннуй, федæни догæ ба – нæма. Алли доги дæр фæууй уæхæн усмитæ, – уодифарни хæзнатæбæл къæхтæй хатт кæми цæуй, фæл царди диалектикæбæл неке-ма фæхъхъæбæрдæр æй æма исонбони еумæйаг уæвæрæн æнæ фæххуæздæр уæн нæййес. «Æнæуод» хæзнатæ, «пай-дай бундорбæл» арæзт гъуддæгутæ, адæймагæн æхецæй хъазардæр кæми исунцæ, уоми цардарæзти астæуистæг гæ-лeритæ кæнуй. Мулкити сæйраг нисан ци æй, уой усхъунмæ ку хата æхсæнадæ, се ’цæг аргъ ци æй, уомæй сæ бæрзонддæр ку исеса, уæд адæни кæцидæр хаййæн еци хæзнати хъаурæ

уæлæнхасон фæрæзнитæн сæ «нихти басадзуй», куд æгомуг, уазал хуæцæнгарзи циргъаг, æма ’й сæ кæрæдзей нихмæ ниййаразунцæ, ахæри бон æрхæстæгутæ кæнунмæ.

Еци усмæ цæмæй ма раста æцæгæй дæр, уой туххæн ба гъæуй, «виртуалон итигъдадæй» æцæг зæнхон цардмæ раздæхун, æцæг уодифарни хæзнатæ фæлдесæг адæймæгути фæрци. Цардмæ уæхæн хуæрзеугути мугкæгтæ алкæддæр хастонцæ ’ма сæ итудтонцæ разагъди финсгутæ, дигорон литератури ба уонæй сæ еу адтæй Габети Юрик.

Дæлдæр ци æмдзæвгæмæ кæсдзинан, уоми æдеугурæй ес аст хуæрзцубур рæнгъи, фал чиппи хузæн етæ хæссунцæ агъазиау информаци. Фиццаг æркасти ци уинæн, е, цума, поэт æ финсæн сеси еу æрханхæй æнцонтæй райаразуй цæстæбæлуайгæ фæлгонц:

*Тæбар-тубур –*
*Æ зæриндаг,*
*Хæдзартугур –*
*Къæсæри ’ндаг.*

Тæбар-тубур кæнунцæ – æ зæриндаг (æ уодихалæ - ?), хæдзари тугур æма къæсæри ’ндаг – зæнхæнкъуст цума æй, уоййау. Фал Юриккæн æ еци ацъагъуæ сæйрагдæр ке нæ ’й, уой æвдесæн ба æнцæ иннæ цуппар рæнгъи:

*Æ мæлгъи зæл*
*Сау рунбæл.*
*Æ мæлги дæр*
*Зарунбæл.*

Аци астрæнгъон æз лæдæрун дууæ хузи: еу – хæдзарæ (бийнонтæ) куд исæфуй, е; иннæ ба – адæймаг æ адзали размæ. Ка си хæстæгдæр æй æцæгдзийнадæмæ, уой зæгъун мæ бон нæ ‘й. Бæрæг бæлвурд си æй æрмæстдæр е, æма и дууæ лæдæруйнадеми дæр æвдист цæуй **уавæр**: хæдзари **уавæр**, кенæ ба – адæймаги **уавæр**. Фиццаги – хæдзари бундор низмæлуй, хори тунæ кæбæл тæбар-тубур кæнуй, еци тугур æма фæрстæ диз-диз кæнунцæ. Ци мæлгъæ си цардæй, е и бæллахæрцудбæл æрхунзæлтæ исуадзуй, æ къæсæри хæццæ сæ

адзал ке æрцудæй, уæдта зарунбæл фæцæй: цæргæ ке кодта, цард хъазар æма адгин ке æй, уой туххæн ’ма ин фæстаг арфæ уоцихузи кæнуй.

Хумæтæги нæ кæнун аци дзубанди: кæд фулдæр финсгутæн уадзимисти сорæтти фæрци архайд бавдесун сæ сæйрагдæр ихæстæй еуемæ хауй, уæд Юриккæн ба сорæтти фæрци ахиддæр æвдист æрцæуй уавæр – зæнхи къорей, цардиуаги, гъуддаги, адæймаги... **Уавæр бавдесун**, æвæдзи, зиндæр æй æма си ирддæр курдиади цæхæр гъæуй, уомæн æма æрхайдтитæ уæлбилæ ’нцæ, уиндтугдæр, уавæртæ ба – медæгæй, римæхстдæр, «æфснайддæр». Цæрæг уодти уавæр бавдесунмæ ба ма гъæуй психологи дæр хуарз зонун. Еци хецæнхузи минеуæг, гъома, уавæр исбæрæг кæнуни дæсниадæ, дæр Юрикки поэзи кæнуй никки уникалондæр.

Юрик æ æрмдзæф не ’ййевуй, уарзондзийнадæбæл ци æмдзæвгитæ ниффинста, уонæми дæр: æнцæ æвваст испæртгæнæг, сахирд ферттевæг, зæрддзæфгæнæг æма арауæг, «бунти-бун сугъд гæнæг». Поэти зæрдихатт уæхæн адтæй: кæрзæргон æма хесугъдæгдзийнади фæстеугутæ – кенæ алцидæр, кенæ ба – неци; кæд уарзгæ, уæд – кæронмæ, æрмæстдæр – еуæрдæмæ, «уойæрдæмæ», фæстаг исуолæфти уæнгæ, алли æрдой бунæй дæр, кæд нæ, уæдта – нæ! Æрмæст, еци «нæ» цитæ расайуниау æй уæхæн цæхæрцæстæ, уæхæн тæнзæрдæ, фурæуууæндагæ лæхъуæнæн, е ба æхемæ нимади дæр нæ ’й. Юрик цæттæ ’й æцæг уарзти сæрапбонд æ цард радтунмæ дæр:

*Цума дæ кувди æстад кæрдтæн*
*Нæбал никкæндзæй ирд рæстæг...*
*(Дæндаг фæггиудти, – цъирд-æстæг),*
*Уæд дин мæ зæрдæ – фингæвæрдтæн.*

Рафинсон æй хумæтæгдæр гъудиадæй: «Ескæд ма дин кувд гæнгæ ку рауайа, уæд дин мæ фæлмæн зæрдæ фингæбæл æвæрунмæ ратдзæнæн, цæмæй, дæндагæй ка фæггиудтæй, уонæн æстæг цъиргæ ма рауайа.

*Кæд ма ескæми ауæл-зин, уæд*
*Е дæр де стонгбæл рафицæд.*

*Æма, де ’сгъæрзгæ, нафи-цæд,*
*Де ’стъæлфт тъæфилбæл фæуугæлбил уæд.*

Сæрдзæгъæлтæгæнæн фæлгонцтæ! Сауæнгæ, «нафæй» исервæзæг «гъæрзт», е «’стъæлфт тъæфилбæл фæуугæлбил» æй. «Дæуæн ферттевгæ цæсти артæй», уодæй «гæпбæлтæ тæгæл-тахт» кæнунцæ. «Фал бон суолæфтæй æгæр тагъд / ’Ма æрбамегътæ, æрбатартæ ’й»: гъома, уарзт фæцæй, æма е не ’йсæфт æй, «цæсти фæцъцъæртти» фæуудзæй никки «цазæдæр», æ «раз-гъæр» (разæй ци гъæр уодзæй – дессаги дзурд!) æрбайгъустæй кæцæйдæр...

Иннæ, уарзтбæл финст, æмдзæвги ес æдеугурæй цуппар рæнгъи, фал си æрмæст фиццаг дууæ цубур рæнгъи ку зæгъай, уæддæр фагæ уодзæй уадзимиси нисанеуæг исæнхæст кæнунмæ.

*Дæ тъæфилбæл*
*Зинг-æхсæн.*

Аци дзурдти медес униау æй мæнæ ауæхæн: де ’рфуг – сагъиндахъи къæлæти хузæн, дæ тъæфил – итинг гъесау, дæ цæсти гагу ба – сурхзинг фатау. Зинг-æхсæнæй ефтонг дæ, зæрдæ си фехсдзæнæ, кенæ – фехстай. Кенæ ба – æндæрхузи ескуд. Аци рæнгъитæн дæр ес Юрикки поэтики характерон æуууæлтæ – медесгун, вазуггин æма сагъæсбæл бафтауни ауæ.

Габей-фурти сфæлдистади сосæгдзийнæдтæн, се ’рдзон фæззинди рæуæнттæн сæ еугурей, æвæдзи, æргон кæнун гъæугæ дæр нæ кæнуй, – еуæрдиги – æмдзæвгитæмæ цæмæдесдзийнадæ уæд исæфгæ кæнуй, уацари цæмæй æфтаунцæ, кæсæги бауæр цæй фæрци агайунцæ, иннердигæй æркæсгæй ба, – нæ къохти зинтæй бафтуйдзæнæй.

Юрикки сагъæс кæнунадæ ахæста устур царди-итигъдадæ. Нæ феронх æй æ финсæг-æнсувæрти ухери, сфæлдистадон кусти гъезæмæрттæ бавдесун дæр. Поэт хуарз зудта, – æцæг скурдиади хецау æ кустæй боз некæд фæууй, æхецæй æгæр берæ фæййагоруй æма ’й маст хуæруй. Æгæрон ристæй ресуй Юрикки зæрдæ поэти зин карнæбæл. Е ’сфæлдистадæ, æ бауæри æнæратонгæ хай уогæй, цæхæн тæмæссаг дуйней

адтæй æ сагъæсти, æ бæлдтити, уой хузæнон равдесун ци усми нæ бауидæ æ бон, æхе æрниллæггонд нимадмæ гæсгæ, – уоци уодхуæрæн тухстбæл финсуй:

*– Зинг-æнгъæл, зæл – «хом»,*
*Цирен – суд!*
*Ингæнбæл дæлгон (дæлгонмæ)*
*Сирень – кудт.*

Зинг гъæуагæ зæл хомæй байзадæй, – ци зæгъун æй фæндадтæй, уой аййевæй зæгъун нæ бафæразта, уомæн, æма поэти зæрди цирен басудæй! Е ’мдзæвгæ зæрди фæндон ке нæ рауайуй, еци ристæй æ сагъæсти уæлмæрдти равзурстæй. Æ медуавæр «мæрдти бæсти» æгомуг уавæри хæццæ исбарста:

*– Мæ зæрди сæргъи*
*Цаз – тухстау.*
*Уæлмæрдти хæрви*
*Сæздухстау.*

Уæлмæрдти хæрвæ куд сæздухсуй, уотæ æ зæрди сæргъи цазæ æртухстæй.

Æнæгурусхаг æй, куд кæдзос уарзтæй уарзта поэзи, куд ахсгиаг гъуддагбæл æй нимадта, куд ибæл æуууæндтæй, æма ин куд æнæсайдæй лæвардта е ’гас хъауритæ, æ зæрдæ, æ уод:

*– Зæл – зæрди ’сæлвæст –*
*Гъигуæззау.*
*Уæлмæрдти дзæлвдзæст*
*Идæдзау.*

Нæфæразон рист æма æрхунæйдзаг æнцæ аци рæнгъитæ, – æнæ цæстисугтæ æрæгъзалгæй син бакæсæн нæййес, гъеуæддæр царди æцæгдзийнадæ уотæ ирдæй æвдесунцæ, уæхæн æййев сорæттæй, æма, ку ракæуа адæймаг, уæд ин уой фæсте фенцондæр уодзæнæй, æма ма æ зæрди байзайдзæнæй – дес кæнун. Уотæ æнæнгъæлæги фейиивта автор, е ’нæзингæ мадзæлтти фæрци, æмдзæвги зæрдихатт, ’ма сфæлдистадон процессбæл финст ке адтæй, е кæсæгæй

феронх уй, – фæстаг дууæ рæнгъи æй æндæр сагъæсти кумæдæр фæххæссунцæ. Æмдзæвги медесбæл фæттухгиндæр æй, ци сорæтæй æй равдиста, е, æма ’й æ фæсауон фæккодта.

Цæститæбæл æваст рагъазуй устур бæллахæрцуд, æ лæги ингæнбæл ка нитътъæпæн æй гъарæнгæгæнгæ, еци саударæг силгоймаг, æ цæститæ фур кæунæй кæмæн нидздзæлвæ ’нцæ, – ци поэт æй уинуй, уæдта ин тæрегъæд кæнуй, уой дæр ка не ’рæстæфуй, дуйней ауæхæн исконд дæр ка нæбал лæдæруй. Еци силгоймаги рист æй поэти рист силгоймаги уавæрбæл, æма æмдзæвги «уоди» бацудæй. Поэтæн е ’мдзæвги уод – æхе уод æй. Уæззау уæзæй ин æ зæрдæ æлхъивта е стур скурдиадæ, е ’нæкæрон арф æнкъарунадæ.

Æ сугъдæг изæдтон уарзтæй, цард æма адæни зиндзийнæдтæй фæййервæзун æ бон ке н’ адтæй, уой маст æй хуæрæги хуардта, æма, ка ’й зонуй, иннетæмæ нимади дæр ка нæ ’й, уой Юрик ба е ’нæбондзийнадæбæл банимадта, зæрдæмæ ’й æгæр хæстæг есун байдæдта.

Инней зинбæл ка нæ фæрреса, æ зæрдæмæ кæмæн нæ багъара, е уæхæн æмдзæвгæ некæд ниффинсдзæнæй. Цæмæн æй гъудæй еци сфæлдистадæ, уой туххæн загътан нæ гъудитæ. Фал, цæмæн гъæунцæ махти, адæни, уæхæн, Хуцауæй æрвист, устур лæги гъезæмари аргъæй исфæлдист æмдзæвгитæ, ци дæттунцæ ’ма ци пайда æнцæ, е ба æндæр æй: æвæццæгæн, цæмæй нæ зæрдитæ еугур дор ма ниууонцæ, цæмæй тæрегъæд ’ма хатир кæнун ма иронх кæнæн, инней рист лæдæргæй, цæмæй нæ кæрæдзей æма цард уарзæн, ’ма нæ уодтæ кæдзосдæр кæнонцæ. Уæхæн гъуддæгтæ нæ зæрдæбæл дарунмæ нин минкъий агъаз ку фæууа Юрикки сфæлдистадæ, уæддæр е устур гъуддаг æй.

* * *

Нæ литератури Юрикки хузæн шифргонд поэзи зин иссерæн æй. Е сфæлдистадæ æй бунтон ефстаг æрдзон фæззинд. Мæнæ æ лæдæрддæр æмдзæвгитæй еу уæ размæ хæссун æнæгъæнæй, уомæн æма ’й зæрдæ нæ зæгъуй скъуддзæгтæ кæнун.

*О уарзт! – дæу равзурста мæ цæстæ,*
*Уо цити хæццæ æмидзаг.*
*Кæнгæй комнæрæ комидзаг,*
*Нæ ’й цити æмсæр æнæ ’рхæсгæ!*
*Зунд дæ ма схай кæнæд бæрцæй,*
*Фал тоги агурд уо æрдзæй.*
*Лигъзæй зæрди къубус есгæй,*
*Уæд дзиуари ’мбæлд дæ табедзæ*
*Æма тъиматæн дæр сахедæ,*
*Цæмæй нæ байзæдтаг ескæд,*
*Дзæнхъай къахт цæсти ма фæрса,*
*Фал дæ уагъд зарæн уа фæрсаг...*

Аци æмдзæвгæн бахæссæн ес, дуйней медæгæ уарзондзийнадæбæл ци шедевртæ финст æрцудæй, уони рæнгъæмæ. Цæйбæрцæ хъаурæ ес æ алли рæнгъи дæр, и дзурдтæ се ’мбасти ци дессаги гъудитæ ’ма æнкъарæнтæ хæссунцæ! «О уарзт! – дæу равзурста мæ цæстæ», – дуйней медæгæ цидæриддæр хæзна ’ма хуарздзийнæдтæ ес, уонæй поэт æ цæстæй цæстирохсæн фиццагидæр равзурста уарзт. Æгас коми ’дзаг комнæрæ ци цитæ кæнуй, æрмæстдæр æй уой æмсæр æривæруй.

*Зунд дæ ма схай кæнæд бæрцæй,*
*Фал тоги агурд уо æрдзæй.*

Аци алæмæти рæнгъити ес устур зунди философи æма сугъдæг зæрди дессаги æнкъарæнтæ. Уарзт «лигъзæй», æ фæлмæндзийнадæй поэти «зæрди къубус есуй», æ «табедзæ» ин æй æвдадзи хуасæ «дзиуари ’мбæлдау». «Æма тъиматæн дæр сахедæ», – разæй ци рæстæгутæ нæма зиннунцæ, уонæми дæр куд æхедай – æности æностæмæ:

*– Цæмæй нæ байзæдтаг, ескæд,*
*Дзæнхъай къахт цæсти ма фæрса,*
*Фал дæ уагъд зарæн уа фæрсаг.*

Цæмæй, нур дæ ци цæстæ равзурста цæстирохсæн, уой ескæд дзæнхъай ку ’ссеронцæ, уæд æй нæ байзæдтаг нæ

уарзтбæл ма фæрса, фал ин æ евгъудæй æригъусæг зарæн уæддæр фæрсаг ракæна.

Æмдзæвги уæлæнгай равзурстæй дæр бæрæг æй, æ автор æхуæдæг ци зæрди хецау адтæй, е.

* * *

Æ фулдæр уадзевдзити дзурди кæрæнттæ нæ, фал дзурдтæ æгасæй дæр рифмæгонд цæунцæ се 'нкъæйтти хæццæ – медæггаг рифмитæ – æма си уой фæрци æвзуруй рæсугъд ритмикæ. Юрикки поэзи техникон æгъдауæй дæр зин бафæнзæн æй, кæд бафæнзуйнаг æй, уæддæр. Зурнæйзилд æмдзæвги арæзт, – æндæрхузи аргъгонд ибæл не 'сфедаудзæнæй. Цæмæдæр гæсгæ мæмæ уотæ дæр кæсуй, цума сабийти ести гъазтæн ниффинста æмдзæвгæ, кенæ – тагъддзоруйнагæн, фал е, æвæдзи, рæдуд цæстингас æй, поэти сфæлдистадæмæ еумæйагæй ку 'ркæсай, уæд. Е дзæгъæли хумæтæги еунæг дамугъа дæр нæ финста, æ финсæн сесæй гæгъæдибæл цидæриддæр фæд æруадзидæ, етæ ин естæй туххæн адтæнцæ, цидæр «уаргъ хастонцæ», æмдзæвги медæгæ цидæр ихæстæ æнхæст кодтонцæ. Нæ мæ фæндуй уæлæнгай аргъ кæнун, уæлæнгай ци тергади кæнун, уомæн.

Нур ба дæнцæн æрхæссæн æ шифргонд æмдзæвгитæй еуемæй дууæ строфай:

*Къинди сесæн –*
*Сансæн къæртт.*
*Синди, десæн, –*
*Анзæн хъæртт.*

*............................*
*Гъæдæй зармæ –*
*Нæ мин хъирдий.*
*Уæдæйсармæ*
*Кæми 'нхъирди 'й?*

Ами нин поэт æрæвардта нæ размæ хъæбæр зин фарстатæ. Нæ бон æй ескудтитæй къумæлхийтæ райхалун бавзарун,

фал е хецæн дзубандий аккаг æй. И цубур рæнгъитæн сæ буни ес цидæр гъуди, – уобæл нæ гурусхæ кæнун. Киунугæкæсæг æхуæдæг хатдзæгтæ кæнæд. Æррæстæ мæ фæндуй аци æмдзæвги дæнцæй, Юрикки уадзимисти конструкци æма ритмики туххæн зæгъун: автор тундзуй рæнгъити цубурдзийнадæ æма азæлди рæсугъдадæмæ æма ин æнтæсгæ дæр кæнуй. Уæлдæр æрхаст æмдзæвги рæнгъити айдагъ е 'нæзонгæ дзурдтæ ку райсай, уæддæр уадзевдзий еумæйаг гъудийæн ес аллихузти балæдæрæн. «Къинди сесæн» ци æй? **Сесæн** (шесæн) Гурдзибети Бласкамæ авдæнæ æй, **сес** æй хъази пакъу дæр, финсæн **сес** дæр, горенгонд дæр. **Санс** – нихасæн. Æндæрхузи ку рафинсæн аци строфа: «Къинди сансæн сесæн – къæртт», уæд æй уотæ балæдæрæн ес, æма авдæнæ ести дзаумай къæртти хузæн æй е змæлд, æ узт ин «нихъуæрæг» сансæн, хæсгæ си кæнуй æма хъæбæр зин уозæн æй, уомæй ба æртæсуй раст хатдзæг: сувæллон исхæссунбæл æнæкæрон берæ хъйамæт кæнун гъæуй. **Синди** кенæ синти æй, гъома, тухуастдæргæнæг æнхусгæнæн дзурд, бунти-бун, фур-и синоним кенæ ба цæуй **синд**-æй, **семун**-æй. Зæгъæн, – фиццаг: авдæни узт фур десæн анзæн хъæртт кæнуй. Дуккаг: синдмæ, гъома, дзæбæхдзийнадæмæ авдæнæ уозæги анзмæ еунæг хатт раевдæлуй. Æртиккаг ба – бустæгидæр æндæр куддæр. Сайтан дæр æй нæ равзардзæнæй, ами поэти цæститæбæл ци гъазта, æма си ци зæгъунмæ гъавуй, уой. Бæрæг æй æрмæстдæр еу гъуддаг: дзæгъæл æма æнæхъаурæ рæнгъитæ нæ 'нцæ. Сæ игъусунадæ, сæ медæггаг азæлд, дамугъати æмæзмæлд дæр цидæр гъуди æвзурун кæнуй, цума, тъафæбæл цалинмæ æрæнцайонцæ æма сæ бунæттæ 'ссеронцæ, уæдмæ йбæл ауæрдгæ фæккæнунцæ, уотæ расагъæс гæнæн дæр ес. Уогæ ба, кусти фæд-фæдадæ ахиддæр уотæ арæзт фæууй: фиццаг фæууй сагъæс, ци скæнунмæ гъавуй, уой адæймаг æ сæри «исфицуй», уæдта 'й дзурдтæй разæгъуй. Ами ба цума, æ къохти ци æрмæг ес – дамугъатæ, дзурди хæйттæ, зæлтæ – етæ фагæ ку нæ уонцæ, уæддæр си ести «дзаума», ести фæлгонц исаразуй, куддæртæ сæ, агорити хузæн, кæрæдзебæл рацурхгæй, æма уотæ зиннуй, – æ «хæлхъойцурхт» фæррæстмæ 'й æнцонтæй, æ гъуддаг рацудæй. Фал æцæгдзийнадæмæ ба хæстæгдæр æй æртиккаг нимад: аразæн æрмæг æма æмдзæвги идейæ равзурунцæ

еумæ, еци-еу рæстæги, æ хъаурæ дессаги цидæртæ раттун ке равгæ ’й, еци ирд скурдиадæй.

*Гъæдæй зармæ –*
*Нæ мин хъирдий.*

Гъæдæн ами ес уæззау, тухгусти «дудзигъæр». Тухгустæй – зарунмæ, гъома, уолæфунмæ цæмæй æма цалинмæ рахъæрта мæгур лæг, уæдмæ мин хатти «хъирди» бавзаруй.

*– Уæдæйсармæ*
*Кæми ’нхъирди ’й?*

Уæдæйсармæ, æвæдзи, æй уæдæй нурмæ. «Кæми ’нхъирди ’й» – замманай фæлгонц! – кæми (тæрнихи) æнхъирдти ’хсæн римæхст æй. Ци? Кæд – маст, кенæ – рист æнхъирди зинна-нæ зинна кæнуй. Кæд – гъезæмарæ? Æви, уотæ зин бахъæртæн кæмæ ’й, царди «бæлццон» æноси кæмæ фæббæллуй, берæ æвзаруйнæгтæ ке туххæй бавзаруй, еци кувди бон, еци дзæбæхдзийнадæ, еци игъæлдзæг, нивгун усмæ?..

Скурдиадæ, дан, еунæгæй не ’рцæуй адæймагмæ. Юрикмæ царди медæгæ ци берæ лæгигъæдтæ адтæй, уой туххæй киунуги æ хуарз зонгути радзурдтæ ес, фал си еу зæгъун гъæуй нур – адтæй дæсни хæдзæрттæ аразæг.

Æркæсæн, цæхæн, афоризмтæй хуæрзгъæст, æмдзæвгæ ниффинста Юрик аразæгбæл:

*Æртдзаг цæстæ*
*Сикъунд-уæг.*
*Кæлдздзаг къæстæ*
*Дин – къундæг.*

Къундæг, кæлæдздзаг къæсти, сауæнгæ ма артдзæстæ дæр æвваст, еу сикъундмæ «рауæгæ» уй æма фæххуссуй.

*– Æркъæрцц кæнæ*
*Дæ гал-уæнтæ:*
*Къæртт хъæртгæ нæ –*
*Дæ галуантæ.*

Дзоргæ æма заргæ фæлгонц! «Дæ гал-уæнтæ (гали иуæнг-тау, тухгин) æркъæрцц кæнæ». Цæйбæрцæ хъаурæдæттæн æма нифсæвæрæн ес аци еунæг гъудиади! Гъома, дæхебæл фæххуæцæ, дæхе фæгъгъæддух кæнæ. Поэт аразæгæн соруй æ зийнадæ, «самовнушени» ке хонунцæ, еци мадзал амонгæй æй разæнгард æма зæрдæрохс кæнуй, разæй имæ ци куст æгъæл кæсуй, уомæ. Ами зæрдæбæл æрлæуунцæ Багъæрати Созури æмбесонди рæнгъитæ æмдзæвгæ «Курд»-æй.

*– Цард цæуй кустæй аразгæй, –*
*Гъæйтт, зæгъун!*
*Хъуæлти гъазун ме ’фсæйнагæй, –*
*Цъингк кæнун.*

Кæд поэттæ бунтон фæйнæхузи мадзалтæ æма дзурдтæй æвдесунцæ хъйамæтгæнæг лæги уавæр кусти агъонмæ, уæддæр ин æнхузæн импульс æма психологион хъаурæ дæттунцæ æма сæ е кæрæдземæ хæстæг кæнуй «æнсувæртау».

*Дæс-рад цæфтæй –*
*«Пъæра-гъæр».*

Ами æвдист цæуй, аразæг зæронд къæс куд ихалуй, æ «дæс-радæгай» цæфтæй æмбуд гъæдæрмæги – тугургъæдтæ ’ма цари фæйнæгути «пъæра-гъæр» цæуй, кæсæги финдзихъæлтæ ба ма инод «пъæра-тæф» дæр цæвуй, уæддæр ин еци «гъæр» æма «тæф» æхцæуæндæр æнцæ æрттевагæ, фал æдзард дори æмирдзийнадæй:

*– Æдзард тæлфт æй*
*Мæрамæр.*

Юрик алцæмæдæр кæсуй сфæлдистадон цæстингасæй, – хумæтæг царди уавæрмæ, косæг лæги архайдмæ, æма си уинуй – поэзи:

*– Хъури даргæ –*
*Тæрваз, уат.*
*Зурни заргæ*
*Æ фасад.*

Адæймагæн, берæ хъйамæти фæсте, æ хæдзарæ ку исрæвдзæ уй, уæд æ цийнæн кæрон нæбал фæууй, ниббоз уй æхецæй дæр. Уой Юрик бавдиста зæрдæ рохсæй идзаггæнæн рæнгъитæй.

Дзурдти тæмæссаг азæлдæй сæ медесбæл гъуди кæнунмæ рæстæг кæми нæ фæууй, зæрдæмæ еци-еу æррæстæ, куддæриддæр æнцæ, уотемæй ка ниххауй æма уоми ка байзайуй, уæхæн рæнгъитæ берæ ес поэтмæ:

*– Мах фæллад ба –*
*Æртæх-сайд.*
*Мах бæлдат ба –*
*Зæрдæхсайд.*

Сахатти еугæндзон къурц-къурцци хузæн еу тактбæл æмдзæф æма æмзæл кæнунцæ поэти æмдзæвгити рæнгъитæ кæрæдзей хæццæ ’ма си игуруй æнаййепп ритмикæ, гъостæбæл рауайун кæнунцæ Александр Блоки æмдзæвгити азæлд. Æвæдзи, дуйней зундгонд ахургонд, дигорон æвзаги фарс хуæцæг, устур аргъ кæмæн кæнæн нæ еугур дæр – академик Абайти Васо еу рауæни ба уæддæр рахæлæф кодта, уотæ ку загъта, æма, дан, æвæеццæгæн, зарагæ дигорон æвзаги сосæгдзийнадæ Малити Геуæрги æ хæццæ е ’носон дуйнеймæ фæххаста. Габети Юрикки æмдзæвгити азæлунадæ, уæдта ма никкидæр берæ поэтикон уадзимисти, еци гъуди раст ке н’ адтæй, уæдта ма дигорон æвзаг цардæгас ке æй, ирæзгæ ке кæнуй, нæуæг дессæгтæ ке равдесуй, уомæн æвдесæн æнцæ. Кæд Юрикки сфæлдистади рифмитæ æма ритмикæ аразун сæйрагдæр «лæгигъæдæ» нæ ‘й, уæддæр ин си «къохбагæнæн» дæр нæййес.

Хумæтæг фæллойнæгæнæг адæймаги ци сугъдæг уарзтæй уарзуй, æ зæрдæ ин ци зæгъуй, уой дæр уинæн:

*– Ке банайай*
*Дæ мутултæй, –*
*Е батайа,*
*Муди тулдæй...*

Кусти денгизи лæгæрдгæ цæуй æ мутултæй размæ, е ’гас хъауритæ дæр банайунмæ харз кæнуй. Ку бахъæрта дони

иннæ билгæронмæ, уæдта, æ мутултæй ци уолæнтæ игарста, етæ ин мудæй куд ниццæфсонцæ æ билтæбæл, – гъома, æ кустæй æхецæн дæр фагæ пайда куд райса.

Фал поэт алли хатт ауæхæн нифсæйдзæг нæ фæууй, рандæуй, цийнæ кæнун, æмраст цæун ка нæ уадзуй æноси дæр адæймаги, еци «хæнхултæ æма хъулуфтæ» агорунмæ, сæ фæд син фесафунмæ:

*– Кæд тул-уфтгæ –*
*Зари фаг,*
*Уæд хъулуфтæ –*
*Тар-идзаг.*

Фиццаг дууæ рæнгъи бæлвурд нæ лæдæрун, æма, ци униау æнцæ, мæ еци гъудитæ нæ дзорун, фал бабæй сæ фæсте цæуæг дууæ рæнгъи – æдеугурæй цуппар дзурдемæй загъд æрцудæй агъазиау гъуди, Юриккæн уотидихузи ка уайуй, уæхæн аййев фæлгонци фæрци: хъулуфтæ, æцæгæйдæр, тари нæбал фæззиннунцæ, талингæ сæ æхецæй байдзаг кæнуй. Поэтæн æхе еуæй-еу зинлæдæрæн æмдзæвгити «хъулуфтæ» дæр сосæгдзийнæдти тарæй идзаг æнцæ, фал поэзиуарзæгæн æ «надмæ» ку фæууонцæ, уæддæр си «хаугæ» ба нæ никкæндзæнæй.

Æмдзæвгæ, сауæнгæ, æ тæккæ райдайæнæй кæсæгæн уæхæн размæскъæфæн тагъдади хъаурæ радтуй, æма æ инерций фæрци «хъулуфтæ уæдта къузурти» сæрти туффутгæнгæ батæхуй, цæмæй е ’ннæ æмдзæвги фæлмæн, гъар гъæбеси равзура:

*– Ес мин стур мæсуг дасуйнаг,*
*Æма стур нади уаргъ сахармæ.*
*Фал уотæ гъæла дæр нæ дæн*
*’Ма цар фехалæ царгъæдæн.*

Юрикки фæндадтæй поэзий мæсуг исаразун, æма ’й хъæбæр дзæбæх лæдæрдтæй, куд ин архайгæ ’й, уой. «Фал уотæ гъæла дæр нæ дæн / ’Ма цар фехалæ царгъæдæн», – дессаги рæсугъд æма зундæйдзаг рæнгъитæ: цæттæ цар, æрмæстдæр си æрмæг æндæр цар искæнунмæ райсæ, уой туххæй ка ихалуй?!

Аци гъуди дзæгъæли-хумæтæги нæ зæгъуй поэт: кæд, миййаг, цæттæ финст ин ци æмдзæвгитæ адтæй, етæ æнхæст æ зæрдæмæ нæ цудæнцæ, æма си еугай рæнгъитæ уæдта гъудитæ исесгæй, гъавта испайда кæнунмæ, фæндадтæй æй бунтон æндæрхузи финсун, фиццæгтæй ба – исуæгъдæ ун. Иннæ гъуди ба зæнхонуг цардмæ хæстæгдæр æй: аразæг адтæй, æма кæд гъæуæй горæтмæ иследзунмæ гъавта, нæуæг хæдзарæ саразунмæ, нæуæг цард райдайунмæ. Аци зундгин загъд ба æ зæрди æрæфтудæй, ци æвзурста, уомæй: ка ’й зонуй æма еу кæцидæр усми, фæйнæг ин нæ фагæ кодта ’ма æ сæри уæхæн сагъæс дæр февзурстæй, зæронд хæдзари цар, зæгъгæ, ку райхалинæ; фал е уотæ некæд бакодтайдæ уæдта кæнгæ дæр нæ бакодта.

Æмдзæвгæмæ æгасæй нæ кæсæн, равдесæн ма си æрмæстдæр фæстаг строфа:

> *– Æнхæст не ’суæгъдæ дæ фунтæй,*
> *Фал цидæр радзурдтай цъундæй,*
> *Адтæй уонæнти цити зар,*
> *Арвбæл сæмбæлгæ зæнхи гъар.*

Аци цуппар рæнгъей уоддзæфмæ «фунæй» лæг дæр райгъал уодзæй, цъундити игъосдзæнæй, æма ’й деси æфтаудзæнцæ сæ гъуди, сæ нисан, сæ рæсугъддзийнадæй. Тæккæ фæстаг рæнгъæ ба æвдесуй, поэт куд уинуй царди амонд, уой: «Арвбæл сæмбæлгæ зæнхи гъар» – цæститæбæл рауайуй зæнхи гъар тулфæ пæр-пæргæнгæ арвмæ куд исистадæй, æма йбæл куд исæмбалдæй. Поэти фæндуй, цæмæй зæнхи гъар уа æнæкæрон æма байдзаг кæна еугур дуйне, еугур арв дæр! Хуцауи туххæй, цæййасæ парахат зæрдæ адтæй Габети Юриккæн, цæйбæрцæ уарзт си æрæмбурд кодта, цæмæй æй æ адæнæн æма райгурæн зæнхæн, æ хъазар маддæлон æвзагæн ниууадза, æнæ зæрдæхсайгæй, къæрттæй цъола нæ ниггæлдзгæй, еугурæй дæр.

Æ размæ ци бæрзонд ихæстæ ниввардта, уони уæлдайгунтæй сæнхæст кодта, «дасуйнаг ин ци ’стур мæсуг» адтæй, уой исдаста, «хæссуйнаг ин ци стур нади уаргъ» адтæй, уой рахаста. Ци дуйнеййи æй, уоми æ зæрдæ мацæмæ дзорæд.

* * *

Юрик е сфæлдистади нæ еумæйаг литератури хæзнадонæмæ ци нæуæгдзийнæдтæ бахаста, уонæн сæ еу æй уæхæн: æ кæцидæр æмдзæвгити интуитивон, æрдзонхузи испайда кодта дигорон «дæргъвæтийнæ азæлагæ» æвзаги ирон æвзаги «цурддзийнадæй» æма ин си рауадæй замманай федауцæ фразитæ. Кай зонуй, æма æ зæрди арфи адтæй æнаййеп поэтикон æвзаг исаразун дигорон æвзаги бундорбæл. Æркæсæн дæнцитæмæ:

*1. Ду ми дзуарбæл (дзиуарæбæл)*
*Зæдфæдзæхст (изæдфæдзæхст).*

*2. Де 'сгъæуагæ*
*Нæй (нæййес) зæгъæд.*

*3. Цъар! Тæнцъарæ!*
*– Æдта цас! (цæйбæрцæ!)*
*Тар сæндзарæ,*
*Уæдта – цаз (цазæ).*

Ами цæхæн гъуди ес, уой дæр куд раевгъауæн: тар лæгъуз æй, байсодзун гъæуй, фал ибæл ку сæндзарай, уæддæр уавæр нæ фæххуæздæр уодзæнæй – цазæ ралæудзæй, – гъома, дуйне хъуæци буни фæууодзæнæй.

*4. Кæми райгæ (ирайгæ) цай, –*
*Кæлæнтау.*

*5. Æууæл уадзгутæ, –*
*Æ уæ риндз! (риндзæ!)*
*Нæ уæладзгутæ,*
*Нæ уæлиндз (уæлиндзæ).*

Уæхе цæститæ – уе 'вдесæн, куд æнахур, фал куд рæсугъд рауадæнцæ нæуæгхузи арæзт дзурдтæ 'ма дзурдбæститæ. Сауæнгæ ма, кæд нæ рæдуйун, уæд, «ралгъетунмæ» кæми гъавта, – «æ уæ рондз», – зæгъгæ, уоми 'й – «риндз» фæк-

кæнгæй, цума цидæр уарзт байвардта, мадæ æ фудаг бæдоли уарзгæ-уарзгæй куд «ралгъета», уотæ ин си фæлмæн гъар цæуй. Еци æууæл дæр Юрикки сугъдæг уодисcондбæл дзорæг æй, – кæмæ рамæстгун уй, уомæн дæр æ зæрдæ лæгъуз некæд зæгъуй. Фал уæддæр хæстæгдæр дæн уæхæн гъудимæ, æма **риндз** æй **риндзæ**: хæдзари сæр æвæргæй, аразгутæ риндзæбæл архайунцæ, бунгъæдтæ ’ма тугургъæдтæ уадзунцæ (æууæлтæ). Ес ма ин æртиккагхузи балæдæрæн дæр...

Юрикки исхонун æнгъезуй нæуæг дзурдтæ аразуни æма дзурдарæзтити мастер. Рагъудигæнæн ес, æма поэт, æррæстæ æхе райсæрхунмæ, «хæлхъой» æвзурст дзурдтæй хъæбæр æнгæс зæлтæ райаразидæ æнцонтæй, рифмитæ си кодта «гириз-мурузти», кенæ ба сæхуæдтæ æ сæри хъанзи зелдогъ кодтонцæ. Фал ин си уæд логикон æгъдауæй æнæлазæ гъуди куд рауаидæ? Аци дууæ гъуддаги кæрæдзебæл нæ бадунцæ, кæрæдзей хæццæ син фæййеу уæн нæййес берæ хецæн æмдзæвгити «сæхе зæрдтæй», «униауи» теоримæ гæсгæ (теория относит.).

* * *

Поэт æхе мадзæлттæй агурдта æма ирдта царди рæстдзийнадæ, – уой кæми не ’ссеридæ, уоми ба дуйне ’ма адæни «цаз-уæзт» тухст æма зин уагæ æ сæрмæ, æ фалдзостæ «гъарæнгзел» кодтонцæ, игъустæнцæ, гъардтонцæ ймæ «асæстхъурæй кæуæг виолончели» æрхунзæлтæй:

*– Цаз-уæзт нур дæ уаг –*
*Гъарæнгзел!*
*Асæст хъур – кæуæг*
*Виолончель...*

Ауæхæн рæнгъитæ кæсгæй, адæймагæн цинæхузи сагъæс ба исæвзуруй æ сæри магъзи, цинæхузи æнкъарæнтæ ба бавзаруй æ уод! Æмдзæвги сконд æма медесæй бæрæг æй, – дуйней, адæни æма адæймаги ци æнæкæрон уæдта æгæнон кæдзос уарзтæй уарзуй, е. Еци тæхсагæ уарзти пел-

лон æ медæгæ содзуй æма ма ин разæй, е ’сони бонти берæ гъезæмæрттæ бавзарун кæндзæнæй, берæ «къеутæ ма бауелдзæй», æгæр тæрегъæдгæнагæ ке рахаста е ’гурцæй, уой фудæй. Устурзæрдæ лæгæн æ цар бæзгиндæр, дирзæгдæр æй, уомæ еске зин, еске рист нæ гъаруй, – æхецæн ба рæуонæн райсуй, – Хуцау, дан, æй хуæздæр зонуй, кæмæн ци нивæ дæтгæ ’й, уой. Юрик ба адтæй минкин бауæр, «тæнæгцар», æ игон зæрдæ ’ма адæни астæу хецæнгæнæн арæнтæ н’ адтæй æма æ еци «характ» зæрдæмæ комкоммæ тунстæнцæ адæни риститæ, лæбурдта ймæ, зуймон бурдæнау, царди хæрандзийнадæ.

Абони мин гурусхаг нæбал æй, – æцæгæй дæр царди медæгæ «хе гъæуайгæнæн æрмæг» гъæугæ кæнуй. Æрмæст æй адæймаг æхуæдæг æхецæн кутемæй радта?!

Æгæр хæлар, тæнзæрдæмæ кейфæнди къох дæр, цифæнди нез дæр æнцондæрæй бахъæртуниау æнцæ зæран æрхæссунмæ.

Юрик еци гъуддæгтæ хуарз ке лæдæрдтæй, уобæл гурусхæ кæнун нæ е ’мдзæвгити зундæйдзаг гъудитæ нæ уадзунцæ, фал æхецæн ци ракодтайдæ, æ конд уæхæн адтæй, æрдзи нихмæ ба неке бон неци ’й. Æ поэзий «æрвон дуйней уатæй» кæд цифæнди уæлйау æма еуварсæй ракæсуй зæнхон цард уæдта адæнмæ, уæддæр æ сæр уонæн æй нивондгонд, уæддæр сæ хæццæ ’й æ бауæри алли науæрæй дæр, алли минеуæгæй дæр уонæбæл æнгон баст æй.

Зæнхæ ’й æхемæ æнæуаг тухгин тухæй æлвасуй, уæззау сау мæри æ уедæгтæ, æнгозæ бæласи уедæгти хузæн, идæрдтæбæл æма арф нигъулунцæ, уæлæрдигæй ба ’й æ базургин скурдиадæ арвмæ скъæфуй, æ уодихалæ ин хæрдмæ ивазуй, листæг тæносон бæттæн ивазæгау. Цæветтонгæ, уой ба æ бауæр нæ бафæразуй, – æ уоди хæлæ исæскъунуй æма «бунæй ба» æ мæгур гурæ уодседзæрæй гъæзæмайраг риститæ бавзаруй. Уомæй устурдæр трагеди ма ци уа адæймагæн, – цард уотæ æнæкæрон берæ ка уарзуй æма зæнхæ уотæ хъазар кæмæн æй?!

Æ тухуаст скурдиадæ æ минкин бауæри гæнæнтæй егъаудæр разиндтæй, æма ин е ’рдзон хуæрзеуæг, нивæ æрхæссуни бæсти, æ фæрстæ фæйнердæмæ фæхханста, рахъан æй кодта, фал уæддæр æнæбасæттонæй байзадæй: идарддæр

кодта æ кæнæнтæ, кæд æма е 'намонд кæрон зудта, уæддæр. Цæмæн уотæ рауадæй, е æхецæй аразгæ, æвæдзи, н' адтæй, – е æй, Хуцау хумæтæги ке неци дæттуй, уой радон, æнæкæрон кæцидæрæймаг нимæдзи æвдесæн. Æрмæст ин æгæр устур аргъбæл ниллæудтæй еци Хуцауи лæвар, – 'ма ин æгъатир карнæ е 'нæнездзийнадæ æривардта тæрази иннæ тæбæгъбæл.

Мах ести ку нæбал фæллæдæрæн, нæ сæр æй ку нæбал фæййахæссуй, уæд нæ еци катаййи фарстæн – цæмæн? – иссерæн, нæхемæ гæсгæ, «еунæг æма æнæфæккеугæ дзуапп», – æ амонд уотæ адтæй, æ нихи дзиуарæбæл уотæ финст æрцудæй Хуцауæй, зæгъгæ, – кæд æма нин Е Æхуæдæг дæр нæ цард-цæрæнбонти тæккæ зиндæр æма æхгæддæр фарстайæй байзайдзæнæй, уæддæр: адæймаг æй уингæ æма зонгæ нæ кæнуй, кæми 'й 'ма цихузæн æй, уой, фал æ каст ба уæлæрвтæмæ исаразуй, – уоми 'й æнгъæл æй; адæймаг æй зундæй нæ фæразуй, æ асæ кæбæлти хæлеу кæнуй, ка æма ци æй, фал ин бауæрæй ба цидæрхузи е 'нæкæрон егъау тухæ æнкъаруй, æма си тæрсгæ дæр кæнуй; нæ 'й лæдæруй, кутемæй 'ма ин ци фæййагъаз уодзæй, фал ибæл æууæндуй æма имæ, фегъуст æнгъæлдзауæй, ковуй зæрдибунæй, коруй си æнхус.

Куд æркастан, уотæ нæ фарстабæл дзуапп иссеруни еугур нæдтæ дæр цæунцæ Хуцауæн Æхемæ æма сæ дзуапп дæр æй – Хуцау Æхуæдæг. Уотемæй, нæ сæри сагъæс æма зæрди катай фæййеуварс кæнунмæ, нæхецæй ихæс исесæн æма нæхе æрсабур кæнæн, замманай рæуони фæрци. Фал зæрди къуми ба цидæр гурухсæ уомæл дори хузæн байзайуй, уодæй дæр фенкъарæн, æнхæст фагæ дзуапп ке не 'ссердтан æма медхъурдохæн кæнæн. Еци цидæр уæддæр кæронмæ ке нæ балæдæрдтан, е ба нин нæ «хеуарзт» агайуй, кæд æма нин фæсмонгæнгæ фиццагидæр фæууй, – æнхусгъæуагæн æнхусгъон ке не 'ссан, уобæл.

Рæстæг рацудæй, æма нур, евгъуди сæрти ракæсгæй, уæлдæфи ауиндзæгæй байзадæй фарстатæ: «Е 'мдогонтæй Габети Юрикмæ ка бадардта æ къох?.. Ка 'ймæ бадардта æ къах ба?..»

Зин бауæндæн æй уобæл, æма Юрик, аци киунугæмæ ин ци æмдзæвгитæ бахаудтæй, уонæй æндæр неци ниффинста, зæгъгæ. Никки ма уобæл дæр зин бауæндæн æй, – уæхæн поэзибæл æ цæстæ маке æривæра æма сæ нæ еумæйаг литератури хæзнабæл ма банимайа. Раст æй цума е 'сфæлдистади хæццæ римæхсгæ бакиндæ 'й барæй. Цæмæн байзадæй, цума, æрæгий уæнгæ дæр æгойгондæй, ци æфсонæй? Кæд ибæл – иннердæмæ, æгæр сæ цæстæ æривардтонцæ? Уæхæн æмдзæвгитæй еу ка ниффинса, е дуккаг дæр æнæ ниффинсгæ нæ фæууодзæй, æртиккаг дæр, сæдæймаг дæр... Уоми косунцæ инерций закъæнттæ. Уомæн кæрз лæуд æркæнæн нæййес, – е уодзæнæй, хуæдтолгæ тæхгæй урдугмæ ку рауадзай, ку искарз уа, уæд æвваст уорамæн педалбæл дæ къахæй нæ ранцайдзæнæ, уоййау: педал исрæдовдзæнæй, хуæдтолгæ ба, сæрбедурæнттæ гæнгæй, урдугмæ раевгъуйдзæнæй. Уомæн æ бон нæфинсун нæбал фæууй, æвепбайди «цæлхдор гæлст» ку 'рцæуа æ еци еугæндзон змæлдмæ, уæдта, кай зонуй, æма æ зæрдæ дæр, еци хуæдтолги фæрсти хузæн, фæйнердæмæ ратона.

Æнæраст гурусхæ кæнун устур тæрегъæд æй, кæд наукæбæл динæй фулдæр æууæндун, уæддæр царди æвдесæнтæмæ гæсгæ ба – Хуцауи размæ федгæ рауайуй, æма еци 'рдæмæ неке гъуди аразун, мæхе дæр некæми гъæуй, уæдта мæ фæндгæ дæр нæ кæнуй, – алкæмæн е 'мбесонд æхе уæд! Дзорун æрмæстдæр еунæг еци зæрдæхсайæн гъудтаги туххæн: кæд ма Юрик никки дæр ниффинста æмдзæвгитæ æма фесавдæнцæ, уæд, ци «налхъут-налмастæ» фæгъгъудæй дигорон литературæй, ци дессæгутæ ма си униау адтæй, уони неке æма некæдбал банхæст кæндзæнæй, – алли будурæн дæр æхе хумгæнæг гъæуй, алли татха дæр æхе халсар дæттуй.

Фал, арви бунмæ хумæтæги неци цæуй. Кай зонуй, уæхæн поэзийæй фулдæр гъæугæ дæр нæ кæнуй: æгæр уæззау уаргъ æнцæ сæ фур æндонæй, æхсист мудзурай барæгузтау, æгæр æрфитæбæл рахезунцæ адæймаги бауæри. Айдагъ æ сæрихъанзмæ нæ, фал ма ин и кæцидæр æмдзæвгитæ æ психологон уагæмæ дæр æвналунцæ: цидæр хингæнæги иуæнгтæбæттæг кæлæнтау, кенæ – дæсний хурфæмæ кæсæг цæстити зингау.

Юриккæн æ бон иссæй адæни рахаститæ равзарун, царди лæгъузæй дæр 'ма хуарзæй дæр ци ес, уонæй фæууинун. Адæймаги скондадæ хуæздæр базонун æма йбæл рæстæрдæмæ фæззиннун, адтæй е 'сфæлдистади ихæстæй еу. Поэт фæлтæрдгин психологи цæстæй никкастæй адæймаги уодмæ, æма си фæдздзæгъæл æй, кенæ ба – фæттарстæй! Кай зонуй, æма е адтæй е стурдæр бæллах, æхе уоди трагеди.

Еу зундгонд немуцаг психолог, хурфæмæ æма размæуинæг дæсни – Вольфганг Месинг уæхæн гъуди загъта, – адæймаги сæри хъæнзти къахунæй æнамонддæр æма цъаммардæр куст, дан, нæййес. Æвæдзи, дæ фуни дæр ци не 'нгъæл уай, уой си ку фæууинай, – уæд, уомæ гæсгæ. Кенæдта, адæймаги ци Хуцау æма Æрдзæ сфæлдистонцæ, æ сæри хъанзи ин цитæ байвардтонцæ, уонæмæ неке неци гъуддаг е, уоци сосæгдзийнæдтæ згелуни барæ некæмæн дæттунцæ. Фал финсæгæн ба арæх фæззихъир кæнуй еци æхгæд бæрцуати дуар, медæмæ бацæун æма фæууинун ба амонгæй нæй. Æнæ уотемæй нæ рартасдзæнæй, ци 'й гъæуй, 'ма 'й ци нæ гъæуй. Æрмæст, хаттай-хатт ба барун дæр райдайуй еске сагъæстæ æхеуæнтти хæццæ, уотемæй рахезуй æхе гъудитæ фæлготунмæ 'ма ин фæстагмæ хурфæмæ нийгъосунæй истæссаг уй. Мæ аци дзубандитæй хатдзæг исгæнæн нæййес, – царди медæгæ æцæгæй куд рауайуниау æй, уой ка базондзæй. Алкуд дæр униау æй.

Ацихузи 'здæхи хæццæ дзорун, æрмæстдæр ин æ уæззаудæр æмдзæвгити рантæсæн цæмæй еу гæзæмæ ниттергади кæнон. Уотæ гъудитæгæнгæй ма бафепдайдтон еу цæмæдессаг фæззелæн: кæд е 'мдзæвгити арæхгомау æмбæлунцæ зæрдмæгургæнæн дзурдтæ, зин уавæр цæститæбæл рауайуни гузавæгæнæн гъудитæ, уæддæр, æнккæтæй райсгæй ба, е сфæлдистадæ, цæйдæр фæрци, авторæн еунæг æхецæн зундгонд мадзæлттæй, иннетæмæ нæзиннæг миутæй, бакæсæгмæ фулдæр хæттити æвзурун кæнуй æвæрццæг эмоцитæ, хуарз ассоциацитæ, кæмидæр æ уоди медæгæ, æ зæрдибуни æрбадуй æхцæуæн æнкъарæнти хуæрзадæ «бунтæ». Е дæр æй поэти хецæнхуз æууæл: е 'мдзæвгитæ сæхемæ æлвасунцæ, тæвдæ бони бæласи аууони сатæгау, зин сæбæл æй раевгъуйæн æма зин нæуарзæн æнцæ.

Цума цæмæн уотæ ’й, цæй фæрци зæрдæвæрæн рохс дæттуй æ «мегъæй æмбæрзт», æнкъард уаг-æрдæмæ арæзт уадзевдзи дæр, уомæн мæнæ ауæхæн дзуæппитæй рæвдзæдæр неци иссердтон: поэтæн, æгъиццаг уавæр æвдесгæй дæр, æ зæрди бунæй хуарз нæ цох кæнуй, æ мæтæ нивæ фæууинун ’ма уомæ бахъæртунбæл æй. Æ еци уагæ цидæр хузи бауадзуй кæсæгмæ, уотæ, æма е дæр, сау мегътæ æ цæститæй уингæй, фиццагидæр æнкъаргæ ба кæнуй, уони фæсте ци æнæзингæ хор ес, уой гъар æ бауæрæй.

Иннæ уæхæн ба: кæд ин царди ауун фарс райгон кæнуй, æма, кæд, алке хурфи дæр ци æвæрд ес æрдзæй, уонæбæл ин æрдзоруй, уони ин «игъал» кæнунцæ е ’мдзæвгитæ, нийкæсун кæнунцæ æ рагдуйнемæ, æ генетикæмæ. Æма си æнæзонгæ-æхе бафæсмæруй адæймаг уадзевдзити – хузистити, уотемæй ин исунцæ бустæги хеуон, хæстæг æма хецион.

Кæд Юрикки æмдзæвгитæ цифæнди æрдзон скурдиадæй лæвæрд адтæнцæ, уæддæр æрцудæнцæ æхе æрвонг сæри хъанз æма æхе сугъдæг уодæй листæг лæурст, æ хъиамæтгун «игæри фильтрбæл», æма уотемæй кæдзос тауæггурæ (кислород) пайдайаг бауæргъæдти хæццæ хæссунцæ тогдадзинттæмæ.

Æнæ гурусхæй, исарази ун гъæуй уобæл, æма æ фулдæр уадзимистæй цæуй ниви рохс, царди нифс дæттæг тухæ, зæрдирайгæнæн æууæнкæ федæни хуæздæр дзамантæбæл.

* * *

Алли æвзагæн дæр æ бауæри, е ’рдзи ци хъаурæ æвæрд ес, е æндæмæ разиннуй æма царди змæлди æновудæй архайуй, адæнæн устур агъазтæ кæнгæй. Фал ма имæ асхъоди дæр цидæр æвæрæнтæ байзайуй, куд æ алæмæти гъæздугдзийнади бæрæггæнæнтæ. Раст, цума, уотæ зæгъунмæ фæгъгъавуй, – фæстауæрцæ кодтон, æндæра мæ гом нæма исревæд æй, кæсайтæ, æ медæгæ цæхæн «фæрзеу» ес, цæхæн егъау скурдиади хецæуттæ æнцæ æвдесæндартæ мæ гæнæнтæн, мæ аййевадæ, мæ рæсугъдадæн, – æма бабæй нин райгон кæнуй нæуæг, радон æстъалу, ’ма ин е дæр зæрдибунæй кæстæреуæг кæнун байдайуй.

Ӕвзаги фæрæзнитæй еу ауонгонд фарс ку бавдесуй финсæг, кенæ ба æвзаг æ римæхст æвæрæнтæ бадæрæвдесунмæ ку радтуй сæрмагондæй кæцидæр хехуз финсæги, уæд еци æвзаги денгизмæ уагъд æрцæуй æма уайун байдайуй рæсог цæугæдони къабазæ, байсусунæй ин исæдасдæр уй, фæгъгъæздугдæр, «фæкъкъабазгундæр» уй æма нифсгундæрæй кæсун байдайуй е 'сонбони хъисмæтмæ, размæ.

Кай зонуй, æма æвзаг æй царди æма цард хæссуни программæ, адæймагæн æхе берæ-гъон (кенæ – «берæгъон») компъютери хæццæ ку сбарай, уæд. Ӕма уæд, нæ маддæлон хъазар дигорон æвзаги программи дæр æвæрд униау æй хегъæуайгæнæн мадзæлттæ. Уонæй, æнæмæнгæ, сæ еу – аййевдæрæй ин ка равдеса æ ресурстæ, уæхæн сфæлдистадон архайгути фæззинд. Еци устур нисанæн æ кæцидæр хай æнхæст кæнунмæ рантæстæй Габети Юрик дæр багъæуаги усми. Уæн е, – æвзагæн сауæнгæ æ райдайæнæй æ медæгæ «бæлдатгонд» æрцудæй, æма, æ афонæ ку 'рхъæрттæй, уæдта 'й фæууинун кодта дуйнейæн.

Габети Юрик æй дигорон æвзаги бæдолæ, уой ирæзти кæцидæр усми еузæрдиуон урдугистгутæй еу. Е æй, Хуцауи фæрци, æхуæдæг равардта, æхуæдæг си исаразта æ царциати тæмæссаг фæрæзнити æнхусæй, гъæугæ 'й ка кодта, уæхæн дессаги поэт, ци хъортæ, гъигæдæрдтитæ баййафта, уонæй еу-ести бампъозунмæ, банхæст кæнунмæ, – догтæ 'ма дзаманти æрттитæй сугъд будури æрдæгарудтитæ бæласи хузæн, нæуæг талатæ исуадзунмæ, цæмæй, къомбох калгæй, æ цæрайбонтæ изолдæр цæуонцæ, уæдта æй еу афони ба кæстæр фæлтæрти бæгъдауонди бакæна надамонæн турусай хузи.

Еци изæдтон ихæс æнхæстгæнæг еунæг Юрик н' адтæй: уæди рæстæги берæ скурдиадгун исуйнаг финсгутæ фæззиндтæй Дигорæмæ, æма си ке равгæ куд адтæй, уотæ се 'вæрæн хастонцæ маддæлон æвзаги гоморимæ.

Историйæй зонæн, берæ устур æвзæгтæ исæййевунцæ, æндæр хузæ райсунцæ, кенæ ба – бунтондæр фесæфунцæ. Фал ес нифсæвæрæн дæнцитæ дæр, уæхæн, æма еуæй-еу æвзæгтæ, зæгъун æнгъезуй, сауæнгæ «мæрдти бæстæй» дæр ма «рахъел» унцæ. Ӕвзаги карнæ берæ уавæртæ 'ма гъуддæгтæй аразгæ 'й. Фулдæр ба уæддæр, ци адæни уа, уонæн сæхецæй гæнгæ 'й: хъæбæр æхсицгæ сæ ку гъæуа, уæд син

фæццæрдзæнæй, æндаг, адæгон факортæ йбæл цифæнди ку бæрæг кæнонцæ, уæддæр. Фал, айдагъ хумæтæг дзоруни мадзалæй неке багъæуай кæндзæнæй е ’взаг, – гъæуй ма ибæл финсун дæр, æ бундори гъæуама æвæрд уа – финсунадæ.

Литератури ихæстæй тæккæ асхгиагдæр æма зиндæр æнхæстгæнæн æй, уæлдæр æй куд загътан, уотæ, æвзагæн æ ауюнгонд фæрстæй еуей ку бавдесай, нурмæ куд, уотæ, нæфал æндæрхузи финст ибæл ку æрцæуа, æма ’йбæл ку исфедауа, е. Финсæгæн ку бантæсуй еци гъуддаг, уæдта е сфæлдистадæ исуй æвзаги конструкций кæцидæр хай, æхуæдæгка – конструкций авторæй еу æма æности дæргъци æ хæццæ, кенæ æ медæгæ цæргæ байзайунцæ сæ дууæ дæр.

Цæй туххæн нимайун, нури уæнгæ уоййасæбæл игъустгонд ка н’ адтæй, уæдта – бæрцæй дæр уотæ минкъий æмдзæвгитæ ка ниуагъта æ фæсте, уой нæ аййевадон литератури тæккæ зиндæр æма ахсгиагдæр ихæстæ æнхæстгæнгутæй еуебæл? Уой туххæй, æма нин бавдиста, уой размæ ке некæмæ фæууидтан, уæхæн финсти формæ, æвзаги гъæдæ. Уомæн, æма нин байгон кодта, æгæнон поэзий дуйней æхе уодихъаурæй арæзт, тæмæсти рæсугъд уат, Юриккæн æхецæй фæстæмæ цæхуæн неке къохти бафтудайдæ, уæхæн. Байамудта нин, нæ хъазар дигорон æвзаги гæнæнтæн сæ арæнтæ ке нæма зиннунцæ махмæ. Бавдиста нин гъуддагæй, – мах ци финсунади традицитæбæл исахур ан, уонæй рахезгæй дæр, æнæсгæрст, фал æсгаруйнаг берæ будуртæ ке ес, уæдта еци будурти цийиес дæр цæмæдессаг ке æй. Е ’мдзæвгитæ уой æвдесæн æнцæ, æма дигорон æвзагбæл финсæн ес, мах зонгæ дæр æма лæдæргæ дæр ке нæма кæнæн кæронмæ, уæхæн бунтон нæуæгхузи фæлгæндти æма бунтон æндæрхузи дæсниадæ уæдта хуарæнтæй.

Юрикки уадзимистæ берæ рауæнти зиннунцæ хæлхъойтæ кенæ ба æрдæгарæзт, цума логики домæнтæн нæ дзуапп кæнунцæ, æма си **рæдуд** фæууй. Зæгъæн, уотæ дæр фæууæд. Фал **рæдуд** дæр, куд зиннуй, уоййасæбæл **рæдуд** нæй. Рæдуд дæр «гъун зонуй». **Рæдуд** дæр дессаг æй, – уомæй фæстæдæр **раст** æма **æцæгдзийнадæ** игуруй. **Рæдуд** бæлвурдæй ку нæ исбæрæг кæнай, уæд **раст** кæми агоргæ ’й, уой дæр нæ базондзæнæ.

Æцæгдзийнади æвзарæ иссерунмæ еци «хехузи» къахнадбæл цуд исхонæн ес «нихмæвæрдтитæй равзурæг» мадзал.

Габей-фурти æмдзæвгитæн ниууинун гъæуй сæ уедагæ, кæд зæнхи арф римæхст æй, уæддæр. Уæхæн дуккаг поэт нæййес нæ литератури, Юрикки хузæн, бæрцæй – минкъий æмдзæвгитæ, фарстатæй ба уотæ берæ ка ниууагъта, медесæй ба уотæ берæвæрсугон кæмæн æнцæ: ци – техникон æгъдауæй – сæ арæзт, се ’лвæстадæ, сæ азæлдæй; ци – сæ гъудийæй; ци – сæ фæлгонцтæ, нивесийнитæ, сорæттæй; ци ба – уонæн сæ еугурей науæртæ ’ма кирæгтæй арæзт – ивулгæ æнкъарæнтæй. Поэтæн æ алли æмдзæвги логикæ агоргæ нæй, уомæн, æма афоризмтæй финста, – етæ ба арæх парадокости бундорбæл арæзт фæуунцæ: «Афоризм – ... друг парадокса и сын мудрости» – финсуй Николай Векшин. Иннæ уæхæн устур ахургонд Максим Сабайтис ба зæгъуй: «Афоризм – жонглирование двусмысленностями с целью получения трехсмысленностей».

Юрикки æмдзæвгитæ цидæр дессагхузи æнкъарæнтæ æма сагъæстæ ке æвзурун кæнунцæ киунугæкæсæгмæ, – сæ логикæ уой медæгæ æй, е æхуæдæг логикæ æй. Поэти уадзевдзитæ кæрæй-кæронмæ дæр æмбесæндтæ, уадзæндзурдтæ, бацеутæ ’ма афоризмтæй хуæрзгъæст ке ’нцæ, уоми æй сæ дессагдзийнади рæуонæ. Кæцифæндий рæнгъæ, кенæ гъудиадæ дæр си райсæ хецæнæй, æма дæ сагъæсти ранигъулун кæндзæнæй. Се ’нахур фæззинди фæрци æнцæ арф шифргонд, хъæбæр арæх – зин райхалæн. Æрмæст, нæ бон æй уотæ гъуди кæнун, æма си дзæгъæлæй неци ес, куд æрдзон фæззинд æнцæ, уомæ гæсгæ, куд æрдзæ цидæриддæр исаразта, уонæй уæлдай дæр æма аййепгун дæр неци ес, уотæ. Федарæй æууæндун, – Габети Юрикки сфæлдистади сæйрагдæр æууæлтæй еу æй – се ’нæнгъæлæги сосæгдзийнадæ.

Поэт, рæнгъон адæймаг ке нæ уинуй, царди уæхæн тæккæ листæгдæр «бауæргъæдтæ» æстæфуй, æнкъаруй æма сæ гъаруй иннетæн, бундор си æвæруй егъау уодифарни арæзтадæн, конструктор нæуæг сахари кенæ æндæр ести устур азгъунсти макет нæ кæндзæнæй, уаййау. Æ алли цубур уадзевдзий дæр уойбæрцæ ауæ ес, æма ’й прози хузи ку фæлхатай, уæд цалдæр тъафей будур ниййахæссæнæй.

Юрикки поэзи масштабæй ку барæн, уæд æ еу дамугъай,

цума, сæдæ дамугъаей бæрцадæ ес (1:100), уойййау æй. Финсæг е 'гас бауæри листæг кирæгтæй дæр тундзуй, гæнæн æма амал дæр куд нæййес, уойбæрцæбæл цубур æма «æнтъуснæгæй» зæгъунмæ уйнади бундойрон сагъæстæ, æ зæрди фæрстæ ин фæйнердæмæ ка рæдовуй, еци туппуртæй еу гæзæмæ исуадзунмæ, иннæ хай ба, æвæдзи, æхе медхурфи нилхъевуй, цæмæй еци листæг зиннæг, фал ахсгиаг æнкъарæнтæн сæ мугкаг ма исæскъуна, исуадзонцæ нæуæг æвзарæ æма бабæй си, æ парахат уоди ниййабузгæй, рантæса нæуæг, раздæригконтæй сонгундæр «æфсеритæ».

Поэт æвепбайди ци бæдæйнаг дзурдбæститæ, рæнгъитæ, гъудиæдтæ «ралвесуй», етæ зиннунцæ арф зунди хъаурæй арæзт. Фал ин, æвæдзи, уотæ уæн дæр нæййес. Æцæг æмдзæвгæн, рагацау ин пълан искæнгæй, ниффинсæн нæййес. Юрикки уадзевдзити рæнтæсæни сæйрагдæр нисан æнхæст кæнунцæ сæризунди æууонфарс, æрдзон интуици, уод æма зæрди архайд. Уони ба цифæнди «берæбæлхъæртагæ» сæри хъанз дæр нæ æреумитæ кæндзæнæй еци-еу рæстæги, тухæмгуст кæнун сæ не 'ркæндзæнæй, бардзурд радтгæй. Еци зин архайдæн ес, уæлдæр æй куд бафепбайдтан, æрмæстдæр уæхæн рантæсæн: æрдзон тухæ, æрдзигъæдæ.

Поэти реуи райгурдæнцæ хегъæди, берæ цидæртæ кæми ес, уæхæн æмдзæвгитæ: рохс кæнунцæ сæрдигон хори тунтау, зæрдмæгур – фæззигон уазал сæлфунæгау, тас æфтаунцæ арви æверхъау гур-гурау, нифс дæттунцæ бонивайæнти сæуæхседау.

* * *

Литературæ куд фæйнæхузондæр, куд къабазгундæр уа, уотæ æнхæстдæр æма цæмæдессаг дæр æй. Алкæмæ дæр æхе гъуди ес, фал Габети Юрикки æмдзæвгитæ ку бакастæн, уæд мæ æрфæндæадтæй зундгонд уадзæндзурд «все, что гениально – просто», – зæгъгæ, кисин фендæрхузи кæнун, «не все, что гениально – просто». Зин лæдæрæн ци уа, уомæн дæр тухуаст уæн ес! Дессаги гъæздуг æй дуйнеуон литературæ дæр, уруссаг æма нæхе литературитæ дæр тæккæ бæрзонддæр æмвæзадæбæл финст уадзимистæй, сæ фур æййев æма рæсугъдæй, æнцон, æхцæуæнæй зæрдæбæл æмбæ-

лунцæ, кенæ ба гузавæ ’ма æрхуни æфтаунцæ, сæ фур æнкъардæй, фал хецион æма лæдæрдæй. Юрикки æмдзæвгитæ дæр, цæветтонгæ, сæ бакæсæги деси, уæдта еци-еу рæстæги ба – катаййи æфтаунцæ, æрмæст, хъæбæр арæх – сæ фур æнæлæдæрдæй! Нецима ниййахæссуй сæри хъанз, уотемæй ба бауæр ниббизирт уй, ниндзуг уй уод, кенæ ба – зæрдæ байрайуй, иуæнгти цидæр æнцон исуолæфæн, рæугутæ кæмæй рафсæдунцæ уайтагъд, уæхæн рæуæгтахт искæнæн уолæн рагъазуй.

Габей-фурти æмдзæвгитæ æнцæ æндæргти хузæн, æма се ’цæг «гурæ» фæууинунмæ алли гъудиадæн дæр æ асæмæ æркæсун гъæуй. Цума, æмдзæвги хъор фæддаруй сæ даргъдзийнадæ, цума, ци устур гъуди фæннисан кæнуй дзурд, уой нимæдзæй куд минкъийдæр дæмугъатæй зæгъай, уотæ гъудиади ауæ арфдæр кæнуй æма ирддæрæй разиндзæнæй. Ести радзорунмæ еу финсуй æнæгънæ уацау, иннемæн цубур радзурд фагæ ’й, æртиккагæн – еу гъудиадæ кенæ дзурдбаст, Юриккæн ба æ дзурди æрдæг кенæ æ «æрдæгдзурд» дæр æмдзæвги арæзтади цидæр функцитæ æнхæст кæнуй, фал сæ фæдбæл фæххуæст ун хъæбæр зин æй. Æ техники сосæгдзийнадæ кæд бауæрæй æнкъарун, уæддæр кæронмæ нæ лæдæрун, уадзимистæ уойбæрцæбæл бæрцуатгин ке ’нцæ, уомæ гæсгæ. Гъе, еци, поэзий ефстагмæ æмбæлæг, æуужæл автори æвæруй нæ литератури хе сæрмагонд бунати, изолмæ дæр бæрæг ка ’й, уæхæн рауæни. Уæхæн хехуз поэт нæмæ, зæгъун æнгъезуй, нæййес. Неци мадзалæй æй базондзæнæ рагацау, еу дзурд ку фæззæгъуй, уæд ин дуккаг цæхæн уодзæй.

Алли авторæн дæр æхе кæсæг ке ес, еци загъди рæстдзийнадæн ирд æвдесæн æй Габей-фурти сфæлдистадæ. Ес устур стъалутæ, уони рохс æй еудадзуг, æносон уæдта фæсмард, уинунцæ сæ берæ фæлтæртæ ’ма дзаманти дæргъци адæни фулдæр хай. Фал ма Æрдзи медæгæ ес «никъолгæ» стъалутæ, æвæсмард – фулдæремæн, ефстæгти каст ке идзирд рохс райахæссуй, ирд æрттивдтитæ ’ма цæстфæлевæнтæ ка фæккæнуй, уæхæнттæ дæр.

Дигорон литератури тæккæ æнæнгъæлæгидæр æма «æвастдæр» рохсæй ка ферттивта, цæститæ кæмæй тартæ кæнунцæ, фал æрмæстдæр бæрæг ефстаг æвзаргæ лæгтæ ке

æрæстæфтæнцæ, еци идард æнахури дессаг стъалуй хузæн æй Юрик. Нури уæнгæ нæ цæстæ ци æрахæста, уони кæцидæр хай радзоргæй дæр, кай зонуй, æма ескæмæнти æнхус уодзæнæй æ дузæрдугдзийнадæ фæййеувæрзуг кæнунмæ.

Поэзий тухæ рабæрæг уй, кæсæгбæл куд æма цæйбæрцæбæл фæззинна, уомæй. Естихузи ка нæ беда адæймаги уавæрбæл, æцæгдзийнадæй кенæ гурусхæй райгурæг ести сагъæстæбæл æй ка нæ бафтауа, æ зæрдæ ин ка нæ базгули кæна, æ цæститæй æй ка нæ бакæсун кæна нæуæгарæзт фæлгонцтæ æма сорæттæмæ, уæхæн уадзимистæн сæ аргъ дæр ниллæгдæр æй.

Аци ’здæхи дæр Юрикки поэзи зингæ фæд уадзуй кæсæги меддуйней. Æз уотæ зæгъунмæ нæ гъавун, æма цидæриддæр ниффинста, етæ еугурæй дæр æнаййепп æнцæ, фау бахæссæн сæмæ нæййес, зæгъгæ. Ес си уæхæн рауæнтæ дæр, дигорон æвзаги стилистикæ кæми ихæлуй, кенæ гъудити нихмæвæрд фæззелæнтæ кæми ес, кенæ, ци зæгъунмæ гъавуй, е æппундæр бæрæг кæми нæ ’й, æнæбунати кæми ’нцæ дзурдтæ дæр, гъудитæ дæр уæдта гъудиæдтæ дæр, уæхæнттæ. Еугур æмдзæвгитæ некæци поэт финсуй еу æмвæзадæбæл. Фал, раздæр ма ’й мæ кæцидæр уацгъудий загътон, – финсæги хъаурæ æ лæмæгъдæр уадзимистæй неке бæрæг кæнуй æма нимайуй, уомæн аргъ кæнун гъæуй æ хуæздæрти, аййевдæрти æмвæзадæй. Гъæнтæ ’ма аййеппитæ иссерунмæ нин нæ раз неке нийййахæссæй, уой фæсте ба – фаутæ райвæрунмæ; лæгигъæдтæ ’ма хуарздзийнæдтæ фæйййинунмæ ба нæ цæститæ нилхъевæн, «арсæн æхе ку уинай, æма ин æ фæд куд агорай», уоййау. Къинди ан æпбæлуйнаг рапбæлунмæ, «парахат зæрдæ» – фудкой ракæнунмæ! Аци дзурдтæ æгасемæ æмхузæн нæ хаунцæ.

Фал фæстаг рæстæги хъæбæр æнцон иссæй æнæфсæрмæй «сауæй уорс» зæгъун, «цъæхæй ба – бор». Бустæги æнцондæр ба æй, хузтæ æгириддæр ка не ’ртасуй, уонæн: цифæнди хузæ дæр кудфæндий æма ’й куд фæндуй, уотæ исхондзæнæй. Æрмæст ес, недзамантæй нурмæ ци еумæйаг фæткитæ ниффедар æнцæ дзиллон царди, æма уонæй растдæртæ ба некема æргъуди кодта. Ке зæгъун æй гъæуй, уоци «æхсист» фæткæвæрдтитæмæ дæр хецæн адæн фæйнæхузти цæстингасæй кæсунцæ. Еуетæн хæран ци ’й, е иннетæн

раст æй. Еуетæ – ести хуарз фæййагорунцæ естæми, иннетæ ба – цидæр лæгъуз, – алке æхе уодискондмæ гæсгæ. Æртиккæгтæ – устурзæрдитæ ба сугъдæрцуди дæр еувæрсти раевгъуйунцæ, «æнæмастдæр» уни туххæй, – «мæн къæс, дан, кæронæй æй ’ма ймæ зинг нæ бахъæртдзæнæй».

Юрикки æмдзæвгитæ утæ æнахури дессаг ке ’нцæ, æ арæзт сорæттæ утæ бæлвурд ке нæ зиннунцæ, æндæргти æмæнгæс угæй, е æнæмæнгæ, литературæ æртасгутæн араздзæнæй устур къулумпитæ, æвзурдзæй си берæ дузæрдугдзийнæдтæ, гурусхитæ æма фæйнæхузи хатдзæгтæ. Мæн бон дæр нæ ’й федарæй утæ нимайун, мæнæ, зæгъгæ, мæн гъудитæ еугурæй дæр раст æнцæ. Æндæрхузи цæстингасæй каст ма ку ’рцæуа Габей-фурти сфæлдистадæмæ, фулдæр дзубандитæ ибæл ку æркиндæуа наукон æхсæнади астæу дæр, финсгутæ æма поэзиуарзгути æрдигæй дæр, уæд гъуддагæн пайдадæр удзæнæй.

* * *

Дигорон литератури бундорæвæргутæй еу – Малити Геуæргий æмдзæвгити æмбурдгонд «Ираеф»-и раздзурди Абайти Васо утæ финста: «Вслушайтесь в эти стихи. Раньше, чем доходит до сознания их смысл, они уже покоряют своим чарующим ритмом и звучанием». Еци гъудий хъапбæ рахæссæн ес Габети Юрикки поэзимæ дæр, гæзæмæ ’й фендæрхузи гæнгæй: «Раньше, чем доходит до сознания их смысл, они уже покоряют своей таинственностью, скрытой энергией и предельно сжатой формой выражения».

Сфæлдистадæн æ «нийийерæг мадæ» скурдиадæ ку уа, уæд е «’схæссæг фидæ» ба удзæй – æновуд хъйамæт. Еци дууæ кæми фейййеу унцæ, уоми ба райгуруй æма исирæзуй, æхсæнадæ рази рохсмæ æма бæрзæнди кæдзосмæ хонæг адæймаг. Юрик а-дуйнемæ рантæстæй, иннетау хумæтæг цардæй цæрунæй фæстæмæ ба – æмдзæвгитæ финсуни туххæй. Фал, цума, æмдзæвгити хæццæ игургæ ракодта, цума етæ адтæнцæ æ бауæри æнæратонгæ хай, æ медæгæ. Уæхæн уадзимистæн еске лæварæй æрбайсæн æма хебæл банихасæн нæййес, зунди хъаурæй ниффинсæн, æргъудигæнæн дæр – утæ. Уæхæн æмдзæвгитæ авторæн æхе «автортæ» – Хуцау

æма Æрдзæ радтунцæ е ’гурци хæццæ. Фал сæ реуи хурфæй исесунмæ, æндæмæ равдесунмæ ба – хе бауæри хецæн устур хъаурæ исхарз кæнун гъæуй, æновуд архайд, æндæра уоми хомæй ниссунук уодзæнæнцæ.

Юрик е ’скурдиади цирен-артмæ цæттæй æ къохтæ ке нæ тавта æрмæстдæр, фал æй ниххуссун ке нæ уагъта, артагæй æй æфсадгæй, листитæ, согтæ имæ ке гæлста е ’рминæги, цид, уой фæрци «хуæрзвунх» кодтонцæ е ’мдзæвгитæ. Арæх æй фæззæгъун, поэтæн æхе фæрци фæуууй æрмæстдæр еци дуккаг хай, скурдиадæ ба æхуæдæг æхецæн неке бакосдзæнæй, æма ’й, уомæ гæсгæ, æхецæй ниббоз унмæ барæ куд нæййес, уотæ æхе фуд дæр нæ ’й.

Габети Юрик, æ равгитæ куд амудтонцæ, æвæдзи уойбæрцæбæл хъйамæт кодта, фал, кай зонуй, æма æхецæй æгæр берæ дæмдта, æхе размæ æгæр устур ихæстæ æвардта, куд професионал, поэзи нæ «фæффудевгед» кæнунмæ æ фур хуæдæфсæрмæй, æма, ци ниффинсидæ, етæ ин цидæр рæуæнттæй поэзиуарзгутæмæ нæ рахъæртиуонцæ сæ рæстæги. Тæндзæсгон адæймаг æхе не стауй æма æхецæй некæд ниббоз уодзæй. Е еуæрдигæй хуарз æй, уадзимисæ æнаййепдæр искæнунмæ. Иннердигæй ба, кай зонуй, æ характери еци ’здæх рæуонæ ’й, е ’мдзæвгитæй уотæ минкъий ке ниууагъта поэзиуарзгутæн.

Æрмæст «минкъий» нимæдзæй æнцæ, бæрцуатæй ба – берæ, хъæбæр берæ, уотæ, æма уæхæн поэти сфæлдистадæмæ æрхицæ кæндзæнæнцæ берæ адæнти литературитæ. Фæдонтæ си арфиаг æнцæ.

Уæхæн поэтæн баримæхсæн нæййес зæнхи буни дæр, уæхæн поэт цæргæ байзайуй адæни ’хсæн – сæ сæри, сæ зæрдити, сæ уодти æма се ’взæгти кæрæнттæбæл. Уæхæн поэттæ гъæуайгæнгæ фæуунцæ цæсти гагуйау сæ цæрæн доги, биндзæ дæр сæбæл куд нæ бабада, уотæ. Уæхæн лæгтæй гъæуама сæрустур уæн не ’гас дæр!

Ци ма зæгъон? Æвæдзи бал, фагæ ’й. Иннæ хаттмæ дæр ма си еститæ фæууадзун гъæуй. Æрмæст, нæ дессаги поэт, нæ дигорон литератури классик – Габети Юрикки поэзий бæрзонддзийнадæ фæнниллæгдæр кæнунмæ ка рагъава, е ба раст нæ уодзæнæй...

*Скъодтати Эльбрус*



ГАБЕТИ Юрик

* * *

Мæгур уæнтæ –
Бæлди ’мбарзт.
Æ курæнттæ –
Сæлди ’ндзарст:

Гур-гæв судæй, –
Æрмарт æнцæ,
Ургæфтудæй –
Цæлмартæнтæ.

Къол-мæгури,
Адæн-хъау,
Дзол сæ хъури
Кадæнгау:

Есгæд гæззуй
Тæнæн-къæнст.
Фестæг пъæззуй
Æнæнтæст.

Цъæмæн-цъосæн, –
Сæт-ивулд.
Æнæ ’мпъозæн –
Сæ дивул.

Незтæ, къæс-суй,
Тæнхъарæй,
Не ’стæг кæсуй
Нæ царæй.

Дес: тæккæ зин
Нæ зар æй...

* * *

Арти скъæфæн
Сог – нæ цард:
Карди цæфæн –
Тог ’нæгъард.

Ци фау зæгъæн,
Дзæнæт-дог.
Цикъау нæ гъæн
Æнæ тог.

* * *

Ервæзт ниуæрттæбæл
Фæд-æхст;
Е ’рмæст дзиуæрттæбæл
Фæдзæхст.

* * *

Æрдзæй æ хъаппи æвæрд æй, –
Бæрцæй сайтæнттæн «лæдæрд» æй.
Нæдæр алхимикти цъæх-сæг –
Колби фæрстæбæл рæдæхсæг,
Нæдæр цитæмæ фазæбурд,
Нæ урзæсгар, нæ цæстагурд,
Дæрццæги нитътъанг, арв – фæтæн.
Евæн базури фæххæтæн,
Æрдзæн не ’схъæртгæй æ дзебæл,
Æ къæртт ферветгæй, æхебæл,
Зунди бæрзæндæ, фæнди бун –
Уомæ неци схъæртдзæй æппун.

* * *

Дæ ми дзиуарбæл
Зæдфæдзæхст:
Сæуми дуарбæл
Уæд дæ «дзæхст».

Дæ хъор фунти –
Дæгъæл-узт дæ.
Дæ хор тунти –
Дæ фæлустæ.

Исуæд мадæн
Цæст-тавд æма
Изæдбадæн
Дæ авдæнæ.

Амонд де ’нцуд –
Дæ цъæхбæл.
Дæ фæббенцъу –
Æртæхбæл.

* * *

Бæсти ба ци?
(Нурти дог!) –
Цæсти бацъиртт:
Муртги тог.

Радæлвази,
Цъонг – цъæх-гъæр.
Адæ рæзи –
Конд сæкæр.

Фæткъу карæн
Фæтки зинд,
Уæд буларæн
Фæггиззит.

* * *

Тæбар-тубур –
Æ зæриндаг.
Хæдзартугур –
Къæсæри ’ндаг.

Æ мæлгъи зæл –
Сау рунбæл.
Æ мæлги дæр –
Зарунбæл.

* * *

Дæ тъæфилбæл
Зинг-æхсæн.
Дæ цæфи ’мбæл
Зин тæхсæн.

* * *

Цума дæ кувди æстад кæрдтæн
Нæбал никкæндзæй ирд рæстæг...
(Дæндаг фæггиудти, – цъирд æстæг)
Уæд дин мæ зæрдæ фингæвæрдтæн.

Кæд ма ескæми аууæл-зин, уæд,
Е дæр де 'стонгбæл рафицæд.
Æма, де 'сгъæрзгæ, нафи-цæд.
Де 'стъæлфт тъæфилбæл фæууæлбил уæд.

Дæуæн ферттевгæ цæсти артæй,
Уоди æрхъола, – тæгæл-тахт,
Фал бон 'суолæфтæй æгæр тагъд
'Ма æрбамегътæ, æрбатартæ 'й:
Уæддæр не 'йсæфт æй, 'ма раз-гъæр
Цæсти фæцъцъæртбæл кæд цаз дæр.

* * *

Зинг-æнгъæл, зæл – «хом»,
Цирен – суд,
Ингæнбæл дæлгон
Сирень – кудт.

Мæ зæрди сæргъи
Цаз-тухстау,
Уæлмæрдти хæрви
Сæздухстау:

Зæл – зæрди сæлвæст –
Гъигуæззау,
Уæлмæрдти дзæлвдзæст
Идæдзау.

* * *

О уарзт! – дæу равзурста мæ цæстæ,
Уо цити хæццæ æмидзаг.
Кæнгæй комнæрæ комидзаг,
Нæй цити æмсæр æнæ ’рхæсгæ,
Уæд Фидибæсти дæ фиццаг!
Зунд дæ ма схай кæнæд бæрцæй,
Фал тоги агурд уо æрдзæй.
Лигъзæй зæрди къубус есгæ.
Уæд дзиуари ’мбæлд дæ таведзæ
Æма тъиматæн дæр сахедæ,
Цæмæй нæ байзæдтаг ескæд,
Дзæнхъай къахт цæсти ма фæрса,
Фал дæ уагъд зарæн уа фæрсаг.

* * *

Къинди сесæн –
Сансæн къæртт.
Синди, десæн, –
Анзæн хъæртт.

Нæ синдзити
Æргъеу уагæ,
Нæ зин цуди
Æрдеуагæ.

Тагъд, бони-цъæх,
Рарра кæнæ:
«Къагъд», «Дони тæх»
Ма ракæнæ.

Гъæдæй зармæ –
Нæ мин хъирди ’й,
Уæдæйсармæ
Кæми ’нхъирди ’й?

* * *

Æртдзаг цæстæ –
Сикъунд-уæг.
Кæлддзаг къæстæ
Дин къундæг.

Æркъæрцц кæнæ
Дæ гал уæнтæ:
Къæртт хъæртгæ нæ –
Дæ галуантæ.

Дæс-радцæфтæй –
«Пъæра-гъæр».
Æдзард тæлфт æй
Мæрамæр.

Хъури даргæ –
Тæрваз, уат,
Зурни заргæ
Æ фасад.

Кæд тул-уфтгæ –
Зари фаг,
Уæд хъулуфтæ –
Тар-идзаг:

Æрдзæй къæбæл –
Æрт-фæлахс,
Сæ цъæйттæбæл –
Хæрдгæ-ласт.



Юрикки конд хузæ фæйнæгбæл

Леонардо да Винчий хузæ «Мадонна Литта»-й

* * *

Мæ ниммæт дæр –
Лæнк-фæрæзтæ:
«Дæу нимæтбæл –
Кæнк-пæррæстæ».

Мæ хъанз-къуæлли,
Мæ тун-уац:
Дæ «фанс-æрри»,
Дæ хъумац.

«Мæйи адæл»,
Зонæн-цæстæ,
Мæ ивад сæр –
Бон-æнгæстæ.

Цити рафтудтаг, –
Нæрд ка ’й,
Ци ди рафтудтан
Къæрттгай?!

Къахир-ист дин ка ’й –
Æд сæр.
Цас цъирис тъинккай,
Уæддæр!

Мах фæлдад ба –
Æртæх-сайд,
Мах бæлдат ба –
Зæрдæхсайд.

Нивæ не ’скæндзæй,
Мæгуртæ! –
Ниффæдес кæнгæ ’й:
«Фæлгуртæ!»

Цæху рæнттæ,
Тона-уст!
Дæ курæнттæ
Дон-аузт.

Зуди къæбæр –
Цъæдæх-цин.
Зутъи-тъæбæртт,
Дæ тæх син.

Къада рæзтæ –
Кусти-стæн.
Цад-арæзтæ –
Ристи ’сцæм.

Ани уодæд –
Дæ мад кæд,
Ма нихходæд –
Къæм, алкæд!

* * *

Ес мин стур мæсуг дасуйнаг,
Æма стур нади уаргъ сахармæ.
Фал уотæ гъæла дæр нæ дæн
’Ма цар фехалæ царгъæдæн.
Кæсун дæ равгæ ‘ма дæ армæ:
Кæд нади уаргъ, уæд мин – дæ хъæртт,
Кæд бундорæн – уæдта де ’гаси,
Уæд, мæ дууæ цæстей арази,
Æрфуг балхий кæнæд, зæгъæд,
Æма тъæфилтти уагъд тъæбæртт
Се ’взурст фæндонбæл æрлæууæд.
Æнхæст не ‘суæгъдæ дæ фунтæй,
Фал цидæр радзурдæй цъундæй,
Адтæй уонæнти цити зар,
Арвбæл сæмбæлгæ, зæнхи гъар.

* * *

Ци цъæм зудтай, –
Æд «цъоротæ»,
Низзæмбудтай, –
Уæд лолотæ.

Дæ къæбæрау
(Æнæ листæ).
Дæ цъæпæра –
Æнæ листæг.

Ке банайай
Дæ мутултæй,
Е батайа
Муди тулдæй:

Ес, – фæууагæ,
Зæй-сæххæтт:
Де 'сгъæуагæ
«Нæй» зæгъæд.

Дзикка бæзти,
Есун сæн дæр:
Ци къабæзти –
Е зундæн дæр.

Дæ, цъæмбæлгæ,
Æвд-сæццæн, –
Нæ тæмбæлтæ –
Тæвд-сæттæн.



Юрикки мадæ Нинæ - галеуæрдигæй

* * *

Æртдзаг цæстæ –
Сикъунд-уæг.
Кæлддзаг къæстæ
Дин къундæг.

Æркъæрцц кæнæ
Дæ гал уæнтæ:
Къæртт хъæртгæ нæ –
Дæ галуантæ.

Дæс-радцæфтæй –
«Пъæра-гъæр».
Æдзард тæлфт æй
Мæрамæр.

Хъури даргæ –
Тæрваз, уат,
Зурни заргæ
Æ фасад.

Кæд тул-уфтгæ –
Зари фаг,
Уæд хъулуфтæ –
Тар-идзаг:

Æрдзæй къæбæл –
Æрт-фæлахс,
Сæ цъæйттæбæл –
Хæрдгæ-ласт.



Юрик е ’мкосгути хæццæ

* * *

Мал-зуст, – цъетей
Фæттæдзæг,
Абузт дзедзей
Фæттæбæкк:

Цъете – куд дуа –
Æд æгънæг,
Неке зудта
Æ бæгънæг.

Тунд, – лæзæрги –
Æлтъузтæй.
Зунд, лæдæрги,
Æнкъуст æй.

Цъар! Тæнцъарæ!
– Æдта цас!
Тар сæндзарæ,
Уæдта цаз!

Над, – дæ къæндзæг –
«Аууæл-дзаг».
Ватæ-бæмбæг
Ауæрдæг.

Сæлфгæ цар-уæз –
Уодбæл кудт.
Дзæлв ци дарæс –
Тогбæл суд.

Риндз-къæртт цадæ.
Кæд уардта.
Синдзкæрдбадзæ
Нæ дардта.

* * *

Æууæл уадзгутæ!
Æ уæ риндз:
Нæ уæладзгутæ,
Нæ уæлиндз.

Зæнхæ æндзæр ба
Куд сесон?
Зæгъæ, æндæр ба
Кудт – де 'сон.

* * *

Цаз-уæзт, нур дæ уаг –
Гъарæнгзел.
Асæстхъур-кæуæг
Виолончель.

Мæ рист уæхери
Дзаг уотæ 'й –
Морис Равели
Фаготæй.



# ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ

САКЪИТИ Эльбрус

## КÆСУНЦÆ НÆМÆ ÆНОСТÆ БÆРЗОНДÆЙ…

*Эссе*

Сагъæстæ, сагъæстæ… Адæймагмæ алли кари дæр етæ куд нæ фæуунцæ. Æригонæй ин фулдæр фæуунцæ, æ карни хабæрттæ ци хузи райараза, уобæл. Фал æ зæруай ба ин æгæр дæр ма исберæ унцæ, фулдæр – имисуйнæгти хузи. Уой мæхецæй дæр зонун. Уæлдайдæр ба мæбæл æруæзæ кæнунцæ, мæ фидиуæзæгмæ ку нифтуйун, уæд…

Сæумæраги исистун, хæдзари куститæй ци фæууй, уони ку бакæнун, уæдта исбадун нæ тургъи устур бæласи бунмæ. Хъæбæр рагæй нæмæ 'й – еци устурæй æй гъуди кæнун сауæнгæ мæ сабидогæй. Æма мин уæд, æ рæзæй мæ рæдауæй ка рæвдудта, уæхæн уотид бæласæ адтæй. Раст зæгъгæй, дес ин кодтон æ рæсугъддзийнадæбæл – уалдзæги дзæгæрæги буни фæууидæ, раст нæуæг киндзи хузæн исфедауидæ. Цанæбæрæг рæстæг рацæуидæ, æма еци дзæгæрæги рауæнти фæззинниуонцæ къомбохтæ, кæцитæ бонæй-бонмæ нæрстæнцæ æма устурдæр кодтонцæ, цалинмæ зæрдæмæдзæугæ фæткъутæ нæ фестиуонцæ. Мæ хестæр æнсувæр еу рæстæг фæццалх æй бæлæстæбæл рæзæфтауæн, гъома, прививкæ кæнунбæл, æма уой фæрци нæ аци фæткъу бæласæбæл цалдæр хузи фæткъутæ зайун байдæдтонцæ.

Æма мах, сабийтæ, дæр бæласæн е ’ставд къалеутæбæл тæхгæ-цъеути хузæн æртеголæ уианæ, алке ни æхе мондагæн æвзурста еци фæткъутæй кæцидæрти. Уæд æй кæцæй лæдæрдтан, е дæр нæ ниййерæг мади хузæн ке рæвдудта æ рæзи адгинтæй. Нæ еци æхцæуæндзийнадæй аци бæласæбæл уæлдай æхцулдæр адтæн. Бони дæргъи имæ цалдæр хатти исхезинæ, кæд мæ фæткъутæ нæ гъæуиуонцæ, уæддæр мин куддæр æхцæуæн уидæ æ къалеутæбæл уотид рабурæ-бабурæ кæнун дæр. Уæд æй кæцæй лæдæрдтæн, цæмæн мæ уотæ æлваста æхемæ, уой. Мæ гъудий кæрони дæр нæ адтæй, уомæн дæр адæймаги хузæн уод ке ес, еске барæвдауни уодихатт. Æма, æвæдзи, ниббоз уидæ æхецæй, æгайтима кадæр, уæлдайдæр ба сувæллæнттæ уоййасæбæл цийнæ кæнунцæ æ рæзæбæл, уоййасæбæл æхцæуæнæй сæ исахуадунцæ.

Ку зæгъун, уалдзæгæй ба фæззæги уæнгæ нин зæрдирай адтæй æ рæсугъд фæлуст. Фал зумæги къæсæрбæл ба ибæл нæдæр æ рæзæй, нæдæр æ сифтæй нецибал райзайидæ, бустæги си рабæгънæг уидæ. Фал нин уотемæй дæр фудуинд æгириддæр нæ адтæй. Нæ зонун, цæмæн нин зæрдтагон адтæй уотемæй дæр, æвæдзи, лæдæрдтан æй, ралæудзæнæй бабæй уалдзæг æма бабæй æ киндздзон дарæстæй сæнттадæ кæндзæнæй.

Раздæр уотæ æнгъæл уинæ, æма сæрди гъунтъуз фæлусти хузæн кæмæй цъоппидзаг адтæй, етæ ин фæззæги ку æркæлиуонцæ æма зæнхæ хузгин горцъейæй ку бамбæрзиуонцæ, уæд е ба, еци бæгънæгæй æрхæндæг кæнидæ. Нур ба мæмæ уотæ кæсуй, æма зæрдрист нæ, фал зæрдрохс уидæ, æгайтима æ хуарздзийнæдтæй зæнхи дæр фæххайгин кодта уомæй, уæдта ма уой дæр зудта, æма, куддæр уалдзæг ралæууидæ, уотæ бабæй имæ æ еци фæлуст раздæхдзæнæй, нæуæгæй бабæй исфедаун кæндзæнæй…

Æма имæ абони мæ зæруай сагъæстæй ку фæккæсун, уæд уотæ дæр расагъæс кæнун; нур кæмити æма кæмити хестæр æй, цæйбæрцитæ фæууидта æма имæ цæйбæрцæ æримисуйнæгтæ ес. Нур е дзорунмæ ку арæхсидæ, уæд ци дессаги хабæрттæ ракæнидæ. Ка ’й зонуй, уомæ гæсгæ мин куддæр зæрдтагондæр æй мæ сабийдоги бæласæ, уотæ мæмæ фæззиннуй, цума е дæр мæ хæццæ кæддæри, нæ дууемæн дæр

зонгæ рæстæгутæмæ кæсуй, сæ рохс гъардзийнадæмæ æ уод тавуй…

Уотæ расагъæс кæнгæй мæмæ цидæр æрхун фæззиндтæй: аци бæласæн æ имисуйнæгтæ исæвд нæ ’нцæ, уа нæ уа, уæддæр имæ фæстæмæ раздæхунцæ. Фал мæн имисуйнæгтæ ба… Еске бæраги сæ ку нæ бакæнон, ескæмæн фарнæн ку нæ багъæуонцæ, уæд рæстæгути мегъи фæссатар уодзæнæнцæ. Æма сæ кæстæртæ ку нæ райсонцæ, уæд ка?..

Уæхæн гъудитæй тухсун ку байдайун, уæд ми уæлдай хъæбæрдæр æруагæс кæнун байдайуй, уогæ ба мæ сабийдоги ци хестæртæ æрæййафтон, етæ цæйбæрцæбæл зундгин адтæнцæ. Æгъдауæй тухгин уогæй, етæ, куд фæззæгъунцæ, еу бони цардæй нæ цардæнцæ, фал исонибони хъæбæр идæрдтæмæ дæр кастæнцæ, сагъæс кодтонцæ, сæ бундайрæгтæ си ци уодзæнæнцæ æма си кутемæйти цæрдзæнæнцæ, уобæл дæр. Гъе уомæ гæсгæ ’й нур лæдæрун байдæдтон, æрæмбурд нæ кæниуонцæ, кæстæрти. Æма нин кæми аллихузон тауæрæхътæ, кæми ба æцæг цаути хабæрттæ кæнун байдайиуонцæ. Е дессаг адтæй – зунд нин комкоммæ нæ амудтонцæ, гъома, атæ кæнетæ, уотæ кæнетæ, зæгъгæ, ни нæ агурдтонцæ. Фал нин ци хабæрттæ ракæниуонцæ, уонæй ба нин, нæ æригон уодтæн балæдæрун кæниуонцæ, хуарз дæр ци ’й æма лæгъуз дæр ци ’й, уой. Дзекко… Темурболат, Израил, Смел, Хубуна, Сулейман, Агубе, Алихан… Уогæ ба нин ци хестæртæ адтæй!.. Синхи еугур сувæллæнттæ дæр син хе цæуæти хузæн адтæнцæ. Æма махæн дæр изæдти хузæн адтæнцæ. Сæ загъд нин зæрдтагон адтæй, игъустан сæмæ алцæмæй дæр, архайдтан сæ зæрдæмæ фæццæунбæл. Æма уонæй ци фегъустан, еци фарнæ нин нæ царди еугур гургъахъ нæдтæбæл, æ еугур фæззелæнти дæр зунд æма надамонæг адтæй…

Уогæ ба цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæ адтæй уæди цардарæзт… Нур ба… Зæгъайтæ, ескæд ма ацал-ауал анзи фæууидтайтæ уой, æма хестæртæй кадæр æ синхи кæстæрти бамбурд кæнуй, нæ адæни фарнæхæссæг гъуддæгути хабæрттæ син фæккæнуй. Гъо, мах рæстæги нæдæр телевизортæ, нæдæр къохидаргæ телефонтæ æма смартфонтæ, нури хузæн, нæ адтæй – компьютертæ дæр æма смартфонтæ дæр нæ хестæртæ адтæнцæ, Интернет нин уони курухондзийнадæ адтæй. Гъо, нур æндæр догæ ’й æма нури кæстæрти зунди-

рахаст æндæр цæйдæрти фæрци æндадзуй. Æма бæлахи бæлах дæр е æй – еци цæйдæрти фудæй сæ зундирахаст куддæртæ кæнуй, зæрдæ си нецæмæй рохс кæнуй…

Уотæ ма бангъæлетæ, æма мæ зæруай каколатæ мин æнцæ мæ аци зæгъдтитæ. Уотæ ка бангъæла, уой ба бафæрсуйнаг дæн уомæй, æма æ зæрдæмæ цæуй, кæстæртæмæ æфсæрмæ æма æгъдау нимади ку нæ уа, æ ниййерæг мадæ æма фидæбæл устурзæрдæ ку кæнонцæ, уæд е федауй? Мæ зæрдæбæл ахид æрбалæууй мæнæ ауæхæн тауæрæхъ.

Цæветтонгæ, еу лæг базæронд æй æма мæлæти къахбæл ниллæудтæй. Æ фурттæ, æ кизгуттæ, киндзитæ æма цæуæти цæуæт ма ин бæргæ нецæбæл аурстонцæ, сæ бон цидæриддæр адтæй, уомæй ибæл аудтæнцæ. Фал зæруай нихмæ мадзал нæййес æма зæрондæн æ кæстæртæ нифситæ кæд æвардтонцæ, уæддæр æй лæдæрдтæй, еци дзубандитæ æнæбундор ке ’нцæ, уой. Курухон лæг адтæй, лæдæрдтæй, æ адзал имæ ке ’рбахæстæг æй. Уæддæр сæмæ æ медбилти бахудтæй æма æ сæр аразий тилд бакæнуй. Гъома, дзоретæ, дзоретæ, æз мæ уавæр сумахæй хуæздæр зонун. Сумах мæнæн нифситæ æвæретæ, æз ба сумахбæл ауæрдун.

Еууæхæни зæрондæн æ зæрдæ исхъурмæ ’й, æма æ цæстисуг фемæхстæй. Цæуæт уой ку рауидтонцæ, уæд æ алливарс рамбурд æнцæ. Нифситæ ин æвæрунцæ, ма тухсæ, уалæ дæмæ устур сахарæй абони зундгонд дохтири æркæндзинан, æма дæ е фæууиндзæнæй, е дин дæ незихатт базондзæнæй æма ин хуасæ иссердзæнæй, зæгъгæ. Фидæ сæмæ фегъуста уæдта син уотæ зæгъуй:

– Гъо, мæ уарзон байзæдтæгтæ, зонун æй, тухсетæ мæбæл, фал зæрондæн хуасæ нæййес, ка райгуруй, е мæлгæ дæр кæнуй, æма æрцудæй мæ адзал дæр. Фал æз мæхебæл нæ кæун... Мæ уодæгасæй мæ фиди ном дæр мæ хæццæ уодæгас – мæ фиди фурт мæ худтонцæ. Нур ба сумах хæццæ мæ ном байзайдзæнæй, мæ фиди ном ба цæуй мæ хæццæ…

Еци зæронд лæги тухст уотæ балæдæрун дæр æнгъезуй, æма æ фиди ном æ хæццæ мæрдти бæстæмæ ке банæхстæр уодзæнæй, е ин уæлдай зин уомæй æй, æма уоййадæбæл æ бундайрæгтæ фенæхай уодзæнæнцæ уомæн æ зунддæттæг фарнæй дæр. Æма е ба аллайаг æй, кæстæртæ сæ хестæри фæлтæрддзийнадæй ефтонггонд ку нæ уонцæ, сæ ирисхъæ

царди итигъд будури аразун ку байдайуонцæ æма æнарæхстгинтæй сæ рæдудтитæбæл къæхкъуæрæнтæ ку кæнонцæ... Кæддæр недзаманти, дан, еу гъæуи цæргутæ сæ хестæрти курухон, раст зунди фæрци гъæздуг цардæнцæ. Гъæуагæ нецæмæй æййафтонцæ. Гъе, æцæг сæ фæсевæд æгæр исхъал æнцæ, кустмæ сæ гъос нæбал дардтонцæ, æнæгъдау, æнæуагæ миутæ кæнун райдæдтонцæ. Сæ фулдæр рæстæг гъæздуг фингитæбæл æрвистонцæ. Æхсæвæ-бонмæ мийнасæ кодтонцæ, кафтонцæ, бонæй ба фунæй кодтонцæ.

Хестæртæ устур мæти бахаудтæнцæ, сæ кæстæрти раст надмæ куд раздахонцæ, уобæл сагъæс кодтонцæ. Фал кæстæртæмæ хестæрти дзубандитæ нæбал гъардтонцæ, сæ уайдзæфтæ син æфхуæрдбæл нимадтонцæ.

Еууæхæни ба гъæуи фæсевæд æрæмбурд æнцæ хебæрагæ рауæн. Бадунцæ, мийнасæ кæнунцæ. Сæ бохъ цардæй сæхецæй арази ’нцæ. Гъе, айдагъдæр ма сæ сæ хестæртæ ку нæ хъор кæниуонцæ...

Уæд си еу уотæ зæгъуй:

– Сæ уайдзæф æма се ’хсилкъæ дзубандитæй нæ бон нæбал æй, зæрдæ сæмæ фурмæстæй тъæппитæ хауй! Гъæугæ ба нæ цæмæн кæнунцæ, гъæугæ?!.

– Æгириддæр нецæмæн! – исдзурдта иннæ.

– Хъор даруни хуасæ нин æнцæ! – загъта æртиккаг. – Кæдмæ син гъæуама бухсæн?! Цæй æма син кæрон искæнæн.

– Куд?! – æмгъæлæсæй рафарстонцæ иннетæ.

– Рамарæн сæ!

– Еци фæндæ берети зæрдæмæ нæ фæццудæй, фал син сæ миутæ, се ’фхуæрæн дзубандитæ еугæйттæй «хормæ калун» ку райдæдтонцæ, уæд еугурæйдæр исарази ’нцæ. Æма дуккаг бон сæ фудвæндæ исæнхæст кодтонцæ: ниццагътонцæ сæ хестæрти, сæ даргути, сæ зундамонгути. Айдагъдæр си еу биццеуи зæрдæ нæ базагъта æ фиди рамарун. Зæронд хъæрæу фидæ ин адтæй. Рæвдудæй уæлдай си еу гурумухъ дзурд нæ зудта. Баевдалдæй æма уæрмæ искъахта. Уоми ’й баримахста. Уордæмæ ин сосæггай хуæруйнаг æма дон хаста.

Бæнттæ цудæнцæ, цард æхе гъуддæгутæ кодта. Гъæуи фæсевæди хъордарæг нæбал адтæй. Дессаги цард сæбæл æркодта. Сæ зæрди фæндон цардæнцæ. Хуæрдæ æма игъæлдзæгдзийнадæ. Косгæ нæбал кодтонцæ. Æма син сæ

хестæртæй ци бунтæ байзадæй, уонæн уайтæккæ сæ бунæй рохс исуагътонцæ. Фæстагмæ сæмæ, еумæйаг фингæн нæ, фал æхсæвæрæн ци бахуардтайуонцæ, е дæр нæбал адтæй.

Уæдмæ уалдзæг дæр æрбалæудтæй. Хумæ кæнун, таун гъæуй, фал сæмæ тауйнаг нæбал байзадæй. Æрæмбурд бабæй æнцæ еу рауæнмæ, унаффæ кæнунцæ, идарддæр ци кæнгæ 'й, зæгъгæ, фал сæ сæрмæ неци цудæй, стонг мæлæтæй куд фæййервæзонцæ, уомæн неци сæ бон адтæй æргъуди кæнун.

Æ зæронд хъæрæу фиди уæрми ка баримахста, е еумæйаг æмбурдæй ку 'рбаздахтæй, уæд имæ ниххизтæй. Кæрæй – кæронмæ ин радзурдта гъæубæсти хабæрттæ. Зæронд лæг ниссагъæс кодта æма фæстагмæ æ фуртæн загъта:

– Æверхъау миутæ бакодтайтæ, кæстæртæ... Ци 'рцудæй, уомæн раздахæн нæбал ес, фал ма гъæубæстæй уодæгас ка байзадæй, уони стонг мæлæтæй фæййервæзун кæнун гъæуй. Тауйнаг уæмæ ке нæбал байзадæй, уомæ гæсгæ баевдæлетæ æма хумзæнхитæ нæ, фал фæззæги будуртæй уæрдунти хуар ци нæдтæбæл ластайтæ, уони бахумæ кæнетæ. Еци нæдтæбæл, ласгæ-ласгæй, ци хуарти гагатæ фæккалдæй, етæ Хуцауи фæрци, ести æвзартæ гъæуама исуадзонцæ. Е æй уæ еунæг мадзал.

Лæхъуæн рацудæй, гъæубæсти фæсевæди æрæмбурд кодта æма син балæдæрун кодта, ци сæ кæнун гъæуй, уой. Бахумæ кодтонцæ айдагъдæр нæдтæ. Рæстæг рацудæй. Кæсунцæ æма нæдтæбæл мæнæуи æвзартæ фæззиндтæй. Цæстигагуй хузæн сæ гъæуай кодтонцæ.

Ралæудтæй фæззæг. Баинайæ кодтонцæ сæ хуар æма 'й бафснайдтонцæ. Сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй, стонг мæлæтæй ке фæййервазтæнцæ, уобæл. Фал уæддæр, ци æверхъау бæлах æруагътонцæ, уой нæма лæдæрдтæнцæ, нæма сæмæ багъардта. Уæд æрæгиау кадæр хъæрæу зæронд лæги фурти сонт фарст ракодта:

– Дæ Хуцауи туххæй, зæгъай нин, куд æргъуди кодтай, нæдтæ хумæ кæнун гъæуй, уой?

Лæхъуæн æ фиди хабар гъæр кæнунмæ нæ гъавта, фал син фæстагмæ радзурдта, æ фиди ке нæ рамардта, уæрми 'й ке баримахста, нæдтæ дæр уой унаффæ æма зундæй ке бахумæ кодтонцæ, уой.

Фæсевæд, еци дзубанди ку фегъустонцæ, уæд æрлæдæрдтæнцæ сæ рæдуд. Зæронд лæги уæрмæй исхезун кодтонцæ, æ рази сæ уæргутæбæл æрлæудтæнцæ æма си хатиртæ корунцæ.

Зæронд лæг син уотæ:

– Устур æма æверхъау рæдуд æруагътайтæ. Хуцауи размæ раст нæ айтæ. Хатир дæр фиццаг Хуцауæй корун гъæуй. Æма уин Устур Хуцау уæ сонт рæдуд ниххатир кæнæд. Идарддæри царди сумах дæр æма сумах кæстæрти дæр Хуцау багъæуай кæнæд уæхæн рæдудæй.

Уотæ ’й цард: хæдзари хестæр хъæрæу, хъан сæйгæ ку уа, уæддæр æ фарнæ берæ ’й. Уæддæр нифси, гъомуси хуасæ æй кæстæртæн. Фæлтæртæ кæрæдзей хæццæ къумæлхийтæй баст æнцæ, райхалæн, фæххецæнгæнæн син нæййес. Хестæрти зундбæл, кæстæрти хъаурæбæл лæууй æма ирæзуй а зæнхæбæл цард. Е лæдæрд уа адæймагæн, еугæр е, дуйней уодæгасæй цидæриддæр исæнтæстæй, уонæн сæ тæккæ зундгиндæрбæл нимад цæуй, уæд…

Мæ еци сагъæсти бацæугæй, мæ лæдзæгæй æзгелун мæ къæхти рæбун бæласи сифтæ. Уотæ мæмæ кæсуй, æма етæ нуртæккæ кæд зæнхæбæл нитътъæпæн æнцæ, уæддæр нæ фесæфдзæнæнцæ уотемæй, фал уалдзæги бабæй байгас уодзæнæнцæ æма цъæх-цъæхид фæлустæй исфедаудзæнæнцæ бæласи парахат къалеутæбæл. Раст гъе уотæ адæймаги цардвæндаги æнзтæ дæр, – кæд æма кумæдæрти райевгъуйунцæ, уæддæр бустæги ба не ’рбасатар унцæ дзамани кæмидæрти. Рацæуй рæстæг æма фæстæмæ æздæхун байдайунцæ… Имисуйнæгтæй… Кæми æхцæуæндзийнади рохсæй, кæми ба æрхæндæгæй. Уæддæр си алкæцидæр æхцæуæндзийнадæ исуй сæ имисæги цардвæллад уодæн…

– Еци сифтæ ци æзгелис? Фæткъутæ си кæд агорис, уæд дзæгъæли – нецибал си иссердзæнæ…

Мæ сагъæсти бацæугæй æй не ’рлæдæрдтæн, нæ синхонти биццеу Сослан куд фæззиндтæй, уой. Дессаги зæрдхæлар æма дзурдарæхст æй, æнæзийнадæ, еузагъдæй, берæ лæгдзийнæдтæй хайгин.

Æ мадæ æма æ фидæ, куд дохтиртæ, уотæ рæстæгмæ косунмæ æрвист æнцæ циуавæрдæр фæсарæйнаг бæстæмæ, рæхги исæздæхуйнаг æнцæ нæхемæ. Сослан ба ами, гъæуи

фæууй æ фидимади хæццæ. Кæрæдзей лæдæрунцæ, хæдзари кустити агъазгæнæг, скъолай дæр раззагдæрти хæццæ ’й. Мадта мæн дæр алли сæумæ дæр рабæрæг кæнуй. Æмвæрстæ нæ тургъи даргъ къелабæл исбадæн æма дууæ æнгарей хузæн кæрæдземæн фæххабæрттæ кæнæн.

Мæнæ нур дæр мæ фарсмæ æхе æруагъта æма нийнæфтæй:

– Куййи фæллад бабæй бадæн сæумицъæхæй…

– Уанæбæрг цæмæй?..

– Куд цæмæй? Хæдзари минкъий ес кустæгтæ… Æма мæнæн кæнгæ рауайунцæ…

– Уæд куййи фæллад ба ци хонис? Дæ хъелгъос дæр дин фæййагъаз кæнуй?

Хъелгъос сæ куй хуннуй. Хъæбæр æхцул æнцæ кæрæдзебæл – еудадзугдæр еумæ фæуунцæ.

– Ци? Хъелгъос?.. Кунæг!.. Сæумицъæхæй æхе рафсадуй, æ зелæнтæбæл æрзелуй, уæдта хормæ исбадуй æма еуварсæй кæсуй…

– Мадта дин Бабой куййи хузæн æй?

– Æма е ба ци кодта?

– Далæ дæллаг синхи цæруй Бабо. Иуазæгуарзон лæг æй, æма си уомæй æ зонгитæй кадæртæ æгæр æдзæсгонæй пайда кæнун байдæдтонцæ, æгæр ахид имæ фæззинниуонцæ. Æнæхонгæй цийфæнди афони дæр исмедæг уиуонцæ æ хæдзари æма тæккæ рæбундæр рауæни æрбадиуонцæ. Исгъигæ си æй лæг, æма исфæндæ кодта гъиггаг куй балхæнун, кæдимайди ба си еци лæвархуартæ тæрсиуонцæ æма имæ уотæ ахид нæбал цæуиуонцæ.

Еу хуцаубони фæццудæй базармæ æма си агъазиау куй балхæдта. Сæхемæ ’й тæккæ къæсæрбæл ставд рæхисæй æрбаста æма æ уосæмæ дзоруй:

– Гъенур мæмæ некебал æрбацæуудзæнæй. Марауадзæ, фингæ мин рарæвдзæ кæнæ, æма нæхе хуарз фæууинæн…

Æма… Æфсийнæ фингæ куддæр рарæвдзæ кодта, уотæ тургъæй кедæр къæхти гъæр æрбайгъустæй. Бабо ниуазæн байдзаг кодта æма куййи цæрæнбонбæл ракувта…

Кедæр æзгули æндегæй хъæбæрдæр игъусун ку байдæдта, уæд Бабо ракастæй, æма дин дуармæ дуйней иуазгутæ. Куй сæмæ æ къæдзелæ телуй æма сæбæл цийнитæ кæнуй.

Бабо, фурмæстæй ма ци ракодтайдæ, уой нæбал зудта, æма куймæ дзоруй:

– Ду сæбæл цийнитæ кæнис, æз ба сæбæл рæйгæ кæнон?!.

Сослан хъæбæр зæрдиуагæй ниххудтæй, уæдта фæссабур æй æма загъта:

– Уой туххæй ба мах Хъелгъосæн бæргæ неци æй. Нæ тургъæмæ кенæ нæ дзæхæрамæ дæр æнæзонгæ не 'рбауадздзæнæй, нæ синхонти кæркитæй еске ку 'рбафтуйуй тургъæмæ, уæд æй уайтæккæдæр фендæдуар кæнуй.

– Ду ба ин æ фудкой кæнис…

– Æ фудкой ин ку нæ кæнун… Берæ 'й уарзун, уæдта мæбæл æхуæдæг дæр æхцул æй…

– Недзамантæй нури уæнгæ дæр уотæ 'й, æма адæймаг куййи хæццæ некæд исуодзæнæнцæ кæрæдзебæл устурзæрдæ… Уой фæдбæл нæ адæнмæ берæ дессаги тауæрæхътæ ес. Ескæций дин си радзорон?

– Бæргæ-бæргæ!..

– Мадта, игъосæ. Раги æма раги цардæй еу мæгур лæг. Ахид цæуидæ гъæдæмæ согдзау. Æма си еухатт æгæр рафæстеуат æй. Изæрæй хæрæгбæл согтæ исамадта æма æ хæдзарæмæ рараст æй. Уæд дин имæ кадæр гъæр кæнуй:

– Гъей, уæлæ гъæддзау! Дæ рæзти мин берæгъ мæ сувæллони фæххæссуй æма 'й ма рауадзæ. Берæгъ æ амæттаги хæццæ гъæддзауи размæ ку исхъæрттæй, уæд æй е устур соги хъуæлæй ниццавта, æма берæгъ æ гæндзæхтæ бацагъта. Уотемæй сувæллони фæййервæзун кодта. Е ба разиндтæй сайтани бæдолæ. Сайтан куд нæ бацийнæ кодтайдæ?! Гъæддзауæн фæхъхъуритæ кодта, уæдта ин загъта:

– Уæлæ уобау уинис? Æртиккæги уордæмæ иссо, фулдæр дæ ка уарзуй, уой хæццæ æма дин хуарз фæууодзæнæн. – Мæгур лæг сæхемæ ку 'рцудæй, уæд хабар æ уосæн радзурдта: сайтани бæдоли куд фæййервæзун кодта, сайтан куд бафæдзахста, фулдæр, дан, дæ ка уарзуй, уой хæццæ исцо, зæгъгæ. Уæд ин æ уосæ уотæ бакодта:

– Нæ лæг! Æма дæ мæнæй фулдæр ка уарзуй? Мæн фæххонæ дæ хæццæ.

Лæг исарази æй æ уоси фæндæбæл æма 'й æ хæццæ райста. Уобауи размæ ку исхъæрттæнцæ, уæд мæгур лæг цъæх кæрдæгбæл æхе æруагъта æма фæлладæй рафунæй æй.

Уæд дин сайтан уиндгун лæги хузи сæ рази февзурдæй. Æ уæле – нæхемæ цъохъа, сугъзæрийнæ хъæма, сугъзæрийнæ бæрцитæ, сугъзæрийнæ ронæ æма зæнгбæттæн. Мæгур лæги уоси зæрдæ куд нæ багъазтайдæ. Сайтан дæр уосæмæ æ мæлгъæвзаг исуагъта æма ин уотæ зæгъуй:

– Гъенур аци мæгур лæги хæццæ куд цæрис? Цардæй ци фæууиндзæнæ? Гъа, мæнæ дин хъæма, рамарæ 'й æма еумæ цæрдзинан.

Силгоймаг сайтани дзурдтæбæл исарази æй. Хъæма рай-ста æма гъенур рарæхуайа лæги, уотæ ин сайтан æ къохбæл фæххуæстæй æма мæгур лæги фегъал кодта. Мæгур лæг ку ракастæй æма еци æверхъау нивæ ку фæууидта, уæд хуарзау нæбал фæцæй. Сайтан ин загъта:

– Игъосис? Ду мин мæ сувæллон фæййервæзун кодтай мæлæтæй, æз ба дин дæхе фæййервæзун кодтон. Гъенур кæрæдземæй нецибал дарæн.

Гъе, уотæ сайтан мæгур лæги цæхгун сайд ракодта. Мæ-гур лæг – æхе надбæл, сайтан – æхе надбæл, фæйнердæмæ гъæуама фæннæхстæр адтайуонцæ. Уæд мæгур лæгæн æ зæрдæбæл цидæр æрбалæудтæй, фæстæмæ фæззилдæй сайтанмæ æма 'й фæрсуй:

– Мадта ке хæццæ гъæуама иссудайнæ?

Сайтан ин загъта:

– Лæги æ куййæй фулдæр неке уарзуй, æма уой хæццæ иссудайсæ.

Мæ дзубандимæ  Сослан нигъгъос æй, уæдта еци сагъæс-хузæй загъта:

– Нæ, мæн нана уæхæн нæй…

Æ еци загъдæй си хъæбæр фæббоз дæн, æ сæр ин мæ къохæй æрсæрфтон, æрсабур æй кодтон.

– Еци тауæрæхъ дæу нанамæ неци барæ даруй. Фæндуй дæ æма дин дæу нанай туххæй дæр тауæрæхъ ракæнон.

– Мæн нанай туххæй дæр тауæрæхъ ес?

– Дæу нанай хузæн зундгин æма дессаги хуарздзийнæд-тæй хайгин нанати туххæй æй еци тауæрæхъ.

– Æма 'й мæ нана дæр зонуй?

– Магъа… Фал ин æй ду радзордзæнæ æма 'й уæд зон-дзæнæй. Игъосæ æма 'й багъуди кæнæ.

Цæветтонгæ, раги æма раги цардæй æма адтæй еу æл-

дар. Тоггинтæ ин адтæй, тог си кадæртæ дардтонцæ, фал уонæй тог райсуни равгæ ба ин дзæвгарæ рæстæгути нæ адтæй. Хъаурæгин адтæнцæ е 'знæгтæ, æма син хийнæй ку неци исаразтайдæ, уæд æргом хъаурæй ба неци бафтудайдæ æ къохи.

Гъуди кæнун райдæдта æлдар, ци амалæй райса æ тог, ци мадзал исараза. Берæ фæгъгъуди кодта æма æрæгиау еу фæндæ исæвзурдæй æ сæри. Æ фæндæ ба уæхæн адтæй æма æ исæнхæст кæнунæн гъудæй, æлдари фæсномуг загъдæй ка лæдæрдтайдæ, уæхæн адæймаг.

Æлдарæн адтæй уосæ æма еунæг фурт, фал, æ фæсномуг дзубанди ин ка лæдæрдтайдæ, уæхæнттæй нæ адтæнцæ.

– Бавзарон мæ амонд, – загъта, – фуртæн уосæ ракорон, ка 'й зонуй, æма мæ киндзæ разиндзæнæй, мæ гъуддагæн мæ ка гъæуй, уæхæн адæймаг.

Ракурдта уосæ фуртæн. Еу рæстæг рацардæнцæ. Æма æлдар зæгъуй æ меднимæр: «Бавзарон мæ киндзи...»

Фæдздзурдта æ фуртмæ æма ин зæгъуй:

– Дæхе бацæттæ кæнæ балци цæунмæ: æмбесæхсæви нæхстæр кæнæн æма бæхтæ цæттæ куд уонцæ...

Лæхъуæн исистадæй æмбесæхсæви, рарæвдзæ кодта бæхтæ, æма рараст æнцæ балций фидæ æма фурт. Гъæуæй еудзæвгарæ ку рауадæнцæ, уæд фидæ æ фуртмæ дзоруй:

– Биццеу, нæ над нин рацубур кæнæ.

– Над бæттæн нæй, куд æй рацубур кæнон? – ниддес æй фурт.

Фидæ баздахтæй æма фурти адæнæн æмбесонди над фæккодта... Уоййадæбæл фæстæмæ сæ хæдзарæмæ æрбаздахтæнцæ.

Æризæр æй. Адæн ниххустæнцæ, æлдари бийнонтæ дæр уотæ. Уæд æлдар ба æ фурт æма киндзи уатмæ æхе арæхстгай баласта æма сæмæ игъосуй. Уатæй игъусуй дзубанди:

– Къуæрей æнгъудæй ку ранæхстæр айтæ балций, уæд ци тагъд фездахтайтæ? – фæрсуй киндзæ æ лæги.

– Цæй балци æма цæй æндæр!.. Уомæн æ зæрди мæн нæмун адтæй, æма мæмæ хуарз фæккастæй надбæл е 'хсæй! – еци мæстгунæй дзуапп равардта æлдари фурт.

– Уæхæн ма си фæууиндæ 'й? – загъта киндзæ. – Еске дæр

ма дæу карæн адæймаги, никкидæр ба ма æ еунæг фурти уотæ æфхуæруй?

Сæумæй æлдар дзоруй æ уосæмæ:

– Нæ киндзæ ахсæви мæ хæдзари куд нæбал æрæхсæвеуат кæна, уотæ бакæнæ... Уомæй махæн киндзæ нæййес.

– Ци дин кодта? Дзæбæх адæймаг ку æй!..

– Ахсæвæ мæ хæдзари цæмæй нæбал æрæхсæвеуат кæна, уой бакæнæ!.. – загъта бабæй æлдар.

Рарвиста æфсийнæ æ киндзи... Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте сæ фуртæн æрхудтонцæ уосæн æндæр кизгæ. Бæнттæ сæбæл евгъудæнцæ. Æфсийнæ æма киндзæ кæрæдзей бауарзтонцæ. Уæд бабæй æлдар фæдздзурдта æ фуртмæ æма ин зæгъуй:

– Æмбесæхсæви бæхтæ цæттæ куд уонцæ, уотæ – нæхстæр кæнæн къуæрей æнгъудæй балций.

Рараст бабæй æнцæ фидæ æма фурт балций. Цæйбæрцæ рацудæнцæ, ка ‘й зонуй, фал бабæй фидæ дзоруй æ фуртмæ:

– Биццеу, æнæ донæй агæ ку рафицун кæнисæ...

– Æма дин æнæ донæй агæ куд рафицун кæнон? – ниддестæ бабæй кодта æ фурт.

Æлдар бабæй фæннадта æ фурти, æма раздахтæнцæ сæ хæдзарæмæ.

Æхсæви, адæн ку нихxустæнцæ, уæд æлдар игъосуй, фурт æма киндзæ ци дзордзæнæнцæ, уомæ.

– Ци тагъд фездахтайтæ? – фæрсуй киндзæ. – Къуæрей æнгъудæй балций цæунмæ ку гъавтайтæ?..

Лæхъуæн радзурдта æ уосæн сæ балций хабар, æ фидæ ‘й куд фæннадта, цæй туххæй æй фæннадта, уæдта ма загъта:

– Нæмунмæ мæ расайдта, æндæр æй цæй балций мæтæ адтæй!

– Азуймаг фæуууа!.. Еске ма уотæ æфхуæруй æ еунæг бундари, – мæстгунæй загъта уосæ.

Ку æрбон æй, уæд бабæй æлдар дзоруй е ‘фсийнæмæ:

– Нæ киндзи рарветæ æ фиди уæлартмæ... Ахсæви нæ хæдзари куд нæбал уа, уотæ бакæнæ!

– Ци дæбæл æрцудæй, дæ хуарзæнхæй?.. Уæдта дæ ци гъæуй киндзæй?.. Киндзи размæ ци ихæстæ лæууй, уони æгæр хуарз дæр ма æнхæст кæнуй. Уæд еуей рарвистан, нур бабæй дуккаги дæр! – дзоруй æфсийнæ.

– Уой зонæ, нæ киндзæ ма ахсæви нæ хæдзари ку ниххус-са, уæд дæуæн дæр ами бунат нæбал ес.

Рарвистонцæ еци киндзи дæр æ фиди уæлартмæ. Æлдар катай кæнун райдæдта, гъуди кæнун бабæй райдæдта æма исфæндæ кодта... Фæдздзурдта æ фуртмæ æма ин зæгъуй:

– Баздæхæ æма нæ фури дæ разæй ратæрæ: гъæутæбæл æй æрзелун кæнæ, бавзарæ, кæд æй еске балхæнидæ. Рауæйæ ‘й кæнæ фондз сомебæл, æ сæр, æ дууæ фарси нæхе куд уонцæ, уотемæй. Фæндаггаг дæ нæ гъæуй: дæхе байамонæ, æма дæ фусунтæ цæттæ уодзæнæнцæ, кумæ бацæуай, еци рауæн.

Берæ фæррахæтæ-бахæтæ кодта æлдари фурт, фал ин æ фури æлхæнæг нæ разиндтæй. Æлдари зонгитæй ба беретæ сагъæси бацудæнцæ: «Некæдма адтæй уæхæн уæййаг. Ка балхæндзæнæй фур еци аргъæй, уой ба ма æ сæр æма æ дууæ фарси – уæйæгæнæги. Цидæриддæр æй, уæддæр гъуддаг рæдуд гъуддаг æй. Фал лæхъуæн æхуæдæг рæдуйуй æви æ фиди зундæй, е бæрæг нæй...»

Анзмæ хæстæг фæххаттæй æлдари фурт, фал фури æлхæнæг нæййес. Фæстагмæ раздахтæй сæ хæдзарæмæ. Æ над цудæй, сæ гъæумæ хæстæг ка адтæй, уæхæн гъæубæл. Лæхъуæн расагъæс кодта: «Æнхæст ма ами дæр бавзарон...»

Фæццæуй гъæунгти æма ибæл рамбалдæнцæ мадæ æма кизгæ.

– Уæ бон хуарз.

– Дæ уод федар уæд, – загъта мадæ.

– Мæ фур мин балхæнайтæ, фондз соми æ аргъ, æцæг æ сæр æма æ фæрстæ – мæхе.

– Нæ, нæ балхæндзинан еци аргъæй, хъазар æй, – загъта мадæ æма рараст æй æ надбæл.

Уæд имæ дзоруй æ кизгæ:

– Райсæ ‘й, хъазар нæй, лæвар косæрттаг нин Хуцау æрæрвиста.

– Налат, дæу фæндуй биццеуи зæрдæ балхæнун, цæмæй дæмæ ракæса дзæбæх цæстæй, – кизгæн бауайдзæф кодта æ мадæ.

– Нана, зæгъун дин, косæрттаг лæвар æй: федгæ дæр неци бакæндзинан, мийнасæ дæр фæккæндзинан кедæр фонсæй.

Басастæй мадæ æма биццеуи сæ хæдзарæмæ бахудтонцæ.

Кизгæ дзоруй лæхъуæнмæ:

– Махмæ косарт ка ракæна, уæхæн нæййес, фал зийнадæ ма бакæнæ æма нин æй равгæрдæ, æз дæмæ фæккæсдзæнæн. Сæумæй ба дин, Хуцауи фæндæй, дæ косарти аргъ дæ къохти бакæндзинан æма дæ рафæндараст кæндзинан уæ хæдзарæмæ.

Хуарз фæууидтонцæ сæхе еци рауæн. Сæумæй кизгæ косартæн æ дондзон æма æйкитæ бæлвурд батухта хæцъели медæгæ æма сæ равардта иуазæгмæ:

– Мæнæ дин е дæ косарти аргъ, игъосис, хæссæ сæ æма сæ раттæ дæ фидæн.

Биццеу æрцудæй æ хæдзарæмæ. Фуси аргъ равардта æ мадæмæ. Мадæ хæцъелæ райхалдта æма ракуддæртæ ‘й, тухт си ци адтæй, уой ку рауидта, уæд… Кæми æндиудтонцæ мадæ æма фурт фидæн хабар исгъæр кæнун!..

Еу бон рацудæй æви фулдæр, уотæ лæг е ‘фсийни фæрсуй:

– Нæ биццеу ку ‘рцудæй, фур ку нæбал æркодта, уæд æ аргъ кæми ‘й?

– Кадæр нин æй цæхгун сайд ракодта: фури аргъи бæсти ин æ къохи бакодта уæхæн цидæртæ, æма дæмæ сæ æфсæрми кæнун равдесун, – загъта мадæ.

– Рахæссæ æма сæмæ æркæсæн, – дзоруй фидæ.

Гæнæн нæбал адтæй, рахаста сæ æма сæ æлдармæ равардта, æхуæдæг ба сагъæсти бацудæй: «Мардзæнæй мин мæ еунæг бæдоли, ку сæ фæууина, уæд...»

Фидæ райхалдта хæцъели баст, æркастæй, ци си адтæй, уомæ, æма... кæрон нæбал адтæй æ цийнæн.

– Фæххуæст дæн, – загъта æлдар, киндзæн ке агурдтон, уæхæн разиндтæй, кæд мин æй Хуцауи цæстæ бауарза, уæд.

Фæдздзурдта æ фуртмæ æма имæ дзоруй:

– Исон, дæ фур кæми рауæйæ кодтай, еци гъæумæ фæццæуæн... Нæ бæхтæ цæттæ куд уонцæ, уотæ бакæнæ.

Æлдар æма фурт еци ефтонгæй рараст æнцæ синхаг гъæумæ æма æрфусун кодтонцæ къæсибадæг уоси хæдзари.

Исиуазæг сæ кодта къæсибадæг уосæ, ци имæ адтæй, уонæй.

Уæдта æлдар дзоруй:

– Нæ цуди сæр цæмæн адтæй дæумæ, уой дин игъосун кæ-

нун, æма мæмæ æрбайгъосæ. Фæндуй мæ дæ хæццæ хæстæг бакæнун, æма нæ ду дæр исаккаг кæнæ дæхецæн хæстæгæн: дæ кизги дин корун мæ фуртæн бийнойнагæн.

Иской кæнун дæр æй нæ уадзуй къæсибадæг уосæ:

– Æлдар, еци гъуддагæн гæнæн нæййес,  исуйнаг дæр нæй. Ду – æлдар, æз – къæсибадæг уосæ. Ду хæстæгæн гъæуама байагорай де 'мхузон æлдари æма уой хæццæ бакæнæ гъуддаг, æз дæр еу ме 'мхузони иссердзæнæн, кæд Хуцауи фæндæуа, уæд. Исиуазæг уæ кодтон, ци мæмæ адтæй, уомæй, фал уоййасæбæл æгади бунати исæвæрдзæнæ мæн, седзæргæс уоси, уой æнгъæл ба нæ адтæн.

– Дæ кизгæ мæ хæдзари æфхуæрд нæ уодзæнæй, æлдари фурти бийнойнагæн ци кадæ, ци радæ федауй, еци кадæ, еци радæ уодзæнæй мæ хæдзари дæ кизгæн.

Къæсибадæг уосæ ма берæ фæдздзурдта, фал фæстагмæ исарази 'й. Гъе уотемæй нæуæг киндзæ исæмбалдæй æлдари хæдзарæбæл.

Берæ бабæй  рацудæй æви минкъий, уотæ бабæй дзоруй æлдар æ фуртмæ:

– Къуæрей балций цæуæн, æмбесæхсæвæ нæ бæхтæ цæттæ куд уонцæ.

Фурти зæрдæ бауазал æй къуæрей балций коййæй, раст æхе маруни уæнгæ иссæй, фал ездон тог ке адтæй, уой туххæй неци исдзорун бафæразта æ фидæмæ. «Мæ фидæ 'й – маргæ мæ кæна, нæмгæ мæ кæна – æхе гъуддаг æй, æ барæ мæбæл цæуй», – загъта лæхъуæн æ меднимæр.

Æмбесæхсæвæ нæуæгхунд киндзæ фестадæй, бæхтæ рарæвдзæ кодта, æ сæрихецауи райгъал кодта:

– Уæлæмæ фестæ, бæхтæ рæвдзæ 'нцæ: дæ фиди райгъал кæнæ æма уæ балций кой кæнетæ.

Æлдар æма æ фурт бабæй балций ранæхстæр æнцæ… Еудзæвгарæ бабæй ку райдард æнцæ сæ гъæуæй, уæд бабæй фидæ дзоруй æ фуртмæ:

– Биццеу, нæ бæхтæ нин ранард кæнæ.

– Æма сæ фурнæрдæй сæ  цари ку нæбал цæунцæ, уæд ма сæ цирдæмæ ранард кæнон?

Æртиккаг хатт дæр бабæй æцæг æмбесонди над фæккодта фидæ æ фурти…

Раздахтæнцæ сæ хæдзарæмæ. Æхсæви ба æлдар исфæн-

дæ кодта, æ фурти уати цæбæл дзубанди кæнунцæ, уомæ байгъосун.

– Ци тагъд фездахтайтæ, уæдта ци мæтъæл дæ? – фæрсуй уосæ æ лæги.

– Мæтъæл нæ, фал мæнæй æндæр айфонмæ æхецæн ести фидбилиз исаразтайдæ, мæ фидæ æма мæ мадæн фегадæй ку нæ тæрсинæ, уæд. Нур æртиккаг хатт балций цæуни рæуонæй мæ расайуй, æма гъæуæй ку рацæуæн, уæд мæ еци рауæн фæннæмуй, уотемæй фæстæмæ æрбаздæхæн нæ хæдзарæмæ. Е ба дин æ балци æма æхуæдæг дæр.

– Барæнай, æма дæ уæд цæй туххæй фæннæмуй? – бафарста æ сæрихецауи киндзæ.

– Цæй туххæй ку зæгъай, уæд фæстаг хатт ку ранæхстæр ан, уæд мæмæ дзоруй: «Биццеу, нæ бæхтæ нин ранард кæнæ...» Æз ба ин загътон: «Æма сæ фурнæрдæй сæ цари ку нæбал цæунцæ, уæд ма дин сæ цирдæмæ ранард кæнон?..» – радзурдта æлдари фурт.

– Æма дæ уæд фиццаг дууæ хатти ба цæй туххæй бафхуардта дæ фидæ? – никкидæр фæрсуй æ сæрихецауи киндзæ.

– Фиццаг хатт мæмæ æваст дзоруй: «Нæ над нин рацубур кæнæ...». – Над бæттæн нæй, тохæн ин нæййес. Дуккаг хатт ба мин уотæ загъта: «Æнæ донæй агæ рафицæ...» Мæнмæ гæсгæ, æ сæри хъанз кæмæн фезмæлуй æ бунатæй, е кæндзæнæй уæхæн дзубандитæ.

Киндзæ байгъуста æ лæгмæ, рагъуди кодта æма ин загъта:

– Дæ фидæмæ, мæ хецаумæ, цæмæй фæффудгин уай, уæхæнæй си неци ес. Дессаг æй, маргæ дæ куд нæ ракодта, уойбæрцæ æхебæл хуæцун куд бафæразта. Нæ балæдæрдтæ ду дæ фиди зæгъдтитæ, уотемæй ба зин балæдæруйнаг нæ ‘нцæ. Над рацубур кæнæ дин ку загъта, уæд ин ести тауæрæхъ ракодтайсæ, дæ фидæ ди аразийæй байзадайдæ. Æнæ донæй агæ рафицун кæнæ дин ку загъта, уæд ин æ лолæ æ ронæй фелвастайсæ, ракæдзос ин æй кодтайсæ, тамаку ин си ракодтайсæ, зинг си райвардтайсæ, æма агæ æнæ донæй рафунхтайдæ. Фæстаг хатт дин ку загъта, нæ бæхтæ нин ранард кæнæ, зæгъгæ, уæд дæ бæхæй рагæпп кодтайсæ, æрхезун кодтайсæ дæ фиди, бæхтæн сæ сæргътæ фелвастайсæ, æма сæ хезунмæ раскъардтайсæ, уæдта нимæт кæрдæгбæл

æритудтайсæ, дæ фидæн саргъ æ нивæрзæн æрæвардтайсæ. Бæхтæ дæр æма уæхуæдтæ дæр уæ фæллад исуагътаййайтæ æма æнæмæтæй уæ над изолдæр дардтаййайтæ.

Иннæ бон æлдар дзоруй æ бийнонтæмæ:

– Изол балций цæун æма мæ рарæвдзæ кæнетæ.

Рарæвдзитæ кодтонцæ æлдари. Кумæ цæуй, цæмæн цæуй, уой не 'сгъæр кодта бийнонтæн.

Дзæвгарæ рæстæг рацудæй, фал æлдар нæ зиннуй. Е ба баздахтæй æма рандæ 'й, цæмæй исбæрæг кæна, æ тоггинтæй æ тог ци амалæй райстайдæ, уой. Фал æлдари æ тоггинтæ базудтонцæ, æрахæстонцæ 'й æма 'й уæрмæмæ ниййистонцæ. Е знæгтæ исфæндæ кодтонцæ, ескумæ, дан, æй рауæйæ кæнæн, зæгъгæ.

Æлдар бадуй уæрми æма сагъæси бацудæй, – еуемæй æ тог нæ райста, нур ба ин æхе дæр æ фудæзнæгтæ ниууæйæ кæндзæнæнцæ.

Цидæриддæр адтæй, уæддæр еууæхæни æлдар фæдздзорун кодта æ тоггинти хестæртæмæ æма син зæгъуй:

– Æруагæс ми кæнуй, уæ сæрмæ не 'рхæсдзинайтæ уе 'мсæр адæймаги æнæгъæуаги фегадæ кæнун. Бонæй бадгæ нæбал кæнун, æхсæвæ мæ хуссæг нæбал ахæссуй мæ фурмæтæй: мæ сæрæн мин ци æнгъезуй, уæхæн аргъ ку нæ искæнайтæ. Корун уи, æма мæ сæрæн аргъгæнæг мæхуæдæг куд уон, еци барæ мин раттетæ, еци хатир мин бакæнетæ, еци 'гъдау уе 'знагæн исаккаг кæнетæ.

– Дæ цъух дæ тæрхон фæууæд, – загъта тоггинти зæронд лæг.

– Мадта уин айæ мæ сæри аргъ: æстдæс æстдæси еусиуон галтæ, æстдæс æстдæси – дууæсиуон галтæ. Никки ба ма – нæ хæдзари æртæ сугъзæрийнæ цæгиндзи. Баздæхæнтæ æма еу фарсикард æресæнтæ, фæсдуар æй сау дорбæл райинсæнтæ. Хæдзари астæу æртæ цæгиндземæй дууæ еци рауæн ралух кæнæнтæ, инней ба æнæгъæнæй рафтауæнтæ æма 'й еци хузæнæй ардæмæ раласæнтæ. Корун уи, уæ муггаги хуæздæртæй æртæ исминæвар кæнетæ мæ хæдзарæмæ, цæмæй фегъосун кæнонцæ етæ мæ бийнонтæн сæ лæги гъуддаг.

Тоггинтæ æлдари курдиадæбæл исарази 'нцæ. Сæ хуæздæртæй æртей исминæвар кодтонцæ.

Етæ æлдари хæдзарæмæ ку бахъæрттæнцæ, уæд си уайтæккидæр æрбамбурд æнцæ уомæн æ хæстæгутæ.

Æрбадтæнцæ тæрхони. Бадунцæ æма бадунцæ, гъуди кæнунцæ. Цæйбæрцæ фæррагъуди-багъуди кодтонцæ, фал минæвæртти дзубанди, æлдари сæри аргъæн æлдари нистауæн балæдæрунæн неци фæразунцæ. Ке нæ бафарстонцæ, уæхæн нæбал байзадæй, фал еу дæр нæ балæдæрдтæй æлдари нистауæн.

Фæстагмæ муггаги хестæртæ исминæвар кодтонцæ нæуæгхунд киндзæмæ:

– Зунд хестæрæй æма кæстæрæй нæй, силгоймагæй æма нæлгоймагæй нæй. Нæ хæстæгутæ, нæ зонгитæй еу дæр нæбал байзадæй, ке нæма бафарстан, уæхæн, фал еу дæр дзуапп нæ равардта æлдари нистауæнæн... Ду дæр ма ‘й ку нæ балæдæрай, уæд ци бакæнæн, уомæн нецибал хуасæ зонæн нæ сæрæн.

– Æз берæ дæр нæма рацардтæн, уингæ дæр минкъий фæккодтон, зонгæ дæр берæ нæма кæнун. Хестæртæ, хæтæнти ка фæххаттæй, цауæнти ка рацудæй, етæ ке нæ балæдæрдтæнцæ, уой æз куд балæдæрдзæнæн? Фал уæддæр, хестæрти ци фæндуй, уой исæнхæст кæнун устур ихæс æй мæнæн.

Киндзæ рагъуди кодта еудзæвгарæ, уæдта райдæдта дзорун:

– Еусиуон галтæ æнцæ æстдæс æстдæси арцæгин тохæг адæн, дууæсиуон галтæ – æстдæс æстдæси, кард æма уартæй ка тохуй, уæхæнттæ, æстдæс æстдæси – фатæй ка истохдзæнæй, уæхæнттæ. Æртæ цæгиндзи æнцæ æртæ иуазæги – минæвари. Фарсикард – уæхуæдтæ, уæ фæндæ, уæ зунд.  Фæсдуар сау дор, е ба æз дæн. Æлдар фæрсун кæнуй мæн, цæмæй уин æз радзорон, æ нистауæн ци амонуй, уой. Æлдари гъæуй æфсæддон адæн: æстдæс æстдæси арцæгинтæ, æстдæс æстдæси кард æма уартгинтæ, æстдæс æстдæси фатгинтæ. Никки ма зæгъуй, æртæ иуазæгемæй дууемæй  уæ тог ку райсайтæ, инней ба  æфсæдтон адæн ку ракæнонцæ сæ хæццæ надамонæгæй, уæд æлдарæн æ гъуддаг исæнхæст кæнун бафтуйдзæнæй уæ къохи.

Киндзæ куд загъта, уотæ бакодтонцæ муггаги хестæртæ. Тохæг адæн æлдарбæл исæмбалдæнцæ æма е, куд гъудæй, уотемæй æ тог райста е ‘знæгтæй.

Уомæй фæстæмæ зонунгин киндзæн æлдари хæдзари, муггаги æма дзиллити ‘хсæн адтæй уæлдай кадæ, уæлдай æгъдау æ зунд æма æ хъаури фæрци.

Гъе уæхæн æргъудигин æй, Сослан, дæ нана дæр…

Мæ дзубанди куд фæдтæн, уотемæй дин ку райгъосинæ:

– Мæн кой кæнетæ?

Сослани хæццæ нæ дзубандитæй уой дæр не ‘рæстæфтан, дзæхæрай кауи сæрти нæмæ æ нана Абидæт ке кастæй, уой.

– Æз айсонккæй аци фæливди агорун, е ба ами дзæгъæлбадæ кæнуй!..

– Айсоми дæр ма дин дугусси ку адтæн!..

– Гъенур ай хæццæ дзорæн ес?!. Æз дин уотæ нæ загътон, цо æма далæ Агубемæ фæккæсæ æ уæрдундонæ рафснайунмæ?

– Æма мин уотæ дæр нæ загътай, уæлæ Алихани дæр рабæрæг кæнæ, кæд æй ести гъæуй. Æз дæр дин дæ зæгъдтитæ ардигæй æнхæст кæнун райдæдтон.

– Æма дæ тауæрæхътæмæ игъосунмæ æрвистон?

– Мадта Агубе бабæй мæ хиц-хиц кæндзæнæй: атæ кæнæ, уотæ ма кæнæ… Исфæлмæцун си… Мæ нанай амундтитæ мин фагæ нæ ‘нцæ?..

Сослани еци загъдмæ Абидæт ке рамæстгун æй, уой ралæдæрдтæн, æма ‘й æ хилæ кæнунæй бауорæдтон:

– Мæ минкъий æрдхуард, кæд дзоргæ уотæ кæнуй, уæддæр Агубей берæ уарзуй, æхцæуæнæй имæ фегъосуй. Уотæ нæй, Сослан?

– Уотæ ‘й…

– Æгайтима уотæ ‘й… Зонæ ‘й, мæ биццеу, хестæр кæстæрæн ести ку фæййамонуй, сауæнгæ ин кæд хилæ дæр ракæнуй, уæддæр уой рæстзæрдæй фæккæнуй, æ тухст уобæл фæууй, цæмæй кæстæр минкъийдæр рæдуйа, рæствæндаг уа… Æма уомæн ба ин агъазгæнæг уодзæнæй хестæри зунд… Фидтæлти зунди фарнæбæл устурзæрдæ ка кæнуй, уони гъуддаг ба куд рауайуй, уой туххæй тауæрæхъ дæр дин радзордзæнæн, æцæг – фæстæдæр. Мæнæ дин нана ци зæгъуй, уони ку ракæнай, уæд æрбауайдзæнæ…

– Иннæ биццеутæн дæр зæгъæн? Етæ дæр уарзунцæ тауæрæхътæ…

– Рахонæ сæ, рахонæ!..

Сослан уайтæккæдæр фескъардта, Хъелгъос дæр æ фæсте ниййелæг æй. Абидæт сæ фæсте кæсгæй байдзулдæй:

– Ци сæ еу, ци ба се ‘ннæ… Æнæ кæрæдзей бухст дæр нæ фæразунцæ…

– Æгайтима уоййасæбæл зæрдхæлар æнцæ… Дзæбæх биццеу æй Сослан. Кæсун имæ æма си мæ зæрдæ рохс кæнуй…

Мæ еци загъдмæ Абидæти цæсгон бустæги ниррохс æй. Бæрæг адтæй, æхуæдæг дæр си куд боз æй, фал æ зæрдиуагæ комкоммæ равдесунмæ ба, æвæдзи, æфсæрми кодта. Айдагъдæр еци сагъæсхузæй загъта:

– Хестæри зæрдæ кæстæрæй ку рохс кæна, уæд ма уомæй хуæздæр ци ес!..

– Рагæй æрæгæмæ дæр, Абидæт, нæ адæнæн нифсдæттæг æ кæстæртæ адтæнцæ. Уой фæдбæл, дæхуæдæг æй хуарз ку зонис, цæйбæрцæ берæ тауæрæхътæ нин байзадæй нæ рагфидтæлтæй. Æз си уæлдай ахид æримисун еуей.

...Недзаманти, нæ фидтæлтæ ма цæнгæти хузæн æнгон æма сæ хъаури ку адтæнцæ, сæ басæттун æгириддæр ку неке бон адтæй, тухæгæнæг син тухæ ку нæ ирдта, уæдиккон хабар дин ракæндзæнæн. Еууæххæни, дан, сæмæ знаг бабæй æрбампурста, фал ин нæ фидтæлтæ бæрзæйсæттæн цæф ку никкодтонцæ, уæд федаунмæ фæцæй. Æрбарвиста федаугути.

– Мах дес кæнæн, басæттæнун уин амал куд нæййес, уобæл, – загътонцæ нæ фидтæлти курухондæр лæгтæн, сæ ихæс ку исæнхæст кодтонцæ, уæд. – Кæцæй уæмæ цæуй уойбæрцæ нифс æма хъаурæ? Фæттасун ку нæ кометæ!..

– Нæ паддзах ни уотæ домуй!.. – адтæй сæ дзуапп.

– Æма æ хæццæ фембæлæн, радзубанди кæнæн нæййес?

– Нуртæккæ фунæй кæнуй. Ку райгъал уа, уæд, бæргæ, фал дзоргæ нæ кæнуй.

– Уинун нин æй уæддæр фæккæнетæ, – ниллæудтæнцæ федаугутæ.

– Хуарз, – загътонцæ фусунтæ. Æма еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте еу силгоймагæн рахæссун кодтонцæ æ нæуæгигурд биццеуи.

– Е æй нæ паддзах. Уой исонибонбæл сагъæс кæнгæй, ан æнæбасæттон, нифсгун. Е ни домуй æхе æма нæ зæнхæ гъæуай кæнун…

Æма, æцæгæйдæр, нæ адæни фæтки адтæй цийфæнди уавæрти кæстæри багъæуай кæнун æма ин æ райдзаст исонибони сæрбæлтау уодуæлдайййæй хъиамæт кæнун.

– Уотæ адтæй æцæгæйдæр, – загъта Абидæт.

– Хумæтæги нæ байзадæй загъд: «Сувæллон – не ‘лдар…». Уой туххæй æз дæр мæ фиди фидæй мæнæ ауæхæн тауæрæхъ фегъустон.

Цæветтонгæ, еу мæгур лæг исфæндæ кодта æлдари сæхемæ æрбахонун æма ‘й фæххинцун. Фæццудæй имæ хонæг. Æлдар ин исарази æй, æцæг ин уотæ загъта:

– Кæд си мæнæй æлдардæр уодзæнæй, уæд дæмæ нæ цæун.

– Нæ, нæ!.. – æ уодæй уод кодта мæгур лæг.

Æрбацудæй æлдар мæгури хæдзарæмæ. Идзаг фингæбæл æй æрбадун кодта лæг. Хуæрун райдæдтонцæ. Уæдмæ иннæ уатæй сувæллони кæун райгъустæй. Æлдар куддæр фæкъкъех æй, уæдта фусунæн еци тингунæй уотæ ку бауайдзæф кæнидæ:

– Æз дæ, – мæнæй æлдардæр уæмæ ес, – зæгъгæ, нæ фарстон?

– Е сувæллон æй, æлдар.

– Сувæллон æлдарæй – æлдардæр æй, – загъта æлдар, исистадæй æма рацудæй.

– Не ‘гъдæуттæй дæр беретæ уой хæццæ баст æнцæ. Зонис æй, Абидæт, нæ адæнмæ хестæр кадгин æй, æгъдауи бæрзонд æвæрд æй. Уой фæрсунцæ зундæй, фæлтæрддзийнадæй, уой нимайунцæ, уой æргъуди кæнунцæ фиццагидæр алли гъуддаги дæр. Æцæг, еунæг гъуддаги ба фиццаг нæ фæууй – дон нæмæ ниуазгæ ‘й кæстæрæй. Уой фæдбæл дæр ес уæхæн тауæрæхъ.

Кæддæр, дан, бæлццон адæни еу къуар итигъд будури берæ фæццудæнцæ. Бафæлладæнцæ, фал уæлдай хъæбæрдæр ба истухстæнцæ æнæ донæй. Сор будури нæ мæскъи донбæл исæмбалдæнцæ, нæ сауæдонæбæл, нæ цъайбæл, æма æдонугæй сæ хъаурæ тадæй, сæ нифс састæй. Зæрондæйæригонæй, устурæй-минкъийййæй дзой-дзой кæнгæ цудæнцæ, бурдæнцæ размæ. Кумæ адтæй сæ балци, е дæр си феронх æй, айдагъдæр ма агурдтонцæ дон.

Æма еууæхæни бахъæрттæнцæ надгæрон зæронд цъаймæ. Дон си исистонцæ æма ибæл хæлæф кодтонцæ. Сæ еци

зуди фудæй си феронх æй, сæ уæрдуни минкъий æртæанздзуд сабий дæр ма ке ес æма е дæр æдонугæй ке мæлуй, е. Сæ зæрдæбæл ку æрбалæудтæй, уæд ма имæ дон бæргæ баскъафтонцæ, фал е уæдмæ æ уод исиста. Адæн фæккуддæр æнцæ, се 'донуг ке исуагътонцæ, уой æхцæуæндзийнадæ дæр син æрбайсавдæй. Берæ фæффæсмон кодтонцæ, фæммæтæ кодтонцæ, уæдта рахастонцæ уæхæн унаффæ: «Абонæй фæстæмæ дон ниуазгæ уæд кæстæрæй, цæмæй уæхæн бæлах макæдбал æрцæуа!..»

Еци гъуди рахæлеу æй еугур адæнбæл дæр, берæ æности дæргъи æй фæлтæрæй-фæлтæрмæ нимайунцæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг æма табуйаг фæткæбæл, æма уомæ гæсгæ нæмæ дон ниуазгæ æй кæстæрæй.

– Мадта мæнмæ гæсгæ ба берæ цæмæйдæрти æдонуг кæнуй кæстæри ирæзгæ уод. Уæлдай хъæбæрдæр агоруй зунди фарнæй е 'донуг исуадзун. Æма уомæй дæр махæй, хестæртæй ку нæ фæххайгин уонцæ, уæд кæцæй…

– Æма ин хестæр ба уотид зундамонæг ма уа, фал æхуæдæг дæр дæнцæн бæзза. Æндæра, хестæр æй, зæгъгæ, айдагъдæр уомæ гæсгæ фæнзун, гъулæггагæн, фесинмæ дæр рауайдзæнæй…

Зонис æй, раздæр хуæнхбæсти дигорон адæн устур бийнонтæй цардæнцæ. Цæуæт берæ кодтонцæ. Уидæ уæхæн лæг æма уосæ, сæ байзæдтаг дæс æма инсæййемæ кæмæн исхъæртидæ. Авд æма уомæй фулдæр фурттæ кæмæн адтæй, еци бийнонти фæрнгун хæдзарæ худтонцæ. Авд хуасдзауи, авд гъæддзауи, авд тугъдони ци хæдзари адтæй, е, гъай-гъай, адтæй тæходуййаг, алцæмæй дæр æнхæст, нифсæй, хъаурæй, есбонæй. Берæ бийнонтæн æнцондæр рахъæртун адтæй хуæнхаг зин æма æвадуат царди куститæбæл, тухмиуи уагæбæл сæмæ неке æндиудта. Хумæтæги нæ байзадæй загъдæн, еунæг мæгур æй, алкедæр ибæл тухæ кæнуй, зæгъгæ.

Гъе, уомæ гæсгæ хæдзари биццеутæ ралæхъуæнтæ уиуонцæ æма уоститæ корун ку райдайиуонцæ, уæд нæ тагъд кодтонцæ байуарунбæл, бийнонтæй рахецæн унбæл. Цардæнцæ еумæ, сæ куст, сæ хуæрдæ ба адтæнцæ еу. Киндзитæ цæуæт кодтонцæ, сæ гъонбæл кæнун ба фулдæр кастæй нана æма бабамæ. Уомæн æма сæ ниййергути еци гъуддагмæ сæхе хæдзари куститæй нæ евдалдæй.

Берæ бийнонти ‘хсæн сувæллæнттæ дæр адтæнцæ алли куститæбæл хуæст, æмхузон сæ рæвдудтонцæ, æ бæдолæн си гъолон миутæ неке кодта. Уæлдайдæр ба – сæ фидтæлтæ. Фидæ æ бæдоли æ номæй дæр нæ худта. Дзурдта имæ «биццеу», кенæ «кизгæ». Етæ нанайæн, бабайæн адтæнцæ «уорс уæриккитæ», фиди уæхæн зæрдихатт равдесун æгъдау нæ уагъта. Æма хатгай биццеу кенæ кизгæ, еумæйаг хæдзари цæргутæй комкоммæ æ нийиергутæ ка ‘нцæ, уой базонидæ, иуаргæ ку кæниуонцæ, айдагъдæр уæд.

Еууæхæни, дан, Курттати коми еу устур бийнонтæ иуарунбæл ниллæудтæнцæ. Гъуддаг æгъдаубæл, æнæзæрдихудтæй рахецæн æй. Фал сувæллæнттæй еу биццеу æ зæрдихалæн кæунæй иуаргути æхемæ æркæсун кодта æма ‘й бафарстонцæ, ци кæнис, цæбæл кæуис, зæгъгæ. Биццеу син хæкъурццæй кæугæй уотæ зæгъуй:

– Лæгъуздæр махмæ æрхаудтæй!..

Иуазгутæ нæ балæдæрдтæнцæ биццеуи дзуапп, фал бийнонти хæццæ ку радзубандитæ кодтонцæ, уæд рабæрæг æй, æнсувæртæй еу расуггæнагæ ке æй. Биццеу уотæ балæдæрдтæй, æма иуаргутæ бийнонти есбон нæ, фал æнсувæрти иурстонцæ, æма ин зин адтæй, расуггæнагæ уонæмæ æрхаудтæй – уотемæй ба æ фидæ разиндтæй.

– Аци тауæрæхъмæ гæсгæ мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй мæхе бийнонти хабар, – бахудтæй Абидæт. – Мæ фидæ æма е ‘ртæ кæстæр æнсувæри, сауæнгæ сæ фиди рамæлæти фæсте дæр ма берæ рæстæгути еу хæдзари фæццардæнцæ. Фал син уæдмæ равгитæ фæззиндтæй æма байурстонцæ, алкедæр си хецæн хæдзарæй цæрун байдæдта… Æма дессагæн мах, сæ кæстæртæ, кæрæдземæй нæ хецæн кодтан, уæд еуетæмæ, уæд иннетæмæ еумæ æхсæвеуат кодтан. Ку рабайлæгъ ан, нæхецæн бийнонтæ ку фæззиндтæй, уæддæр кæрæдзебæл æхцул адтан. Æвæдзи, е нæ тоги бацудæй, нæ хестæрти æнсувæрдзийнадæ куд федар адтæй, уомæ гæсгæ…

Уæд, æвæдзи, бийнонтæй алкедæр хуæздæр лæдæрдтæй, цæйбæрцæбæл æхцулдæр уонцæ сæ кæрæдзебæл, уоййасæбæл рæвдзæдæр цæудзæнæнцæ сæ царди еугур хабæрттæ дæр. Гъуди æй кæндзæнæ, еу лæгæн æ фурттæ кæрæдзей хæццæ нæ федудтонцæ, уой туххæй син ци исаразта, уой тауæрæхъ. Цæветтонгæ, еци лæгæн берæ

фурттæ адтæй, фал си æ зæрдæ ба нæ рохс кодта, уомæн æма сæ медастæу не федудтонцæ, кæрæдзей нæ лæдæрдтæнцæ, æма уой фудæй ба сæ цард нæ цудæй. Фидæ син ци нæ кодта, уæддæр æй нæ лæдæрдтæнцæ. Æма сæ уæд еууæхæни сæ тургъи æрæмбурд кодта. Уесойнæ рахæссун кодта æма син загъта:

– Абони гъæуама уæ хъаурæ бавзарайтæ уесойнæбæл. Ка ‘й расæтта, е уодзæнæй тæккæ хъаурæгиндæр.

Фурттæ еугай фæййархайдтонцæ баст уесойнæ фæддууæ кæнунбæл, фал сæ къохи нæ бафтудæй. Уæд син фидæ уотæ зæгъуй:

– Ардæмæ ‘й рахæссетæ.

Фидæ уесойнæ райста, райхалдта ‘й æма ‘й уесгай сæттун райдæдта.

– Уотæ, мæ хортæ, сумах дæр æнгон ку уайтæ, уæд уин неке неци кæндзæнæй, уæ цард фæрнугдæр уодзæнæй. Еугæйттæй ба уæбæл алкедæр тухгиндæр кæндзæнæй, уæ гъомус – минкъийдæр. Æма кæрæдзей уарзетæ.

Æнсувæртæн е зунди хуасæ фæцæй.

– Аци цау, бæргæ, зунди хуасæ ку исуидæ, абони кæрæдзей хæццæ хæларæй цæрунгъон ка нæй, уонæн. Уæхæн хеуæнттæ ба нæмæ минкъий нæ разиннуй. Æнсувæртæ ку ниххецæнтæ унцæ, уæд цæмæдæр гæсгæ киндзити фæффудгин кæнунцæ. Æма æ лæг ба? Кæд уой уинуй, æма ‘й æ уосæ рæдуйун кæнуй, уæд имæ лæгдзийнадæ цæмæннæ разиннуй æма æнæраст гъуддагæй æхе дæр æма уой дæр багъæуай кæнуни зунди хъаурæ имæ цæмæннæ разиннуй. Уогæ, баруагæс ди уæд, фулдæр киндзитæ сæ лæгтæй арæхстгиндæр разиннунцæ æма сæ фæрци æнсувæрти медастæу хæстæгдзийнадæ, кæрæдзей лæдæрундзийнадæ хъæбæр тухгин фæууй…

– Нæкæси, Абидæт, еугæр киндзити кой рацудæй, уæд дæ бæлццæнттæ ба кæд фæззиндзæнæнцæ?

– Рæхги нæхемæ уодзæнæнцæ.

– Æма сæмæ ци фæндæ ес? Ами нæхемæ уодзæнæнцæ, æви сахари?

– Биццеу, æвæдзи, уоми косдзæнæй, сæйгæдонæмæ ‘й хонунцæ. Киндзæ ба бал ами уодзæнæй…

– Мадта дин æвæстеуатæй клубмæ цæугæ ‘й.

– Уордæмæ бабæй цæмæн?

– Кафгути къуармæ дæхе ниффинсун кæнæ.

– Циуавæр кафгути къуар? Аци зæрондæй ма кафун дæр ку байдайинæ?

– Ка ‘й зонуй, кафун дæ ку багъæуа… Базигъæуккаг Хангуасси хузæн… Е дæр кафун бæргæ нæ зудта, фал æй киндзæ æгæрдæр ма райахур кодта…

– Гъома?

– Хангуассæ мæгурæг, седзæргæсæй фæббадтæй æ еунæг фуртæн. Ку ралæхъуæн æй, уæд ин бийнонти гъуддаг бакодта. Фал нæ фæррæстмæ ‘й. Киндзæ, куд фæззæгъунцæ, фудсилæ разиндтæй. Мæгур седзæргæси уодæй гъазун райдæдта. Фурт бон-изæрмæ кусти адтæй æма, сæ хæдзари цитæ цудæй, æ уосæ ин æ мади гъезæмарæй ке мардта, е æ гъудий кæрони дæр нæ адтæй.

Мадæ бонæй-бонмæ фудхуздæр кæнун райдæдта. Киндзæ ин хуæруйнаг нæ лæвардта, уотемæй си цомай лæдзæг исаразта. Куст ин ку неци уидæ, уæддæр æй æнцад бадун нæ уагъта, кафун æй кæнидæ.  Æ лæг кустæй ку ‘рбацæуидæ, уæдта æхе фæлладхуз искæнидæ.

Мадæн æ уавæр æ фуртæн радзорун æ цæстæ нæ уарзта: æ зæрдæмæ ин маст бахæсса, е æй нæ фæндадтæй, иннемæй ба ин æ дзубандитæбæл ку нæ бауæнда æма имæ æхе ку фæттегъæ кæна. Лæхъуæн æ мади мæтъæлæй бадгæ ку ‘рбаййафидæ, уæд æй бакъулумпи кæнидæ, ци кæнис, цæбæл мæтъæл дæ, ести ди ресуй, зæгъгæ?

Еууæхæни мадæ æхе нæбал бауорæдта æма æ фуртæн уотæ зæгъуй:

– Кæд дæ, ци кæнун, уой базонун фæндуй, уæд исон, цума кустмæ рандæ дæ, уотæ бакæнæ, дæхуæдæг фæстæмæ сосæггай æрбаздæхæ æма скъаппи баримæхсæ. Уæд дæхуæдæг алцидæр фæууиндзæнæ æма фегъосдзæнæ.

Биццеу уотæ бакодта. Æма мæнæ дессаг: киндзæ хуссæнæй ку раистадæй, уæд мадæмæ æхе фæбберæгъ кодта, гъæртæ ибæл кæнуй, уотемæй æй донмæ æрветуй æма ‘й æнæ донæй фæстæмæ æздахуй. Æфсийнæ æ куститæ конд ку фæцæй, уæд æхе къелабæл æруагъта. Киндзæ дин уой фæууина, цъилин ибæл низдухта, уæттæ сæрфæ, зæгъгæ.

Еци куст дæр бабæй ку бакодта мадæ, уæд æй киндзæ

цъилини хæццæ кафунбæл бафтудта. Уосæ кафуй æма бабæй заруй:

– Алли бон дæр кафгæ. Гъенур мæ куд уинис, уотæ.

Киндзæ ци æнгъæл адтæй, æ биййнойнаг скъаппи æй, æма мадæ уæхæн зар уомæн кæнуй.

Уæд фурт æ маст нæбал бауорæдта, æ уосæн æ дзаумæуттæ рамбурд кодта æма 'й фендæдуар кодта, – мæ цæстæ дæр дæ куд нæбал фæууина, уотæ, – зæгъгæ.

Аци тауæрæхъ, уинун æй, Абидæти зæрдæмæ нæ фæццудæй.

– Æма нур уомæй ци зæгъунмæ гъавис? Гъома, мæ киндзæ уæхæн æй? Дæхуæдæг æй хъæбæр хуарз ку зонис, цæйбæрцæбæл хуæрзæгъдау биййнонтæй нæмæ 'рбацудæй, уæдта уой дæр фæууидтай, ци дессаги уодиконд ин ес – лæдæрагæ, рæдау, хестæрæн – хестæри æгъдау, кæстæрæн ба – кæстæри æгъдау кæнунмæ дæр уой хузæн, æвæдзи, неке арæхсуй… Мадта нæ кæрæдзей хæццæ дæр федауæн. Мæнæ нур дæр уой унаффæ адтæй, цæмæй бал еу рæстæг ами нæхемæ рацæра. Æ загъд уотæ адтæй, гъома, ме 'фсийнæ цал анзи еунæгæй æй, æма имæ фæккæсон, киндзи æгъдауæй æй барæвдауон… Уæдта уоййасæбæл лæдæргæ разиндтæй æма 'й нæ бафæндадтæй Сослани дæр уайтæккæ мæнæй фæххецæн кæнун. Зонун æй, нæ дууемæн дæр е цæйбæрцæбæл зин уодзæнæй – кæрæдзебæл æгæр исахур ан. Нур ба мæн хæццæ дæр æма æ фурти хæццæ еугæндзон уодзинан.

– Æма дин, Абидæт, æз дæр еци тауæрæхъ дæ киндзи рафауни туххæй ку нæ ракодтон. Хъæбæр хуарз зонун, ци биййнонтæй рацудæй, уой дæр æма ин æхе дæр. Арфиагæй уæлдай си мæ бон неци æй зæгъун. Мæнæ Сослан ба æ нана æма æ мади хæццæ ке уодзæнæй, е дæр æнæмæнгæ гъæуй. Сувæллонæн нанай рæвдуд æхцæуæн æй, фал уæддæр мадæ ба мадæ 'й. Уой фæдбæл дæр дин еу хабар ракæндзæнæн.

Дууæ æнсувæри хецæн биййнонтæй цардæнцæ, фал си кæстæрæн цæуæт нæ адтæй. Уæд ин хестæр еууæхæни уотæ ку зæгъидæ:

– Кæсун дæмæ ме 'нсувæр, æма дæ цардæй неци гъаст кæнис, мæ киндзи хæццæ – а æма о-йæй цæретæ, фал уин фæстагмæ зæронди бæнтти зин уодзæнæй… Дæ фарнæ фу-

нæй уæд! Мæнæ бабæй нæхеуон æхе барæ нæй. Киндзæн зæгъæ… Ку ин райгура, уæд æй нæуæгигурдæй ку фæххæссидæ… Уæхецæн æй исгъонбæл кæнетæ. Нæхеуони хæццæ æз бадзубанди кæндзæнæн.

Дууæ æнсувæрей фæндонбæл файноститæ дæр исарази ‘нцæ. Уотемæй æвæстеуатæй бийнонтæ биццеуи ниййергутæ бацæнцæ.

Бæнттæ, æнзтæ цудæнцæ. Биццеу гъазунгъон фæцæй. Гъазгæ ба æхе æнсувæртæй зæрдиагдæрæй ке хæццæ гъæуама кодтайдæ? Уонæй æй æ къах нæбал хаста.

Уæд еуæхæни биццеуи æвæндонæй æ кæнгæ мадæ сæхемæ æрбакодта. Фурбоцæн ин гахгун къере æ къохи фæссагъта. Биццеу си искомидзаг кодта æма уотæ зæгъуй:

– Нана, уони къеретæ адгиндæр фæуунцæ.

Силгоймаг фæккуддæр æй, уæдта æ гъæлæсидзаг никкудтæй:

– Уæй, нана дин дæ незтæ рахуæра, кæд еске цæуæтæй цæуæт нæййес. Етæ дæ мади конд фæуунцæ, æма мади къохæйдзаг æндæр адæ кæнуй.

Уоййадæбæл æй æ мадæ æма æ фидæмæ никкодта.

– Уомæй дæр раст дæ… Цæй, дæ тауæрæхъæмæ игъосун дæр хуарз æй, фал æгæр радзебæл дæн, уотемæй ба мин берæ кустæгутæ ма ес нæхемæ æма уайæн… Æндæра мæбæл Косерхани цау цæудзæнæй.

– Уанæбæрæг ци кодта?..

Æма мин Абидæт рахабар кодта. Еузагъдæй, еци силгоймаг, дан, кæддæр, сæ синхæнттæмæ сарсийнæ ракорунмæ бауадæй. Хæдзари зæронд лæг даргъ къелабæл æ фæллад уагъта æма, цæмæй уосæ ма фефсæрми адтайдæ, уой туххæй æ цæсгон кæрцæй æрæмбарзта, цума фунæй кæнуй, уой хузæн.

Хæдзари æфсийнæ сарсийнæ ку равардта уосæн, уæд ма имæ хуæрзагæн дзоруй:

– Барæнай, мæнæ еу арахъ раниуазæ.

Е æхе никкуддæртæ кодта:

– Нæ-нæ, нæ мæ евдæлуй… Цæй, еу си уæддæр рауадзæ.

Æма ‘й раниуазта. Дуккаг агувзæ дæр уотæ. Уæд имæ æфсийнæ дзоруй:

– Еу ма си раниуазæ, дууæ нæ фæууй.

– Уæуу, хъæбæр мæ нæ евдæлуй, – æма æртиккаг ниуазæн дæр «фæддунд» кодта.

Гъе уотемæй си фæд-фæди фондз раниуазта. Уæд зæронд лæг нæбал ниббухстæй æма æ кæрци бунæй дзоруй:

– Хуарз уосæ, уагæр ма дæ евдæлгæ ку кодтайдæ, уæд си цал раниуазтайсæ?..

* * *

Абидæт рандæ ‘й, æз бабæй сагъæсти бацудтæн… Цæмæдæр гæсгæ мин æмбаст рауадæнцæ нæ фидтæлти намуси æма нæ абони кæстæрти карни хæццæ. Æцæгæйдæр, адæймаг цийфæнди нуриккон гъуддаги фæдбæл гъуди кæнгæй сæ æнæмæнгæ рабаруй, евгъуд рæстæгути куд адтæй, уой хæццæ. Æма зæрдирай ку фæууай, уæд уодæнцойнæй фæззæгъуй: «Фидтæлти намус нæ исæфуй…». – Уотæ уæд фæззæгъуй, æма æ алфамбулай ку уина кустуарзагæ æма ездон, хъаурæгин æма хебæлхуæцгæ, цæстуарзон æма хуæдæфсармæ, лæдæргæ æма фæразон адæймаги. Уæхæн адæймаг ба тæходуййаг фæууй æнæгъæнæ гъæубæстæн, синхбæстæн, æнгæрттæн, муггагæн. Уомæн æма, фидтæлти берæ фæлтæртæ сæ лæгдзийнадæ æма хъаурæй сæхецæн ци ном искодтонцæ, сæ байзайæггæгтæн ци нæргæ кадæ æма æмбесонди æгъдæуттæ ниууагътонцæ, уонæбæл æй еузæрдиуон, гъæуай сæ кæнуй тæккæ хъазардæр хæзнай хузæн, æ зундæй, æ фæллойнæ æма æгъдауæй сæ кæнуй федардæр, гъæздугдæр…

Æма кæци хестæри нæ фæндуй, цæмæй æ кæстæртæ исуонцæ ацъагъуæгин, сæ лæгдзийнæдтæй кадгин уонцæ дзилли ‘хсæн. Нæ адæни тауæрæхътæ æма æмбесæндтæн дæр сæ зингæ хай уой фæдбæл æнцæ. Раст зæгъгæй, беретæ си кæд уайдзæфти хузæн æнцæ, уæддæр си зунд райсæн ес, рагацау нин фæдзæхсунцæ, фæнзун ци гъæуй æма хе цæмæй гъæуай кæнун гъæуй, уой. Уæлдайдæр ба кæстæрти цардгъондзийнади фæдбæл.

Кæстæри рæвдаун, цæмæй маци гъæуагæ уа æ сабийдоги, уобæл ауодун бæргæ гъæуй. Фал уомæй æгæр кæнун ба зæранхæссæг æй.

Еу бонгин лæг, дан, æрсæйгæ ‘й, абони-исон кодта. Фал мæлун нæ фæразта. Æ берæ мулк иссæй æ сагъæс. Кæмæн æй уадза? Æ еунæг фуртæй æ зæрдæ нæ ирадæй – магосайæй цæлуарзагæ, æ къох уазал дони некæд ниттулдта. Æма хуарзæн бун ма искæнæ, лæгъузæн бун ма ниуюадзæ. Бадзурдта имæ æма ин уотæ:

– Биццӗу, тæрсун, мæ бунтæ мин думгæмæ ку ниддарай: фæллойнæн аргъ кæнун нæ зонис. Исон цо æма дæ уоди номбæл сом бакосæ. Æма уæд æз æнæзæрдæдзоргæй рамæлдзæнæн, дæуæн ба – мæ мулк.

Дуккаг бон биццӗу рацудæй сæ хæдзарæй. Хеерхæфсæн бунæтти ибæл бон райевгъудæй, уотемæй изæри сæхемæ ‘рбаздахтæй. Мадæ ‘й ревæдæй ку фæууидта, уæд ин еу гæгъæдин сом февардта, дæ фидæмæ ‘й бахæссæ, зæгъгæ.

Фидæ райста сом æма ‘й æнæдзоргæй арти багæлста. Фурт неци исдзурдта, уотемæй æндæмæ фæрраст æй. Фидæ æ фæсте рагъæр кодта:

– Аци сомбæл ду нæ бафудæбон кодтай, мæн дæ бакуст сом гъæуй! Исон æй æрбахæссæ.

Дуккаг бон дæр бабæй биццӗу æ рæстæг æнцонæй рарвиста. Изæрæй æ фидæмæ бацудæй, æ мадæ бабæй ин ци сом равардта, уой хæццæ. Фидæ дæр бабæй æй арти багæлста.

Лæхъуæн сагъæси бахаудтæй, уотемæй мæ нæбал ниуадздзæнæй, зæгъгæ.

Æртиккаг бон сæумæраги кустагор рандæ ‘й. Кæми ‘й бакуста, куд æй бакуста, Хуцау æ зонæг, фал изæри фæлладæй еу соми хæццæ æрлæудтæй æ фиди размæ. Фидæ ин æ бони фæллойнæ райста, æ цæститæмæ ин æдзинæг никкастæй æма бабæй æй артмæ бадаргъ кодта. Лæхъуæн ибæл сирди хузæн æхе ниццавта, – ци косис, бон-сауизæрмæ мæ хед кæбæл фæккалдтон, уой арти амæттаг цæмæн кæнис, – зæгъгæ, æма ин сом æ къохæй раскъафта.

Фидæ æ медбилти бахудтæй.

Еци фидæ куд нæ цийнæ кодтайдæ: æ фуртмæ раст зунд æрцудæй æма арæхсдзæнæй æ карни хабæрттæ æ равгитæмæ гæсгæ кæнун, хе хъауритæ æма лæгигъæдæй аразун. Уæдта ма, æвæдзи, хъæбæрдæр ба уой фæдбæл адтæй æма еске мулкмæ ке нæ бæлдзæнæй, фал æхе хъаурæ æма лæгигъæдæй архайдзæнæй. Æма æ уодиконд уæхæн кæмæн

адтæй, еци адæймаг æхуæдæг дæр сæрустур уидæ æ рæстзундæй æма си адæн дæр арази уиуонцæ. Уæхæн адæймаг æведауцæ гъуддаг исаразунмæ нæ фæррæдуйдзæнæй.

Цардæнцæ æма адтæнцæ æртæ æнсувæри. Уонæй дууæ адтæнцæ къæрнихтæ æма кодтонцæ давуни куст. Æртиккаг ба адтæй раст лæг. Еухатт æй æ уосæ еу рауæн нæбал уагъта:

– Ду дæр ести радавæ. Де ‘нсувæртæмæ нæ кæсис?

– Хуарз, – исарази æй лæг.

Еу æхсævæ рандæ ‘й давунмæ æма æхе гъог радавта, фæдздзурдта æ уосæмæ æма ‘й мæйдари равгарстонцæ. Лæг дзоруй æ уосæмæ:

– Цирагъ рахæссæ æма ‘й бастъегъæн.

Уосæ цирагъ рахаста æма уой рохсмæ сæ гъоги ку базудта, уæд æ ростæмæ фæллæбурдта. Уæд имæ æ лæг дзоруй:

– Гормон, æз ке гъог радавон, е дæр уотæ гъарæнгæ кæндзæнæй æма тæрегъæд æй, тæрегъæд!

Давун нæ адæнмæ алкæддæр аллайаг гъуддагбæл нимад адтæй, еци миуи фæрци ка цардæй, етæ ба æгадæгæнгутæбæл нимад уиуонцæ. Уомæ гæсгæ, алли хестæр дæр уобæл архайдта, цæмæй еци мадзалæй æ кæстæртæ гъæуайгонд уонцæ – уомæн æма ка си фегъæстæ уа, е си некæдбал исдзæбæх уодзæнæй. Лæгъуз ахур ба фидбилиз æй.

Еу гъæуи, дан, цалдæр бийнонтемæй æрцардæнцæ нæуæг æрбаледзгутæ. Уайтæккæдæр сæ царди уавæртæ аразунмæ февналдтонцæ.

Бунæттон цæргутæ дæр сæмæ амал æма гæнæнæй сæ гъос дардтонцæ. Уæдмæ фæззæг дæр æрцудæй, тиллæг æфснайæн рæстæг. Æма дессаг: бунæттон цæргутæн сæ сæнæфсери, сæ рæзи тиллæг æхсæвигæнтти исæфун райдæдта. Базудтонцæ давгути. Етæ разиндтæнцæ гъæуи нæуæг цæргутæ. Ци нæ син фæккодтонцæ хуарзæй, тузмæгæй, – ма даветæ, давун лæгъуз æй, зæгъгæ. Фал сæ нæ басастонцæ. Æрæмбурд æнцæ зæронд цæргутæ сæ унаффæдони æма сагъæс кæнунцæ, мадта син ци амал искæнæн, зæгъгæ. Уæд си еу курухон лæг фæндон бахаста:

– Гъæйдæ æма син сæ дзæхæрати сæнæфсертæ ниййаразæн. Сæхемæ рæзæ æма сæнæфсерæ ку уа, уæд нæбал давдзæнæнцæ!

Исарази ‘нцæ æ фæндонбæл. Сæ дзæхæрати син ниййаразтонцæ аллихузон рæзæбæлæстæ, сæнæфсерæ!

Рацудæй æртæ анзи. Уал анзи син, сæ фудæбон нæбал давдзæнæнцæ æнгъалдтонцæ, бухстæнцæ син. Фал сæ дзæхæрати алцидæр ку фæззиндтæй, уæддæр сæ ахур нæ ниуагътонцæ. Æма бабæй сагъæси бацудæнцæ бунæттон цæргутæ.

Лæгъуз ахур фидбилиз æй. Адæймаг си æнцонтæй нæбал исхецæн уй.

Бийнонти цардарæзт ка бахъор кæна, уæхæн тæссагдзийнæдтæ берæ ‘нцæ. Уонæй еу – мулк син æгæр унаффæгæнæг ку исуй. Дзубанди дæр ибæл нæййес, мулк дæр гъæуй – фал бæрцæй, гъæуама æ цагъайраг ма исуай. Æма уотæ ку рауайа, уæд бийнонти карнæ додойййаг исуй.

Цардæнцæ æма адтæнцæ дууæ синхаги. Сæ еу бонгин – фонсæй сæудегергæнæг, иннæ мæгур – зæнхкосæг. Гъæздуги хæдзарæ адтæй æндагуæлæ, мæгурæн ба – минкъий къæс. Агъазиау тургъæ еудадзуг адтæй æнкъард, игъæлдзæг адæймаги унæр си некæд райгъустæй. Мæгури тургъæй ба игъустæй царди гъæр. Бийнонтæ æдзохдæр цидæртæ архайдтонцæ, хæдзари зилдтитæ кодтонцæ, цудæй сæмæ иуазгутæ, хæстæгутæ, æма сæ игъæлдзæгдзийнади хæлхъой сæ синхонтæмæ дæр игъустæй.

Бонгини уосæ сæмæ сæ уæлдзарæй, æхе къæлæтгинбæл рауадзгæй, уæллæй бунмæ ахид кастæй, æма сæ игъæлдзæгдзийнадæй æ зæрдæ рохс адтæй, хицæ сæмæ кодта.

Гъудити ранигъулидæ, мах гъæздуг ку ан, алцæмæй – æнхæст, уотемæй – æрхун, сагъæсхуз, царди адæ ку не ‘нкъарæн; етæ фургуст ку ‘нцæ, марамæлай къæбæрæй ку цæрунцæ, уæд сæмæ еци цæруни нифс æма разæнгарддзийнадæ кæцæй цæуй?

Еууæхæни еци фарста равардта æ лæгмæ, æма ин е уотæ зæгъуй:

– Етæ игъæлдзæг уомæн æнцæ æма мæгур æнцæ. Мулки уæзæ æнцон хæссæн нæй. Фæндуй дæ, æма син æз сæ игъæлдзæгдзийнадæ фæссорон?

– Куд? Лæгъуздзийнадæ син маци бакæнæ! – фæттарстæй уосæ.

– Нæ. Анзи æнгъудмæ син инсæй сугъзæрийнæ соми æфс-

тау ратдзæнæн, уæхецæн си ести фæппайда кæнетæ, зæгъгæ. Æндæр неци.

Лæг куд загъта, уотæ бакодта. Æма уайтæкки мæгур лæги тургъæ æнкъард кæнун райдæдта. Бийнонти катай æма сагъæс иссæнцæ еци инсæй сугъзæрийнæ соми. Еуæй си куд фæппайда кæнонцæ, уобæл гъуди кодтонцæ, иннемæй ба син радавунæй тарстæнцæ æма мæти бацудæнцæ…

* * *

Мæ сагъæсти карзи куд бацудтæн, уотемæй мæмæ фæззиндтæй еума иуазæг, мæ дæллагсинхаг зонгæ Гæвдий. Раст колдуари разæй æрбагъæр кодта.

– Хæдзаронтæ, кæми айтæ?

Иуазæг – Хуцауæй, фусун ба – æхецæй!..

– Иуазæг – Хуцауи иуазæг! Æгас нæмæ цо.

– Мæ фарсмæ æрбадтæй, берæ цæбæлдæрти радзубандитæ кодтан. Фал æй уинун, цидæр тухстхуз æй, цидæр æй зæгъун фæндуй, æма ‘й уæд мæхуæдæг рафарстон:

– Еци хуæрзарæзтæй кумæ ранæхстæр дæ? Уосгор ма цæуай? Угæ ма цæй уосгор дæ – дæ цæуæти цæуæт тагъд бийнонти гъуддаг кæнуни кари ку рауодзæнæнцæ.

– Циуавæр уосгор?.. Гъæусоветмæ цæун… Дæлæ мæ синхонæй мæ бон нæбал æй.

– Уанæбæрæг дин ци ракодта?

– Кæддæр не ‘хсæнбæл кауæ исбидта, æма ‘й ардæмæ æгæр æрбахæстæг кодта – мæ зæнхæй мин еу метри бæрцæ æхе ‘рдигæй фæккодта… Нур цал анзи æ хæццæ тох кæнун, фал къæрттæй цъола нæ хауй… Ницъцъæх æй, е, дан, мæн зæнхæ адтæй раздæр дæр. Кумæдæрти ибæл фингæ дæр бæргæ фæккодтон, фал… Дæумæ ба куд кæсуй уой æнаккаг миуæ?

Ци ин гъæуама загътайнæ?

– Бæлвурд æй нæ зонун, ци ибилис уæ исахъилдта, æма уæ дууæ дæр раст нæ айтæ. Зæрдхæларæй ку цардайтæ, уæд уæбæл уанæбæрæг ци ‘рцудæй? Гæрр, еци зæнхи гæппæл уоййасæбæл хъазар æй, æма уой фæдбæл хæлхъоййæй никкæрæдземæ уайтæ. Дууемæй дæр уæ кари лæгтæ

ку айтæ, уæ кæрæдзей балæдæрун æма уæ буцæу федудæй рахецæн кæнун уæ бон нæ ‘й? Уæд, сумахмæ кæсгæй, уæ кæстæртæ ба уи гъæуама циуавæр зунд райсонцæ æма сæхе куд даронцæ?

Гæвдий мæ дзубандитæмæ нигъгъос æй, уæдта æрæгиау ба уæддæр загъта:

– Æз ин нецихузи ниххатир кæндзæнæн, е мæ куд бафхуардта, уой…

– Раст нæ дæ уомæй дæр… Тоггинтæ дæр ма ку бафедаунцæ, уæд сумах ба… Мæнæ дин еу хабар ракæндзæнæн, кæдимайди ба мæ балæдæрисæ.

Курттати коми Уæллаг Къорай сæрмæ ес Æвзæндаги бардуаги ковæндонæ. Кæддæр имæ еу тоггин, æнæбари æ къохæй кадæр кæмæн бастъалдæй, уæхæн лæг æ тæрегъæдтæ искæдзос кæнуни туххæй бацæун исфæндæ кодта. Кæмæндæр æ фæндæ раргом кодта, æма ибæл е ба гадзирахаттæй рацудæй: ке хæццæ фæттоггин æй, уонæн хабар фегъосун кодта.

Лæг, ке рамардта, уой æнсувæр уайтæккæ æ тог райсунмæ ратагъд кодта æма тоггини разæй бахъæрттæй ковæндонæмæ. Æ бæх æрхи баримахста, æхуæдæг ба ковæндонæмæ хæстæг дори ауон æхе баримахста. Уалинмæ тоггин дæр фæззиндтæй. Аллирдæмæ ракæсæ-бакæсæ ракодта, уæдта исиста æ ковуйнæгтæ, æ хуæцæнгарз зæнхæбæл æрæвардта. Тогесæг имæ нигъгъавта дори ауонæй, фал æхебæл фæххуæстæй, ковун бал æй бауадзон, зæгъгæ. Тоггин æ уæргутæбæл æрлæудтæй æма Хуцауæй, Æвзæндаги бардуагæй хатир коруй, мæ къохæй ка бастъалдæй, уой биййонти мæгурдзийнадæмæ зæрдристæй кæсон, мæ муггаг тоггин уа, уой бæсти мин мæ цард райсетæ, æнæбари бæлах бакодтон æма мæбæл уæ цæхæр æркалетæ, зæгъгæ.

Тогесæг æ римæхст бунатæй æхе равдиста. Лæгæн загъта:

– Æз ардæмæ дæу марунмæ иссудтæн, фал мин мæ зæрдæ дæ кувдæй фæййагайдтай. Хатир дин кæнун дæ фудракæндæ.

Æма уоми, ковæндони рази ард бахуардтонцæ, кæрæдземæн æнсувæртæ загътонцæ.

Гъеууотæ, етæ тоггинтæ уогæй, сæ кæрæдзей балæдæрдтæнцæ, сумах ба цидæр зæнхи гæппæли туххæй ниттоггинтæ

айтæ… Зæнхæ дæр æма мулк дæр ци ‘нцæ? Рæстæгмæ ‘нцæ етæ… Уой туххæй дæр дин еу тауæрæхъ ракæндзæнæн.

Фидæ æма фурттæ фæббуцæу æнцæ сæ мулкбæл.

Фурттæ фæстауæрцæ нецæбæл кодтонцæ, æма син сæ зæронд фидæ уой нæ барста, сæ цæстæмæ син æй дардта. Дзурдта син:

– Ци нæмæ ес, е еугурæй дæр сумах æй, æз си мæрдтæмæ мæ хæццæ неци фæххæсдзæнæн. Фæстауæрцæ кæнун зонетæ! Абони уæ ци гъæуй, е уæ исон дæр гъæудзæнæй!

Еу рæстæг фидæ æрсæйгæ ‘й. Æ уод есгæй, æ синхæгтæн ниффæдзахста:

– Кири мæ ку исæвæрайтæ, уæд мин мæ къохтæ мæ реубæл ма исæвæретæ, фал сæ радаргъ кæндзинайтæ, мæ армитъæпæнтæ игон куд уонцæ, уотæ.

Рамардæй лæг, æма ин синхæгтæ æ фæндон исæнхæст кодтонцæ. Æрцæуæг хеуæнттæмæ, мард кири куд æвæрд адтæй, е раст нæ фæккастæй, æма синхи хестæртæн сæ феппайуйнаг загътонцæ.

– Æ къохтæ уотæ æвæрд æхе фæдзæхстмæ гæсгæ ‘нцæ, – адтæй синхи дзуапп.

– Уотæ ‘й уадзетæ, уотæ, – загъта хестæр фурт дæр. – Е æ ревæд æрмттæ махмæ æвдесуй, гъома, мæрдтæмæ мæ хæццæ неци хæссун. Цардбæл нæ ахур кæнуй…

Гæвдий мæмæ бæргæ лæмбунæг фегъуста, фал дзоргæ неци искодта, уотемæй исистадæй æма рараст æй. Колдуари рази æрлæудтæй, æхе мæмæ разилдта æма цидæр æнахурхузæй загъта:

– Мах дæр ести кæндзинан…

Нæ зонун, уомæй ци зæгъуйнаг адтæй, уой. Фал уæддæр мæ зæрдæ ба дарун, ке мæ балæдæрдтæй, уобæл, æма, ка ‘й зонуй, æ синхаги хæццæ сæ хæлхъой хуæрзфедудæй рахецæн уодзæнæй.

Уотæ ку рауаидæ, уæд бæргæ хуарз уидæ, уомæн æма хестæртæ кæрæдзей ку нæ лæдæронцæ, уæд сæ сæ кæстæртæ ба гъæуама куд лæдæронцæ. Етæ дæр хеваст зундирахастæй араздзæнæнцæ сæ хабæрттæ, хестæрæн дæр кадæ, æвæдзи, кæми кæндзæнæнцæ. Æма æ кæстæртæ ке нæ нимайунцæ, ке дзурдмæ нæ игъосунцæ, еци хестæр ба тæрегъæддаг æй…

Еу муггаги фæсевæд исаразтонцæ зар сæ номдзуд æр-

вадæ Дзæрæхмæти туххæй – е берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхтæй. Зар ка исаразта, етæ, се ‘ргъудидзииийнадæ цæйбæрцæбæл фæррæстмæ ‘й, уой базонуни зæрдтæй бацудæнцæ сæ муггаги хестæри тургъæмæ æма ‘й уоми низзардтонцæ.

Зæронд лæг сæ размæ рацудæй, арфæ син ракодта:

– Арфиаг уотæ, æгайтима нин нæ муггагæн кадæ искодтайтæ, гъе, æрмæст зар Дзæрæхмæтбæл кæнун нæ гъудæй. Уобæл кæмидæр абæргутæ исæмбалдæнцæ, æ бæх ин истонцæ, æхе ин мардтонцæ, фал сæбæл фæууæлахез æй, ниццагъта сæ æхуæдæг дæр, рохсаг уæд, знаги нæмугæй фæммард æй. Уæхæн хабæрттæ ма адтæй амæй размæ дæр. Фал кæд нæ муггагæй ескæбæл зар кодтайтæ, – дзурдта изолдæр зæронд лæг, – уæд зар мæнбæл кæнун гъудæй, æ авд фуртемæй еу дæр æ коммæ кæмæн нæбал кæсуй.

Хестæрмæ ка нæ игъосуй, æ зундамонæнтæ ин ка нецæмæ даруй, еци кæстæртæ, хатир бакæнетæ, æма уи баруагæс уæд, рæствæндаг нæ фæууодзæнæнцæ. Уой сирдтæ дæр ма ку амонунцæ сæ бæдæлттæн.

Гъæдрæбун фусти дзогæ хизтæй. Дзогæй дууæ уæриккитæ фæййеуварс æнцæ æма хебарæй хезунцæ. Зæронд фус сæмæ дзоруй:

– Фудуаг ма уотæ, уæриккитæ! Дзогæй идард ма цотæ, кенæдта уæмæ ести фидбилиз кæсуй.

Нур сæмæ берæгъ къотæри бунæй æ цæстæ даруй æма сæмæ æ цъух рауагъта:

– Æцæгæйдæр, уæриккитæ! Уомæ ма игъосетæ, е уæмæ хицæ кæнуй. Æхуæдæг базæронд æй æма уæ уой туххæй нæ уадзуй хецæнæй хезун. Ма имæ игъосетæ. Уайетæ итигъд будурти!

Нæбал байгъустонцæ уæриккитæ зæронд фусмæ æма хезгæ-хезгæй, райдард æнцæ дзогæй. Берæгъ сæмæ рагæпп ласта къотæрти рæбунæй æма сæ фæххаста.

Сувæллон раст гъомбæл кæнунæн бæлвурд æнгъудтæ агорун нæ гъæуй. Еу силгоймаг лæги бафарста, мæ сабий, дан, гъонбæл кæнун кæд райдайон. Е дæр æй бафарста, цал анзи, дан, ибæл цæуй. Æма ин е, æртæ анзи ибæл цæуй, зæгъгæ, дзуапп ку равардта, уæд ин лæг дæр загъта:

– Æртæ анзи байрæги кодтай.

Еу уосæ ба, дан, æ сувæллони нæмуй, хуайуй. Уæд æй синхаг фæрсуй:

– Уагæр ци фуд ракодта, цæмæн æй нæмис?

– Туканмæ ‘й æрветун æма цæмæй е ‘хца ма фесæфа…

– Нурма æхца æхемæ ку ‘нцæ, уæд æй цæмæн æфхуæрис?

– Æма сæ ку рагæлдза, уæд ма æ нæмун ци пайда æй? – адтæй уоси дзуапп.

Зундгин уоси хузæн алли ниййерæг дæр ку гъуди кæнидæ, уæд, æвæдзи, сæ зæрдæй зæрдрист нæ уиуонцæ сæ кæстæртæй…

Асæбе æ цæуæти фудуаг æма æнæсæр миутæй истухстæй, кæуни уæнгæ ‘й æркодтонцæ æма гъарæнги хузæн æ синхагæн дзоруй:

– Мæ уод мин бахуардтонцæ сæ минкъиййæй абони уæнгæ. Мæхе сабийдоги мæгурдзийнæдтæ гъуди кæнгæй, архайдтон, цæмæй син е дæр уа, мацæмæй гъæуагæ уонцæ. Мæхе феронх кодтон – алцидæр уонæн. Æма, уæлæ Æхсарони цæуæти хузæн ахур æма размæ цæунбæл ку ниххуæстайуонцæ, уæд фæсмонгонд, бæргæ, нæ уайнæ…

– Асæбе, Æхсарон сæ седзæртæй, æнæ фидæй фæгъгъонбæл кодта. Седзæр цæуæт ба царди уæзæ раги балæдæрунцæ.

– Æма нур мæхе рамарон? – никкудтæй Асæбе.

Фæсарæфтæ бабæй мæмæ фæззиндтæй Сослан, уой дæр, ку загъта, уотемæй е ‘мбæлтти хæццæ – еу-дæс биццеуи адтайуонцæ. Бацийнæ сæбæл кодтон, фингæ син естæмæйти рарæвдзæ кæнæ, зæгъгæ, Сослани фервистон цæлгæнæнмæ. Е уайтæккæдæр минкъий фингæ рахаста, фæткъутæ, кæрдтутæ, дзол, цихт æма æндæр уæхæнттæ райвардта. Кæстæртæ æфсæрми кодтонцæ уонæй исахуадунмæ, фал сæ æз фæрразæнгард кодтон æма уæд зæрдиагæй мийнасæ кæнун федæдтонцæ. Æз сæмæ кастæн æма мæ меднимæр цийнæ кодтон: æхцæуæн мин фæууй, сувæллон адгин – зудæ нæ, фал, адгин комидзаг ку фæккæнуй, уæд.

Нæ сæ гъавтон хъор кæнунмæ, фал уæддæр нæ ниббухстæн æма сæ бафарстон:

– Лимæнтæ ке айтæ, е бæрæг æй… Мадта, еу синхи цæргæй æндæр хузи куд уа… Е хуарз æй, фал никки хуарз ба е æй, æма ма уин æндæр рауæнти дæр æрдхуæрдтæ куд уа.

Еци гъуддаг хъæбæр устур цæстиварди адтæй нæ фидтæлтæмæ. Уой фæдбæл сæмæ дессаги тауæрæхътæ дæр адтæй. Æма уин си еуей ракой кæндзæнæн.

…Раги æма раги еу гъæуи бонгин лæгтæй еу æрсæйгæ ‘й, растдæр зæгъгæй ба æ мæлæти къахбæл ниллæудтæй. Бæргæ гъæздуг цард кодта, фал æй еци рæстæг æ берæ мулкитæ æгириддæр нецæмæн бал гъудæнцæ – гъудæй æй æмбали зæрдиаг дзурд, уой гъар къохи бандзæвд. Фал ин уæхæн æмбал ба æ еци тухст уавæри æ рази нæ разиндтæй, уомæн æма æ царди медæгæ æхецæй уæлдай неке уарзта, кедæр хæццæ зæрдæй лимæн ун имæ нимади дæр нæ адтæй, æ еунæг сагъæс адтæй айдагъдæр, куд фулдæр мулк бамбурд кæна, æ фурзудæй ба некæбæл аурста…

Æма е ’носон дуйнемæ нæхстæр кодта, æ рæбун æ берæ мулкитæй æндæр, зæрдæй ка багузавæ кодтайдæ, еунæг уæхæн уодгоймаг дæр æ рази нæ фæцæй, уотемæй. Гъе, уæд æй балæдæрдтæй: æ зæнхон цард бустæги дзæгъæли рарвиста… Уæд ку фæдздзоридæ æ еунæг фуртмæ æма ин ку зæгъидæ:

– Уосиат дин кæнун: мæн цардæй ма фæццæрæ!.. Алли гъæуи дæр исаразæ мæсуг!..

Е дæр, æ фидæ ку рамардæй, уæд æй, фидтæлтиккон æгъдæуттæ куд амудтонцæ, уотемæй æ фиди байвардта гъæууон уæлмæрдти, мæрдæгъдауæй цидæриддæр гъудæй, уони ин искодта, уой фæсте ба ин æнхæст кæнун райдæдта æ уосиат. Бацудæй еу гъæумæ, исаразта си мæсуг, уæдта иннæ гъæуи дæр уотæ… Уотæ гъæуæй-гъæумæ цудæй, алкæцимидæр си исаразидæ мæсуг… Фал цанæбæрæги фагæ иссайуонцæ æ фиди мулкитæ – кæд хъæбæр берæ адтæнцæ, уæддæр балæдæрдтæй лæхъуæн, нæ ин исфагæ уодзæнæнцæ, цæмæй æ фиди фæдзæхст кæрæй-кæронмæ исæнхæст кæна. Истухстæй, гъома, нур ма кæми иссера уойбæрцæ фæрæзнитæ, цæмæй алли гъæуи дæр мæсуг исараза.

Еци мæтъæлæй æрбадтæй фæснад устур дорбæл, æ сæр æ къохтæбæл æруагъта, сагъæсти бафтудæй. Уæд дин æ размæ ку æрбахъæртидæ зæронд лæг.

– Ас-салам алейкум, мæ хъæболæ!.. – салам равардта лæхъуæнæн.

– Уалейкум салам, мæ фиди хай!.. – зæгъгæ, е, кæстæрæн куд æнгъезуй, уотæ фæггæпп кодта æма æ бунатмæ райамудта. – Дæ фæллад исуадзæ. Кæд дæ, мийяаг, мæ агъаз гъæуй? Кæд æдонугæй истухстæ, уæд дин нуртæккæ дон æрбадавдзæнæн… Кæд исæстонг дæ, уæд мæнæ мæ хурдзини ма ес, ци искомидзаг кæнай… Кæд дæ æмбæлццон гъæуй, уæд дæ бахъæртун кæндзæнæн, кумæ цæуис, уордæмæ…

– Дæ салам берæ, мæ хъæболæ. Нæ Исфæлдесæги фæрци мæ надбæл разиндтæй сауæдæнттæ, мадта кæрдзин дæр ма мæмæ ес мæ хурдзини. Фал мæ мæти æфтауй дæ тухстдзийнадæ. Ци дæ гъигæ даруй? – еци фæлмæнхузæй загъта зæронд лæг.

– Устур æрхун бацудæй мæ зæрди. Мæ бон нæй мæ фиди уосиат исæнхæст кæнун, æма нæ зонун, ци бакæнон, – еци мæтъæлæй загъта лæхъуæн.

Зæронд лæг лæмбунæг байгъуста лæхъуæни хабæрттæмæ æма, гъуддаг цæй медæгæ 'й, уой балæдæргæй ба игъæлдзæгæй ниххудтæй:

– Мæ хуарз кæстæр, дæ фидæ дин уæхæн гæнахтæ исаразун нæ ниффæдзахста, фал гъæуама дин алли гъæуи дæр фæззинна æцæг æрдхуард. Е дин уодзæнæй тæккæ æнæфæссайгæдæр æма федардæр мæсуг. Æцæг уомæн ба уотид мулкитæ нæ гъæунцæ, фал зæрди рæдаудзийнадæ æма цирен…

– Æцæгæй? – ниддестæ уогæй, бацийнæ кодта лæхъуæн.

– Гъо, мæ хуарз кæстæр, фал уотæ ма 'нгъæл уо, цæстæй фæууинæн æма къохæй басгарун кæмæн нæййес, уæхæн гæнах адæни зæрдити исаразун дорæй мæсуг исамайунæй æнцондæр æй. Адæни зæрдитæ – етæ уæхæн бæрзæндтæ 'нцæ!.. Цæмæй уой уæнгæ истæхай, уой туххæй дæ уодæн гъæуама цæргæси базуртæ уа. Адæни зæрдитæ – етæ уæхæн арф æнцæ, æма сæмæ цæмæй нихъхъæртай, уой туххæй дæмæ гъæуама уа, рабарæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн рæдаудзийнадæ æма æргомдзийнадæ. Адæнти зæрдити æзгъæр уотæ хъæбæр федар æй, æма уобæл байервæзунæн дин некæцибал кенæ æндæр къахæн дзаумау фæййагъаз уодзæнæнцæ… Цо, мæ хор, æма дин дæ фидæ ке ниффæдзахста, еци мæсугтæ адæни зæрдити аразæ…

Мæ игъосгутæ аци тауæрæхътæмæ уотæ ниссабур æнцæ,

æма сæ сæ сагъæстæй фæууæгъдæ кæнуни зæрдтæй син загътон:

– Гъеууотæ, мæ зæрдтагонтæ, кæддæр нæ фидтæлтæмæ устур цæстиварди адтæй сæ зæрдтаг æгъдæуттæй еу – æрдхуарддзийнадæ. Гъо, рагæйдæр хъæбæр ахсгиаг адтæй нæ адæнмæ æрдхуарддзийнадæ кæнун, тогæй хæстæг ка нæ уидæ, уони хæццæ æрдхуард искæнун син цийфæнди æрдхуæрæни мулк иссерунæй дæр зæрдиагдæр уидæ.

Æма æрдхуард ка разæгъидæ, етæ ба царди еугур гъуддæгути дæр кæрæдземæн нифс адтæнцæ. Уой туххæй дæр тауæрæхъ радзорон?

– Гъо, гъо, – еумæ райарази ‘нцæ сабитæ.

– Мадта, игъосетæ. Кæддæр хуæнхбæсти еу æригон лæхъуæн æ цæстæ æрæвардта гупгæнгæ гъазти æндæр гъæуккаг саулагъз рæсугъд кизгæбæл. Е ставд бид дуаæ дзиккой кафгæ-кафун æ фæсонтæбæл æмæзмæлд куд кодтонцæ, уой дæр ма бафеппайдта. Кегъæрейæн аййевæй балæдæрун кодта, æ хæццæ мæ ракафун кæнæ, зæгъгæ. Ракафтонцæ. Зæрдæ зонагæ ’й, фæззæгъунцæ. Кизгæ бафеппайдта тæлтæг лæхъуæни рахаст. Æ зæрдæмæ фæццудæй.

Цæйбæрцæ рæстæг рацудæй, ка ’й зонуй, фал лæхъуæнæн æнæ еци саурæсугъдæй æ бон цæрун нæбал адтæй. Æ къах æй еци гъæуæй нæбал хаста. Æ уавæр ин лæдæрдтæнцæ æ берæ хæлæрттæ, е ’рдхуард æнсувæр. Хестæрти гъости ’й бацагътонцæ, фал кизгæн æнæлæгмæцуд хуæрæ адтæй – нæма ’й лæвардтонцæ. Æма уæд исфæндæ кодтонцæ, ра ’й æскъæфæн, зæгъгæ. Сæ фæндæ исæнхæст кодтонцæ еу зуймон бон. Дондзаути ‘хсæнæй æй фæххецæн кодтонцæ, сау нимæти ’й батухтонцæ, бæхбæл æй багæлстонцæ, æма ’й далæ фескъæфунцæ.

Сæрдигон хуæнхбæсти цъæсти кæмифæндидæр баримæхсæн ес, æхсæвигон дæр си не ’суазал уодзæнæ. Зумæг еци уавæртæ къундæг æнцæ. Æма сæ фæсте фæдеси ка рацудæй, уонæй сæхе баримæхсун сæ къохи нæ бафтудæй. Байстонцæ кизги, æрахæстонцæ лæхъуæни. Иннети рауагътонцæ, адæн син тæрхонгæнæг уодзæнæнцæ, зæгъгæ.

Кизги фидæ æгъатир лæг адтæй, æма исфæндæ кодта лæхъуæни бафхуæрун. Ра ’й марон, зæгъгæ, æма рамарунмæ ба алке къох нæ тасуй. Изæрæрдæмæ ’й хонхи риндзæ-

мæ искæнун кодта, æма ’й уоми бæласæбæл бабастонцæ. Кизги фидæ кæстæртæн бафæдзахста, исуæгъдæ кæнунмæ имæ куд маке иссæуа, уотæ. Карз тæрхон ин рахаста: хуæнхаг зуймон гъизт æхсæви барæ ин бакодта æ хъисмæт, æрдзи фæрци ’й рамарун адтæй æ фæндон.

Лæг сæумæй амæттаги бæрæггæнæг ку иссудæй, уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй: лæхъуæн нæ ниссалдæй, нæ рамардæй. Е нæ, фал æ цæстити цæхæр дæр нæ фæмми-нæгдæр æй.

– Ци изæд, ци идауæг дин байагъаз кодта, биццеу? – фæр-суй æй. – Уодæгас ма ку дæ... Куд нæ ниссалдтæ?

– Мæ изæд æма мæ идауæг дæр æй ме ’рдхуард æнсувæр. Æзинæ-бонмæ мин арт кæнуй æма мæ æ зæрди артæй тавуй.

Лæг рамæстгун æй кæстæртæмæ, хæстæг имæ маке ба-уадзетæ, зæгъгæ, син ку бафæдзахста. Лæхъуæни алливарс ракæститæ кодта арти фæд агоргæй. Биццеу æй балæдæрд-тæй æма ин уотæ:

– Ами ’й ма агорæ, уартæ риндзи нихмæ къардеубæл... Нур дæр ма уоми æй. Æ арти цæхæр мæ нур дæр тавуй.

Кизги фидæ риндзи бакомкоммæ дæллаг фарс мети сæр-мæ арти æвзæгтæ æма лæхъуæни æрдхуарди ку рауидта, уæд фæссах æй. Æрдхуарддзийнади тухæ идардмæ дæр ке ахедуй, æ гъомус зуймон æхсæви гъизтæй ке багъæуай кодта, уомæй æ зæрдæ æрфæлмæн æй. Лæхъуæни райхалун кодта, æ зин сахатти адæймаги еунæгæй ка нæ уадзуй, уæхæн æрд-хуæрдтæ кæмæн ес, е мин сиахсæн цæмæннæ исбæздзæ-нæй, зæгъгæ, æма ин загъта: «Цæугæ дæ хæдзарæмæ æма дæ минæвæрттæ рарветæ! Мæн дæуæй хуæздæр сиахс нæ гъæуй!..»

Гъе, уæхæн устур цæстиварди адтæй адæнмæ æрдхуар-ддзийнадæ... Гъе, уотæ хъæбæр кадгин уидæ адæни ’хсæн, берæ æрдхуæрдтæ кæмæн адтæй, еци адæймаг. Берæ æрд-хуæрдтæ ба, уой дæр айдагъ æ хеуон дзиллити ‘хсæнæй нæ, фал ма æндæр адæнтæй дæр уидæ, æцæгæй лимæндзийнади ихæстæ лæгигъæдгунæй æнхæст кæнун ка фæразта, уонæн.

Тауæрæхътæ куд кодтон, уотемæй еума биццеу дæр фæз-зиндтæй. Иннетæ неци, фал Сослан ба имæ – е кæстæр æн-сувæр адтæй – цидæр тингунæй исдзурдта:

– Ци бабæй исмедæг дæ?

– Æ фæззинд уоййасæбæл дæ зæрдæмæ нæ фæццудæй? – бадес кодтон æз.

– Еудадзуг нæ фæдбæл зелуй.

– Маци?

– Æхецæн æнгæрттæ ес, æма уони хæццæ уæд. Фал – æ къизиу бæхти ‘хсæнмæ тæруй.

– Уанæбæрæг дæ цæмæй хъор кæнуй? Е уин уæ лимæндзийнадæмæ хицæ кæнуй, фæндуй æй сумах æмхузон ун… Уæдта дæ кæстæр æнсувæр æй æма ибæл гъæуама ауодай… уой нин нæ фидтæлтæ фæдзахстонцæ сæ тауæрæхътæй.

Кæддæр еу-дууæ æнсувæри фæххилæ ‘нцæ æма кæрæдзей хæдзарæмæ нæбал цудæнцæ. Се ‘хсæн æцæгæлондзийнади будур анзæй-анзмæ уруxдæр кодта. Кæрæдзей сæр сæ еуей дæр нæ гъудæй: æрдхуæрдтæ ес, лимæнтæ – берæ.

Уæд еуæхæни кæстæр æнсувæр изæрдалинги гъæдрæбунти æрцæйцудæй, æма дин Хуцау хуарз ракæна – сæргин саг æ размæ фæцæй. Биццеу саги багæрах кодта. Сирд фæууæлгонмæ ‘й. Æнæнгъæлæги цауæйнон ин æ тог исуагъта, фал æй хæдзарæмæ еунæгæй рахæссун æ нифс нæ бахаста. Пихсæ ракодта æма си саги мард æрæмбарзта, æхуæдæг æхе райста гъæуи ‘рдæмæ, æ хуæздæр æрдхуардмæ агъазмæгъæуагæ.

Зæрдирай æма æхецæй сæрустурæй цæуй, е ‘хцæуæн сагъæстæ ’й сæ уæлнихти хæссунцæ. Æма исфæндæ кодта æ хуæздæр æрдхуарди, æнсувæри цард ке хæццæ кодта, уой фæттæрсун кæнун. Фæсæмбесæхсæвæ имæ дуар бахуаста æма имæ медæмæ дзоруй:

– Бабун дин дæн, ме ‘нсувæр, бабун…

Æрдхуард æй медæмæ бауагъта, ци дæбæл æрцудæй, зæгъгæ ‘й фæрсуй.

– Æнæбари лæг рамардтон… Дæ агъаз мæ гъæуй.

– Лæг рамардтай?! Æма дин мæ бон ци ‘й? Дууæ муггаги фæттоггин кодтай æма ма си æртиккаги дæр тъунсис? Дæ халæ, дæ бæндæн – дæхе.

Биццеу фæккуддæр æй. Уæхæн дзуапп фегъосун æ фæсонæрхæги дæр нæ адтæй.

Уайтæкки мæстæйдзагæй фендæдуар æй. Гъæунги æхемæ ку ‘рцудæй, уæд е ‘нсувæр æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, цума е ба æхе куд равдесдзæнæй, зæгъгæ.

Раст фиццаг кæркуасæнтæмæ хæстæг бахуаста е ‘нсувæри хæдзари къæразгæ. Ка дæ, зæгъгæ, райгъустæй медæгæй.

– Æз дæн. Дæ сæр мæ багъудæй, ме ‘нсувæр, æнæбари лæг рамардтон, – æнкъардæй бадзурдта медæмæ.

Æнсувæр имæ рауадæй æма ‘й цума æ тоггинтæй римахста, уой хузæн æй медæмæ баскъафта:

– Кæми?! Ка ‘й? – сонт фæрститæ ‘й кæнуй.

– Уалæ гъæди кæрон, æнæзонгæ адæймаг.

– Цæуæн æма ‘й фæууинæн, ка ‘й, ке хæццæ фæттоггин ан, тоги феддон кæмæй дарæн.

Дууæ æнсувæри фæдеси иссудæнцæ гъæди кæронмæ. Кæстæр карст пихси кæрæнттæ раеуварс кодта, æма си – Æфсатий лæвар саги мард. Æма бабæй æнсувæртæ æрлæдæрдтæнцæ кæрæдзей.

Дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ: тогæй хæстæгдæр неци ес.

Кæстæр еу рауæн берæ бадунмæ нæ бухсуй, æма, кæд ми, тауæрæхътæ кæмæн кодтон, еци сабийтæ исгъигæ ‘нцæ, зæгъгæ, расагъæс кодтон. Æма сæ рафарстон:

– Нæма, бауæгæ айтæ мæ дзубандитæй?

– Нæма, нæма, – æмгъæлæсæй исдзурдтонцæ.

Берæ цидæр тауæрæхътæ ма ракодтон мæ кæстæртæн, æма мæмæ хъæбæр лæмбунæгæй игъустонцæ. Æз ба сагъæс кодтон: ци хуарз æй, æгайтима абони ирæзгæ фæлтæртæн сæ уодтæ нуриккон алли зундихалæн хъилматæ бустæги нæ исхъамил кодтонцæ, ес ма си агъазиау зæрæстон рауæнтæ. Æма си гъæуама байтауæн цардамонди нæмуг, цæмæй исирæза раст зунди тиллæг. Еци фарнæхæссæг нæмуг ба æнцæ нæ фидтæлтиккон зундирахаст. Адæймагæн сауæнгæ æ сабийдогæй гъæуама уомæй федар кæна æ уод, цæмæй исуа федар иуонгтæ æма æназун уоди хецау. Уобæл хъæбæр архайдтонцæ нæ фидтæлтæ. Уæхæн фæтки нисанеуæгбæл арæзт адтæнцæ фидтæлтиккон гъæзтитæ дæр: лæдзгутæй гъазт, къæхтитæй гъазт, доргæлдзæн, донмæ догъ æма æндæртæ. Еци гъæзтити хуарз ка арæхстæй, етæ алкæддæр се ‘нгæрттæй адтæнцæ цæрдæгдæр, фæразондæр, хъаурæгиндæр, æндеуагæдæр. Никки ба ма адтæй уæхæн гъæзтитæ дæр, æма си архайун гъудæй къуæрттæй – еу къуар иннæ къуари хæццæ ерис кæниуонцæ. Æма еци гъæзтитæ ахур кодтонцæ кæрæдзебæл æхцул унбæл, кæрæдземæн агъаз

кæнунбæл, еумæйагæй еугуремæн пайдайаг гъуддаги сæрбæлтау архайунбæл. Е дæр ахсгиаг æй – дзилли ‘хсæн еудзийнадæ ку нæ уа, кæрæдзебæл еузæрдиуон ку нæ уонцæ, æмзундæй ку нæ архайуонцæ, уæд мæгуйраг уодзæнæнцæ. Æвæдзи, фегъустаййайтæ мæнæ ауæхæн таæурæхъ.

Еу гъæуи дæлæсинхмæ, дан, знаг æрбалæбурдта æма еци синхбæстæ фæдеси уæллаг синхмæ исæрвистонцæ, рацотæ æма æмдухæй æ нихмæ æрлæууæн, зæгъгæ. Уæд, дан, син уæлæсинх уæхæн дзуапп равардтонцæ:

– Кæд махмæ исхъæрта, уæд ин мах фæууинун кæндзинан, ци гъæуй, уой.

Знаг ниппурх кодта дæлæсинхи, уæдта бабæй – уæлæсинхи дæр. Фæйнердæмæ тохун хуарзмæ, уæлахезмæ кæд кодта?!

Нæ фидтæлтæмæ бийнонти ‘хсæн ци берæ аллихузон æгъдæуттæ адтæй, уонæн сæ фулдæрей ахедундзийнадæ ‘й, кæстæрти гъомбæладæн агъазиау агъазгæнæг ке ‘нцæ, уомæй. Æма, баруагæс уи уæд, беретæ си абони дæр æнцæ ахсгиаг. Етæ ‘нцæ, мах адæни зундирахасти фæткитæмæ гæсгæ, адæймагмæ ци минеугутæ гъæуама уа, уæхæнттæ. Зæгъæн, хестæрæн æ загъдмæ игъосун, æ фæдзæхститæ ин æнхæст кæнун, кадæ ин кæнун, хуæдæфсæрмæ ун, кустуарзондзийнадæй æскъуæлхун æма æндæртæ. Хуарз уидæ еци рæсугъд æгъдæуттæ федарæй-федардæр ку кæниуонцæ, уæд.

Æма еума тауæрæхъ æрбалæууй зæрдæбæл.

Кæддæр, дан, еу биццеу цудæй æма æ мади фæрсуй:

– Фæндаггагæн мæ хæццæ ци хæссон?

– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ, – адтæй мади дзуапп.

Æма лæхъуæн æ балций рараст æй æ фиди ном, æ фиди фарни хæццæ. Æма фæррæствæндаг æй – алли рауæн дæр ибæл исæмбæлиуонцæ æхцæуæнæй, цитгинæй æй исиуазæг кæниуонцæ.

КЪИБИРТИ Амурхан

## ФÆСМОН

*(Туркмæ ледзгути зармæ игъосгæй)*

*«Цæуæн размæ, фæстæмæ кæсгæй…»*
*(зари дзурдтæ)*

Ку цудан размæ, фæстæмæ кæсгæй,
Æбæрæг хуарзмæ нæ тæлæн хæсгæй.
Нæбал нин адтæй æруорамæнтæ, –
Æр нæ дæмдтонцæ мæгури бæнттæ.
Дессаг хъал бæстæ цæстæбæл уадæй, –
Цæрдзинайтæ, дан, ивулд бæркадæй.
Исразæнгард ан, æстонги тасæй,
Исфæндаггон ан нæ хонхи цъасæй.
Нийязæлдæй ком нæ ранæхстæри,
Ниттаруг æй арв Уазкъоппи сæри.
Зæнхонуг мегъæ искалдæй нæбæл, –
Къæлмæгау тухстæй нæ зæнгитæбæл.
Нæ зæронд бундор никкудтæй аххæй, –
Нæ цæуæнвæдмæ ниссæццæ ’й сахæй…
Æрхъæрттан, кæддæр, Турки бæстæмæ,
Æгæндæ хумтæ, итигъд фæзтæмæ.
Фæндуртæ нæмæ неке ниццагъта,
«Æгас цо», – дæр нин неке разагъта…
Æр æй лæдæрдтан, сайдти ке фæцан, –
Нæ фур фæсмонæй ци масти фицæн!

Еске бæсти нин ку нæййес федæн.
Нæ сæрисæфтмæ кумæ низмалдан?
Æхсинтти билæй ци нæ нигъзалдан!
Тугулдортæ дæр нæ мæгур къæсти
Цæмæнннæ 'хсидтан кæрдзини бæсти.
Ци фудæлгъист æй хе бæстæй хецæн, –
Ку нæййес лæгæн æхецæй ледзæн.
Æхсæвæ-бонмæ кæун мæ базмæ,
Нæ цæрæнуæттæ, тæхун уæ размæ,
Мæ фуни равги цæссуг рæгæнгæ,
Цæун нæ дортæн хъуритæ гæнгæ.
Ци расуг баун нæ сауæдæнттæй, –
Мæ ниррасуги рæдзæгъдун сæнттæ!..
Æрхъæртгæй фунти фиди зæнхæмæ,
Ци ма райгъал ун, ци хуарзæнхæмæ!
Æвзестæ мæйи æлвесгæ тунти,
Ци нæ рамæлун мæ десæ фунти!

09.11.2021

## ДИГОРОН ÆВЗАГ

*Цъаййи дон сатæг сауæдæнттæй*
*æнтæсуй. Уомæн æ дон æвзаги дзæгъæлтæ*
*дæлæмæ ласуй.*

*(нæхе Сланбеги дзурдтæ)*

Ду цъай дæ – æнæбун,
Фур рæсог æй дæ дон!
Айдæнау æрттевис, –
Мæхе ди ниууидтон.

Хуасийнæн ниуазун
Дæ донæй, æлвæсгай.
Мæ уод мин зинг кæнис,
Дæхемæ мæ 'лвасгæй.

Дæ донæй ахуадун,
Æ тæккæ сатæгæй.
Дæхе мæ бакодтай
Æхцулæй, цадæггай.

Ку нæййес дæ донæй
Мæ уодæн æфсæдæн.
Дæ донæй æй мæ цард,
Æнæ дæу æз нæ дæн.

20.10.2021

* * *

Хъал авдæнæй
Мæгур кирæмæ балци –
Нæ ниви хай,
Æ дæргъцæ 'ма æ уæрхци
Ни 'й уодæнсæн, –
Æд хъонц æма æд цийнæ.
Ке над – бæмпæг,
Кæмæндæр ба – содзийнæ.
Кадæр фæууй
Хуцауи цæстиварди.
Ка ба – нæтуй
Амондæн æ дæлфади.
Зæрдегенæй
Ниннет кæнæн цæрунмæ.
Ахъ-мардзæ-тох!
Нæ евдæлæн мæлунмæ…
Нæ бахæссæн
Сугъзæрийни кæрæмæ, –
Е дин нæ догъ,
Хъал авдæнæй кирæмæ.

03.10.2021

## НÆ РÆСТÆГ

Оперная певица Альбина Шагимурадова
признается: «Одна из любимых героинь
для меня – Виолетта из «Травиаты».
Ее нужно петь, чтобы люди плакали».

Дæмуй мæ нæ Рæстæг:
– Ци саразтай стур десæн?
Еу ести зар-дессаг,
Бантæсæд дин сфæлдесун!

Фæткæй ’ма æвæткæй,
Бавдесæ цард е’ цæги.
Дæ уазæ дзурд, нæтгæй,
Ниууолæфæ æмдзæвги.

Дæ гъуди – рохсхæссæг,
Разæй тæхæд фæдеси.
Æма нæ, æ дессаг,
Æфтауæд устур деси.

Кæнæнтæ федар сунк, –
Халæ æма содзийнæ.
Хъæрæу цæстæй дæр суг,
Куд æргъара фур цийнæй.

Лæг ди гъарæд æ боз.
Ци раргъувай тухст сæйги.
Уарзæг исуæд зæрдрохс, –
Уарзæд уарзæг уарзæги…

Нæ дзурд ма уæд фæлхат, –
Ма ’рниллæг уæд æ кадæ!
Рæсугъддæр уæд алкæд
Не ’рбацудæй нæ рандæ.

14.01.2022

**Г. Лорка**

## КУДТÆНЦÆ ÆНКЪУÆЛХИТÆ…

*(сæребарæ тæлмац)*

Дууæ каргун æнкъуæлхи –
Мæгур уосæ ’ма лæг.
Дууæ æмуод æнкъаййи.

Уорс-уорсид раздарæнти,
Харæ суг ахиддæй
Æгъзалунцæ се ’нкъарди.

Сæ къохдарæн фесавдæй;
Сæ федар æнгон цæг, –
Е син баста сæ уодтæ.

Сæ æрхи рохс дзиуарæ,
Дунд-далагъан фæцæй.
Сæ нихи – ниви æрдо…

Уæларвон хузтæгæнæг,
И цъæх арви фæзæ,
Фæлундуй тæхгæ цъеутæй.

Цилле хаутæ жилетки
Хори рохс тумбулæг
Ниййирд æй парахæттæй.

Ци зæрæндтæ æрцæнцæ,
Адгин цард фæккæнæг,
Уарзæгой æнкъуæлхитæ.

Хæкъурццæгæй кæунцæ,
Кæрæдземæ кæсгæй,
Æнæ хъипп, æнæ сунæй.

04.03.2022

## ГЕКЪУНАТИ[1] КАФТ

Кафтонцæ гекъунатæ, –
Хаудтæнцæ хæпполати.
Арси-луби – луппитæ,
Гъæдин къæхти тъуппитæ.

Хæлаур – гъаст ихалæ, –
Уафта син туни халæ.
Æма йбæл гекъунатæ
Кодтонцæ елхъунатæ.

Сауæнгæ, сæуми уæнгæ,
Цудæй сæ гъæр, сæ нæгæ.
И рохси ци фæцæнцæ? –
Сæ къумти никкиндзæ ’нцæ.

02.03.2022

## ФÆЛВÆРАЙ ЗАР

*(вариант)*

Фæлвæрайæн зæрæрдæмæ
Биццеу ку райгуруй.
Гъой, сугъзæрийнæ æстуггин биццеу.
Асæй ба – улинкъи асæ.
Гъой, ниццийнæ унцæ,
Ниддессаг унцæ дууæ зæронди,
Æ мæнæ нин Хуцау
Зæрæрдæмæ ци хуарз ракодта.
Гъазæн гъолæн нин уæддæр
Бабæздзæнæй, зæгъгæ.

[1] Г е к ъ у н а – кукла.

Гъой, уотемæй син
Цæрунтæ ку баеудагъ уй.
Уæдмæ сæбæл
Ахæрæтти зумæг ку никкæнуй;
Дууæ зæронди
Сæ уазал къæси
Исхъурмæ унцæ.
Æма сæмæ
Улинкъæ биццеу ку бадзоруй:
– Уой, баба, цæбæл тухсетæ?
Уартæ мин
Дæ дууæ гали баефтиндзæ.
Гъе уæдта
Ести куд нæ уодзæнæй.
Гъой,зийнадæгæнгæй
Ин сæ ку баефтиндзуй.
'Ма ин сæ
Гъæдæрдæмæ ку ниййаразуй.
Уа рæхги сау гъæди
Фæрæтгъæр фур дессаг
Ку ниййазæлуй.
Гъой æма улинкъæ биццеу
Заманай сог уæрдуни
Хуаси цурхт бæргæ ракæнуй.
Уайтæккæ и дууæ гали,
Сæ хъуæцæ калгæй,
Сæ дуармæ ку балæуунцæ.
Гъой, ба æртхуз унцæ,
Ба цæрдхуз унцæ дууæ зæронди.

12.07.2019

## КУРДОН

Æхсæвæ ’й.
Æскъорæдзуд курдбадзи
Æргъос æй
Æфсæйнæгути зар.
Айдагъ ма
Техалæг цъилинга
Дудзи рохс рæдадзуй.
Æ кунцгоммæ хæстæг
Æрхунбадæ кæнуй
Хъæбæр рагон курдон.
Хæссуй тæрхæнттæ æхебæл.
Æфтуйуй
Æнахур гурусхити.
Æгъзæлуй
Æвзалуй сугъдонæмæ
Æ уæззау цæстисуг.
Кæд, миййаг,
Неци курдон адтæн;
Лæбурдтон æфсæйнагмæ
Гъæдин къохтæ
Æма хæдзæ нихтæй.
Уа дессаг неке гъудæй
Мæ къæпе,
Мæ фæрæт, мæ готон.
Кæд, хуæрз дзæгъæли
Кодтон дæгæрна.
Фæссугътон
Æдзæлгъæди æвзалу.
Цæмæн кæун кодтон
Мæ дзæбокæ
Æма мæ хъæстаргъ?
Естигар
Цæмæн батар дæн æз
А курдбадзи!
Ци хуарзæнхæн цардтæн?
Игургæ дæр, æдта,
Цæмæн ракодтон уæд!

## КЪАХХАУДТ БÆЛÆУ

Терки билæбæл цæугæй, фæууидтон
къаххаудт бæлæу. Мæ зæрдæ ниссæххæт кодта.

Ægac цæуай,
Мæгурдæйраг бæлæу.
Ке хъор кодтай,
Ка бафхуардтайдæ дæу?
Æви цæуй
Æрвон дуйней дæр тох,
‘Ма си нæ йæй
Мæргъти хъаун дæр цох?

01.03.2022

* * *

Ку байзæр уй,
Ку ’рнигъулуй талинги гъæу, –
Еу хæдзарæ синхи зилди
Не ’сасодзуй цирагъ, –
Нирревæд æй, нийдзæрæг.
Фæттахтæнцæ тæхгæ мæргътæ
Гъар астъонæй идард.
Æхсæвæ йбæл, фур æрхунæй,
Ци даргъ ниууй, ци даргъ.
Хъæрæу цæстау æ къæрæзтæй
Неци стæфуй æндей.
Бундор кæуй е ’нæбони.
Ку рафунæй уй, уæд
Растæфуй фун;
Цума байсунцæ дуар
Сабийтæ сæ сæрбæл, –
Ци рохс ниууй хæдзарæ!..
Ейæ фун æй, –
Кæнуй Бундори мæстæймарæ.

10.04.2022

* * *

Æцæгæй кæд поэт дæ, –
Сæрæнгурдти фæдеси
Фиццагдæр ду низмæлæ.

Æцæгæй кæд поэт дæ, –
Дæ адæни бастонги
Фиццагдæр ду ниммæлæ.

Æцæгæй кæд поэт дæ, –
Уæд гъæуама цæуай
Дæ дзилагæн сæ тонхи.

Æцæгæй кæд поэт дæ, –
Ду фиццаг исæмбæлæ
Арци фийбæл карз тохи.

02.01.2022

## БАБАЙ МАСТ

Ниццан, ни, цидæр неци, –
Ихуæрсти ан губунмæ.
Алке ни æхе пеци
Бандзарста æ гудунмæ.

Нæ еумæ цард – æзморæ;
Ка байвæрдзæнæй пеци
Нæ ковуйнаг губорæ?..
Ниннеци ан, ниннеци!

10.02.2022

## ДУУÆ ДОГЕЙ ÆХСÆН

*Адтæн изæдтæн сæ кæстæр,*
*Исдæн æвдеутæн сæ хестæр.*

*(æмбесонд)*

Цæрун дууæ догей æхсæн, –
Бухсун дууæ æхсей дзæхстæн.
Радæн рагон доги фунæй, –
А догæ мæн, æнгъæлдæн, нæ 'й.
Мæнæн мæ кæрцæ – уорс гъунæй,
Æй мæ курæт дæр уорс тунæй.
Мулкгин не 'суодзæн сайунæй.
Тæрсун мæ зæрдæн сау унæй…
Цæуон фæстæмæ, фал кумæ?
Мæ размæ надбæл дæр – къума!

19.03.2022

* * *

Ракалдæй
Æ билтæй мæ синон.
Кæрон дæр
Нæбал ес мæ цийнæн.
Гъо, æма
Адгинæй ниуазун,
Сайтани
Кæлæнгонд ниуазæн
Æдбунтæй, –
Æд лæкъун, æд рæсог.
’Ма кæнун
Æхцæуæн сау расуг.

22.03.2022

* * *

Тухсунцæ, тухсунцæ
Киндзитæ, кизгуттæ.
Дзорунцæ ке хæццæ?
Неке – сæхе хæццæ!
Ændон, æхсист зæрдæ,
Лæхъуæн – уонæхсæрттæ, –
Идарди – тохи ’нцæ,
Тохунцæ, тохунцæ…

Тухсунцæ, бухсунцæ,
Киндзитæ, кизгуттæ.
Мæстæй идæф æнцæ, –
Дæлйау инæфунцæ.
Хуцаумæ ковунцæ, –
Хуарзæнхæ корунцæ:
– Тохæй нæ лæхъуæнтæ,
Ægас æздæхæнтæ!

20.03.2022

## ЦÆРГÆС ÆМА Æ БÆДОЛÆ

*(вариант)*

Цæргæси бæдолæ тæхунæрвонг
ку исуй, уæд æй æ мадæ, зустæй,
бæрзонд билæй рансонуй. – Гъа, гъенур
тæхæ, зæгъгæ.

Боцæй дæ исхастон,
Мæ коми – комидзагæй.
Дæ фæндаг исгъæстон,
Мæ цæсти сугидзагæй.

Дæ ратахт уæд дзæбæх, –
Нур мæнæй ду æртæст дæ.

Агордзæнæ къæдзæх,
Мæ тогæй кæд æнтæст дæ.

Ку исуа дин æндзæр
Адгиндæр хонхи цъонггæй, –
Уæд баргъæвæд дæ сæр
Хонхи циргъ, цæргæс уогæй.

Фæддин уæнтæ хæран
Мæ маддæлон хæститæ.
Хуæдмæлхуар сау халон
Ракъахæд дæ цæститæ.

31.03.2022

## СИРДОНИ ЛÆВАР НАРТÆН

Сирдон æ биццеути стæгдартæй
æма сæ зæрди тæгтæй искодта фæндур.
Рацудæй Нарти нихæсмæ æма си ниццагъта.

Ра уин кæндзæнæн кадæнгæ, –
Зæрдæунгæгæй, хъурмæй.
Мæн мæгурæн, гъа, нуртæккæ
Гъæди халон дæр ку нæ 'й.
Баайдагъ дæн арви буни
Хори идзулгæ тунæй.
Цæргæбонти æнæ кæугæй
Нæбал бауодзæн фунæй.
Мæ бæдæлттæн мин сæ фидтæ
Куд бакодтайтæ хуæрун?
Реухаттæй уæбæл уæларвмæ
Мæ тæрегъæдтæ гъæрун.
Уæлйау нартæ – хевидхуартæ,
Ци уин кодтон фудæнхæй?
Уæ сæрбæлтау багъæуаги
Ку бауинæ уодагъай.
Æфхуæрунмæ мæн æноси

Цæмæн адтайтæ æмхиц?
Æрæгйау ма фæсмонгондæй
Ци искæуæг æй Хæмиц!..
Таруг мегътæ тумугъгæнгæ,
Æрцудæнцæ и фахсбæл.
Ехин къæвда гæр-гæргæнгæ
Ку никкалдта нихæсбæл.

17.03.2022

* * *

Арт е ’взæгтæй гъазуй,
Сурхзинг пеци гъæлæси.
Æхседарф нигъгъæрзуй, –
Имисуй æ бæласи.

Лæг сикъа ниуазуй, –
Æндзаруй æгомугæй.
Æхседарф нигъгъæрзуй, –
Фæммæлуй æдонугæй.

Лæг раргъувуй дуккаг, –
Æндзаруй æнæмæтæй.
Лæдæруй æ гъуддаг
Æхседарф, –
Æ мæлæт æй!..

Лæг есуй ниуазæн, –
Æ цæсгон ниссурхвазæ ’й.
Гъæди ба бæласæн
Æ бунгард нидздзиназуй!

23.03.2022

## ÆХСÆЙВОН АРВИ

*(вариант)*

Тæхгæй æстъалу
Калдта цæхæртæ.
Зиндтæй æстъалу
Дингир цæхæнттæ!
Тахтæй æстъалу,
Цума, фæдеси.
Æхе нистъалуй, –
Спæртт æй æмбеси…
Ниццæй æстъалу
Листæг тæгæлтæ.
‘Ма ’йбæл нигъзалуй
Цæстсуг цъæх зæлдæ.

30.03.2022

* * *

Адзал ба
Некæд есуй гæртæнттæ.
Нæ кæнуй
Къæбæрлимæн æмбæлттæ.
Елйайау
Еудзæфон, æнæ мæнгæ.
Æрцæвуй,
Кæмæн нæ ’й æнæмæлгæ.
Нæ си ес
Римæхсæн æмбæхсæни.
Иссеруй
Тæпподи дæр хуссæни.

20.03.2022

## КУРДИАДÆ КИРÆГÆНÆГМÆ

Кирæгæнæг,
Дæ хуарзæнхæ мæ уæд;
Ку багъæуай ескæд,
Гъе, уæд мин
Урух кирæ скæндзæнæ.
Уæлеон мæститæй
Æмидолæ ’й мæ зæрдæ.
Тæрсун, –
Æнтъуссæг син уодзæй
Унгæг кирæ.

15.03.2022

## ЗУЙМОН ÆХСÆВÆ

Бакалдæй хори цæсти
Саудзалуг, уæззау мегъæ.
Зæнхæбæл, метин бæсти,
Æрбацæй цидæр ехæн.

Æрсæрфта æ сæлф ходæ
Арфгомау даргъ æхсæвæ.
Рохс фегуппæг, фенод æй,
Æр мæ цавта гузавæ.

Нæ уингæй мæ фалдзостæ,
Лæгæрдун мети бæздæ.
Æстъалуй тъæбæртт цæстæ, –
Нифсæн мин ку исбæзтæ.

31.12.2021

* * *

Цудæй а зæнхи рохс идуйгæ;
Удзæл æрминæг æй, æргъос.
Цудæй уæларви тар ивулгæ, –
 Стулдæй идзаг мæйæ – сурхрос.
Цудæй æхсæвæ, рохс нихъолгæ,
Æ таргон хаутæ изæлуй.
Идард æстъалу цæстникъолгæ,
Ивад зæнхæмæ идзулуй.
Гъæдæ сфæлуста æ дзиккотæ,
Мæйи сугъзæрийнæ тунæй.
Адгин æрцæнцæ зæри бонтæ,
Нихæси дортæбæл фунæй.

18.03.2022

* * *

Хæлин бæхбæл – хæлин барæг.
Гæбар-губур, дæгæрна.
Къæдзал-мудзул, халин нарæг,
Тæссæрттæбæл – тæгæр над.

Цæсти гагуй нæ фæззинг уй, –
Райахæссуй æй гъосалгъ.
Сонти барæг, нæ фæззингæй,
Куд федауцæ æй уæлсаргъ.

Кумæ тæха, ци фæдеси,
Ка йæй хезуй уа дессаг?
Ескæми æй десæ-месæй,
Æвæццæгæн, ес хезæг!..

Гъæйтти барæг нæ фæххауй, –
Саргъи гопбæл æй нодар.
Æрхæццæ уй, нæ фæгъгъауй
Тæхгæ-тæхун æрдо дæр.

24.04.2022

## КÆНУЙ ХОРУАРÆ

*(нивæ)*

Æрвон рæудунгæ
Перуй пох мегъи.
Ирд хор – æмбæрзти, –
Æй арв æ къехи.

Мегъæ сурхфазæ, –
Кæнуй хоруарæ.
Еуæ, сарсенæ,
Æртæх-лæуарæ.

Туртун уæлвонги
Сæттуй æнгозтæ.
Тæрхъос айфонги
Зайуй тæрхъостæ.

Фæлмæй ку ’рзиннуй
Хорæн æ гурæ, –
Фехсуй денгизмæ
Сослан е ’нгурæ.

18.03.2022

## УАРУН

Исцæрддзо æй мегъ’ æргъау, –
Æркъупхæ ’й нæ сæрмæ.
Мегъи бæзди тунти хау
Æрфæдуй тæссармæ.

Дууæ дунги, фулитау,
Дзæхст кæнунцæ арфи.
Æрттевагæ – зинг æфтау,
Ниццæхæр уй арви.

Ниййах кæнуй мегъи сау, –
Тæрккъæвда ниййдайуй.
Зæнхæ арви гагидау
Ниххирхуй, ни ’й дауй.

23.01.2022

## ЦУППАРРÆНГЪОНТÆ

### Тугъди рæстæги

Адтæй пъæлици Ким, –
Нæхе нихмæ фæттухта.
Ку рамардæй, гъе уæдта
Нийбæл цагътонцæ Гимн.

* * *

Дæу гъæуй берæ 'хца,
Къеф гæнгæй, пуфæй хусгæй.
Ду уарзис берæгъ цард,
Сосæггай фусмæ гъузгæй.

### Уарун

Арв нийдæдта кæун,
Æ цæстисуг ’схъум æй.
Æ кæунмæ кæун, –
Мæ зæрдæ ’ймæ ’схъурмæ ’й.

* * *

Мингий цъеутæ –
Кеутæ-меутæ,
Гæпп-гæпп-гæпп.

Циргъ къæботтæй
Хуари мортæ
Къæпп-къæпп-къæпп.

Цъеути мадæ
Фæссæхонуй
Къуæт-къуæт-къуæт.

Фæццæунцæ
Цъæх зæлдæмæ
Æ фæд-фæд.

## ХЪÆБУЗА-БУЗА

Æ бæдæлттæн
Дингир сæфнæр[1]
Ку фæттолуй
Хъæбуза-буза.

Над еу рауæн
Ку фæкъкъолæ ’й, –
Ниггузавæ ’й
Хъæбуза-буза.

Фæ ин зелуй
Къоли сæрæй.
Ци ма кæна
Хъæбуза-буза?

И къоли æй
Бæргæ соруй, –
Нæ 'й æййафуй
Хъæбуза-буза.

28.03.2022

[1] С æ ф н æ р – фуси бæркъо.

ДЗАБАЙТИ Фузæ

## ÆСКЪÆФГУТÆ

*(Радзурд)*

Сæлимæт ма губуни ку адтæй, седзæрæй уæд байзадæй. Адтæй ин дууæ хуæри æма æнсувæр. Æ мадæ Оля æвваст æнойти седзæргæсæй райзадæй. Æ цардæмбал Геуæрги Сурх-Дигори куста скъолай директорæй. Геуæрги цардæй, скъолай фæсте ци æмдзæрæн адтæй, уоми.

1937 фуданзи ба ахæст æрцудæй, растдæр зæгъгæй ба, нимад æрцудæй Советон хецауади знагбæл. Айдагъ еци мæгурбон не 'нгъæлмæ кастæй хæдзари фидæмæ, фал ма ин е 'нагъон сувæллæнтти дæр банимадтонцæ «адæни знаги» цæуæтбæл. Мадта Олябæл дæр «адæни знаги» уосæ, зæгъгæ, еци ном æфсойи къæлæтау нинхуæрстонцæ.

Рæстæг æ цуди кой кодта æнæрлæугæй æма е 'нгъуд ку æрхъæрттæй, уæд Оляйæн исæнтæстæй кизгæ æма ибæл ном исæвардтонцæ Сæлимæт.

Фал, куд фæззæгъунцæ, – æнамонддзийнадæ еунæг едагæй не 'рæзуй, – зæгъгæ, скъолай æмдзæрæнæй сæ ратардтонцæ, сæ дзаумæуттæ син тургъæмæ ракалдтонцæ, æма Оля е 'нагъон сабийти хæццæ гъæунги æризадæй. Ци авари цардæнцæ, уобæл ба къума æвæрд æрцудæй.

Гъе, уотемæй Оляйæн æ нивгун цардбæл дæр еци усми къума æвæрд æрцудæй. Æ усхъитæбæл ци уæззау уаргъ

æринцадæй, уой ба мæ зæрдæ æзнагæн дæр нæ зæгъуй. Цард-цæрæнбонти седзæргæсæй алке дæр тæрсгæ кодта. Ци фæцайдæ еци æвуадати седзæргæс уосæ, æхе бакъолæ кодта сæ хæстæгути лæгмæ æма ʻй е бæхуæрдуни Кæлухмæ фæлласта æ фиди хæдзарæмæ. Уотемæйти Оля æ цуппар сувæллоней хæццæ цæрун райдæдта æ цæгати.

Кæстæртæ ирæзтæнцæ, Оля æхебæл нæ ауæрдгæй, куста, хъиамæт кодта. Рæстæг догъон бæхау æнсæндæнтæ кæнуй размæ æнæрлæугæй. Дууæ хестæр кизги каст фæцæнцæ астæуккаг скъола æма ахур кæнунмæ бацудæнцæ уæлдæр ахурадон уагдонæмæ. Римæ æма Зойæй рауадæй хуарз ахургæнгутæ. Юрик дæр каст фæцæй техникум, æма е дæр кусти ниллæудтæй.

Сæлимæт дæр, куд ирæзгæ цудæй, уотæ гъæйтт-кизгæдæр гæнгæ цудæй, æ мадæн æнхус кодта, куд баргъондæргæнгæ цудæй, уотæ аллихузи куститæмæ дæр арæхсун райдæдта. Сæлимæт, астæуккаг скъола фæуунi фæсте каст фæцæй уæлдæр скъола, æма си рауадæй дæсни ахургæнæг. Адтæй хуæрзконд, хуæрзуод, фуррæсугъд кизгæ, æгъдаугин адæймаг. Берæ лæхъуæнтæ ибæл сæ цæстæ æрæвардтонцæ. Фал, иннæ кизгуттау, студент ма ку адтæй, уæддæр, мæнæ лæхъуæни хæццæ æрлæууæ, еске хæццæ зæрдæй-зæрдæмæ радзубандитæ кæнæ, уæхæн минеугутæй имæ неци адтæй æппундæр. Некæд неке бауагъта æ зæрди арф æвæрæнтæмæ, сауæнгæ ахургæнæгæй косун ку райдæдта, уæддæр. Куста ахургæнæгæй Дзинагъай скъолай, æма æ зæрдæмæ хъæбæр цудæй æ куст. Скъолай ма æ хæццæ кустонцæ хуарз кизгуттæ æма лæхъуæнтæ.

Ахургæнæг Ермакки зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй Сæлимæт, æ фæсте разел-базел кодта, фал ин нæ арази кодта сæ цард баеу кæнунбæл: «Цæмæннæ дæ фæндуй мæ хæццæ царди еумæ æмцуд кæнун, дзурд дин дæттун, царди дин æмбалæн ке исбæздзæнæн, уобæл. Дæ къох мæмæ раттæ æма æз ба уæ хæдзарæмæ мæ мийнæвæрттæ барветон...» Фал уæддæр Сæлимæт ком нæ равардта Ермаккæн.

Сæлимæт уомæй размæ дæр æ зæрди медрæбунмæ некæдма неке æруагъта хæстæг æма уосгорæн дæр балæдæрун кодта: «Мæнмæ ма æнгъæлмæ кæсæ, æз еци хабæрттæмæ цæттæ нæма дæн, мæнæй дин пайда нæййес, æндæр ести

фæрæзнитæ кæнæ дæ цардæн». Сæлимæт æ кусти хабæрттæ кодта идарддæр.

Сæлимæт Дзинагъай цардæй æхе æнгарæ кизги хæццæ. Е дæр куста ахургæнæгæй.

Æризæр æй. Дуйне цидæр æнахур æмиргъос ниццæй. Ескæд еу рауæнæй райгъусидæ куйти исрæйд. Сæлимæт æма Тая бадтæнцæ сæ авари æма цæттæ кодтонцæ сæ уроктi пълантæ. Тая æхе разилдта Сæлимæтмæ æма имæ нидæнæй исдзурдта: «Сæлимæт, аци изæр мæмæ куйти рæйд цидæр æнахур хузи кæсуй».

Уæдмæ сæмæ, ци хæдзари цардæнцæ, уони уосæ дуар бахуаста: «Нæ лæг гъæдæмæ рандæ 'й абони, нур æрæздæхун афонæ æй, фал е ба некуцæйма зиннуй. Кæми гъæуама бафæстеуат уа? Сувæллæнттæмæ бацотæ æма сæмæ уæ цæстæ фæддаретæ». Уотемæй хæдзари æфсийнæ дæгъæлтæ райста æма тургъæмæ рахизтæй. Æндегæй дуар рахгæдта, дæгъæлтæ ба колдуари хурфи ниууагъта.

Сæлимæт æ финсуйнаг кæронмæ финст нæма фæцæй, æма сæ уати рафæстеуат æй, Тая ба сувæллæнтти цормæ бацудæй. Берæ рæстæг нæбал рацудæй, уотемæй колдуари гъæр фæццудæй æма тургъæмæ æрбахизтæй цуппар лæги. Уайсахат фæммедæг æнцæ Сæлимæти уатмæ æма 'й рахастонцæ. Сæлимæти уодаист гъæр еу рæстæги æгас комбæл дæр, æвæдзи, 'ма нийййазæлдæй, уæдта фæгъгъос æй. Æскъæфгутæ ин æ гъæлæси косынкæ нитътъунстонцæ. Еу æскъæфæг ин хуæстæй æ дууæ цонгебæл, иннæ дууæ лæги ба æ фæйнæ къахебæл, цуппæрæймаг лæг ба ин хуæстæй æ сæрбæл, уотемæй æй хастонцæ. Хеди цормæ ку бахъæрттæнцæ, уæд æй зæнхæбæл æрæвардтонцæ еу дори цори.

Уолæвд нæбал хъæрттæй силгоймагæн, æма æ гъæлæси ци косынкæ адтæй, уой рагъавта фелвасунмæ, фал ин æй лæгтæй еу никки арфдæр фæстæмæ æ коми ратъунста. Сæлимæт æ фур адæргæй нæлгоймаги æнгулдзæбæл æ дæндæгутæй уæхæн хуæст æркодта æма лæгæн сауæнгæ æ рамæлæти уæнгæ дæр еци носæй байзадæй е 'нгулдзæ. Сæлимæт хъæбæр исуазал æй, æрлæмæгъ æй. Фæстагмæ еугур æдухæ æрцæй æма сæмæ дзоруй: «Сумах мæнæн ци кæнетæ, ке уи гъæун, е кæци æй? Кумæ мæ хæссетæ?» Æскъæфгутæй ин сæ еу дзуапп равардта: «Мах дæ хæссæн Хæнхултæмæ».

Сæлимæт бабæй сæмæ нæуæгæй дзоруй: «Ке гъæун, е мæ бахæссæд æ мадæмæ. Рауагътæ мæ, мæхуæдæг уайдзæнæн мæ къвартирæмæ».

Æскъæфгутæ уой фæндæбæл кæми исарази адтайуонцæ, нæ 'й рауагътонцæ æма 'й бахастонцæ еу хæдзарæмæ, Ермакки хæстæгутæмæ. Аварæмæ 'й ку бахастонцæ, уæд Сæлимæт медæгæй æхебæл дуар æрæхгæдта. Æндегæй имæ дуар бæргæ бахуайиуонцæ аййевæй, фал си некæмæн байгон кодта.

Бон æ бартæ есун ку райдæдта, еци афони Сæлимæт къæразгæй æндæмæ ракастæй æма уинуй: сæ кизгæ тургъи рауай-бауай кæнуй. Сæлимæт имæ къæразгæ рахуаста æма имæ рагъæр кодта: «Сумахмæ сæумæй сæхе нæ фехснунцæ, дон мин æрбахæссай, æз ба мæхе уæддæр нихснон».

Фал ин дон неке æрбахаста, æма уотемæй æнæхснадæй уати къуми гогузи цъеуи бадт кодта. Хуарз æма азгъунсти айдæнæ н' адтæй, æндæра, æхемæ бакæсгæй, æхецæй тогтарст фæккодтайдæ.

Рацудæй ма еу минкъий рæстæг, уæдта имæ кадæр дуар æрбахуаста æма имæ æндегæй райгъустæй кедæр фæлмæн гъæлæс: «Кизгæ, ма тæрсæ, æз сæ синхонти зæронд усæ дæн, дуар мин байгон кæнæ». Сæлимæт ин дуар байгон кодта æма уатмæ æрбахизтæй рацæргæ кари силгоймаг, æ уæле сау сæрбæттæн, æ къохи тæбæгъ æртæ къерей хæццæ. Зæронд силгоймаг æ уæргутæбæл æрбадтæй Сæлимæти рази, æ тæбæгъ æрæвардта, уæдта æ сау сæрбæттæн исиста æ сæрæй æма 'й Сæлимæти къæхти рази æргæлста, уотемæй дзоруй кизгæмæ: «Кизгæ, исарази уо, мах муггаги Ермаккæй хуæздæр лæхъуæн нæййес, цард дин фæууинун кæндзæнæй». Никки дæр ма ин дзæвгарæ усмæ фæллихстæ кодта силгоймаг, æма имæ уæдта Сæлимæт дзоруй: «Гъе нур ду цитæ дзорис, уони æз игъосгæ дæр нæ кæнун, уæдта сæ игъосунмæ дæр нæ гъавун». Уæд и зæронд усæ фæггæпп кодта æ бунатæй, æ сæрбæттæн æ сæрбæл æрбабаста æма сонтæлгъист искодта: «Дæ гъости хæфæ фæккалæ», – зæгъгæ, уотемæй фендæбилæ æй.

Ермак æхуæдæг дæр бæргæ фæммедæг уидæ авармæ, катаййи рауай-бауай ракæнидæ Сæлимæти рази, Сæлимæт ба имæ исдзоридæ: «Хæстæг мæмæ ма цо, нæ мæ гъæ-

уис, кæд дзурд лæдæрис, уæд æй балæдæрæ». Уотемæйти Ермак фендæбилæ уидæ æма æндегæй дуар цæгæй æрæхгæнидæ.

Рæфтадафонæ адтæй, еци рæстæг ба милици хуæдтолгæ æрлæудтæй хæдзари рази. Хуæдтолгæй рахизтæнцæ Сæлимæти мадæ, æ дууæ хуæри сæ лæгти хæццæ.

Сæлимæтæн æ цийнæн кæрон нæбал адтæй, цума ибæл ести устур хуарздзийнадæ æрцудæй, уотæ имæ фæккастæй еци усми.

Æ фæдбæл ка æрбацудæй, етæ уатмæ ку бахизтæнцæ, уæд Сæлимæт æ фур æнæбонæй никкудтæй, æхе ниттухта æ мадæ æма æ хуæртæбæл. Æ хуæртæ имæ кæсунцæ, уæдта имæ сæ еу дзоруй: «Сæлимæт, зæрбатуги бæдолæ æ астъонæй ку æрхауй, уæд е куд фæззир-зир кæнуй, ду дæр уой æмпулд ку ниддæ». Кизгæн æ цæститæй еу рохси цъита дæр нæ зиндтæй, æхуæдæг ба æ гъæлæси ’дзаг æмбухта. Æ цæсгон тогæйдзаг куд адтæй, уомæ гæсгæ ба æй æ мадæ бафарста: «Дæ цæсгонбæл ци тоги æрхæнтæ ес, етæ дин ци æнцæ»?

Сæлимæт кæдæй уати исмедæг æй, уæдæй нурмæ æ цæсгон дони гъæстæ нæма фæцæй, айдæнæ дæр си н’ адтæй, æма æхемæ кумæ бакастайдæ. Бæргæ сæмæ исдзоридæ, дон мин æрбахæссетæ, зæгъгæ, фал ин донбадæттæг дæр нæ фæцæй.

Уотемæйти Сæлимæти байстонцæ æма ’й милици хайадæмæ фæрсунмæ фæлластонцæ.

Бадунцæ милици дуари размæ Сæлимæт, æ фæсте ци хеуонтæ æрбацудæй, етæ æма уинунцæ: æрбакодтонцæ цуппар лæги, сæ къохтæбæл къохбæл бакæнгæ хъадаматæ, уотемæй. Сæлимæти бакодтонцæ лæгти цормæ æма ’й бафарстонцæ: «Аци лæгти зонис, етæ дæ фæммæстæй мардтонцæ?»

Сæлимæт дзуапп раварта: «Фæстаги нæ фæууидтон, аци æртæ лæги ба адтæнцæ».

Æртæ лæги дæр, Сæлимæти раззаг дæндæгутæ ке басастонцæ, уобæл басастæнцæ.

– Кæци дин ниццавта дæ билтæ?

– Нæ ’й зонун, талингæ адтæй æма си ка ци кодта, уой нæ уидтон. Дæндæгутæ саст æрцудæнцæ, – гъæр кодтон æма мин мæ гъæлæси косынкæ ку тъунстонцæ, уотемæй. Бæргæ æй æндæ кодтон, фал мæ нæ бауагътонцæ. Еу лæги æнгул-

дзæбæл си мæ дæндæгутæй фæххуæстæн æма ин гъæуама баст уа.

Æртæ æскъæфæг лæги пъадвалмæ ниггæлстонцæ, цуппæрæймаги ба рауагътонцæ.

Æскъæфгути æнаккаг миуæбæл гъуддаг æ тæмæни бацудæй. Тæрхон син кодтонцæ Чиколай, фал тæрхонгæнæги рахаст унафæ æскъæфгути зæрдæмæ нæ фæццудæй æма сæ тæрхон нæуæгæй равардтонцæ Дигорай тæрхондонæмæ.

Рацудæй æртæ мæйемæй фулдæр æма Дигорай тæрхондони унафæ хаст æрцудæй: Ермаккæн тæрхонгонд æрцудæй дæс анзи ахæстдони фæббадун. Гъе, уотæ рауадæнцæ Сæлимæти гъуддæгутæ.

Сæлимæт нæбал бакумдта Дзинагъай скъоламæ косунмæ. Чиколай гъæуи ма ракуста еу рæстæг. Сæлимæтæн еци цаутæ уæззау пъæзуйау æ реуи ниббадтæнцæ, хуссæг ибæл нæбал хуæстæй, гъуди кодта: «Мæхе фидæ дæр ахæст æрцудæй, нур ба мæн туххæн уал лæги ахæстдони цæмæн бадунцæ, цума кизгæн æхе фуд адтæй, уотæ 'й нимадта. Ахургæнгутæ ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ ба син бустæгидæр æртæрегъæд кодта. Æ хуæрæ Римæ ба ин еудадзугæй дæр æ гъоси дзæнгæрæгау цагъта: «Кæд Ермак царди æмбалæн исбæздзæнæй, уæд ахæстдони цæмæ гъæуама бада, гъæйдæ, исуæгъдæ сæ кæнæн, тæрегъæд æнцæ».

Сæлимæт адæни астæумæ ку рацæуидæ, уæд ин ка зæгъидæ, – хъæбæр раст син бакодтай, уотæ син гъудæй, ка ба ин зæгъидæ: – Гæлæхха, ци куст син бакодтай, цæхуæн лæхъуæн ма дæ гъæуй, Ермак æнæгъæнæ Иристони хуæздæр лæхъуæнтæй еу ку æй, уæд ахæстдони цæмæн гъæуама бада?

– Æртæ лæгей куд бакодтай ахæстдонæмæ? – Ермакки хæстæгутæ цæуæги цудæнцæ Сæлимæти хæдзарæмæ, курдтонцæ, цæмæй Сæлимæт исарази адтайдæ æма нæуæгæй тæрхондонæмæ æ курдиадæ балæвардтайдæ, гъома, мæхе фæндæ адтæй, цæмæй мæ раскъафтайуонцæ, æма син хатир кæнун, зæгъгæ. Уæд æртемæй дæр уæгъдæгонд æрцудайуонцæ ахæстдонæй.

Сæлимæти сæ разæй искодтонцæ Ермакки æнсувæр Есен æма æ хуæрæ Аминæт, лихстæ ин кодтонцæ, цæмæй фæстæмæ каст æрцудайдæ тæрхондони рахаст унафæмæ, уой туххæн.

Есен куста райони милици хайади хецауæй, фал уой бон дæр неци иссæй.

Рацудæй еуæндæс мæйи, уотемæй цардæй Сæлимæт къæндзæстугæй. Æ уод ин цидæр тарстдзийнадæ хуардта, æ зæрдæ ристæй, хатгайти ба æ цæстисугтæ, æвæрсгæй, æ ростæбæл æрзæйгуртæ кæниуонцæ, æхсæвæ ибæл æнæхуссæгæй æрбон уидæ. Кизгæ æхецæн уодæнцойнæ нæбал ирдта. Ме 'знаг адæнæн дзурдтаг фæуужд.

Æппунфæстаг Сæлимæт æ медзæрди искарста: ци 'й фæндуй зинæй дæр исуæгъдæ кæнун гъæуй еци адæни. Æскъæфгутæ дæр æнцонæй раскъафтонцæ Сæлимæти, ахæст дæр æрцудæнцæ цурд-цурдæй. Еци цауи туххæн ма райони æма республики газетти нæ, фал сауæнгæ «Учительская газети» дæр æрмæг мухургонд æрцудæй, «Учителя похитили учительницу», зæгъгæ, уæхæн сæргонди хæццæ.

Сæлимæтæн æ мадæ дæр дзурдта, гъома, дæхе фидæ дæр ахæст æрцудæй, нур ба еци лæгтæ дæр, ци нæ фæууй, ахæстдони ку байзайонцæ, сæ хæдзæрттæбæл ку нæбал исæмбæлонцæ, уод сæ бийнонти тæрегъæд дæуæн дæр ести исхилæ кæндзæнæй æма, гъæйдæ, исарази уо, иссæ уæгъдæ кæнæн.

Ермакки хæстæгутæ цæуæги цудæнцæ Сæлимæти хæдзарæмæ, цæмæй бафедудтайуонцæ, фæллайгæ дæр ма си бакодтонцæ æма кизгæ æппунфæстаг исарази æй.

Цалдæр хатти рацæуидæ тæрхондонæмæ дæр, фал дзæгъæли, нæ ин арази кодтонцæ.

Уæд Ермакки дууæ хæстæги исфæндæ кодтонцæ Мæскумæ Сæйраг тæрхондонæмæ фæццæун æма Сæлимæт дæр сæ хæццæ рандæ 'й. Мæскуй Сæлимæт прокурормæ ку бацудæй, уæд балæдæрун кодта, гъома, æхе ке фæндадтæй æскъæфун, уой. Курдта си, цæмæй ахæст лæгтæ уæгъдæгонд æрцудайуонцæ, уой. Мæскуй ин зæрдæ байвардтонцæ, æ фæндонмæ ин каст ке æрцæудзæнæй, æ гъуддаг ке фæррæстмæ уодзæнæй, уой туххæн. Сæлимæт хизта æма хизта, фал неци æма неци дзуапп райста. Уæд бабæй Сæлимæт еунæгæй нихъхъæрттæй Мæскумæ. Курдиадæ ниффинста, еци хабæртти хæццæ ка архайдта, уæхæн силгоймагмæ, е ба ин пропуск равардта æма ин загъта: «Дæу цæун гъæуй комкоммæ Н. С. Хрущевмæ», – уæдта ин баамудта, куд бацæ-

угæ æй, куд дзоргæ æй, еци гъуддæгутæ. Уотемæй Сæлимæт бацудæй, Н. С. Хрущев ци кабинети бадтæй, уордæмæ.

Еци бон Н. С. Хрущев æ кусти нæ разиндтæй, фал е 'нхусгæнæг ба уоми адтæй, æма Сæлимæти курдиадæ ку бакастæй, уæд ин балæдæрун кодта: «Дæ фæндон дин æнхæст кæнæн...» Еци фæдбæл телефони хæтæл исиста æма нæхе обкоммæ исдзурдта: «Еци лæгти исуæгъдæ кæнетæ», – зæгъгæ.

Уотемæйти ахæститæ уæгъдæгонд ку æрцудæнцæ, уотæ Сæлимæт æ мадæмæ исдзурдта æма ин хабæрттæ бæлвурдæй балæдæрун кодта.

Оля æ хестæр кизгæ æма æ сиæхсти хæццæ рацудæнцæ ахæст лæгти размæ. Сæлимæти ба Ермакки æнсувæр æма хуæрæ, уæдта никкидæр ма цалдæр лæги машинтти хизтонцæ. Ахæст лæгтæ дзæвгарæ раздæр æрхъæрттæнцæ Ермакки хæдзарæмæ.

Сæлимæти исбадун кодтонцæ Ермакки хæстæгути хæццæ æма 'й сауæнгæ Моски балæууун кодтонцæ Ермакки хæдзари. Адæн цудæнцæ арфæ кæнунмæ Ермакмæ, Марксмæ æма Ерменмæ. Ермакки мадæ хъæбæр хуарз, зундгин æма фæууиндгин силгоймаг адтæй æма ку базудта, Сæлимæти æрбаласунцæ, уой, уæд синхæнттæмæ фæдздзурдта, косарт ракæнун кодта, къерегæнгутæ дæр æрбалæудтæнцæ амæнтæни сæргъи.

Цалинмæ бæлццæнттæ горæтæй хуæнхбæстæмæ хъæрттæнцæ, уæдмæ фингитæ лиу-лиу кодтонцæ аллихузон хуæрдæ æма ниуæзтæй.

Бийнонти мадæ Гæма дзурдта: «Кæдæй цæрун, уæдæй мæбæл ауæхæн нивгун, амондгун бон нæма никкодта. Ермак æма æ дууæ æмбали ахæстдони фæцæнцæ æнæгъæнæ еуæндæс мæйи. Нур ба нин нæ хуарздзийнадæбæл цийнæ кæнунцæ æгас Дигоргом дæр. Киндзæ дæр мин ес, уæздан, зундгин, адæнуарзон, рæсугъд ностæ, мæ къæсæр мин ка исфедаун кæндзæнæй, уæхæн», – дзурдта Гæмаон.

Адæн ба еци цæуæги цудæнцæ æма дзурдтонцæ: – Амондгун гъуддæгтæ уæбæл цæуæд!

Æнæгъæнæ къуæрей дæргъи сæмæ фæццудæй дуйней адæн арфæ кæнунмæ.

Рацудæй еу мæйи бæрцæ, уæдта Сæлимæтмæ æхемæ фæдздзурдта Цæгат Иристони обкоми уæди фиццаг секретар Æгкаци-фурт. Сæлимæт имæ ку бацудæй, уæд æй фæффæрститæ кодта, куд æй раскъафтонцæ, еци хабæрттæбæл. Дзæбæх ездонæй ибæл исæмбалдæй Æгкаци-фурт.

Рацудæй рæстæг. Æртæ ахæст лæги дæр куст бæргæ агурдтонцæ, фал син ахургæнæги куст кæнуни барæ ба нæбал лæвардтонцæ. Сæ курдиадæ балæвардтонцæ нæ республики ахуради министрадæмæ, фал райстонцæ цæхгæр дзуапп: «Сумахæн мах къабази косуни барæ нæбал ес, скъæфгутæ ке адтайтæ, уомæ гæсгæ».

Еу бони сæри бабæй Сæлимæт æхе бæлццонарæзт искодта æма горæтмæ исфардæг æй нæ республики хецаумæ. Уæдмæ Æгкаци-фурти баййивта Хъæбæлоти Билар.

Сæлимæт обкоми фиццаг секретари кабинетмæ ку бафтудæй, уæд ин арæхстгай балæдæрун кодта, æхе дæр, Ермакки, Ермен æма Маркси дæр куст ке гъæуй, косуни барæ ба син ке нæ дæттунцæ, еци гъуддаг.

Хъæбæлой-фурт фездахтæй Сæлимæтмæ æма имæ дзоруй: «Цитæ бакодтай, уæд дæ тухæскъæфæ ракодтонцæ, уой фæсте ба иннецирдæмæ райдæдтай семун, гъома, дæхе фæндонмæ гæсгæ дæ раскъафтонцæ. Сумах ахургæнгутæн нæ, фал гъонгæстæн дæр нæ бæззетæ. Æз цалинмæ косон, уæдмæ уи ахургæнæги номбæл неке бакосдзæнæй», – адтæй Хъæбæлой-фурти цæхгæр дзуапп.

Ермен институт каст ку фæцæй, уæд æрвист æрцудæй Цæцæнмæ косунмæ æма ма ин си зонгитæ байзадæй. Нидздзурдта сæмæ телефонæй æма ин зæрдæ байвардтонцæ, цæмæй сæмæ ниццудайуонцæ кустмæ. Æцæгæй дæр цуппаремæй рабалци кодтонцæ Цæцæнмæ. Ермак æма Сæлимæт кустонцæ еу хуæнхаг гъæуи, Маркс ба æндæр гъæуи ахургæнгутæй. Фæстæдæр ба ма сæмæ ниццудæнцæ сæ хуæртæ Варкæ, Полинæ, Симæ, Веруся æма етæ дæр косун райдæдтонцæ Маркси хæццæ ахургæнгутæй.

Кæрæдземæ хатгай иуазæгуати дæр цудæнцæ. Кæми Маркс æ хуæрти хæццæ Ермак æма Сæлимæти бабæрæг кæниуонцæ, кæми ба сæ етæ байуазæг кæниуонцæ, уотемæй лимæнæй цардæнцæ. Ермак æма Сæлимæт Цæцæни бакустонцæ æртæ анзи.

Устур цæстиварди адтæнцæ дууемæй дæр, ци гъæуи кустонцæ, уой цæргутæмæ. Ниййергутæ, сувæллæнттæ сæбæл уотæ æновуд адтæнцæ, æма цæунвæндæ ку скодтонцæ, уæддæр ма син лихстæй сæхе мардтонцæ, гъома, ами байзаетæ, нæ фæффæсмон кæндзинайтæ, зæгъгæ. Фал куд фæззæгъунцæ: «Иуазæгуати хуарз æй, хæдзари ба – никки хуæздæр».

Уотемæй Ермак æма Сæлимæт еугур цуд искодтонцæ Моски гъæумæ. Сæрди мæйти ма хуæнхбæсти фæцæнцæ, уой фæсте ба Дзæуæгигъæумæ раййивтонцæ сæ цæрæнбунат.

Ермак куста горæти скъолатæй еуеми, Сæлимæт ба Камбилеевки. Фæццардæнцæ хъæбæр лимæнæй, кæрæдзей хуарз лæдæрдтæнцæ. Сæлимæтæн е ’фсийнæ адтæй хъæбæр хуарз, цума æхе кизгæ адтæй, уæхæн цæстæй имæ кастæй æма арæх дзоридæ: «Сæлимæти мæн нивæн исхаста æ мадæ, цума мæхе бæдолæ æй, уотæ мæмæ фæккæсуй».

Фæстæдæр Сæлимæт дзæвгарæ рæстæгути фæккуста Дзæуæгигъæуи. Æ хуарз кусти туххæн ин еу æма дууæ хатти лæвæрд не ’рцудæй Кади гæгъæдитæ, майдантæ. Райста «Адæмон ахуради хуарз косæги» ном. Исгъонбæл кодтонцæ еу фурт æма дууæ кизги. Æртемæй дæр райстонцæ уæлдæр ахурадæ. Кизгуттæ цæрунцæ æма косунцæ Мæскуй, сæ бунæттæ иссирдтонцæ царди, гъонбæл кæнунцæ сæхе кæстæрти. Сæ фурт дæр косуй медгъуддæгти оргæнти. Æхе мадау кæсуй æ бийнойнаг Сæлимæтмæ. Нуртæккæ æскъæфгутæй æгас некебал æй, æрмæстдæр ма си Маркс фæццардæй иннетæй игъаугидæр еу фондз анзи фулдæр æма Сæлимæти хæццæ ку фембæлидæ, уæдта е ’нгулдзæ фæхъхъел кæнидæ, мæнæ дæ дæндагвæдти нос, зæгъгæ. Нуртæккæ е дæр нæбал æй. (Рохсаг уæд).

Сæлимæтæн æ зæрдæ рохс кæнуй æ зæнæгмæ, уони бæдæлттæмæ, æхе нимайуй амондгунбæл, кæд æ сувæллони доги амондæй æнæхай адтæй, уæддæр. Æ меднимæри арæх исковуй: «Хуцау, мæ бæдæлттæ мин æнæнивæ ма скæнæ», – зæгъгæ.

# НÆУÆГ НÆМТТÆ

ГАЛАЧИТИ Элен

## ГЪÆДИН ЛÆГ

Цардæй гъæуи гъæдин лæг,
Е син хуардта сæ тиллæг.
Сæ тиллæг адтæй ниллæг,
Сæ гъæуайгæс – минкъий лæг.
Мæллæг лæг кодта нæлуæг,
Бахуардта уæд хумæллæг.
Исдзæбæх æй мæгур лæг,
Нæбал кодта е нæлуæг.
Базудта уой гъæдин лæг,
Ниууагъта син сæ тиллæг...

## ТИКИС

Тикис хурдзин бахудта,
Уоми кæрдзин батъунста.
Мистæ римæхст базудта,
Буларæ ’йбæл бафтудта.
Тикис мисти басурдта,
Æ думæг ин ратудта,
Æ кæрдзин ин баиста.

* * *

Баджити Будзули Басили биццеу, бадтæй бор бæхбæл.
Будзули бæдолæй Батæрти Бæттау байста бæхбæттæн.
Бор бæхи биндзæ батухсун кодта, бунтон бахуардта.
Батæрти Бæдтау бабузти бунмæ биццеуи бакодта,
Будзулий бæдолæ бæдæйнаг боцхаст бæх батардта,
Бæдтауи рæбун æ буйнаг ходæ бæрзонд бахаста,
Баимæ бурдæй, бартхъерæнгæнгæй æ бæрзæй басаста.

## ДИНÆН

Хонхи адтæй еу мæсуг,
Уоми цардæй еу уæйуг.
Æ гъазæн адтæй еу уг,
Фудаг уидæ еудадзуг.

Фæллигъдæй уæйугæй уг,
Æнгъалдта е уой гъæздуг.
Радавта ин æ хæндуг,
Иссирдта уоми фæрдуг.

Фæккудтæй гъе уæд уæйуг,
Фæккалдта æ цæсти суг:
– Рахæссетæ мæ фæрдуг,
Кенæдта уæддæр мæ уг.

Калдæй æ суг къибилайæй,
Æнгъæлдæн 'ма фæгъгъæла æй.
Фий сæрфунæй нæ фæллайуй,
Æгириддæр нæ æнцайуй.

Рабостæ кодта уæйуг,
Нæбал кодта дони хупп.
Ниссабур æй – æгомуг,
Куд нæ адтæй æдонуг?!

Ниллæстæй гъе уæд фунуки,
Æ гъазæнтæ еугур руги.
Динæ базудта уæйуги,
Батардта æй дони суги.

Уой ниртадта е кæдзос,
Исæрттивта уæд æ рос.
Ниллигъз кодта æ уæлгъос,
Фæррæсугъд æй æ фæсхъос...

# НÆ ЮБИЛЯРТÆ

## ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ – 100 АНЗИ



* * *

Цума ӕндзӕвгӕ дӕр нӕбал,
нӕбал ниффинсдзӕнӕн ӕппун,
исун, ируст лӕгау, уазал,
исун ӕскъухт кустбӕл ӕрхун.
Ӕрмӕст мӕ фӕндтӕ 'ма мӕ уарзт
нӕ дӕн сӕ бӕрцӕ зӕгъунгъон:
зӕнхон ӕвзаг син ӕй фӕлмаст,
ӕрвон ӕвзаг ба куд скӕнон!

* * *

– «Бæх æма силгоймагбæл
æууæнкæ нæййес». –
’Ма мæ раст зæрдиуагбæл
фæссæттуй цъæхснаг уес.

Ке цъухæй исхаудтайдæ
еци фауди æлгъист?
Мади уарзт ка фаудтайдæ,
кенæдта мади рист?

Нæ уарзтбæл æнæууæнкæ,
мæ уадоли дзæхстау,
куд æрхъæрттæй мæн уæнгæ,
догти сæрти æхстау!

Куд неке банихаста
уой тæрнихи еу фат!
Куййау æй куд нæ рахста
куйгæлдзæнæй еу хатт!

’Ма нæрттæй мæ коймагбæл
гъазт æма медфæдес:
– «Бæх æма силгоймагбæл
æууæнкæ нæййес!» –

Тугъд æма тухст фадуати
силгоймаг æ цъодтай
кæд не ‘йзадæй курдуати –
седзæргæс си кодта.

Ци нæ зин нæ фæсмардта,
ци зин куст нæ зудта!
Æ еу къох дзедзе дардта,
иннæ хуар итудта!

Æ еунæг косæг лæги
æ мæлæтмæ уарзта,
бундорæн æ зæнæги
имонаудæр хаста.

Багъæуаги тæхидæ
гæрзефтонгæй бæхбæл,
’ма не ’знагбæл цæфсидæ
зæнхи алли гæппæл.

Уидæ нин нæ тæссагдæр
зинти ’хсæн æцæгдæр
рæсугъддæр силгоймаг дæр
’ма бæгъатæр лæг дæр!

Фал нæрттæй мæ коймагбæл,
куд зайраги фæдес:
– «Бæх æма силгоймагбæл
æууæнкæ нæййес!» –

’Ма цагъар хамасхуартæ
фæддардтонцæ æдзох
силгоймагбæл сæ бартæ,
сæ бæхтæбæл – сæ къох.

Догъонау æй давтонцæ,
æлхæдтонцæ хеваст,
фонс скæнунмæ ’й гъавтонцæ,
фал не ’сфонс æй мæ уарзт!
Нæ бæлстæй цагъайрадæ
æхсæнадæй, лæгæй.
Æхе уарзтмæ фейрадæй
æ дадзийнæй, стæгæй.

Æскъафтонцæ ’й, æма ци?
Нæ лæвардта ниббарст.

Мулк æма сурх хъумаци
          нæ ниммардта æ уарзт!

Фудаг бæхи думæгмæ
          æ дзигготæй бастæй,
Уой ластонцæ хæстæгмæ
          хæр-хæргæнгæ ластæй.

Уой се 'ккой дууæ хатти
          скæниуонцæ тæрсгæй:
æ раскъавди сахати
          'ма æ циртмæ хæсгæй!

'Ма цума æ уарзонмæ,
          рагæлдзидæ æхе
хонхи сæрæй тæх донмæ
          ма исуидæ бархе...

Гъе æфхуæрд æуууæрдæнæй
          фæййервазти фæхъау,
æ уорс реу циргъ кæрдæнæй
          бакæрдидæ фæлтау.

Фидтæлтæй нури уæнгæ
          ка нæ даруй нæртон
силгоймагбæл æууæнкæ,
          е лæг нæ 'й, фал – фиртон!

* * *

Фæлмæй æнбæрзт æнцад изæрдартæ
сагъæстæй батухтонцæ будур.
Разарай мин, Æголæ, дæ зартæ,
исесай ма дæ зæрди фæндур.

Бауæган хорискастæй изæрмæ,
нур, уæгау, æрисустæй нæ хед.
Разарай мин, куд бæлдтæ хуæздæрмæ,
куд гъардтай нæ колхозбæл дæхе.

Хорискасти будурмæ куд цудтæ,
куд æздахтæ мæйрохси кæддæр,
фал æстонгæй уæддæр куд рæсудтæ,
мæлгæ ба куд нæ кодтай уæддæр!

Разарай мин, Æголæ, дæ зартæ
унгæг хъурæй æд зæрди инæфт,
куд дин адтæй косунмæ стур бартæ,
мизди барæ куд адтæй исæфт.

Цъуххæсгутæ æма думæстæртæ
куд цавтонцæ нæ царди гæнах,
нæ уарзон коммунистти хуæздæрти,
ахæсгæй, куд кодтонцæ гæрах.

Дæубæл дæр куд æхстонцæ се ’нхъерæн
ахæстонæй, Сибирмæ ’рвистæй;
куд нæ хустæ дæ таси уæхери,
куд фæссадтæ дæ таси ристæй.

Разарай мин, Æголæ, дæ зартæ,
дæ цардау, æнæмæнгæ, æцæг,
куд раздахтан нæхемæ нæ бартæ,
адæймагбæл æуууæнки рæстæг.

## ХУÆНХАГ ДОН

Æй дон зундгин æви гъæла,
Уобæл некæд фæууй мæ мæтæ.
Кæд е цæуа æма кæла,
уæд æй зарагæ æвæлхæтæй.

Е еу бунати нæ лæууй.
Æ зунд, ка ‘й зонуй, æй æ цуди.
Нæхе пайдайæн ке цæуй,
нæ ’й уобæл дæр, æдта, мæ гъуди.

Æ уод, æ цæстæ, къæдзæхæй
сæнтцъæх арф коммæ ку фæххауй;
сæнторс æвзестæ ’ма цъæхæй
е заргæ-заргæ фæдздзæнгъа уй!

Ду ин ку ’рæхгæнай æ над,
уæдта хæрдмæ цæун райдайуй:
тæгкæ бæрзонд федар амад,
дорау, фенбæрзти уй, райзайуй.

Кенæ раскъæфдзæнæй, гулфгæнгæ,
дæ кæци фæнди аузт дæр
’ма ратæхдзæнæй, циййнæгæнгæ,
нигки цурддæр æма зустдæр...

Æ уад фенгъезуй хонхаг донæн
æрмæст рæстæгмæ æхгæнун.
Фал а дуйнебæл неке бон æй,
уой еугур уорæд æркæнун.

## ТОХÆГ РÆСТДЗИЙНАДÆ

Берæ уарзун, ка не ’ндзаруй
арт нæ лæгти лæгдæрбæл,
хахурæй æй ка нæ хуаруй,
ка ’й не ййевуй къæбæрбæл.

Айдагъ раст ун нæ ’й мæ фагæ –
рæстбæлтохæг мæ гъæуй:
фуд æхсагæй, фуд сæттагæй
расти надбæл ка цæуй.

Фуди цæфæй ка нæ ресуй,
ка нæ никкæнуй зир-зир,
фуд хъæмабæл ка нæ есуй,
гъейæ лæг нæ ’й, фал – утъир!

Ка не ’ндеуй раст исдзорун,
еци цъухи цæфсæд дон!
Некæд комуй æрвдзавд дор ун
рæстдзийнади æфсæдтон!

Кæд нæ хезис расти уагæ,
уæд нæбал дæ раст ду дæр:
фуддзийнадæн уодæнсагæ
фуддзийнадæй æй фуддæр!

## ÆФСÆРМÆ

Дæн, дæ уарзæгау, дæ уацари.
Фал дæ е ’нцонæн, куд стур уаргъ,
надмæ ка ’ргæлдзуй, гъе мин маргъ
нæ, фал берæгъ ку æй фусдзари.

Фæнди фестауæ дæу, фæффауæ,
уæддæр тæпподæн кæмидæр
ду дæ синхон æма æмкауæ,
хатгай – е ’мвазон æнсувæр!

Фал еци кауæ, еци арæн
уотæ иснарæг уй уе ’хсæн,
'ма ин хатгай нæййес равзарæн,
нæййес уе ’мхузæнæн хецæн.

Мæ бон уидæ – æма ме ’нгарæ
лæгдæр гоцъефтæй уæлдæр ун –
кодтон æфсæрми уæд ме ’хсарæй,
циргъдæр бавдесунæй мæ зунд.

Кодтон æфсæрми лæгдæр унæй,
илгъаг соцъати цæстудæй,
м’ амонд, мæ уарзти фæгъгъæр унæй,
ме ’муод адæни æстудæй.

Еске бахъормæ зæрдиуагæй
æз некæд кодтон бæлгæ дæр,
’ма де ’неййевгæ уацайрагæй
æз ракæндзæнæн мæлгæ дæр.

Æма дæ фæрци зæфци фудæй,
куд дор æма къæйæй амад,
дæн, алци зонгæй, æнæзундбæл
æма æнарæхстбæл нимад.

Нур дин зæгъун хæссун мæ сæрмæ,
уотæ æндиуд æма æргон:
дуйней ку н’ адтайсæ, æфсæрмæ,
уæддæр не ’ссайнæ æдзæсгон!

* * *

Бонæ еугурей æмбарæ,
фуруарзон æма æмсæр.
Æхсæвæй исун хебарæ,
сабур тари æнсувæр.

Рохсæй рацæун мæйдармæ,
бæрæгбони скъуд къелау.
Мæн фæххезуй Терки зармæ
мæ хъазар фусун – къела.

Неци гъаст хæссун цæуæгмæ,
Æй мæ гæдзæ тухгиндæр.
Зонун, æй мæ цард рæстæгмæ,
æй рæстæгмæ мæ зин дæр.

Зæрдæ ба уæддæр ферайуй,
æ рæстуод бæлдæй цæруй:
цард æхсæвæ дæр не ’нцайуй,
цард æхсæвæ дæр нæруй.

Æвæццæгæн, фæгъгъæла дæн,
æндæра мæ, мæ хæлар,
къæрæзгити рохсдзийнадæ
цæмæн тавуй уотæ гъар.

Мæ фиццаг уарзтау, мæ реуи
адæнбæл мæтæ хæссун,
уой феронх кæнун не ’ндеун,
уой феронх унæй тæрсун.

Зинти размæ фурæфхуæрдæй
æнæ тохæй некæддæр
æривæрдзæнæн мæ зæрдæ,
нæ, не ’руадздзæнæн мæ сæр!

Æхецæй мæ цард не ’нсонуй,
Æй, æвæдзи, боз мæнæй.
Адæни зæрдæ, ка ’й зонуй,
мæ хæдзарæ уодзæнæй.

* * *

Æ фæлмæн, æ саумæрæ хумгæнди
хумгæнæг хуæрзæвзурст хуæрзмуггаг,
раст цума æ рохсдæр нæуæг фæндæ,
æ рохсдæр бæлд байтауй хиццаг.

Æвзартæн сæ фæззиндæй зæлдагæ
'ма æфсерæ рафтудмæ и лæг
арт фæууадзуй æ хед, æ кустагæй,
нæма уингæй æ цæттæ тиллæг.

Цæмæй ин нæ фæттæрсуй? – Фуртæвдæ,
ех æма тухгин думгæй, æма
æ уйнаг лæгдзийнади исæвдæ
ауигъд фæууй æ сæрмæ цума.

Куд фæлмæн, куд кæдзос æй нихсæдуй,
донæй æй куд фефсадуй тæвди,
æхуæдæг хуссæгæй дæр не 'фсæдуй
æ тиллæгбæл катайти цæфти.

Арвгæрон æхгæнунæн æ уæнгæ
исирæзуй, саухалуг сæнтцъæх,
фæккæнуй нæуæг дугъд, сæрсæргæнгæ,
гъар æхсири тæфагæ дзæбæх.

Сугъзæрийни зæлланги уæнгæмæ
исцæттæ уй, ферттевуй тунау.
Цæттæй æй æрмæстдæр æ дзиллæмæ
лæг баласуй даргъ царди хунау.

Ис лæг дæн хумгæнæги хæдзари,
Æй æ кусти фæткæ мæ уарзон.
Фал барæй, кенæдта æнæбари
æй финсæги æмвæткæ фазон.

## ÆЛГЪИСТÆ

Цитгин адæймагбæл тохи баррикадæй,
поэзий уорс хонхæй æма лæги кадæй.

Поэт, фæццæуис ни гъудий къурццæвæнмæ,
гъуди ку фæттæрис æргон фæдздзухъмардмæ,
тæрис рæстдзийнадæ рагон куйгæлдзæнмæ,
фудау æй ку 'нсонис дæлзæнхæ стур артмæ!

Гъæла кæд æнгъæлис евгъуди поэти?!
Кæци дзилли сæрбæл цудæй ауиндзæнмæ;
цудæй цæнгтæбастæй, зунди харакетæй,
тæргæй хе мæлæтæй дуйней фуд ингæнмæ.

Ризтæнцæ поэти егъау рæстдзийнадæй
паддзæхти бундортæ, паддзæхти теголæ,
скъудæнцæ сæ тронтæ, æма мæгур адæн
поэти худтонцæ сæ нифс 'ма сæ уоли!

Ду ба исфæлхæттæ, 'вдеуау, дæ ихæсбæл,
де 'стур адæнбæл дæр, поэт исунбæл дæр!
Æхца æривардта цъодта дæ гъæлæсбæл.
Дæхе куд рамардтай æд сæнттæ, æд бæлдæ?!

Уæд дæ куд нимайæн? Нæхе цæмæн сайæн?
Махæн нæбал бæззис тохи турусайæн,
уарзти турусайæн! Фæлтау дин æлгъистæ –
дæ сæр, дæ губунæн, де 'лгъаг исфæлдистæн!

* * *

Хатгай евстаг æма евстагмæ
æз æнæ гъуди ку фæуун,
гъеуæд хæстæг нæдæр ме 'знагмæ,
нæдæр ме 'рдхуардмæ фæллæуун.

Билæй арф коммæ ка рахауй
æма дессаги стур нивæн,
мæлæт ке фæткæ фæййевгъауй,
фæуун уой хæццæ æнхузæн.

* * *

Равардтонцæ æдзæстуарзтæ
кусти бæсти тухст мæнæн.
Мæ рæстзæрдæй, мæ рæстуарзтæй
батардтонцæ ухстмæ мæн.

Раст цума син дæн кæсалгæ,
мæн кæнунцæ стонгæй сор, –
куд нæбал кæнон æвналгæ
мæ пъеромæ, куд цавддор.

Хуарз куститæ цæмæдесæй
ку байурстонцæ се ’хсæн,
уæд каторги куст – поэзи
æризадæй мæхецæн.

Мæ поэзи – мæ рохс бæлдæ,
ме ’сгухт цард æма мæлæт.
Дæу цифæнди уæлкустбæл дæр
нæ баййевдзæнæн некæд!

Стур федар æй мæн æууæнкæ,
тæрхонау æй мæ ниннет;
къæбинетти нури уæнгæ
некема иссæй поэт!

* * *

Уе ’нцад бæласæйдзаг гъæунги
цæун æд мæтæ мæтъæлæй.
Мæнæн сифтæртæ сатæг дунги
дæ кой кæнунцæ цибæлæй.

Фунæй хæдзæртти хуæдфæстетæй
цибæл сифтæрти æхсæнæй
мæйæ байдзулуй харакетæй,
дæуау фефсæрми уй мæнæй.

Æз ба феронх дæн мæ фалдзостæ,
ду мин фестадтæ мæ дуйне:
дæ дзурд зуруй, тунау, мæ гъости,
’ма ин фæгъгъос уæн дæр нæййе.

Мæ усхъитæбæл æвæлмæстæй,
евгъуд æма уйнаг цагъдау,
дæ уорс æрттевгæ цæнгти бæсти
мæйæ æ тунтæ æруагъта.

* * *

Еци бали, еци къалеу
уорс дзæгæрæг æфтудæй,
кауи сæрти мæ уæлнадмæ
радардта цума тудæй.

Еци рохс мæйрохс æхсæви
уорс къалеумæ æсмустон,
дæ тæлфт къæхти фæлмæн гъæрмæ
зæрдæргъувдæй игъустон.

Куд хæстæг слæудтæ мæ рази!
Дзæгæрæг калдта дæ реу.
Н’ астæу адтæй ниллæг кауæ,
уорс дзæгæрæг, уорс къалеу.

Уорс къалеу ба дзæгæрæгæй
нæ ростæбæл æмбалдæй,
мегъи скъудæй хаугæ тунау,
нæ зæрдитæмæ калдæй.

Еци къалеу еци уорсæй
мæ зæрдæбæл æмбæлуй, –
нури уæнгæ æ дзæгæрæг,
еци ’хсæвау, нæ кæлуй.

* * *

Мæнбæл некæд фæттехадтæ,
Алкæддæр зæрдæй мæн адтæ.
Цъетейау, ме ’ной фæттадтæ.
Мæ фæууиндæмæ ирадтæ.

Мæн исдзорунæй ивадтæ.
Ду ме ’скоймæ дæр ку уадтæ,
ку мæ фарсмæ сабур бадтæ,
нæ ракæнгæй еунæг ба дæр!

Уæддæр зæрдæй нæ райдард дæ,
арвбæл мегъау, нæ ратадтæ.
Зæрди, сосхъæдау, исзадтæ,
Тасгæ-уасгæ си байзадтæ.

* * *

Лæууй фидтæлтигкон мæсуг
фæснад, æдзоргæ рæгъти астæу,
цума æносмæ къæндзæстуг, –
кæсуй фалдзосмæ, цæстæбастау.

Хизта, бæгъатæрау, кæддæр
æ ком, æ кадæ алли знагæй.

Нур ба неке гъæуй æ сæр
еци гъунайæй, кæлæццагæй.

Уомæ не ’здæхуй фæндаггон
къæвда, гъе кенæ рæфти тæвди
фусун не ’ркæнуй сæрдигон,
кенæ зумæги даргъ æхсæвти.

Уогæй де ’нгартæй хуæрзконддæр,
уомæй де ’хгæд зунд зæрдихаттæй
ду дæ дзæвгарæ зæронддæр
æма еуварсдæр сæдæ хатти.

Уомæй ду берæ ревæддæр дæ,
уомæй ду берæ еунæгдæр дæ.

* * *

Ку адтайдæ мæ зæрдæ æндон,
уæд фехсуд инсæндорау бацайдæ
устур тохти зин нæдти катайти,
змæнст æма зуст рæстæги фæндон.

Ку адтайдæ мæ зæрдæ къæйдор,
уæд нирругæ адтайдæ нурмæти
маст æма гъезæмари стур мæти,
рист æма цæстисугтæй, мæ хор.

Хуарз, æма æй мæ зæрдæ амад
уарзт æма стур фæразондзийнадæй,
уомæн дæн тухгиндæрбæл нимад
æнæуод дор æма æфсæйнагæй.

* * *

Мæн нæ фæндæуй уарзт фæнзун,
фал æнæбæрцæ берæ уарзун;
дæуæн хуæздæрти хуæздæр хуарз ун
æма дæ хæццæ ун æнзунд.

Ду ба мæ стаугæ фæккæнис,
ку ба де 'нгасæй рауазал ун;
ку æрдæгмардау нигæнис,
ку ба фестун кæнис æстъалу.

Хуæруй гурухсæ мæн тухуаст,
куд зæрдæ стъалæг рæстдзийнадæ, –
цума кæнгæ 'нцæ рæсугъдадæй
мæнмæ дæ уарзт æма дæ каст.

Мисхъал нæ 'нцæ мин зæрдфедарæн,
фал – мæнгæ ферттивд, мæнгæ тавд,
куд манекени уæледарæс,
кенæ сайтани кæнгæ кавд.

Гъавис мæнæн байеу кæнунмæ
зæрди дæ соми 'ма дæ сайд,
уæд цæмæн бæллун дæ уинунмæ,
ци ма 'й мæ содзгæ стур æхсайд?

Стур боз – де 'нгаси рæвдудæй.
боз – дæ таведзæй, дæ фæрзеуæй.
Нæ фуд – фембæлдæ рæдуд æй.
Æй нæ фæххецæн нæ хуæрзеуæг.

* * *

Мæстгун арв сæххæтуарæ кæнуй.
Ставд цухцури æнвæйнæ æртæхтæ,
сау асфальтбæл кæнгæй æнгулдзæхтæ,
сæ фæййеу гулф къанауæй кæлуй.

Еу киоски аууони лæуун,
уарунæй хали уæнгæ ниртайгæй.
Фал мæ зæрдæ дæумæ, еци тайгæй,
дæ фæззиндмæ æнгъæлмæ кæсун.

Сæххæттау, фæййауыон æй сахуард, –
кафгæ 'ма гур-гургæнгæ, райдард æй.
Гулф къанаутæ фæцæнцæ æстард.
Сау асфальт æрттевуй хуæрзæхснадæй.

Фæххизтон дæ. Разиндтæ фæливд.
Мæн содзунцæ гурухси цæхæртæ,
’ма сахуарун райдæдта мæ зæрди,
гур-гургæнгæ, æд арви æрттивд.

Ниннеуй мæ гурухсæ изæрти,
куд зундæй фургъæуагæ сæргъæн,
раст цума еци уарун мæ зæрди
уодзæнæй ме ’гас царди дæргъæн.

## СОСÆГ КУВД

Рохснæг хорискастæй фæлмæн мæйи скастмæ
мæн ду куд агорай унгти, дзилли астæу.
Унги æ хецауæй ци куй фæдздзæгъæл æй,
уоййау мæн агорæ бунтон фудæнгъæлæй.

Трамвайти лæууæнти мæн ду куд фæххезай,
ме 'нæ фæууинунæй тæрсгæй, куд фæррезай.
Мæнбæл æнбæлунмæ æнгъæл æд фуркатай
ду алли трамвайи радгай куд фæббадай.

Мæн ду куд агорай парктæ 'ма сæндæнтти,
урух кинозалти æма кæсæндæнтти.
Цæфсгæй фурæфсæрмæй, мæнмæ æнгъæлкæсгæй,
бонæ куд æркæнай мин цуди нæ рæзти.

Тæтон мæгургорау, къинди сæудегерау,
мæн ду куд агорай, фал мæ куд нæ ерай...

Фæлмæн мæйи скастæй рохснæг хорискастмæ,
зинтæй фæййервазтау, фæббæллæ ме 'ндзастмæ.
Мæ ном дæ лигъз билтæй æппун куд не 'сцох уа,
Дуйней æндæр дзурдтæ бунтон куд феронх уай.

Дæхе куд банкъарай фæснад, гæлст куресау,
фун ди куд фæлледза, æхстæй тарст рæубесау.
Кæд ду ниффунæй уай дæ еци æрхуни,
уæдта æрмæстдæр мæн фæууинæ дæ фуни.

Мæнау кæд бавзарай мæ кувд еци харзæй,
уæд хуарз базондзæнæ, поэт куд фæууарзуй.

# ХОХОЙТИ ФЕДАР – 70 АНЗИ



## СÆЛИМÆТ

### I

Аслан, Сослан æма Русланæн сæ алли сæумæ дæр бæгæнийæй райдаидæ. Идардмæ цæун дæр сæ нæ гъæуидæ æлхæнунмæ. Кæд Сослан æма Руслан гъæугæрони цардæнцæ, уæддæр сæумон хорискасти хæццæ Асланмæ сæ тъупп иссæуидæ. Уомæн ба, Аслæмбеги тукан æ тæккæ хæдзари ком-коммæ, надæн е 'ннæ фарсæй адтæй. Алли сæумæ дæр Аслæмбеги æнæсайдтæй рабæрæг кæниуонцæ. Раст син цума уомæй хъазардæр æма уарзондæр адæймаг н' адтæй сæ гъæуи, уотæ. Уой зæрдæ дæр сæбæл некæд худтæй, кæд æй еуæй-еу хатт сæумæ раги æ хуссæнæй раистун кæниуонцæ, уæддæр. Æхца сайтани хуаллаг ке æй, уой, æргон зон-

гæй, дæр си: – «Нæ мæ гъæуй, зæгъгæ, ка кæд загъта»? Ци бæсти, ци изæдти астæу агоргæ æй еци адæймаг? Уарзта æхца Аслæмбег дæр. Уæлдайдæр æхцæуæндзийнадæ ба ин æ зæрдæбæл æмбæлун кодта сæ нимайуни рæстæги и дирзæг хузгин гæгъæдити нидæн къæр-къæр.

Цал æма ин цал хатти загъта Аслани бийнойнаг Сæлимæт: «Аслæмбег, дæ мадæ, дæ фиди хатирæй, мабал уæйæ кæнæ аци æртæ кунзундемæн бæгæни дæр, водкæ дæр! Нæдæр æхцабæл, нæдæр æфстау!..» Е дæр ин: «Гъо-гъо», – зæгъгæ, зæрдæ райвæридæ. Æ мадæ ’ма ма ин æ фидæй дæр ард бахуæридæ. Фал бабæй уой фæсте ба æ кæнон кодта. Æ ардбахуæрдæ сæгъи сомиæй дæр ниллæгдæрмæ æрхауидæ зудæ лæгæн. «Мадта уотæ ба нæ уодзæнæй» – æхецæн дзурд равардта Сæлимæт дæр – «Кенæ сумах, кенæ ба æз!»

Еу сæумæ бабæй гъæунги, къелабæл бæгæни куд ниуазтонцæ, уотемæй Сæлимæт хæдзарæй рацудæй устур сау сумки хæццæ. Дзоргæ дæр сæмæ неци искодта. Тротуарбæл урдугмæ автобуси лæууæндонæмæ ниййевгъудæй.

– Æвæдзи, аци бон Сæлимæт æ галеу къахбæл раистадæй, – силгоймаги фæдбæл кæсгæй, загъта Руслан, – дзоргæ дæр нæмæ куд неци искодта...

– Æнæ хилæй ке фæццæуй аци бон, уобæл цийнæ кæнетæ, – æ дзурд ин райста Сослан.

– Кæд бабæй хонхмæ æ цæгатмæ фæббæлццон æй, – æ къох рарæуигъта Аслан ’ма бæгæний авгæ е ’мбесмæ ниссурдта цъур-цъургæнгæ. – Хъæбæр мæмæ ку исмæстгун уй, уæд æ мадæмæ фæлледзуй... Гъо-гъо, ’ма си æз дæр еу усмæ бауолæфун.

– Раси хецæн уо ’ма мах хузæн сæребарæ уодзæнæ алли гъуддагæй дæр, – загъта ин Сослан.

– Раст æй Сослан, – æ сæр батилдта Руслан, æ бæгæний авгæмæ ниссæццæ уогæй, – æнхæлæй уæлдай ци æнцæ царди силгоймæгтæ? Адæймаги исуолæфуни барæ дæр нæбал фæууй бийнонти гъуддаг бакæнгæй...

– Уæ дууæ дæр уæ цъухтæ бахгæнайтæ, – æ къох исхъел кодта ’ма си æ билтæ бахуаста, – æгæр берæ бæр-бæр кæнетæ ’ма уæмæ мæ зæрдæ исхастæй. Гъенур мин сумах нæма райдæдтайтæ унаффæ кæнун! Уæхемæ айдæнæмæ кæсгæ ба ескæд бакодтайтæ? Уæ алли бони рæсуд цæсгæнттæмæ?

Гъæуи киндздзон кизгуттæ æхсæвæ бонмæ хусгæ дæр нæбал кæнунцæ, кæд нæмæ æрбарветдзæнæнцæ мийнæвæрттæ Сослан æма Руслан, зæгъгæ.

– Цæмæн уотæ зæгъис, Аслан? – æ цæститæ зæнхæрдæмæ æруагъта Сослан.

– Уойбæрцæбæл дин ци фуд фæцан? Цæмæн нæ уотæ æфхуæрис? – æ цæсгон æ къохæй бамбарзта Руслан.

– Аци бонæй фæстæмæ уи Сæлимæти нихмæ фуд дзурд уæ дууемæй дæр куд некæдбал фегъосон, уотæ бакæнетæ... Хуарз?..

– Хуарз, – сæ сæртæ аразий тилд кæнгæй, байзадæнцæ еу усмæ Аслани æмбæлттæ...

Сæлимæт, фондз æма инсæй анздзуд, бакасти гурведауцæ, сау æрфуг æма уорсдæлахъур, сурхфазæ фæткъуй хузæн зæрдесгæ силгоймаг. Æ киндзи ’рцуди фиццаг анз æвæсмонæй, рæсугъдæй рарвиста æ нæуæг хæдзари æ цардимбал Аслан æма е ’фсийнæ Дзулийни хæццæ. Сæлимæт, раст цума зæрдæмæцæугæ аргъауи бацардæй, уобæл дузæрдуг нæ кодта. Куста астæугкаг скъолай ахургæнæгæй. Дзулийнæ гъæуи постхæссæгæй, Аслан ба, бунæттон къалбасгæнæн цехи, бухгалтерæй. Тумбул бийнонти ма хуæздæр хуарзæн гъудæй Устур Хуцауи хуæздæр лæвар – сувæллон! Фал...

...Фæцæй æнæнгъæлти рæсугъд аргъау. Аслан ниуазун райдæдта. Арæхæй-арæхдæр цумдгунæй æрбацæуидæ сæхемæ æнафæнтти. Еу рæстæги ба ин си уæлдай нæбал адтæй, ниуæзтæ агорун райдæдта сæумæй дæр, рæфти дæр, изæрæй дæр.

Дзулийнæ ’ма ин Сæлимæт ци нæ кодтонцæ, ниууадзæ еци æнæхаири ниуæзтæ, зæгъгæ, фал дзæбодури гъоси уадæ! Кæми сæмæ игъуста Аслан! Кодта идарддæр æ кæнон! Дууæ уарзон адæймагей астæу æнæхаири карз ниуæзтæ фудæнхæли цæлхдор иссæй. Сæлимæти бон ку нæбал адтæй уæхæн уавæрмæ кæсун, уæд еу усми æ цæгатмæ æхе райста. Еу къуар боней фæсте имæ Аслан фæззиндтæй. Æ мæлгъæвзаг райхалдта Сæлимæтмæ. Сомитæ ин кодта, – мæ гъæлæси цумд дæр нæбал уодзæнæй. Синон мæ къохмæ есгæ дæр нæбал искæндзæнæн бабайистæн!

Уотемæй бабæй силгоймаги æхебæл æрæууæндун кодта. Æрмæстдæр Сæлимæтæй феронх æй, арт зæгъунæй ком ке

нæ содзуй, е... Фал уарзондзийнадæ гъа-'ма-гъо гъуддаг нæй! Уарзгæ ба ’й раги бакодта Сæлимæт. Скъоладзау кизгæ ма адтæй, уотемæй. Уогæ си Аслан æхуæдæг дæр дууæ анземæй хестæр н’ адтæй. Дæсæймæгти, ахурдзау уогæй, хуæнхбæстæмæ сæ синхонти кизгæ Заремæн æ киндзæхсæвæри кенкегъазæй фæццæугæй, фæззонгæ æй, сиахси кæстæр хуæрæ, Сæлимæти хæццæ. Сæ медастæу уарзондзийнади цирен арт кутемæй исцæфстæй, уой дууæ æвзонг уоди лæдæргæ дæр нæ бакодтонцæ. Аслан еци анз скъола каст фæууогæй, Хетæгкати Къостай номбæл Университетмæ бацудæй. Арæх бадзоридæ горæтæй Сæлимæтмæ телефонæй. Сæлимæт æхуæдæг дæр Зареми хæццæ ахид цæуидæ будурмæ, æ киндзи цæгатмæ. Уæхæн бæнтти дæр æнæфембæлгæ нæ уиуонцæ Аслани хæццæ.

Уæдмæ Сæлимæт æхуæдæг дæр фæцæй скъола каст ’ма æ гæгъæдитæ Университети физвоспитанибæл ахургæнгутæ цæттæгæнæн факультетмæ балæвардта. Уæдæй фæстæмæ, ефстаг бонæй уæлдай, кæрæдзей æнæфæууингæ нæбал адтæнцæ...

Аслан диплом райста ’ма имæ æфсади рæнгъитæмæ фæдздзурдтонцæ. Цанæбæрæг æй анз? Дæлæмæдæр-уæлæмæдæр æртæ сæдæ фондз æма æртинсæй бони! Кæд уарзæнттæмæ уомæй даргъдæр фæккастæй, уæддæр сæбæл раевгъудæй, сæ кæрæдзебæл сæ зæрди рахаст не ’сæйййевгæй. Сæлимæт ин дзурд куд равардта, уотæ ’ймæ фенгъæлмæ кастæй. Аслан, æфсади фæсте, сæ гъæуи къалбасуадзæн цех райгон æй ’ма уоми бухгалтерæй косун райдæдта. Еума анз раевгъудæй. Каст фæцæй университет Сæлимæт дæр ’ма син бæркадгин къобор фæззæги дууæ муггаги зæрдæбæлдарæн, дигорон æгъдау куд амонуй, уæхæн киндзæхсæвæр искодтонцæ. Еци фæззæги Сæлимæт косун райдæдта скъолай. Сæ еумæйаг цард, Сæлимæт æ зæрдæбæл аргъауи хузæн ке бадардта, уобæл анз рацудæй.

Æнгон рæсугъд бастæй ци дууæ зæрдей фæлмæн тæгтæй бакодтонцæ, уонæй æнæнгъæлти сæ еуей сæртæг гæркъа ферхъез æй. Бонæй-бонмæ дууæ уодей бастдзийнадæ лæмæгъæй-лæмæгъдæр кодта. Ратонунмæ ’й берæ нæбал гъудæй...

## II

Цуппар анзей размæ, Аслан ма студент адтæй, уотемæй йе ’рдхуæрдтæ, æ раздæри æмкъласонтæ Сослан æма Руслан гъæуæн æ дæллаг синхи мæгурдæр æма цауддæр ци хæдзарæ адтæй Борæхани æртæ минкъий седзæр бæдоли, сæ дугкаг мадæ ци «сикъо» – гъог худтонцæ, уой син еу изæр се ’скъæтæй ратардтонцæ. Магосайæй хуарз хуæрдæ ’ма ниуæзтæй идзаг губунуарзагæ дууæ лæхъуæни, хор дæр нæма искастæй, уотемæй æй, сæумæн æ фæцъцъæхи Уорс-Дони билæбæл равгарстонцæ. Уæцъæф æма хæлæрттæ донмæ басхустонцæ цари хæццæ. Иннæ хурфидзаумæуттæ, къæхтæ, сæр æма фид ба бæхуæрдуни Æрæдони базармæ бахъæртун кодтонцæ. Уоми ’й фидесгутæн асланхæлæмулти, куд тагъддæр, уотæ февардтонцæ. Æхцабæл ку фæххуæст æнцæ, уæд тукани водкитæ, къалбас, дзол ’ма кæсалгæй консервтæ ралхæдтонцæ тагъд-тагъдæй. Фæстæмæ, сæхемæ цæугæй, сæбæл куд неке нецæмæй фæггурусхæ адтайдæ, уомæй, Уорс-Дони билæмæ æрхъæртгæй, уæрдуни гуфæ зменсæ ’ма сикъитæй райдзаг кодтонцæ цæстфæлхатæнæн. Руслани тургъæмæ бацудæй бæхуæрдун. Цалдингæмæ Сослан сикъит æма зменсæ калдта уæрдунæй, уæдмæ Руслан дзатмабæл фингæ рарæвдзæ кодта. Сослан, уæрдун ку суæгъдæ ’й, уæд, бæх стойнæмæ бауагъта ’ма ин æ кæвдæси хуаси цъопп ниггæлста. Æ дарæс æрцагъта, нихснадта тургъи кърантти бунмæ æ къохтæ ’ма финги уæлгъос æрбадтæй Сослани фарсмæ зæронд диванбæл. Сæ гъуддаг ке фæррæстмæ ’й, уой туххæй ковун æма ниуазун райдæдтонцæ...

Нæ! Нæ есуй нæ цитгин Устур, не ’Скæнæг, нæ дарæг Еунæг Хуцау, æмбал кæмæн нæййес е, уæхæн хамасхуар хæлоргъости кувдтитæ æхемæ барст æма æхцæуæнæй! Уæхæнттæ си æлгъист æнцæ!

Цалдингæмæ давгутæ сæ илгъаг губунтæ идзаг кодтонцæ, уæдмæ, Борæхан дæр гъæуи милици участокки хецаумæ «сикъой» фесæвди фæдбæл æ гъасти гæгъæди финст фæцæй ’ма æ цæсти сугтæ расæрфта.

– Дæхе æгæр ма хуæрæ дæ мæстæй, Борæхан, – загъта ин капитан, – мæхуæдæг дæр ходаистæй гъæубæл корæг

фæххæтдзæнæн, мæ сæрмæ 'й хæссун, фал сувæллæнтти ба æнæ уорсаг нæ ниууадздзинан. Адæн хуарз æнцæ. Ести уодзæнæй. Фудгæнгути ба агордзинан... Мæйæ дæр æнхæст нæма рацудæй «Сикъой» фесæвди фæсте, уотемæй райони милици фæдæсмотгути къуар фудраконддзийнадæ раргон кодтонцæ. Сослан æмæ Руслан уорæд æрцудæнцæ. Давгутæн суд фæйнæ æртæ анзи 'ма æрдæги ахæсти тæрхон рахаста.

Сæ рæстæги æнгъуд ку фæцæй, уæд исуæгъдæ æнцæ ахæстæй 'ма сæ райгурæн гъæумæ, раст цума Хъарси федар басастонцæ, уой зинд фæккодтонцæ дууæ æдзæсгон хæррæги! Æфсармæ ци 'й, е уæхæнттæмæ финст дæр некæми æй. Ардæгутæмæ дæр æма уордæгутæмæ дæр æстонг берæгъи цæстæй кæсунцæ. Нæ дæмунцæ нæ, сæ нихтæ! Уони хæццæ исæмбæлгæй, еци рæстæги е 'гас хуарздзийнæдтæ дæр æ къæхти буни никкодта 'ма карз ниуæзтæбæл фæццæфстæй Аслан, æхуæдæг дæр æй нæ балæдæрдтæй, уотемæй.

Æ кустмæ нæбал цудæй, нæдæр афойнадæбæл, нæдæр æрвонгæй. Хецау ин æ еци рахасти фæдбæл ку бауайдзæф кæнидæ, уæдта имæ Аслан, æ къохтæ телгæй, æ сиутæ исæргъувидæ: «Уой ба мин ци хони, æз ба уæхæн дæн», − зæгъгæ. Æппунфæстагмæ си цехи косгути бон нæбал адтæй 'ма æ кустæй уæгъдæгонд æрцудæй.

Мадæ мадæ 'й, цийфæнди ку уа, уæддæр. Æнæрахилæ гæнгæ нæ уидæ æ еунæг фуртæн, фал ма ин æхца ба, Аслан имæ ку ниллæууидæ, ес-нæййесæй дæр рахæссай, зæгъгæ, уæд æ къохти бакæнидæ. Цæй фагæ адтæнцæ, бонсауæй изæрмæ сæ хъуртæ ниуæзтæй сор кæмæн нæбал кодтонцæ, еци æртæ расукъаемæн Дзулийни капеккитæ? 'Ма бабæй уæдта Аслан Сæлимæтмæ ниллæуидæ: «Еу мин тагъд рахæссæ, мæ сæри ресунæй исæфгæ кæнун, уой нæ уинис?!» Æрдæгниуæзтгун уогæй имæ еухатт æ къох есгæ дæр искодта. Уæхæн содзгæ мардмæ кæсгæй, цæуæт искæнунмæ дæр Сæлимæти зæрдæ нæбал рохс кодта. Æ цæгатмæ дæр, рагъуди кодта 'ма нæбал фæллигъдæй фиццагау.

Синхи адæнæй ходуйнагбæл нимадта уæхæн раледзæ-баледзæ кæнун. Кæд ледзгæ, уæд, – æнæфæстæмæкæсгæй! Иннердигæй, куд æхе мадæ, уотæ нимадта Дзулийни сæр. Е 'фсийнæ дæр æй æхецæн хъури 'гънæгæн дардта, уотæ

ӕхцул ибӕл иссӕй. Уӕдта, кӕд Аслан исӕвди къахбӕл ӕрлӕудтӕй къӕхӕни кӕронбӕл, уӕддӕр имӕ ӕ лӕги билгӕронӕй урдугмӕ расхуайуни фӕндӕ дӕр н' адтӕй. Сӕ астӕу кӕддӕр ци кӕдзос уарзондзийнади арт исцӕфстӕй, уобӕл гъӕуама нур ӕхе къохтӕй дони къос куд бакала ӕхуӕдӕг? Куд бауадза рамӕлун уарзондзийнадӕ?!

– Нӕ! Некӕддӕр! – дзурд равардта ӕхецӕн, уой фӕсте ба Дзулийнӕн загъта: – Нана, Аслани ратонун гъӕуй адӕймаги сӕризундгъӕлагӕнӕн ниуӕзти сау дзӕмбутӕ 'ма ӕ фахъӕра илгъаг ӕмбӕлтти тӕвагӕй. Куд ӕма ци гӕнгӕ 'й, уой базудтон нур. Ӕндӕр хуасӕ ин нӕййес. Ма тӕрсӕ, Нана, – нихходтӕй Сӕлимӕт 'ма е 'фсийни ӕ хъури ниттухта, – аци хатт мӕ цӕгатмӕ нӕ ледзун. Мамӕ дӕр бабӕй мин фӕххилӕ кӕндзӕнӕй, ци хуарзӕн ӕрбахъӕрттӕ, зӕгъгӕ, фал мӕ дууӕ-ӕртӕ къуӕрей ба мӕ хуӕрӕмӕ горӕтмӕ цӕун гъӕуй.

– Дӕснитӕмӕ цӕунвӕндӕ дӕмӕ ма исӕвзурӕд, кизгӕ? – ӕ медбилти байдзулгӕй, бадес кодта Дзулийнӕ.

– Нӕннӕ, Нана, – ӕ сӕр батилдта Сӕлимӕт, 'ма ӕ къох ӕнӕнвӕрсон рӕуигъд ракодта, – цитӕ дзорис, Нана, уӕхӕнттӕбӕл ӕз ӕууӕндгӕ дӕр нӕ кӕнун. Мӕнмӕ мӕхе хуасӕ ес, тагъд ӕй дӕхуӕдӕг, дӕхе цӕститӕй уиндзӕнӕ!..

## III

Сӕлимӕт горӕти, Уӕрӕсей Хонсари Федералон зилди каратейӕй еристи ӕртӕ анзей размӕ, фӕууӕлахез уогӕй, сугъзӕрийнӕ майдан ку райста, уӕд ӕхе кӕми цӕттӕ кодта, уоци спортивон залмӕ ӕ фиццаг тренер Нинӕ Ивановнӕмӕ бацудӕй. Куд, ӕ ахури рӕстӕги студент уогӕй, уотӕ бабӕй нур дӕр кимоно искӕнгӕй, цалдӕр фӕлтӕрӕнемӕй ӕ хед ӕ алли 'рдой бунӕй дӕр рагъаридӕ, уотӕ архайдта ӕхебӕл, раст цума хъӕбӕр устур еристӕмӕ ӕхе цӕттӕ кодта, уотӕ къуӕремӕ ӕртӕ хатти. Иннӕ ӕртӕ бони ба нӕуӕг райдайгӕ боксертӕ, ӕхца федгӕй, кӕми цӕттӕ кодтонцӕ, уӕхӕн клубмӕ цудӕй.

Ӕ тренировкитӕй уӕлдай ба ма ӕ хуӕри хӕдзари бакоммӕ «Жуковскийи» номбӕл парки алливӕрсти сӕумӕй дӕр, изӕрӕй дӕр дӕсгай зилди ӕркӕнидӕ догъи уайгӕй.

– Ци кæнис, Сæлимæт, Олимпиадæмæ дæхе цæттæ кæнис? – дес ибæл кодта æ хуæрæ Светæ.

– Тагъд дæбæл хабар æмбæлдзæнæй, – худтæй Сæлимæт, – мах дæр айдагъ хуæнхаг хурхи бунтæй хаст нæ ан. Цæмæй ни уæлдæр лæуунцæ, Олимпиадæмæ еу хаттæй иннæ хаттмæ ци байтамал спортсменти раласæ-баласæ кæнунцæ, етæ ба? Дæуæй уотæ не ’схъаурæ кæнинæ, зæрдиуагæй баццæттæ кæнгæй, майдан райсунмæ? Зæгъæн, æрхи дæр фæуузæд?!

– Куд нæ дæбæл æуузæндун, – æ цæсгон ахсгиаг хузæ райста, уотемæй ин дзуапп равардта Светæ. – Хæстæгдæр Олимпиадæ иннæ анз Бразилий уодзæнæй, Рио-де-Жанейри, ’ма мæ дæ хæццæ райссæнæ!

– Æнæмæнгæ, – æхе нипъпъерф кодта Сæлимæт, – дæхецæн загранпаспорт бацæттæ кæнæ, уæдта еу фондз-æхсæз мини æхца.

– Уомæй æндæр нæ?

– Нæ-æ! Æрмæстдæр цъæхтæй! Доллæртæй! Нæ фагæ уодзæнæнцæ! Бразилия, Рио! Дуйнебæл игъустгонд Копæкабани сугъзæрийнæ зменсгун æртайæн æма хормæ хетавæн Атлантики даргъ билгæрон! Шоколади хузæн сауцъарæ лæхъуæнтæ!

– Эх! Сæлимæт! Мæ минкъий уарзон хуæрæ! Накæ кæнун ке нæ зонун, е ба ми мæрдирæнхæ фæцæй! Æвæдзи, дин еунæгæй цæугæ рауайдзæнæй!

– Уайтæккидæр æй зонгæ кодтон, уотæ бабæй ке уодзæнæй гъуддаг, уой, – арф ниууолæфтæй Сæлимæт...

Диванбæл фæрсæй-фарсмæ хъанæй ма дууæ хуæри еу усмæ сæ кæрæдзей фæррæвдудтонцæ се ’гъæлдзæг сæнттæй, уотемæй син ходæгæй бафсес нæбал адтæй...

Еу бонау раевгъудæнцæ горæти Сæлимæти уолæфæн мæйти фиццаг æртæ къуæрей. Изæрæй ма фæстаг зилд æркодта парки алливæрсти. Сæумæ ба автобуси сæхемæ рацудæй. Хæдзари еунæгæй, седзæри бадт кæнгæй, баййафта Дзулийни. Æ цæстисугтæ æ сæрбæттæни кæронæй сæрфгæй, æ киндзи æ хъури ниттухта ма ’й берæ рæстæг нæбал уæгъдæ кодта. Æ зæрдæ уотæ исхъурмæ æй ’ма æфсийнæ æ тъифсун æруорамунгъон нæбал адтæй.

– Мабал мæ ниууадзæ, кизгæ, еунæгæй, – æппунфæстагмæ исдзурдта Дзулийнæ, – уой корæг ди дæн.

– Куд еунæгæй? – бадес кодта Сæлимæт, – кæми ’й нæ лæхъуæн ба?

– Ци фæстаг капеккитæ ма мæмæ адтæй, уони мин абони райста ’ма, дзоли къæбæр цæмæй бæлхæнæн, е дæр нæбал ес нæ хæдзари, – искудтæй бабæй Дзулийнæ. Уати фарсбæл сахатти фатæгтæ бони æмбес нæма æвдистонцæ. Гъæунгæй æвеппайди æрбайгъустæй Аслан æма е ’мбæлтти удзæл.

– Ами бабæй æнцæ? – рафарста Сæлимæт.

– Мадта! Нæ бæласи бун син гъæунги ресторан иссæй и хутæн! – загъта Дзулийнæ. Сæлимæти цæсгон æ фурмæстæй зæнххуз райста. Ниссау æй. Æ дæндæгути къæс-къæсæй ин е ’фсийнæ фæттарстæй ’ма ’ймæ дзоруй: – Ци кæнис, кизгæ, дæ хузæ ку фæллигъдæй? Ресгæ ди ести кæнуй?

– Ресуй, Нана, ресуй мæ зæрдæ, – æ сæр бателгæй, загъта Сæлимæт ’ма ин æ къохæй диванмæ баамудта, – дæхе бал æруадзай, Нана, æз ба сæмæ ракæсон.

Сæлимæт гъæунгæмæ рахизтæй дуарæй. Æртемæй дæр бадтæнцæ бæласи буни. Сæ размæ фингæбæл устур лаваш, цъæх гъæдиндзитæ, гриль-фезонæггонд агъазиау бройлер карк. Водки авгæ ’ма æртæ бæгæний. Сæлимæти æрæстæфгæй, сæ гъæлæстæ хæлеуæй райзадæнцæ, уотемæй имæ еу усмæ æдзинæг каст фæккодтонцæ. Силгоймагæн зин балæдæрæн н’ адтæй, æртæ лæги сæ сæумон ниуæзтæ идарддæр ке хъæртун кæнунцæ, е.

«Идардмæ тæхагæ ’й сæумон биндзæ!» – хумæтæги нæ дзориуонцæ сæумон ниуæзти фæдбæл нæ зундикъубуси рагон адæн.

– Кæцæй ма разиндтæ ’ма дæ ци Хуцау, ци идауæг æрбахаста ардæмæ? – æ цæсгон ниффуцъулузтæ кодта Аслан.

– Рацо хæстæгдæр фингæмæ, Салимæт ’ма нæ хæццæ еу сикъайдзаг баниуазæ, – æ къаппил дæндæгутæ æ гъæлæсæй æвдесгæй, кир-кир кодта Руслан.

Сæлимæт сæмæ бацудæй ’ма финги сæргъи æрлæудтæй. Аслан æ бунатæй рагæпп ласта. Æ къох хæрдмæ фæхъхъел кодта, ’ма ’й урдугмæ æрцæва, зæгъгæ, уотæ ин æй Сæлимæт раахæста ’ма ин æй фæрсмæ фездухта. Лæги богъ-богъ иссудæй ’ма æ бунатмæ æрхаудтæй. Сæлимæт фингæй карк

исиста ’ма ин си æ сæр цалдæр хæфти никкодта. Каркæй ма æ къохти райзадæнцæ айдагъ æ дууæ къабази. Уонæй еуей Сослани цæсгонбæл ниццавта. Инней ба Руслани хæмхоттæбæл бауагъта. Фингæй бæгæнитæ фелваста ма сæ гъæунги астæу, надмæ низзуввут ласта. Æвгитæ асфальтбæл фæппурх æнцæ. Сæлимæт водки авгæ исиста. Сослан ин æй райсунмæ гъавта, фал ин силгоймаг водки авгæй æ сæр æррæуигъта, уæдта ма ’й æ къахæй фæрсмæ басхуста. Лæгæн, горенрæбун æфсæйнаг къаххафæни циргъбæл бахаугæй, æ рахес гъос сæрæй бунмæ æ фæлмæни уæнгæ фескъудæй, уотемæй урдугмæ гæллеу кодта. Тог бæрзæйбæл æ хæдони хурфæмæ уадæй. Водки авгæ, Сослани сæр ниццæвгæй, нæ басастæй. Уой æруингæй, Руслан дæр ниуæзтæ байсунмæ æхе батардта силгоймагмæ. Фал цæстифæнникъулдмæ авгæ æ кортобæл фæппурх æй. Сæри цъарæ дзæвгарæ раскъудæй ’ма си тог бунмæ лæсæнтæ кодта. Æ сæрбæл æ къох æрдудта Руслан. Æ цæсгон ивайунмæ фæййагайдта. Тогæйдзаг къох ку æруидта, уæд лæг æ фур тæссæй гуппгæнгæ рауæлгонмæ æй. Æртемæй дæр си æзмæлгæ дæр некебал кодта. Сабур хустæнцæ финги рæбунтæ.

Надæн е ’ннæ фарсæй сæмæ лæмбунæг кастæй æ тукани разæй Аслæмбег. Къæпхæнтæбæл фури гъоли бадт кæнгæй, æнæмæтæй æ тамаку думдта. Æ еу сигарет ку фæуууидæ думд, уæдта инней æ гъæлæси бакæнидæ, уотемæй идзулдæй æхецæн. Еу усми æй æрæстæфтæй Сæлимæт ’ма имæ æ къох ратилдта, рауайай ардæмæ, зæгъгæ. Аслæмбег дæр имæ, нæ-æ, зæгъгæ, æ сæр батилдта.

– Мадта мæ уоми еуминкъий бахезай, – фæймæ гъæр кодта Сæлимæт ’ма туканæрдæмæ фæннæхстæр æй. Аслæмбег тукани хурфæмæ балигъдæй ’ма медæгæй дуар фехгæдта æхебæл лæгурмæй.

Сæлимæт имæ дуар бахуаста. Лæг медæгæй æхе æлхæд хъибили гъос никкодта.

– Нур, бунмез, медæгæй зир-зиргæнгæ нилхъивтай дæхе мисти цъаси, фал дин ме ’нæгиризæй зæгъун, абонæй фæстæмæ ма мæ лæгæн ниуæзтæ ку рауæйæ кæнай, уæд дæ тогуомæнти над кæндзæнæн, мæ къæхтæй хæтгæй! Хæр-рæг! – баймæ æвзиста силгоймаг...

Аслан къелабæл бадгæй, е 'уæхст усхъæбæл хуæстæй, уотемæй æрдеуагæ кодта.

Къаххафæни размæ, е 'скъуд гæллеу гъоси хæццæ æнæмæтæй хустæй Сослан. Финги бунмæ бафтуйгæй, фунæй кодта Руслан дæр. Æвæдзи, водки авги цæфæй æ сæри хъанз фезмалдæй.

Сæлимæт тагъд æнхуси дохтуртæ 'ма пъæлицæмæ бадзурдта æ телефонæй. Цубур рæстæгмæ уайтагъддæр сæ дууетæ дæр фæззиндтæнцæ 'ма сæ сæйгæдонæмæ фæлластонцæ. Сæхемæ ку æрцудæнцæ 'ма сæ прокуратури фæдæсмотæг кезугай ку фарста, ци уæбæл æрцудæй, ци кодтайтæ, зæгъгæ, уæд си Сæлимæти кой неке искодта.

– Баниуазтан 'ма расугæй нæ медастæу кæрæдзей хæццæ фæххилæ ан, – сæ къохтæ ниввардтонцæ бафæрсæн протоколти бунмæ се 'ртæ дæр. Сæ сæрмæ 'й не 'рхастонцæ, æртæ лæгемæй сæ еунæг силгоймаг фæннадта, уой иской кæнун. Уингæ ба сæ неке фæккодта. Аслæмбегæй уæлдай гъæунги неке адтæй цъеуæзмæлæг дæр, уæхæн хори тъангки. Аслæмбег дæр уæдæй фæстæмæ æдас кæми адтæй Сæлимæтæй 'ма æ цъухбæл хуæстæй. Æхе дин нæмун кодта?!

Сæйгæдони дохтуртæ Аслани иуæхст усхъæ æ бунати исæвардтонцæ, сæхемæ рандæ 'й... Руслани сæри царискъуд бахудтонцæ. Сослани гæллеу гъос уотемæй дæр æ бунатмæ исхъелгæнгæй, ниссункитæ кодтонцæ. Сæрмагонд агъоди хурфи уогæй ин æй æ сæри хъалхъосмæ банихастонцæ рæстæгмæ. Дууæ къуæрей фæсте уони дæр сæ хæдзæрттæмæ рафинстонцæ.

Аслан æ кеми æрцудæй. Ниуæзтæ æ гъæлæси ке нæбал уодзæй, уобæл Дзулийнæ 'ма Сæлимæти рази устур ард бахуардта æ рохсагкаг фидæй. Æ хецау æма цехи косгутæй хатир ракоргæй, фæстæмæ æ раздæри кусти хъиамæт кæнун райдæдта. Уæдæй фæстæмæ 'й гъæуи цæргутæй, Сослан æма Руслани хæццæ еумæ уогæй, некæдбал неке фæууидта.

Сослан æма Руслани дæр, ка 'й зонуй, кæд сæ ниуазун нæ ниууагътонцæ, уæддæр сæ расугæй ба медгъæуи некæдбал неке æрæстæфтæй...

Амонди фарнæбæл карз тохи бацæугæй, Сæлимæт рамæлун нæ бауагъта, æ зæрди тæгтæй зæрбатуги астъони

хузæн ци рæсугъд уарзондзийнадæ фæббидта берæ æнзти æндæргъци, уой.

Анз дæр æнхæст нæма раевгъудæй сæ фудбæнтти фæстаг цаутæбæл, уотемæй Аслан æма Сæлимæтæн гъолахъи фæрдуги хузæн саухелæ – сау цæстæ, къæбæлдзугсæр бицщеу райгурдæй. Æ баба, Аслани фидæмæ гæсгæ ибæл Дигорухъ ном исæвардтонцæ. Æ бийнонти цард амонди фарнæй идзагæй ку фæууидта нæуæгæй Дзулийнæ, уæд бабæй æй, æ сæрмæ нæ рæсог цъæх арвæй, æ кæддæри зæрдæдарæн фæлмæн гъар хори тунтæ, æ уарзон мади бакастау, тавун райдæдтонцæ... Табу Хуцауæн!..

21.06.2021. Сурх-Дигорæ

## БУХГАЛТЕР ÆМА ЭКОНОМИСТ

Бола ’ма Къола сæ минкъийiæй ардæмæ, фæрсæй-фарсмæ лимæнæй, æнæ кæрæдзей батухсунгæнгæй, æнсувæрти цард фæккодтонцæ. Кæрæдзей еунæг бон ку нæ фæууиниуонцæ, уæддæр сæбæл катай бацæфсидæ, ци сæ еуебæл, ци се ’ннебæл. Хъурдохæн кæнун райдайгæй, сæхе усмæйусмæмæ рафæрсиуонцæ: – Гъо, кæми ’й аци лæг! Æндæмæ къелабæл рабадунмæ ауæхæн сатæги еу каст куд нæ ракæнуй? Циуавæр изæйрон куститæ кæнуй æ хæдзари, фонс дæр ку нæбал даруй, уæд? – Гъе уотæ исахур æнцæ дууæ синхон лæги кæрæдзебæл.

Æрæги иссæнцæ дууемæй дæр пенсиесгутæ, сæхе уорсрехæ курхонти æмрæнгъæ æрлæуунмæ цæттæбæл нимадтонцæ, сæхемæ гæсгæ. Уотæ сæмæ кастæй, цума царди медæгæ, сæ алли фæццей дæр раст æй, æ бунати, гъуддагбæл, æгъдау æма рæстæг куд амонунцæ, уотæ. Фал сæмæ лæмбунæгдæр æркæсгæй ба бафеппайун æмбалдæй, еу азум сæ къулумпи кæнун ке райдæдта, уой. Сæ раздæри раст цæлхвæдæй сæ фæснадмæ тъифтирикъугæнгæй, еухаттæй-иннемæ æвæсмонæй баефхæссидæ. Гъе уотæ федар сæбæл æрхуæстæй æ даргъ хъаурæгин циргъ дзæмбуйæй. Еухатт ба сæ, сæ билицортæ ци цитгин æма номдзудти рæнгъæмæ

хуардтонцæ, уордæмæ цæугæй, сæ фæстаг ампъезти размæ æруорæдта. Сæ къахидарæс син раласта ’ма сæ синдзæйдзаг будури бæгъæнбадæй фæууагъта...

Дууæ синхони уарзтонцæ еуæй-еухатт нанай цæстисугæй сæхе райгъæлдзæг кæнун изæрæрдæмæ, кæми сæ еуетæмæ, кæми ба се ’ннетæмæ.

Еу кæми адтæй, уоми, дууæ изæрей астæу, Бола Къоламæ колдуар бахуаста:

– Кæми дæ, Къола?

– Мæнæ сарай! Медæмæ рацо!

Бола бацудæй медæмæ ’ма æ синхони фарсмæ диванбæл æхе æруагъта, неци имæ исдзурдта, уотемæй.

– Ци кæнис, Бола? – рафарста æй Къола, – кæсун дæмæ æма цума дæ уæс дæ хурфи ниммардæй, уомæй игъаугидæр нæй дæ хузæ.

Бола æ усхъитæ æ бæрзæймæ исæлхъивта, уæдта сæ, æ цæсгон фæттар кæнгæй, фæстæмæ æруагъта.

«Цидæр бæллах ибæл ес», – æхецæн загъта Къола. Æ сæр батилдта, уæдта æ бийнойнагмæ фæдздзурдта: – Кæми дæ Дзумуллон! Иуазæг нæмæ ес! Нæ фингæ нин естæмæйти рарæвдзæ кæнæ! Куд фæууй, уотæ! Амонун дин нæ гъæуй!» Силгоймаг син уайтагъддæр рафингæ кодта ’ма фæстæмæ хæдзарæмæ бацудæй.

Лæгтæ еу фæйнæ цалдæри ку раниуазтонцæ, уæд фегъæлдзæгдæр æнцæ. Сæ ростæ ку басурхфазæ æнцæ, уæдта Болай æвзаг дæр райхалдæй. Дзорун райдæдта. Фергом æй:

– Хæдæгай, Къола, ци зæгъунмæ дæмæ æрбауадтæн, уой зонис?

– Ци ин зонун, – æ къох ибæл ракъуæрдта Къола, – исон мин æй зæгъдзæнæ. Нур ба бал, Хуцау дæ бон кæстæр искодта, ’ма дæ зæрдæ ’ма раходæд, уотемæй, фæйнæ арахъи рауадзæ.

Бола байдзаг кодта агувзитæ ’ма рафарста е ’нбали:

– Цæбæл баниуазæн нур ба? Ци раковæн?

– Лæгтæ нæ ан? Нæхе цæрæнбонбæл баниуазæн! Æхе ка нæ уарзуй, е ма инней ба кутемæй уарза гъæуама! Нæхе цæрæнбонбæл бал ниуазæн æнæ сайдтæй, уæдта иннетæмæ дæр хъæртдзинан!

Фæйнæ раниуазгæй бабæй Бола æхе бахатта Къоламæ:

– Уой дин зæгъунмæ гъавтон, минкъий раздæр, аци бон дæ уæс мæ дзæхæрамæ баервазтæй ’ма мæ дзæвгарæ базæран кодта. Дзорунмæ дæр нæ бæззуй, фал...

– Фал, ци зæгъунмæ гъавис, уой æргомæй, – æ сиутæ имæ фæссагъта æваст Къола, игъосгæ дæр имæ кæронмæ нæ бакодта, уотемæй, – Берæ дæ базæран кодта мæ уæс?

– Нартихуар æрæги искастæй. Адæймаги ронбастæй бæрзонддæр нæма ’й. Еу инсæййей бæрцæ си бахуардта. Къумбули æвзурæгкæгтæбæл дæр дзæбæх фæххаттæй...

– Инсæй нартихуарей фæдбæл мæмæ æрбацудтæ? Хилæ кæнунмæ? – е ’нгулдзæ телгæй, Къола Боламæ бавзиста, – неке ймæ кæсуй амæ! Инсæй нартихуари дæлæмæдæр-уæлæмæдæр æгъзалдæй къибилайдзагæй фулдæр нæ ’нцæ, – æ уосæмæ фæдздзурдта, – рацæуай еу минкъий рæстæг ардæмæ, Дзумуллон! Силгоймаг рацудæй ’ма бафарста æ лæги:

– Ци кæнис, ци нæбæл æрцудæй? Цæмæн уотæ тухдзурд кæнис?

Къола Боламæ амонгæй, загъта:

– Мæнæ амæн гоморийæй еу тæскъидзаг нартихуар рахæссай ардæмæ.

Дзумуллон син сæ разæй ревæд графинæ исиста ма ’й еу усми фæсте идзагæй фæстæмæ сæ размæ æрæвардта.

– Боцикъай ма ци адтæй, уой уин æд бунтæй рауагътон, – загъта силгоймаг тузмæгæй, – ци ин кæнетæ, е уæхе барæ. Исонæй фæстæмæ ба ма уи ниуæзти кой кæмæй фегъосон, уомæн додой æ къона кæндзæнæй! – æ тумбул къох сæмæ бавдиста, гириз нæ кæнун, зæгъгæ, ’ма сæ сæхе евгед ниуагъта.

– Нур ма изæригон нартихуарæй кæнгæ ба ци кæнис, – Боламæ бабæй фæцæй Къола, – исон дин æй мæхуæдæг фæххæссæнæн.

– Ниммæ уадзай, дæ Хуцауи хатирæй! – истæвдæ ’й Бола дæр, – кæд дæмæ нартихуаргор не ’рцудтæн! Еу хупп ку ’скæнис, уæд дзурди барæ иннетæн цæмæннæбал фæддæттис?..

– Нæ-н-нæ! Раст нæ дæ, Бола, – дзорун бабæй æй нæ бауагъта Къола. – Æрбайгъосай ардæмæ. Ду ами цалдæр дзелкъорей хабар кæнис, фал уой ба зонис æма дæ кæркитæ нур æнæгъæнæ анз мæ кæркдонæмæ зайунмæ цæунцæ! Æз дæмæ уой фæдбæл ескæд фæццудтæн лæбурди? Раст

зæгъай! Некæд! Уæдта цæугæ дæр нæ фæккæндзæнæн! Дæ зæрди къуми дæр ма 'рæфтуйæд! – Бола имæ неци исдзурдта. Еу арахъ бабæй баниуазта. Искомидзаг кодта. Æ комидзаг æууелгæй ма ибæл еу усмæ ку рацудæй, уæдта ин сабур гъæлæсиуагæй дзорун райдæдта:

– Еу карк анзмæ рæстæмбес нимадæй зайуй дууæ сæди дæс æма дууинсæй айкемæ хæстæг. Еу айкæ нæ базари кæнуй еу туман.

Мæ фондз карки дин анзмæ зайунцæ мин, дууæ сæди, дæс æма дууинсæй айки. Уотемæй дин дууадæс мини 'ма фондз сæдæ соми кæдзос æфтуйæгкæгтæ дæттунцæ мæ кæркитæ. Ци цæсгонæй мæмæ гъæуама æрбалæборай? Дууадæс мини ма ми æрдæг дарис, уой дин ме 'нæгиризæй зæгъун, Къола, – идзулдæй, уотемæй бабæй еу баниуазта Бола.

Болай бафæнзгæй, Къола дæр æ фæсте нæ райзадæй. Раниуазта, æ дусмæ æ сурх фиййæй дзæбæх исæсмуститæ кодта комидзаги бæсти. Е 'нгулдзæй бабæй уæдта æвзедунбæл фæцæй Боламæ:

– Дууадæс мини ма дæ æрдæг гъæуй!? Дæ дзиппæ урухдæр дарæ, мæ лимæн! Ци радзурдтай, етæ экономисти хабæрттæ æнцæ. Нур ба байгъосæ, бухгалтер дин ци зæгъдзæнæй, уомæ! Еу карк дæс бонемæ хуæруй еу килæ нартихуар. Мæйæмæ æртæ кили. Фондз карки ба финддæс кили. Анзмæ цуппар голлаги. Æртæ мини ма дууæ сæдæ сомей аргъ. Уотемæй ма дæ дууадæс мини ма æрдæгæй райззадæй фараст мини 'ма æртæ сæдæ соми, − Цума ин фенцондæр æй, уотæ банкъардта æхе Къола, 'ма бабæй еу фелхъивта нанай цæстисугæй. Æ бакомкоммæ фемдзаст æй фарсбæл ауигъд, æ кæддæри кусти нимайæнтæмæ.

Раистадæй. Киудтитæгæнгæ сæмæ бацудæй 'ма сæ æриста. Фæстæмæ æ бунати исбадтæй. Нимайæнтæ æ размæ æрæвæргæй син еу усмæ сæ къæбæлтæ фæрракъипп-бакъипп кодта, уæдта дууæ агувземи арахъ рауагъта 'ма дзоруй Боламæ:

– Баниуазæ, мæ лимæн, – æ нимайæнтæмæ æ къохæй баамудта, – æз ба ма дин де 'ннæ ихæстæ дæр ранимайон тагъд-тагъдæй. Фæйнæ баниуазтонцæ сæ дууæ дæр.

– Дæ кæркитæмæ дин æнæгъæнæ анз фæззилдтæн. Фæссæ гъуд кодтон. Бонæ син дууæ хатти хуæруйнаг, дон лæвард-

тон. Кæркдони син сæ фагус хафтон. Е ба куст хуннуй. Лæги куст. Уæрæсей ба кустæн тæккæ ниллæгдæр улупа искодтонцæ, дæхуæдæг æй зонис, еуæндæс мини 'ма дууæ сæдæ соми, – æ нимайæнти къæбæлтæ е 'нгулдзæй галеуæрдæмæ æрбакъипп кодта, – е дин уотæ, дугусси! Нур ба лæмбунæгдæр æркæсæн аци хабармæ. Раст зæгъгæй, фондз каркемæн æнхæст «ставкæ» некæми бафеддзæнæнцæ лæгæн. «Ставки» æмбес дæр зинтæй. Еу «ставки» æмбеси æрдæг ба ниллæгдæргæнæн нæбал æмбæлуй, – е 'нгулдзæй бабæй бавзиста Боламæ, – лæдæрис мæ! Экономист «хренов»!

– Лæдæрун, лæдæрун, – фал мæ æфхуæргæ ба ма кæнæ! Уой бæрцæ ди неци агорун, 'ма дæ цъухи дзурд лæдæрæ, кæд дæ мæрдти тог нæ баниуазтай. Фæлхæрст! – Дууæ агувзи бабæй арахъæй се 'мбестæмæ ракодта 'ма си еуей Къоламæ равардта, – фæйдæлæсуйнæ кæнæ, алкаш! Ку раниуазтонцæ, уæд бухгалтер æ нимайæни къæбæлтæ кæронбæттæни къипп-къипп кæнунмæ фæййагайдта.

– «Ставки» цуппæрæймаг хай райсгæй мæмæ, анз дин дæ кæркитæ ке фæгъгъуд кодтон, уомæй уайуй æртиндæс æма инсæй мини, уæдта ма 500 соми, – нимайæни къæбæлтæ æрбакъипп кодта, æ еу цæстæ æрдæгæлхъивд æркæнгæй. – Уонæй рагæлдздзинан, æйкити аргъæй ма ци къапеккитæ райзадæй, уони, – нимайæни къæбæлти къипп-къипп бабæй иссудæй, – 'ма мæмæ кæдзосæй рагæпп кодта, фæууинæ 'й дæхуæдæг, – фæстаг къипп ма фæццудæй, – цуппар æмæ инсæй мини, никки ма дууæ сæдæ соми, уæлæнхасæн! Ниссæгъуди кæнæ 'ма ди ма феронх уæд, уойбæрцæ ихæс ми ке дарис, е! Исон сæумæ ба райони прокуратурæмæ цæун 'ма дæ судмæ бадæттун ес мæ зæрди, – е 'нгулдзæй ма фæстаг æвзист фæккодта Къола æ синхонмæ, уотемæй стъолбæл æрфунæй æй 'ма уайтагъддæр æ хур-хур иссудæй.

– Хуæнхаг къада куройнæ дæр дæу бæрцæ нæ лæхоруй, Къола, – æ къох ибæл ракъуæрдта Бола, – исон мæмæ прокурори хæццæ фæззиннæ 'ма дæбæл мæ хæдзарæ дæр ниффинсун кæндзæнæн, кæд естæмæй бафсæдисæ, фахъæра! – Графини ма ци цумд адтæй, уой рауагъта, 'ма 'й еци-еу хупп ракодта. Арæхстгай финги уæлгъосæй раистадæй. Кеутæ-меутæй гъæунгæмæ рахизтæй. Куд нæ рахаудтайдæ, уобæл архайгæй, дууæ хæдзарей астæу агоридорæй амад горенбæл æ

къохтæй æнцойнæгæнгити сæхе уæнгæ исхъæрттæй еу усми фæсте. Берæ рæстæг фæййархайдта дуар байгон кæнунбæл. Е ин ку бантæстæй, уæдта медæмæ бацудæй...

Берæ нæ рахаста сæ хилæ дууæ синхонемæн. Уæдта син фиццаг хатт дæр н' адтæй. Цæбæл æма цæй туххæй фæббуцæу æнцæ, уой бабæй сæумæ ку æрæрвонг æнцæ сæ ниуæзтæй, уæд гъуди дæр нæбал кодтонцæ.

Аци æнæхаири карз ниуæзтæ, зæнхи цъарæбæл берæ адæнихæттитæ дæлуймæнтти хуаллаг ке хонунцæ, е бабæй сæ цубур рæстæгмæ еу фингæбæл фæййеу кодта кæрæдзей хæццæ 'ма бабæй къурццæй ниуазтонцæ...

Сæ нивæн бал сæ дууей дæр не 'Скæнæг Устур Хуцау уæззау фидбилиз æрцæунæй гъæуай кæнуй, цæмæй си еске уæхæн асхъуд бони æ ниуæзти зæрдтæй æ кæрдбадзæй ма исласа æ сау мастесæн, циргъинсад, фиддæлтиккон разагъди хъæма. Алке дæр ни гъæуама алкæддæр, æ къохмæ арахъæйдзаг синон райсгæй, макæддæр макæми иронх кæна нæ рагфиддæлти курухон æмбесонд: «Карз ниуæзтæ æ кæнæгæн дæр нæ хатир кæнуй!»

*15.06.2021, Сурх-Дигорæ*

## ЙА УÆУУÆЙ, ИРÆ!..

Аллæ æма Беллæ, дууæ хуæрей цæуæт уогæй, синхонтæ 'ма æмгæрттæ адтæнцæ. Скъоламæ дæр еу къласмæ цудæнцæ. Сæ минкъиййæй фæстæмæ, æмвæрстæ цæргæй, сæ кæрæдзебæл фазæнтти хузæн исахур æнцæ. Кæми си кæбæл ке хæдзари байзæр уидæ, уоми æхсæвеуатæй байзаидæ. Уотемæй æстæймæгтæ каст фæцæнцæ сæ гъæуи скъолай.

Æнæ косгæй, æнæ сорхед ракæлгæй, лæвар ке некæми неци ес, уой ка нæ зонуй? Фал уæддæр алли дзамани дæр адæймагæн горæти æнцондæр цæрæн адтæй. Лæги бон си равзарун уидæ æ зæрдæмæцæугæ куст.

Уомæ гæсгæ еу усми Алли бийнонтæ сæ цæрæн бунат гъæуæй горæтмæ раййивтонцæ. Уобæл дууæ анзи рацудæй. Кизгуттæ дууемæй дæр скъола каст фæуугæй, уæлдæр

ахурдзийнадæ райсунмæ, университетмæ бацудæнцæ. Алли мадæ æ хуæри кизги æмдзæрæнмæ нæ рауагъта цæрунмæ. Сæ фадуæттæ амудтонцæ, ’ма хæдзари дууæ кизгемæн хецæн уат лæвæрд æрцудæй. Фондз анзи кизгуттæ, цалдингæмæ диплломтæ райстонцæ, уæдмæ бабæй еумæ фæцæнцæ...

Аллæ æ амонд иссирдта, æхе хузæн ахургæнæгæй косæг горæттаг лæхъуæни хæццæ, æма се ’дарддæри царди фæрсæй-фарсмæ кустонцæ еци-еу скъолай.

Беллæ лæгмæ æрцудæй сæ синхаг гъæумæ. Æхецæн æй царди ’мбалæн баагурдта гъæуи гъæздугдæр хæдзари хецау, райони æнтæстгиндæр фермер Будзула. Дууæ анземæ син кизгæ æма биццеу райгурдæй. Уомæй ма анз фæстæдæр ба Аллæн дæр биццеу исæнтæстæй. Уæдæй фæстæмæ сæ кæрæдзебæл ефстагæй-ефстагмæ æмбæлун райдæдтонцæ. Фæстаг хатт ма исæмбалдæнцæ горæти, ресторани, Аллæ ’ма Юрикки еунæг фурт Мухарбеги киндзæхсæвæри...

Уобæл æртæ анзи рацудæй. Дууæ хуæри кæрæдзей хæццæ нæуæгæй фæййеу æнцæ сæ сæрддон уолæфæн мæйти рæстæги, горæти, ахургæнгути дæснидзийнадæ фæббæрзонддæргæнæн курсити уогæй, хуæрæндони рæфтадбæл. Хъæбæр бацийнæ кодтонцæ кæрæдзебæл.

– Кæд ами дæ ду дæр, Беллæ, курсити, уæд дин нæхемæ æнæ цæуæн нæййес нæ лекцити фæсте. Фусун æййевун хуарз гъуддаг нæй, уой ду дæр мæнæй лæгъуздæр нæ зонис.

– Е уотæ æй, Аллæ, – æ сæр батилдта Беллæ, – фал нæхуæдтæ дæр ами, горæти, уартæ «Викалини» базари размæ балхæдтан хæдзарæ, ’ма уоми фæуун.

– Мадта æз ба куд нæ зонун еци хабар? Мæнæ ’й гъенур игъосун, Беллæ, – дес кодта Аллæ, – æндæр ба уæ айфонгæмæ æнæрабæрæг гæнгæ нæ фæцайнæ!

Беллæ байдзулдæй, уотемæй загъта:

– Æууæндун дæбæл Аллæ, фал ами гъуддаг... Куд дин æй хуæздæр балæдæрун кæнон... Нæхуæдтæ ма гъæуи, – нихъун-нихъун кодта Беллæ, – нæ нæуæг хæдзари ба кизгæ ’ма нæ сиахс фæуунцæ... Рæстæгмæ... Нæ лæги дæр, Ацæмæзи дæр хæзна нæфæндгæгомау кæнуй горæтмæ. Гъе уæхæн хабæрттæ.

– Нæ кæси, Беллæ, куд цæрунцæ уæ кæстæртæ ба? Ирæ дæр æма Ацæмæз дæр сæ царди ’нбæлтти хæццæ? Дзæбæх

ænцæ? Фæдонтæ фæммадзал кæнун сæ зæрди нецима æф-туйуй?

– Куд дин æй зæгъон, Аллæ, – Белли цæсгон фæйййирддæр æй, – Ирæн бæргæ неци ’й. Хъæбæр хуарз лæги къохтæмæ бахаудтæй. Цидæриддæр зæгъа кизгæ, уобæл ин дууæ нæ зæгъуй. Сугъзæрийнæ ’й гъæуа – дзурд дæр ибæл нæййес! Кæрцæ ’й гъæуа – экзотикон цæрæгойти царæй! Курортмæ фæццæун æй бафæндæуа – Дубай æма Египетмæ! Биндзæ бабадун дæр ибæл нæ уадзуй Вахтанг. Гъе уæхæн æй нæ сиахс, уой зонис!

– Косгæ дæр, æвæдзи, хуарз рауæни кæнуй? Кæд уæхæн джигит лæг æй, уæд?

– Нæхемæ косуй, нæ лæгмæ. Ами нин горæти хурфи фæл-варæй ардæмæ еу къуар тукани ес. Базари ба ма цидæр скълад. Гъе ма ’й нæ лæг уони сæргъи ниввардта. Æ цæстæ сæмæ хуарз даруй Вахтанг. Косуй, ци æ бон æй, уомæй.

– Ирæ ба?

– Ирæ ба ци? Уæхæн лæги уосæн хæдзари минкъий кус-тæгтæ ес? Хъæппæл æхснунæй, хуæруйнаг кæнунæй, æф-снайунæй!?

– Раст зæгъис уомæй дæр, Беллæ, – æ хæццæ, кæд ду-зæрдуг кодта, уæддæр æ сæр аразий тилд бакодта Аллæ, уотемæй ма ’й рафарста, – Ацæмæз æма дæ киндзæ ба цитæ архайунцæ?

– Ацæмæз еуæй-еу хатт кусти раййевуй æ фиди. Фал æх-цай гъуддæгтæ ба æгасæйдæр Вахтанги къохти ænцæ. Уомæ гæсгæ ба имæ неци уоййасæ кæдзос капекк хауй. Нæ лæг дæр æй, – æхцайæй кæнгæ ци кæнис, – зæгъгæ, бафæрсуй ’ма ’йбæл æ къох ракъуæруй: машинæ дæмæ ес, хуæруйнаг, даруйнаггъæуагæ нæ дæ. ’Ма уæдта Ацæмæз дæр тингун кæ-нун райдайуй. Е ба уомæн, æма æ уосæ, мæ киндзæ Аминæ ка æй, е æцæг гъæууон берæгъ æй – берæгъ. Мæ бицциеуи фид мин бахуардта, æ тог ба ин дони ниуæзт бакодта! Бицце-умæ капекк некæцирдигæй хауй, уой зонгæй имæ ниллæууй: «Ирæн ку ес сугъзæрийнæй фæтæн конд хъурбæлдаргæ рæ-хистæ. Налмас-налхъут дорти хæццæ къохдарæнтæ, уæд еу-хатт мæнæн уæхæнттæ цæмæннæ балхæнис! Ирæн, æхсæр-сæттæг æма сибийраг сæлаури цæрттæй кæрцитæ уогæй, мæнæн еу хатт еу тæрхъоси царæй худ кæрцæ цæмæннæ

балхæнис! Уой алли анз дæр фæсарæнти уолæфæндæнттæмæ ку æрвететæ, уæд мæн ба еу хатт уæддæр, Железноводскмæ, мæ ахсæни нез æрдзæбæх кæнунмæ цæмæннæ æрвететæ!» Гъе уотæ ’й хуæруй æма хуæруй. Æз æма дæу хузæн, Аллæ, – æ къохтæ телун райдæдта, уотемæй æ киндзи идарддæр фаудта Беллæ, – мæ киндзæ дæр каст фæцæй университет. Косуй гъæуи культури Галауани директорæй. Ка ’й нæ уадзуй, æхца есуй, æрæмбурд кæнæд ’ма ’й ци гъæуй, уой балхæнæд. Уæдта, кæд Китаййи дохтуртæмæ цæуй, уæддæр æй барæ ес! – æ къох ракъуæрдта, – уогæ Ацæмæзæн æхе фуд æй! Уой бæрцæ замманай кизгуттæй дæ барæ уогæй, еци гъæууон берæгъи баагорæ дæхецæн бийнойнагæн! Æнæсæр, æнæсæр миуæ бакодта!

«Æхе кизги фудкой дин ка ракæндзæй, – æхемеднимæр, – загъта æхецæн Аллæ, – алли дзамани дæр алкæддæр адæймаги уодмæ кæрцæй хæдонæ хæстæгдæр адтæй!..»

Царди уаги талингæдæр къумти æрзелгæй, дууæ хуæремæн сæ дзубандий сæр бæрзондæй-бæрзонддæргæнгæ цудæй. Æ тæбæгъмæ си æвналгæ дæр неке æркодта, ræфтадафонæ ба фæуунтæмæ æрхæстæг æй.

Сæ фарсмæ ци æригон силгоймаг бадтæй, е хуæрд фæцæй. Раистадæй ’ма буфетти æртæ уазалгонд «Эскимотæ» балхæдта. Еу æхецæн, иннæ дууей ба хуæрти размæ æрæвардта стъолбæл.

– Табуафси, – загъта силгоймаг, – райсетæ ’ма уæ комтæ расатæг кæнетæ.

– Ка æй аци дзæбæх кизгæ ба, Аллæ, – æ кæсæнцæститæ фелваста Беллæ ’ма æдзинæг каст кодта уазалгæндтæ æрбахæссæгмæ.

– Е ба мæ кизгæ! Мæ дзæбæх бæдолæ! Мæ сугъзæрийнæ ’ма мæ уод гъардарæг кæрцæ! Мæ царди хуæздæр санатори! – дзуапп ин равардта Беллæ. Æхе кизгæмæ бакъолæгæнгæй æй æ хъури ниттухта, – мæ киндзæ ’й! Мухарбеги бийнойнаг. Еумæ ан ами, курсити! Зæнхицъарæбæл ци киндзитæ ес, уонæн се ’гасей хуæздæр!

– Ой! Нана, ду си ку нæ зæгъай, – нифсæрмитæ æй кизгæ.

– Цæмæннæ ба зæгъон! Зæгъун æй, куд æй, уотæ, – æ сæрбæл бæрзонд исхуæстæй Аллæ.

– Аллайаг фæддæн! – æ бунатæй раистадæй Беллæ ’ма æ

хуæри киндзи æ хъури ракодта, – устур хатир мин никкæнæ, Иветæ! Нæбал дæ базудтон! Мæнæ дессаг!

– Беллæ, Ивети еунæг хатт фæууидтай, – загъта Аллæ, – æ киндзæхсæвæри бони. Уæдæй ардæмæ рæстæгутæ рацудæй, 'ма ’й ке нæбал бафæсмардтай, уоми дессагæй неци ес, – баходæзмолæгæнгæй, е ’нгулдзæй æнæбæрæг рауæнæрдæмæ уайдзæфи æвзист кодта. – Дессаг е æй, ’ма кæрæдземæ ке нæбал цæуæн, нæ хуæст ке ’суагътан кæрæдзебæл, хеуон уогæй, е! Дæс-инсæй анзи ма ку рацæуа, нур куд хæссæн нæ царди уаг, уæдта ма ни ка ке бафæсмæрдзæнæй? Е, дессаг е æй!

– Раст зæгъис, – æ хæццæ исарази æй Беллæ. Еци усми æ телефон нидздзæнгæрæг ласта ’ма ’й æ гъосмæ бахæстæг кодта. Куд фулдæр рæстæг имæ игъуста, уотæ æ цæсгон тардæргæнгæ цудæй. Фæстагмæ ба æвзалухузæ райста. Æ къелабæл исбадтæй. Телефон æ къохæй стъолмæ, æ хуæруйнаги тæбæгъмæ æрхаудтæй. Æ сæрбæл ниххуæстæй æ къохтæй. Иветæ ин крантæй уазал дон æрбадавта ’ма ин си рахуппитæ кæнун кодта. Адæн сæбæл æрбамбурд æнцæ. Кадæр ин си зæрди хуасæ дæр баниуазун кодта ’ма ин еуминкъий фенцондæр æй. Е ’нгулдзитæй æ тæнуадæлтти цар сабургай тонун райдæдта.

– Ци ракодтай, Беллæ! Ци дæбæл æрцудæй! – фæттарстæй Аллæ. – Тагъд æнхуси дохтуртæмæ дин бадзорон!

– Нæ гъæуй, – æ сæр батилдта Беллæ, – нæ лæг мæмæ æрбадзурдта, – æнæбари идзулд кодта, – Вахтанг... Вахтанг... еу цалдæр боней размæ фесавдæй, раст ин цума зæнхæ ниттудта æд хуæдтолгæ. Ку нæ зиндтæй, уæд Будзула полицæн балæдæрун кодта гъуддаг. Иннæ бон изæрæй ин участокки инспектор фегъосун кодта, Гуларбекошвили Вахтанг Давиди фурт æртæ суткей размæ Уæллаг Ларси таможнибæл æ хуæдтолгæ «Мазди» Уæрæсейæй Гурдзистонмæ бахизтæй æхсæнбæл... Сæумæй абони æз ардæмæ рацудтæн. Уой фæсте Ирæмæ риэлтортæ фæззиндтæнцæ, хæдзарæ, дан, сумах нæбал æй ’ма ’й исуæгъдæ кæнетæ. Гæгъæдитæ нотариусæй рæвдзæгонд æнцæ. Æркæсæ сæмæ. Ирæ æрдеуагæгæнгæй æ фидæн гъуддаг фегъосун кодта... Æрæги нæ лæг нæуæг тиллæгæрзади харзмæ дууадæс милиуани райста æхцай кредит «Гъæууонхæдзаради банккæй». Нæхемæ сæ æ

кабинети сейфи дардта. Ку байгон кодта сейф, уæд си капекк дæр нæбал иссирдта. Еума банкки дæр нин нæхе «ячейки» сæдæ мини евритæ, сæдæ мини ба доллæртæ адтæй. Уони дæр расæрфта. Гурдзий хæццæ куд цæрæн а-фæстаг дзамæнтти, уой ба не 'гас дæр зонæн. Агорæ дунгæ будури! Йеуæууæй, Ирæ, ци куст нин бакодтай!

23.06.2021, Сурх-Дигорæ

## ЛЕДЗГÆ, КЪУССУМÆ!..

Батраз, сæумæ кустмæ цæугæй, æ синхон Тотрази, сæ размæ æнкъардæй, къелабæл бадгæй баййафта 'ма ин салам равардта:

– Дæ сæумæ хуарз!

– Ке сæумæ 'й, уой хуарзæнхæ дæ уæд, Батраз! – æ бунатæй ин фестадæй Тотраз.

– Бадæ-бадæ! – æ къох ин райста Батраз 'ма имæ лæмбунæгдæр бакастæй. – Ци кæнис? Дæ хузæ мæмæ хуарз нæ кæсуй!

– Лæгъуз хабар, Батраз!

– Гъо-ма! Куд лæгъуз? Дзоргæ кæнай!

Къелабæл фæрсæй-фæрсмæ исбадтæнцæ, 'ма Тотраз, æ тамаку исасодзгæй, дзоруй Батразмæ:

– Мæ лимæн Сабази нæ зонис? Гъуди æй кæндзæнæ... Киристонгъæугкаг... Ардæмæ дæр арæх фæззиннуй æ бæхуæрдунбæл?

– А-а! Сабази ба куд нæ гъуди кæнун. Зонун æй.

– Исон бийнонти гъуддаг кæнуй, 'ма мæмæ уомæй хабар ес киндзæхсæвæрмæ.

– 'Ма уобæл æй дæ тухст? Киндзæхсæвæрæй хуæздæр гъуддаг ба ма цийййес нæ Дигори?! Кæд дæмæ нисайнаги капекк нæййес, уæд дин æз февæрдзæнæн, – æ кисæй мин соми фелваста 'ма сæ Тотразмæ бадаргъ кодта. – Райсæ, равгæ ку фæууа, уæдта мин сæ ратдзæнæ.

– Нæ лæдæрис, Батраз, гъуддаг цæй медæгæ æй, уой, – æ къох ракъуæрдта Тотраз.

– Дзорай, игъосун дæмæ, – деси бафтудæй Батраз.

– Мæ уосæ Кафети мин коруй Сабаз, уой лæдæри?

– Царди ци нæ гъуддаг æрцæуй! Уæлдайдæр ба а-фæстаг рæстæги! Фæццо 'ма дæхе дзæбæх фæууинæ. Адæнмæ дæр æркæсæ, æндæр ба нур æнæгъæнæ анз мæнæ ами дæ къелабæл еунæгæй «куркули» бадт кæнис!

– Нæ-æ! Уæддæр мæ нæ лæдæрис! – æ сæр бабæй телунбæл фæцæй Тотраз. – Ами, Батраз, бæрзонддæр къæпхæнтæбæл æвæрд рагон хабæрттæ ес! Лæдæрис мæ?!

– Цæбæл нæ лæдæрис, нæ лæдæрис кæнис! – рамæстгун æй Батраз. – Кæд дин Архимеди формулæ нæй!

– Игъосгæ кæнай ардæмæ, Архимед, æма балæдæрæ, гъуддаг цæй медæгæ æй, уой! Кафети ку ракурдтон æз, уæд ма уой размæ лæгмæ адтæй. Мæн хæццæ фарæ зумæги ку рахецæн æй, уæдæй ардæмæ ба ма дууæ хатти æрцудæй лæгмæ. Нур Кафетæ æрæги рахецæн æй æ цуппæрæймаг лæгæй 'ма фæндзæймаг хатт цæуй лæгмæ! Фæндзæймаг хатт!

– Хуцауи бунмæ ан не 'гас дæр. Кæбæл ци æрцæуудзæнæй, ке ни ци хезуй, уой, уомæй уæлдай ка зонуй. Ескæбæл ходун, еске фудкой кæнун хæрандзийнадæ æй лæгæн æ царди.

– Уæддæр бабæй мæ нæ лæдæрис! Кафети фæндзæймаг лæг ка исуодзæнæй дæумæ гæсгæ, Батраз?!

– Дæ лимæн Сабаз, куд уинæн, уотемæй, – дзуапп ин равардта Батраз.

– Гъенур æй еу минкъий гæмæрзæ кæнун райдæдтай, – фегъæлдзæгдæр æй Тотраз, – фал Кафетæн æ фиццаг лæг ба ка адтæй, уой ба зонис?

– Нæ-æ, – æ сæр батилдта Батраз.

– Ка-фе-ти фиц-цаг лæг ад-тæй, – ахургæнæг, райдайгæ скъоладзауæн гъудиадæ хæйттæгондæй куд фæййамонуй, уоййау нийвæзæнтæ æй Тотраз, – мæ киристонгъæугкаг лимæн, Са-баз! Кафетæ 'ма Сабаз æдеугурæй анзи 'рдæг рацардæнцæ еумæ, уæдта рахецæн æнцæ. Уой фæсте ба мæн къохмæ æрбафтудæй. 'Ма æз ба æ дуккаг лæг исдæн. Бæргæ ма 'й фæстæмæ æхемæ худта Сабаз, иссæуидæ ардæмæ дæр, фал ин нæбал исарази æй Кафетæ.

Куд уинæн, уотемæй бабæй Кафетæ нур æ лæгмæцæуни гъуддæгти даргъ надæн æ дуккаг зилди райдайæни, федар къах æрæвæргæй, «рæзгон» есун райдæдта, – æ сæр ранихта æ фур катаййæй Тотраз 'ма нæуæг тамаку æ гъæлæси

бакодта, – исонбони æ фиццаг лæгмæ!.. Иннæ бон, æ дуккаг лæг уогæй бабæй мæмæ нæуæгæй еума хатт ци Хуцауи устур фидбилиз æрбахæстæг кæнуй, уой балæдæрдтæ, Архимед?! Æви нæ?!

Батраз æ дууæ къохемæй æ сæрбæл ниххуæстæй, арф гъудити цади ниххаугæй. Æ тухуолæфт иссудæй, уотемæй æ къæхти бунмæ зæнхæмæ цидæр æнахур каст кодта.

– Гъæйдæ, ци зæгъдзæнæ, Архимед? – еу усми фæсте æй рафарста Тотраз. – Фунæй ниддæ?!

– Æ дæ хуæздæри фæууинай 'ма дæ бундор низзела, Тотраз! – æ бунатæй рагæпп ласта Батраз 'ма е 'нгулдзæй хуæнхтæрдæмæ раамудта. – Ледзгæ, Тотраз, ледзгæ! Къуссумæ дæ мади 'рваддæлтæмæ! Æфснайæ тагъддæр дæ сæр! Куд нæбал дæ иссера аци хатт, уотæ!

21.06.2021, Сурх-Дигорæ

## ДÆ ХÆЦЦÆ 'Й ЛАССÆНÆ...

Сослæбегæн æ цийнæйдзаг цæсгони уагæ цалдæр бони æхе нæма райййивта фæмминкъийдæрун æрдæмæ. Æ фийййи буни, æхецæн цидæртæ мур-мургæнгæй, сæумæй изæрмæ идзулдæй æма идзулдæй. Раст ин цума банкбæл еске цалдæр милиуан соми ниввардта æ номбæл, уойййау.

Æ кизгæ Бабулийнæ ин берæ рæстæг фæддес кодта æ еци уагæбæл. Еу усми ба нæбал ниббухстæй 'ма ин зæгъуй:

– Баба, хатир корун, фал цума нур æнæгъæнæ къуæре нæ хор æма нæ мæйæ арвбæл нæбал æнцæ, фал дæу цæсгонбæл, уотæ мæмæ цæмæдæр гæсгæ кæсун райдæдта. Зæгъай мин æй, дæ Хуцауи хатирæй, раст дæн æви нæ? Ци бæллах дæбæл æрцудæй?

– Раст дæ, раст, кизгæ, – æ сæр æ медбилти ходгæй, батилдта Сослæмбег, – дæ хуæрзæнгорæгкаг ба мæн уæд! Аузбийййи хæццæ Геуæргибонæй ардæмæ дзурдгонд ан, 'ма нæмæ аци изæр мийнæвæрттæ æрбарветдзæнæй. Уобæл æй еуæрдиги мæ цийни сæр. Иннердигæй ба нæ хатун, æнæ дæу зæрдиуаг зонгæй син циуавæр дзуапп дæтгæ уодзæнæй, уой.

Кизгæ нифсæрмитæ æй. Æ ростæ зингæ сурх радардтонцæ, уотемæй, æ къæхти бунмæ зæнхæмæ кæсгæй, загъта:

– Баба, Хуцауизæр æй ’ма ин табу уæд! Аузбиййи хæццæ ци зæрдихатт дарæн кæрæдземæ, е дин рагæйдæр зундгонд æй. Лæгтийзæдбæл бафæдзæхсгæй нæ не ’Сфæлдесæги иуазæг бакæнæ.

Сослæмбег байдзулдæй ’ма æ кизгæмæ е ’нгулдзæй бавзедгæй, загъта:

– Алкæддæр мин мæ фæлмæн зæрдихаттæй пайда ке фæккæнис, уой æнæ лæдæргæ нæ фæуун. Нур дæр бабæй æй зонун, фал дæ нихмæ нæ дæн. Хуарз лæхъуæн æй Аузбий. Кæрæдзей рагæй зонетæ. Æ фиди хæццæ ба нури уæнгæ дæр лимæнæй цæрæн. Уомæ гæсгæ ба мин сæ хæццæ æнæ исарази ун ци мадзал ес? Гъо, – зæгъунæй уæлдай – неци. Уотæ мæмæ растдæр кæсуй.

– Раст зæгъис, Баба, – æ сæр батилдта Бабулинæ, – фал ма ами еу устур гъуддаг ес ма мæ е дæр хъæбæр тухсун кæнуй.

– Зæгъай мин æй, фæййаразæн ци гъуддагæн нæййес, е ци уодзæнæй?

– Мами хæццæ куд рахецæн уодзæнæн, Баба, – искудтæй Бабулийнæ хæкъурццæй.

Сослæмбег æ бецъотæ еуæрдæмæ-иннердæмæ радауæбадауæ ракодта. Бабулийни усхъæбæл æ къох æрæвардта, уотемæй æй æрсабур кæнунбæл архайдта. Кизги тъифсун ку фæккарздæр æй, уæдта ин, æ медбилти нихходгæй, загъта:

– Еци гъуддагбæл, кизгæ, Хуцау, Зæнхæй дин ард хуæрун, тухсгæ дæр ма кæнæ! Дæ хæццæ ’й лассæнæ дæ нæуæг хæдзарæмæ!..

*Июнь, 2021, Сурх-Дигорæ*

## УАСÆНГÆЙ ЛÆГЪУЗДÆР НÆ!..

Дууæ синхони, Салат æмæ Болат, сæ тæккæ дзамани лæгтæ адтæнцæ. Куд фæззæгъæн, уотæ, – гъæйт-лæгтæ!

Еу сæумæ сæ листфонс, гъæуи фæстегъæ хезнæмæ раскъæргæй, кæрæдземæн салам ратгæй, дзорун райдæдтонцæ царди алли хузи фæззелæнти уагæбæл. Нæ феронх æнцæ гъæуи фæстаг хабæрттæ дæр. Фæстæмæ цæугæй, гъæумæ

сæ берæ нæбал гъудæй, уотемæй, Салат æвеппайди дзоруй æ синхонмæ:

– Болат, хатир бакæнæ, фал дæ рагæй дæр цæбæл бафæрсунмæ фæгъгъавун, уой зонис?

– Нæ-æ, – æ сæр батилдта Болат.

– Дессаг мæмæ кæсуй, Болат, дессаг! Сæумæцъæхи, хор дæр нæма искæсуй, уотемæй дæ уасæнгæ дæ кæркдони æ дессаги зартæ кæнунæй алли бон уæгæ дæр куд нæ кæнуй. Е дæумæ ба дессаг нæ кæсуй?

Болат æрлæудтæй ’ма ходунбæл фæцæй. Æ синхони усхъæ æ армитъæпæнæй æркъуæрдта ’ма ин, æ сæр бателгæй, æ фарстабæл дзуапп равардта:

– Кæсун дæмæ, Салат, ’ма дæ нæбал зонун, мæ рази ду дæ, æви æндæр лæг! Зæронд кæнун райдæдтай! Куд дæмæ кæсун, уотемæй, дæ фарстай дæр, æвæдзи, уомæ гæсгæ неци уинун дессагæй. Зæгъай мин æргомæй, мæ уасæнгæн цал уоси ес, дæуæн дæр уал уоси ку уидæ, æнæ еу уоси мадæ уогæй, уæд, мæ лимæн, ду ба уомæй лæгъуздæр зарисæ?

Салат æ бецъотæ радауæ-бадауæ кодта æ къохæй, уæд еуæрдæмæ, уæд иннердæмæ. Арф исуолæфтæй æ реугудури бунæй. Байдзулдæй ’ма загъта:

– Зардтайнæ, Болат, зардтайнæ. Нæ-æ, уасæнгæй лæгъуздæр нæ! Берæ хуæздæр, уæдта бонсауæй изæрмæ. Мæхе ба ма нæ гъæуи клубмæ заргути къуармæ дæр бæргæ ниффинсун кодтайнæ. Æнæмæнгæй зæгъун!

– Гъенур ми æруагæс кæнун райдæдта, мæ рази, мæ кæддæри разагъди синхон, Салат, ке лæууй, е – æ медбилти ходгæй имæ æ сæр айуани тилд кодта æ лимæн Болат.

21.06.2021, Сурх-Дигорæ

## РАФÆНДАРАСТ УО...

Мазан, айфиццаг æ сæри ресунæй æ бон ку нæбал адтæй е ’зиниккон æхсæви ниуæзтæй, уæд æ синхон Рамазанмæ æ цæсгон батардта похмел искæнунмæ.

Е ’рбацуди хабар, Мазани æнхъирттæ цæсгонмæ кæсгæй, зин балæдæрæн не ’ссæй Рамазанæн. Цубур рæстæгмæ ин

фингæ рарæвдзæ кодта. Карки фид, картофтæ, цæхгун цихт æма кæрдзиникъæбæр. Гъе, гъæугкаг хæдзари куд фæууй, уотæ. Фингæбæл æй исбадун кодта. Æ размæ ин агувзæ ’ма цайданидзаг арахъ æрæвардта. Мазан еу къуар сикъайдзаги ку раниуазта, уæд æ тæбæгъ æма вилки дзæгъалмугъулæн æрсабури мадзал нæбал адтæй. Рамазан дæр æ хæццæ еу арахъ баниуазта, уæдта, баходæзмолæгæнгæй, æ фий исцумæ-сцумæ кæнунбæл фæццалх æй.

– Ци кæнис, Рамазан, дæ фий дæ гъезæмарæй ку рамардта. Бафæрсун аййеп ма уæд, нæфæразгæ ести дæ?

– Абони сæумæ бæргæ дзæбæхæй раистадтæн, Мазан, фал мæ нур ба, сахат æма æрдæг фингæбæл дæ хæццæ бадгæй, де ’фсæри цæфæй сквозняк уотæ фæххуаста æма, уинис æй дæхуæдæг, мæ фиййи дон Теркау уайун райдæдта, – загъта Рамазан.

– Лæгъуз, лæгъуз еци гъуддаг ба. Æвæдзи дин Рамазан, геруцъæ æй, – загъта Мазан ’ма æ арахъ еу хуппæн раниуазта. Æ дзæгъал-мугъул бабæй исервазтæй тæбæгъæн. Вилкæ æ къохти æнгулдзæхтæ кодта.

– Ци æй, уой нæ зонун, мæ лимæн, – байдзулдæй бабæй Рамазан, – фал дæ кæд нæ фæндуй, цæмæй мæ тагъд рæстæги, тагъд æнхуси дохтуртæ, тагъд-тагъдæй сæ хæццæ сæйгæдонæмæ ма раскъæфонцæ, уомæй фæттагъддæр кæнæ дæ гъуддаг. Баздæхæ 'ма мæн дæр æма дæхе дæр, къæсæри Уасгергибæл бафæдзæхсгæй, рафæндараст уо!

*10.06.2021, Сурх-Дигорæ*

## 9-аг МАЙЙИ

9-аг Маййи, сæумон хорискасти хæццæ, Ахурбег е ’фсæдтон дарæси гъæунгæмæ рацудæй. Е ’уæнгтæ райвæзтитæ кодта еуæрдæмæ-иннердæмæ, уæдта хæдзари размæ, устур тута бæласи бунмæ фæйнæгæй конд даргъ къелабæл æ уæзæ æруагъта.

Рæстæгæй-рæстæгмæ, хори тунтæ бæласи къалеутæ ’ма сифти астæути Ахурбеги гимнæстеркæмæ над ку раериуонцæ, уæд сæ рохс тæмæнтæмæ тугъдон лæги берæ ордентæ ’ма

майдантæ арти зинги цæхæртау исæрттевиуонцæ æ фæтæн реубæл. Фиццаг бакасти дæр бæрæг адтæй, лæг кæмæдæр æнгъæлдзау ке æй, е. Усмæй-усмæмæ, горæтæй гъæумæ ци фæтæн над цæуй, уомæ искæсæ-искæсæ кодта. Надæрдæмæ æхе æваст ку фæззелидæ, уæд æ хæдонæбæл æ берæ хуæрзеугутæ, кæрæдзей ракъуæр-бакъуæргæнгæй, аргъауæни листæгдæр мурти дзæгъал-мугъул никкæниуонцæ. Уоци, зæрдæн æхцæуæндзийнадæ дæттæг зæллангмæ ба сæумон зæрбатгутæ дæр Ахурбеги пазрæбунти алли ’рдигæй зарунæй сæ бицъинæг æскъунунмæ æрцудæнцæ. Уоци æхсицгон зартæ хомбериндзæгæнæг бони цæститæ расæрфтитæ кодтонцæ.

Бон дуйнемæ ракастæй. Æ ракасти ба устур гъæуи адæн дæр æригъал æнцæ. Уайтæккидæр мулдзугутау базмалдæнцæ. Ка кустмæ уадæй, ка дон хæссунмæ, ка æндæр рауæнмæ. Адæнæй беретæ ба ахургæнгутæ ’ма скъоладзаути хæццæ скъолай размæ æмбурдтæ кодтонцæ. Уордигæй ба дидингутæ, турусатæ ’ма транспоранттæ хæсгæй, еумæ бацæудзæнæнцæ, Устур Фидибæсти тугъди адæни сæрбæл сæ цард ка равардта, ’ма фæстæмæ æ райгурæн гъæумæ ка нæбал исæздахтæй, уони циртдзæвæнмæ, ’ма син митинги сæ рохс ном имиссæнæнцæ. Уонæй алкедæр, синхонæй дæр, гъæуккагæй дæр, Ахурбеги размæ æрбахъæртгæй, ин салам радтиуонцæ, зæрдиуаг арфитæ ин ракæниуонцæ Устур бæрæгбони туххæй. Æхе карæнтæ ба ма æй фæрсгæ дæр ракæниуонцæ:

– Ахурбег, æвæдзи, бабæй де ’мбæлтти хæццæ Бехъанмæ цæуйнаг айтæ.

– Мадта ци кæнæн, – æ медбилходгити син дзуапп радтидæ тугъдон лæг, – мæн кари лæг ма, ци фæткæ ниффедар æй, уой куд нийхала?

Ахурбеги берæ æнгъæлмæ кæсун нæ багъудæй. Надбæл гъæуæрдæмæ æрбазилдæй æ фæсмард «Победæ». Хуæдтолгæ æрлæудтæй хæдзари размæ, надгæрон, ’ма си рахизтæй дууæ æхе карæн лæги. Æфсæдтон дарæси етæ дæр.

– Дæ бон хуарз, æмбал гвардий капитан, − загъта, хестæр лейтенанти дарæси си ка адтæй, е ’ма Ахурбеги æ хъури ракодта.

– Де ’гурæн бон ке æй абони, е дæр ни иронх нæ ’й, нæ зинаргъ балхон, ’ма дин гъеуой туххæй дæр хъæбæр устур

арфæ кæнæн. Сæдæ анзи ма нин дзæбæхæй æнæнезæй цæрæ! – загъта старшина 'ма æй е дæр æ хъури ракодта.

– Алли анз дæр ми иронх кæнуй, 9-аг маййи ма мæ райгурæн бон дæр ке фæууй, е, – æ къох ракъуæрдта Ахурбег, – Дзæбæх мин уотæ сумах, бабай кæстæртæ. Уе 'ргъудидзийнадæ берæ уæд. Нæ мæ иронх кæнетæ некæддæр 'ма е æхуæдæг цæй аргъ æй!? Уæ кæстæрти хорæфсесæй фæццæретæ. Æнæмаст, æнæфидбилизæй.

Ахурбег сæ астæу, уотемæй къелабæл æрбадтæнцæ 'ма тауæрæхътæ кæнунбæл фæцæнцæ. Имистонцæ сæ зин тугъдон рæстæги бæнттæ. Сталингради карз тохи куд исеумæ æнцæ 1942 анзи, зумæги. Имистонцæ сæ сабиййи доги, мæнæ аци синхи, куд лимæн æма уарзонæй цардæнцæ, цалдингæмæ, Сандир æма Тотрази бийнонтæ горæтмæ нæ фæллигъдæнцæ, уæдмæ. Уæдта, нури уæнгæ дæр, сæ синхондзийнадæ æнсувæрдзийнадæмæ куд рахизтæй, 'ма 'й куд бæрзæндти хæссунцæ адæни астæу. Æд æгъдау 'ма сæрустурæй. Имистонцæ, 9-аг маййи 1945 анзи Чехословакий, город Градец-Краловеймæ хæстæг, цæугæдон Лаби, кæсалгæ куд ахæстонцæ æнгуртæй 'ма сæмæ, уордæмæ, Германибæл Фæууæлахездзийнади цийни хабар куд исæмбалдæй. Сæ цийнæн кæрæнттæ куд нæбал адтæй, 'ма кæрæдзей цийни цæстисугтæ куд расæрфиуонцæ сæ пилоткитæй. Сæ фурцийнæй ци къибилайдзаг кæсæлгитæ ниййахæстонцæ, уони фæстæмæ донмæ рауадзун фæндæ сæмæ куд фæззиндтæй фиццаг, фал сæ уæдта, сæ фарсмæ ци бæгъæнбад, зæронд æскъудтæ дивилти кæсалгæахæссæг сувæллæнттæ адтæй, уонæн куд равардтонцæ.

– Кунæг хуæрдгун нæ 'нцæ мæнæ аци тугъди сабийтæн сæ бийнонтæ дæр, кæд ма син æгас æнцæ, уæд, – загъта Ахурбег уæд, – тугъдæй лæгъуздæр гъуддаг дуйнебæл неци ес, – æ цæститæ дони разилдта 'ма син кæсæлгитæ, æд къибила 'ма æнгуртæ, балæвар кодтонцæ.

Сæ карæмæ гæсгæ сабийтæн тугъд фæууни хабар сæ еу гъоси бацудæй, иннемæй ба фендæбилæ 'й. Фал кæсæлгитæ 'ма æнгуртæбæл ба етæ дæр цийнæй мардæнцæ. Гъе уæд, еци бон æртæ тугъдони ард бахуардтонцæ 'ма кæрæдземæн дзурд равардтонцæ, Иристонмæ исиздæхгæй, алли анз дæр 9-аг маййи Бехъанмæ кæсалгдзауæни ке цæудзæнæнцæ, ци

ниййахæссонцæ, уой ба сабийтæн ке лæвар кæндзæнæнцæ, уобæл...

Æртæ тугъдон лæги хуæдтолги рабадтæнцæ, сахат дæр сæбæл æнхæст нæ рацудæй надбæл, уотемæй Бехъани цади билæбæл балæудтæнцæ.

Еу усми фæсте сæ хурдзинæй «къубуцкæ» исистонцæ ’ма сæхецæн, куд тугъди рæстæги, уотæ нур дæр, фæйнæ «тугъдон сæдæ грамми» рауагътонцæ. Æримистонцæ, сæ тугъди æмбæлттæй æ цард ка равардта нæ Райгурæн бæсти сæраппонд, уæдта ма тугъди фæсте сæ берæ уæззау цæфти азарæй ка рамардæй ’ма нæбал æй сæ хæццæ, уони...

Хорнигулæн хуæнхти сæрмæ сурх-сурхид радардта. Изæрмелтæ кодта, уотемæй сæ хуæдтолги рабадтæнцæ æртæ æмбали. Тугъдон лæгтæ ци кæсæлгитæ ниййахæстонцæ, уони бабæй, куд фарæ, фæлварæ, ’ма уой размæ æнзти, уотæ аци хатт дæр гъæуи сувæллæнтти рæвдауæндони цæлгæнæнмæ балассæнæнцæ, дуйней сабурдзийнадæ тугъди циренæй ци кæстæртæн багъæуай кодтонцæ, уонæн. Уæхæн фæткæбæл хуæст æнцæ нур дæс æмæ инсæйæймаг анз Устур Фидибæсти тугъди æртæ ветерани Ахурбег, Сандир æма Тотраз.

*Сурх-Дигорæ, 1978 анз*

## ЧЕРЧЕСТИ ХЪАСПОЛАТ – 75 АНЗИ



### ЦИ ЗИН ÆЙ МАДИ ЦÆСТИТÆБÆЛ ÆРХУÆЦУН

Саг дæр, дан, ескæд-еу хатт æрсæйгæ уй, зæгъгæ, фæззæгъунцæ. Ай размæ æз дæр сæйгæдонæмæ бахаудтæн. Фал си берæ ба нæ бафæразтон. Хуастæй, хуæруйнагæй, хуссæнгарзæй – еугурæй дæр мæхецæн амалгæнгæ ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ си мæхе æнгъудæй раздæр рафинсун кодтон. Мæ хæссуйнæгтæ æрæмбурдтитæ кодтон æма æнгъæлмæ кастæн сæйраг дохтури æрбацудмæ. Фал ин æрбацæуæн нæбал адтæй.

Дууадæс сахатти иссæй, рæстæг рæфтадафонæмæ фæццæйхæстæг кодта. Æрбаластонцæ еу нæуæг сæйги æма 'й мæ хуссæни æрхуссун кодтонцæ. Цудайдæ ибæл еу 50 анзе-

мæ хæстæг. Æ сæригъунтæ сæнтуорс, æ цæсгон æнæдæститæ. Æ рахес росбæл ба бæрæг дардта нос. Адтæй федар, бæзæрхугтæ арæзт, фал хъæбæр фудхуз. Дохтуртæ нин куд балæдæрун кодтонцæ, уотемæй æ зæрдæй гъæунги балæгъуз æй æма рахаудтæй.

Рацудайдæ еу усмæ, уæдта сæйгæ æ кеми æрцудæй.

Æ цæститæ байгон кодта æма фæсос гъæлæсæй дон баагурдта.

Æз имæ дон балæвардтон. Æ фæлорс цæсгон еу гæзæмæ фæррохс æй æма мин зæрдиагæй арфæ ракодта.

– Арфæгонд уо! Хуцау ди исарази уæд!..

Уæддæр сæйраг дохтур нæма зиндтæй æма нæмæ нæуæг сæйги хæццæ зæрдеген дзубанди рауадæй.

Æ дзубанди адтæй цубур, лæмбунæг, æнæ къæбæлдзуг раздохæ-баздохæй.

– Сæйгæ, дан, æ зæрди мæститæ ескæмæн ку радзоруй, уæд æй нез дæр исдæруадзуй, – мæнæрдæмæ æрбакæсгæй, сдзурдта нæлгоймаг.

– Æз ма ескæд Иристонбæл исæмбæлдзæнæн æма ирон дзурд фегъосдзæн, уой æнгъæл нæбал адтæн, – арф ниууолæфгæй, æ дзубанди идарддæр ниванста е. – Фал, куд уинис, уотемæй ма мин бантæстæй ирон зæнхæбæл æрлæуун. Ду, æвæдзи, зæгъдзæнæ, – æз царди ести устур лæгдзийнæдтæ равдистон, зæгъгæ. Фал... Æз кæд финддæс анзи ахæстдони æрбадтæн, уæддæр, уоми закъонтæ ме 'вдесæн – ирон лæги ном къæхти буни сæвдолун некæд бауагътон. Ахæст адæни æхсæн бæрзонд æвæрд æй сæхе рæстдзийнадæ. Козбау, мæнгард, дудзæсгон адæнтæ уоми нигки æгадæдæр æнцæ. Уомæ гæсгæ ба-еу рæстдзийнади сæрбæл уидæ мæ тох алкæддæр...

Бæргæ æз дæр Иристони ном æма кадæ науки, аййевади, спорти, кенæ æндæр гъуддæгти ку истайнæ уæлæмæ, фал хъисмæтæн ци загъдæуа.

Мæ къохтæ мæ ниййерæг мади тогæй хурст æнцæ... Хуцау мæ фиди æнсувæрæн ма ниххатир кæнæд.

Сæйги цæститæ дони разилдæнцæ. Æ резгæ æнгулдзитæй сæ расæрфтитæ кодта æма бабæй идæрддæр æ фæсос гъæлæсæй дзурдта æ хабæрттæ.

– Нур къуæре цæуй, – кæдæй исуæгъдæ дæн, уæдæй, фал мæхе кæмæ бакъолæ кæнон, мæ зæрди туппуртæ кæмæн разæгъон, уæхæн адæймагбæл ба нæма исцурæвæрæ дæн. Дæ фæлабулай райгъосæ æма си æхцайæй æндæр неци фегъосдзæнæ. Мæ фиди æнсувæрæн дæр си бæфсес на 'дтæй. Æхсæвигæнтти дæр-еу æ фуни «æхца-æхца» кодта. Уогæ 'й цæйбæрцитæ гъудæй æ еунæг къоппай? Уотемæй ба æ хай кæцæй нæ ратудта, уæхæн æнæхуæрд зæнхи гæппæл ин нæбал байзадæй. Æз институти ахур кодтон. Цуппæрæймаг курсмæ ку бацудтæн, уæд мæ мæ фиди æнсувæр мæ фиди хæдзарæй мæ мади хæццæ сорунвæндæ скодта. Бæргæ, мæ фидæ ма æгас ку адтайдæ, уæд ин æ бунат баамудтайдæ, фал тугъдæй нæбал исæздахтæй. А ба тугъдæн æ кæрæнтти дæр нæ нифсарстæй, уотемæй ба æхе ветеран исхудта. Уой уæлæнхасæн ба ма пенси дæр иста. Рæсурдта нæ нæ мади хæццæ нæ фиди устур хæдзарæй, тургъи ма нæмæ ци еунæг къум æрхаудтæй, уордæмæ. Фал бабæй нæ уордигæй дæр сорунвæндæ искодта.

Еу сæумæ бабæй кæсун æма нин уордиги дæр нæ дзаумæуттæ гъæунгæмæ калун ку райдаидæ. Мæ мадæ ин бæргæ лихстæ кодта, фал имæ е æ гъос даргæ дæр не 'ркодта. Æз айтæ-уойтæ нæбал фæккодтон, бауадтæн æма мæ фиди хъæма раскъафтон.

Гъæуама ин æй æ зæрди ниссагътайнæ, фал нæ мадæ не 'хсæн фæммедæг æй, æма... Циргъ хъæмай фий мæ мади зæрди сæр куд бакарста, уой лæдæргæ дæр нæбал ракодтон мæ фур сонтæй. Мæ цæнгтæ еугур дон фестадæнцæ.

Мæ фиди æнсувæр милицæмæ фæххабар кодта. Етæ мæ уайтæккæ дæр сæ машини багæлстонцæ. Цæмæй ма еци удзесни асæ къум дæр мæ фиди æнсувæрæн байзадайдæ, уой тухæн мæбæл алли тогтæ феймиста. Тæрхони лæгтæн лæдæрун кодта, гъома, мæнæй уотæ, е, дан, æ мади цалдæр хатти гъавта рамарун, æма æй е баергъæвидæ. Æрмæст, дан, æй аци хатт ба баергъæвун мæ бон нæ бацæй...

Финддæс анзи æрдаудтон ахæстдони. Нур бæргæ исуæгъдæ дæн, фал æй нæ лæдæрун, идарддæр мин ци гæнгæ 'й, уой. Ахæстдони мæ бонтæ бæргæ нимадтон, мæнæ куддæр исуæгъдæ уон, уотæ мæ мади тог райсдзæнæн, зæгъгæ, фал...

Дууæ мæйей размæ, дан, мæ фиди æнсувæр сау денгизмæ æ фæллад уадзунмæ куд ранæхстдæр æй, уотæ фæндагбæл æ хуæдтолгæ рахъан æй æма фæммард æй.

Нур мæнæн идарддæр куд цæргæ ’й, уомæн ба мæ сæр нецибал ахæссуй. Гъæунгти ку фæццæйцæун, уæд мæмæ адæн æнгулдзæй фæййамонунцæ, – уæртæ, – æ мади ка рамардта, е еци лæг æй, зæгъгæ. Ку истухсун, уæдта бабæй мæ мади циртмæ мæхе райсун уæлмæрдтæмæ. Уоми мæ зæрди маст еу гæзæмæ иссæуй... Нæлгоймагæн бабæй æ цæститæ донæй райдзаг æнцæ.

Куд мæ бон æй, уотæ ’й сабуртæ кæнун æз дæр, æндæр ин ци гъон дæн.

Е ба ми хатир ракурдта æма ма æ дзубандитæмæ бафтудта:

– Арфиаг уо, ахæстдонæй ку суæгъдæ дæн, уæдæй абони уæнгæ мæмæ дæуæй зæрдиагдæрæй некема байгъуста. Дæ цæрæнбон берæ уæд. Æндæрæбонæ дæр бабæй мæ мади цирти цори бадтæн æма фæууидтон уæхæн нивæ. Еу саударæг уосæ æ сау сæрбæттæн æ бæдоли цирти къудурбæл истухта. Уæд дин иннæ силгоймаг еци сау сæрбæттæн ку фехалидæ æма ’й ку рапалауонтæ кæнидæ, цирти дæлфæдтæмæ ци деденгутæ адтæй, уонæн ба сæ зæнгитæ рацъæлтæ кодта. Уотæ цæмæн бакодта, уой фæстæдæр ралæдæрдтæн.

Еуæй-еу хуцауæлгъиститæ уæлмæрдтæбæл фæззелунцæ æма деденгутæ, сæрбæттæнтæ фæххæссунцæ сæ хæццæ.

Ахæстдони бадгæй ма бафеппайдтон еума хабар дæр. Уордæмæ фæстаг рæстæгути хаун райдæдтонцæ фулдæр æригон биццеутæ. Сæ фулдæр – æхца æма наркотикти туххæн. Уони уæлæнхасæн ба ма хъæбæр исберæ æй, ахур дæр æма косгæ дæр ка нæ кæнуй, уони нимæдзæ.

Еу гъосæрдарæг сæмæ цæмæннæ ес? Карз ниуæзтæ уæйæ кæнунæй æндæр адæни сæри æгириддæр нецибал ес? Нæ зонун, нæ зонун, – ме ’рдæмæ бабæй æфсæрми каст æрбакæнгæй, арфитæбæл исхуæстæй, уотæ зæрдиагæй имæ ке байгъустон, уой туххæн.

Уæдмæ сæйраг дохтур дæр фæззиндтæй. Мæ гæгъæдитæ мин мæ къохи бакодта. Мæ нæуæг зонгæн ма цалдæр нифсæвæрæн загъди кодтон æма мæхе дуармæ райстон.

Мæ къохи мин «Мах дуг» æма «Рæстдзинад»-и цалдæр номери ку æрæстæфтæй, уæдта мин хъæбæр ниллихстæ кодта, цæмæй имæ сæ кæсунмæ радтон.

Æз ин сæ еугур уагъд никкодтон. Рацудæй еу æртæ къуæрей бæрцæ. Еу бон трамваййи фæццæйцудтæн мæ кустмæ. Мæ фарсмæ бадт фæцæнцæ дууæ рацæргæ силгоймаги.

Сæ дзубандимæ син æнæбари дæр мæ гъос æрдардтон. Сæ еу иннемæн дзурдта, зæгъгæ, дан, айразмæ Иригъæуи уæлмæрдти æ мади цирти цори мардæй иссердтонцæ еу лæги. Æрæги исуæгъдæ æй ахæстдонæй. Бадгæ дæр, дан, кодта, æ мади ке рамардта, уой туххæн.

Еци хабар ку райгъустон, уæд мæ зæрдæ æ медхъози æрбампулдæй, мæ цæститæ дони разилдтон. Цидæр исдзорун мæ фæндадтæй, фал дзурдгъон ба нæбал исдæн...

## СОНАМÆ СИ УОЙ БÆРЦÆ НÆЙЙЕС

– Хуцауи хатирæй, еци Агубекир æрмæстдæр, нæ завод цæмæй фехæла, уой туххæн райгурдæй? – æ къохтæ кæрæдзебæл еци мæстгун цæф æркодта Мисир. Æнæгъæнæ инсæй анзи нин директорæй косуй æма нæ еугур зæууатмæ æртардта. Нæ, аци хатт ба ’й уотемæй нæбал ниуадздзæнæн.

– Æнгъæлдæн æма цидæр æргъуди кодтай? – æ цормæ хæстæгдæр æхе баесгæй æй бафарста зурнæйзелæг Битти.

– Уæлæ Хуцау! Æргъуди кодтон! – æ цæститæ цийни æрттивд фæккодтонцæ Мисирæн æма Биттий сонт фарст ракодта:

– Абони ци бон æй?

– Фиццæгæймаг апрел, – дзуапп ин равардта е дæр. – Майрæнбон.

– Хъæбæр хуарз. Нур ба уотæ бакæнæн æма, Битти, ду тагъд дæ хæдзарæмæ скъæргæ кæнæ, дæ æндæмæдавæн уæледарæс искæнæ æма изæри ба нæхемæ фæззиннæ. Æз дæр фæццæун.

Мисир е ’фсийнæ Сонайæн балæдæрун кодта, сæр дæ багъудæй, – зæгъгæ, – иуазæгуати нæмæ заводи директор Агубекир фæззиндзæй. Сона æй уайдзæфти буни фæккодта.

– Гъома, гормон, цæрæнбонти уæхæн рæуæгсæр цæмæн дæ, цæ? Раздæр мин балæдæрун кодтайсæ æма æз ба ести-тæ æррæвдзæ кодтайнæ.

Нур ду адæймаги ходуйнаггæнæг нæ дæ?

– Цæй, цæй, дæ медæггойни уойбæрцæ æвæрæнтæ ра-зиндзæнæй, – æ медбилти ходгæй ин загъта Мисир æма тур-гъæмæ рахизтæй. Гъæуай кæнуй, Битти кæд фæззиндзæнæй, уой.

Кæсуй Мисир æма дин мæнæ Битти æ къæсæргæрон ку æрбалæууидæ: дессаги хуæрзарæзт, костюм, галстук, æма фиййи рагъбæл æ кæсæнцæститæ.

Мисир ин сабур, нидæнæй балæдæрун кодта:

– Аци бон фиццæгæймаг апрел æй æма не ’фсийни дæу фæрци расайунмæ гъавун. Ду уодзæнæ Агубекир. Цубур дзур-дæй, æз дин ци дзорон, уой æнхæст кæндзæнæ. Естæбæл ку фæггурусхæ уа, уæдта зæгъдзинан, – фиццæгæймаг апрел æй æма гириз кодтан, зæгъгæ.

– Хуарз, фал... – æ лимæнмæ бакастæй Битти комкоммæ.

– Еунæг фал дæр нæ! – æ дзурд ин раахæста Мисир æма иуазæги медæмæ бахезун кодта.

– Медæмæ бахезæ, Агубекир Мæхæмæтович, – фæлмæн гъæлæсиуагæй имæ дзоруй Мисир, е ’фсийнæ дæр æй куд игъустайдæ, уотæ гъæрæй.

Сона дæр, æ медбилти ходгæй, рахизтæй иуазæги размæ æма имæ æфсæрмитæ гæнгæ дзоруй:

– Дæ хуарзæнхæй, медæмæ нæмæ исагкаг кæнæ, æгайти-дæр ма мах хузæн хумæтæг адæнбæл æнвæрсис...

– Цæмæн уотæ зæгъис, нæ зинаргъ æфсийнæ? – æ кæ-сæнцæстити бунæй имæ байдзулдæй Битти дæр. Æз косæг адæнæн рагæй нурмæ дæр устур аргъ кæнун, уæлдайдæр ба мæнæ Мисири хузæн кæдзос зæрдæ, кустуарзагæ æма раст адæймæгтæн.

– Арфиаг уо, арфиаг, – арфити буни фæккодта иуазæги хæдзари æфсийнæ.

Уæдмæ фæззиндтæй сæ синхаг, каргун лæг Дзамболат дæр. Иуæзæгæн æ къох райста æма финги уæлгъос æрбад-тæнцæ.

Сона, æ рæбунти цидæриддæр адтæй хуæруйнаг æма ни-уæзти дзæбæхæй, уонæй нецæбæл баауæрдгæй, фингæбæл

æрæвардта алцидæр æма си рауадæй дессаги нæртон фингæ.

...Еу къуæре рацудæй, уæдта дин еу бони сæри Сона телефонæй заводи директормæ ку бадзоридæ.

– Алло, Агубекир Мæхæмæти фурт дæ?

– Гъо, е æз дæн!

– Æз Сона дæн, дæ хуарзæнхæй, бахатир нин кæнæ, кæд дæ, мийййаг, айфицаг фæрресун кодтан...

– Ке Сона дæ æма циуавæр ристи кой кæнис? – хæтæли иннæ кæронæй райгъустæй директори тузмæг гъæлæс.

– Гæр, нæбал мæ гъуди кæнис? Мæнæ фиццæгæймаг апрели нæхемæ ку адтæ... Мисир ма дин цалдæр хатти ниуазæнтæ дæр ку равардта...

– Игъосай, хуарз уосæ, кæд дæмæ ескæмæй рагириз кæнун цæуй, уæд æндæр еске иссерæ! – Агубекир хæтæл мæстгунтъæпп æркодта аппаратбæл.

Сона æ фур мæстæй цæхæртæ искалдта:

– Уогæ ба уотитæ кæнис, расуггæнагæ улдугъдонæ! Нур мæ барæ уодзæнæ! Сонамæ уойбæрцитæ нæййес! Кæсай уомæ, кæсæ: хæдзарæ, машинæ уин ратдзæнæн, зæгъгæ, нин зæрдитæ февæрдтитæ кодта, æхе ниммаймули кодта, нæ лæг æй æ хæдзарæмæ фадзæласæ ке фæккодта, нур ба уобæл дæр нæбал сæттуй.

Сона рагæй æрæгæмæ дæр гъæддугъ силгоймаг адтæй. Нур æ тог е 'цæгæй искуста. Æ синхонтæмæ уайтагъд фæдздзурдта, етæ сæхе цæститæй фæууидтонцæ, сæ хæдзарæй син расуг лæг – «заводи директори» куд рацæйластонцæ, уой. Сона син еци гъуддаги фæдбæл сæ къохтæ гæгъæдий буни æрфинсун кодта. Цубур дзурдæй, нæхе горæти разамундæй райдайæ æма Мæскуйæй фæууо, Сона кæми нæ балæудтæй, уæхæн си нæбал байзадæй. Æма ци? Ци ку зæгъайтæ, уæд Агубекир æ бунатæй фæттахтæй. Мисир ба Биттимæ æ цæстæ аййевæй æрфæлкъуæрдта æма уотæ бакодта идзулгæй:

– Хуарз бон æй фиццæгæймаг апрел. Æрмæстдæр си пайда кæнун зонун гъæуй...

## НÆУÆГ КИНДЗÆ

Лезий тебæй æртиккаг дзæхæрагун исиста, æ уаллаг цъарæбæл ин царви къæртт февардта æма бор-борид къере царви накæ кæнун райдæдта.

Æртæ дзæхæрагуни дæр æмхузон хуарз фæлгонцгун рауадæнцæ.

Нигки ба ма ин сæ сæ синхонти уосæ Асиат дæр ку раппæлдтæй, – дессаги хуарз гунтæ искодтай, – зæгъгæ, уæд Лезий бустæгидæр æхецæй ниббоц æй.

Цубур дзурдæй, Лези Асиати хæццæ исфæндæ кодта æ нæуæг киндзи мади сæйгæдони бабæрæг кæнун. Гъæуккаг силгоймагæн æ рæбунтæ ци фæууй, уонæй нецæбæл бааурста Лезий дæр, – устур хуни хæццæ ма батухта хуарз хъумац пъолциагæн, дуумæ цъиндай æма раздарæн. Мадта Асиат дæр Лезийи фарсмæ ревæд армæй нæ балæудтæй.

Сæумон автобуси рæбадтæнцæ дууæ силгоймаги æма ранæхстæр æнцæ, Дзæуæгигъæуи кæрони ци сæйгæдонæ ес, уордæмæ.

Лезийи мадæ ци палати хустæй, уой дуар арæхсгай байгон кодтонцæ дууæ силгоймаги, сæйгитæн – æнæнез уæ Хуцау искæнæд, – зæгъгæ, раарфæ кодтонцæ æма сæ хунтæ ихалунмæ фæцæнцæ. Дзæхæрагунтæ æма нæуæг-фунх карки тæф уайтагъддæр уати рапурх æй.

– Евдокка, раздæр нин бæргæ æмбалдæй дæу бабæрæг кæнун, фал бонæнгъудтæ гæнгæй изайгæ цудан æма нин бахатир кæнæ, – загъта Лезий.

Сæйгæ имæ неци сдзурдта. Æрæги-дурæги ба сæмæ е ’ргон раздахта, е ’рфгутæ æрбанцъулдтæ кодта æма Лезийæн, уæззау ниуунæргъгæй, æ цæстæмæ бадардта:

– Е ба дин циуавæр Евдокка æй? Гъæуккаг æнæфæууинд дзубандитæ-миутæ. Мæ ном Евдокия æй æма мин æй уотемæй æ бунати уадзæ...

Лезий, хуарзау нæбал фæууогæй, æхе рæститæ кæнунбæл фæцæй.

– Дæ хуарзæнхæй, бахатир кæнæ... Æз дæ уотид фурбоцæн... Æндæр...

Еу усми си хъипп-сун дæр некебал неци искодта. Уæдта, цæмæй сæйги зæрдæ барохс кодтайдæ, уой туххæн Лезий æ киндзи æппæлунтæбæл исхуæстæй:

– Евдокка... Æллæх, бахатир кæнæ, – Евдокия... Æз дæ кизгæй хъæбæр боз дæн. Мæхе бæдолæй æй фулдæр уарзун. Хæдзари куститæмæ ба артæй игъаугидæр нæй. Кæд горæти исгъонбæл æй, уæддæр хуарз арæхсуй гъæуи куститæмæ. Сæумицъæхтæбæл фестуй, гъоцитæ радоцуй, сæ бунтæ син нихxафуй. Мадта хъæппæлтæ ку нихснуй, уæдта сæмæ адæймаг кæсунæй дæр нæбал фефсæдуй, уæхæн цæхæртæ фæккалунцæ. Æгас гъæубæстæ дæр æй берæ уарзунцæ.

– Гъо, гъо! Нæ гъæубæстæмæ нерæнги ма уæхæн киндзæ нæма æркувта, – æ дзурди хай багæлста Асиат дæр.

Еци дзубандитæмæ игъосгæй, Евдокия цийнæ нæ бакодта, фал еугур æнкъард æрцæй. Æ цæсгон цидæр æнахур мæрдвæлорс æрбацæй. Цидæр зæгъунмæ ма гъавта, фал æ дзурд нæбал игъустæй.

Уайтæккæдæр дохтурмæ фæффæдес æнцæ. Дохтур ин æ тоги æлхъивдадæ исбарста, укол ин искодта, уæдта сæйгæфæрсгутæн балæдæрун кодта:

– Уæ хуарзæнхæй, – æхе барæ æй бауагътæ.

Дууæ уоси сæ хунти тæбæгътæ раевдæлон кодтонцæ, сæйгитæн – «хуæрзæбон» разагътонцæ æма гъæунгæмæ рахизтæнцæ.

– Æвæццæгæн, æ кизгæй ин æгæр ке феппæлдтитæ кодтан, уомæ гæсгæ исхизтæй æ тоги æлхъивдадæ, æндæра уотæ æвваст цæмæн æрбафæлорс æй, – фæрсагау бакастæй Лезий Асиатмæ.

– Гъо, мæнмæ дæр уотæ фæккастæй... Уæддæр бабæй мади зæрдæ... Хуарз бакодтан, ке си раппæлдтан, уомæй. Кæд сæхебæл æрходиуонцæ... Саумицъæхбæл, дан, фестуй... Гъоцитæ радоцуй... Сæ фагус син нихxафуй... Гъæунгтæ æрсæфуй... Æндæр ку неци фæууиниуонцæ... Сæ ходун нæбал уорæдтонцæ дууæ синхаги. – Айфонмæ дæр ма æ хуссæни хурруттæй фунæй кæнуй... Æцæгæйдæр уæхæн киндзæ нæ гъæумæ некæдма æрцудæй. Раст æй бафеппайдтай, Асиат...

## ЗÆДО

Мамег рагæй дæр хеппæлой адтæй. Æ бийнойнаг Зæдойæй сæрустур æй. Æмбæлтти хæццæ фембæлгæй кенæ нихæси бадгæй дæр, æ бийнойнаги кой ма искæна, уæхæн хабар некæд адтæй.

«Мæнæн мæ хæдзарæмæ изæд æртахтæй, изæд», – райдаидæ æ бийнойнагæй æппæлун.

Æ синхæгтæ багъигæ æнцæ æ æппæлæн дзубандитæй. Еу изæр, синхонтæ кæми бадтæнцæ, æхе уордæмæ байста Мамег æма бабæй син æ уосæй æппæлунтæбæл исхуæстæй:

– Нур мæ бийнойнаг æнæгъæнæ мæйи бæрцæ курорти æй æма мæмæ нæ хæдзарæ ревæд дори хузæн кæсуй. Мæ изæди къалеу бабæй мæмæ рæхги æртæхдзæнæй æма бабæй мæнбæл дæр хор ракæсдзæнæй.

Æгæр-æгæр æппæлæн дзубандитæ ку кодта, уæдта имæ æхе нæбал бауорæдта сæ синхи хестæр Бегæз.

– Дæ бийнойнаг хуæрзконд æй, фал æгъдауæй ба куд æй?

– Æгъдауæй... Æгъдауæй дæр æй неке раййафдзæй, – сдзурдта æ пихцил бецъой кæрон радаугæй Мамег. Мæнæ мæмæ æзинæ курортæй æ хузæ дæр æрæрвиста. Кæсайтæ, ке хæццæ уолæфуй, еци силгоймæгти æхсæн дæр куд бæрæгдæр даруй, зæгъгæ, сæмæ хузист бавдиста.

– Мадта дæ бийнойнагæй хуæрзæгъдаудæр а дуйнебæл нæййес, зæгъис, – нæуæгæй бабæй æй бафарста Бегæз.

– Зæгъæн ес æма нæййес, – фæццурд бабæй æй Мамег.

– Уæдта хæснаг искæнианæ?

– Табуафси.

– Цæуæн æма курорти косгути бунати бафæрсæн, дæ уосæ уоми æхе куд даруй, уобæл.

– Табуафси.

– Кæд си раппæлонцæ, уæд æз фус æвгæрдун, – федарæй загъта Бегæз. – Кæд нæ, уæдта дæ косарт цæттæ кæнæ.

– Æз арази дæн, – сæрустурæй загъта Мамег.

Дугкаг бон Тамискмæ, Зæдо кæми уолæфтæй, уордæмæ ниффардæг æнцæ Бегæз æма Мамег. Мамег æхе къæбæларæзт искодта, æ къохи деденгути баст, уотемæй бахизтæнцæ

курорти азгъунсти дуарæй. Дуаргæсæн салам равардта, уæдта æ дзиппæй исиста, Зæдо имæ ци хузист æрæрвиста, уой.

– Аци силгоймæгтæй еске фæсмæрис? – фæрсуй æй æ медбилти ходгæй, Мамег.

– Се ’гасей дæр.

– Хъæбæр хуарз.

– Мадта мин зæгъай, се ’гъдау ба си тæккæ хуæздæр кæмæн æй.

Зæронд уосæ хузистмæ æдзинæгкæсæ никкодта, уæдта Зæдомæ баамудта.

– Фæууидтай... Фæууидтай... Нæ дин загътон Бегæз. Дæ косæрттаг æрцæттæ кæнæ.

– Уагæри иннетæй уæлдай ци хузи æгъдауæй хецæн кæнуй, – рафарста æй Бегæз.

– Куд дин зæгъон... Тагъд æ путевкæ фæууодзæй æма ’й æндæр нæлгоймаги хæццæ нæма фæууидтон. Æппунæдзохдæр æхе лæги хæццæ фæццæуй театрмæ, киномæ, адæймаг сæмæ кæсунæй дæр не ’фсæдуй. Æ лæг дæр хъæбæр уæздан. Бæрзонд, хуæрзконд. Мæнæ минкъий раздæр бахизтæнцæ сæ уатмæ.

– Куд? Куд зæгъис?! Æ лæги хæццæ! Циуавæр лæги хæццæ? – æ цъухи е ’взаг æ коммæ нæбал кастæй Мамегæн.

– Æ лæги хæццæ, мæ хор, æ лæги хæццæ, – Мамеги усхъæ æрхуаста зæронд уосæ.

– Цæуæн, – æнкъардæй загъта Бегæз.

## МÆ ТУГЪДОН ÆНСУВÆР

...Еци доги æз æнхæст дæр нæма лæдæрдтæн, адæн æнкъард æма сагъæсхуз цæй туххæн адтæнцæ, уой. Нæ гъæуи лæгтæ кумæ рандæ ’нцæ... Мæ хестæр æнсувæр æма мæ фидæ кумæ ранæхстæр æнцæ... Нæ лæдæрдтæн, – тугъд ка æргъуди кодта, зæнхæ æмæзмæлд цæмæ кодта...

Уазал æхсæвтæ æма æгудзæг бонтæй зæрдæ мæгур кодта. Æгасæй дæр бæлдтæнцæ тугъди фæуунмæ, æ бæлццони иссæунмæ. Æз ба бæгъæн реуæй мæ уесин бæхбæл ратæхæ-батæхæ кодтон. Нæма мæмæ гъардта адæни рист, сæ

зæрдити маст. Дзармадзанти æмир гæрæхтæ, бомбити исрæмугъдтитæ мæмæ арви гъæрау кастæнцæ.

Æрмæстдæр мæ мадæ дзиццайæн ба хъæбæр тæрегъæд кодтон.

Деси мæ æфтауидæ, уойбæрцæ цæстисугтæ имæ кæцæй æмбурд кодта, уобæл. Æ фæлорс ростæ кæд басор уодзæнцæ? Æ тæрнихи арф æнцъулдтæ кæд райхæлдзæнцæ?

Фал еу бон ба хор æ фурцийнæй зæнхæбæл ратулдæй. Уалдзæг байдзаг æй цийни удзæлæй.

– Тугъд фæцæй! Æгас цæуæд Уæлахез!..

Фондз анзей дæргъи æмирæй ци фæндур фæллæудтæй, е нур ба фур-цагъдæй æ тæнтæ фæйнердæмæ æскъудта. Уæлахездзаути кавдæй зæнхæ æмæзмæлæ кодта.

...Фæллад тугъдонтæ гъæумæ æздахтæнцæ. Уæззау цæфтæ, фæлмаст цæсгæнтти хæццæ. Мах, гъæуи сабийтæ, сæ цормæ ратъæбæртт кæнианæ. Хастан син деденгутæ, хуæрзæнгорæггаг догъ кодтан сæ хæдзæрттæмæ. Хицæгæнгæ син кастан сæ тугъдон дарæсмæ, сæ æрттевагæ æстъалутæмæ.

Мæ мади-еу арæх фæрсинæ:

– Дзицца, махмæ ба, сурх-сурхид стъалу æ ходæбæл кæмæн уа, уæхæн салдат кæд исæздæхдзæнæй?.. Уæртæ Æхсаретæ æма Мухарбегетæмæ уæхæн салдæттæ ку ссудæй.

– Махмæ дæр тагъд иссæудзæнцæ уæхæн салдæттæ, тагъд...

Ма тухсæ, дæ баба æма дæ хестæр æнсувæр дин берæ стъалутæ исхæсдзæнæнцæ. – Резгæ гъæлæсæй-еу мин нифситæ æвардта мæ мадæ.

Æз дæр æнгъæлмæ кæстæн мæ фидæ æма ме ’нсувæри иссудмæ.

Еубонæ бабæй мæ лимæн биццеути хæццæ гъæугæрон цъæх нæуæбæл гъазтан. Аллихузон деденгутæ æртудтан æма къæлкъæлходæ гæнгæй, нæ кæрæдзей расорæ-басорæ кодтан. Кæсæн æма дин гъæуæрдæмæ еу æфсæддон æрбацæуй. Мах нæ гъазун фæууагътан æма æ размæ ниппарасетæ ан. Фал æвеппайди къехæй райзадан. Тугъдонæй фæттарстан: уомæн æ цæсгон адтæй еугур ностæ, сугъдвæдтæ. Æ сæригъунтæ – халасæ, æ рахес дус ревæд. Ку нæмæ бахудтæй, уæдта си нигки хъæбæрдæр фæттарстæн. Æз æнæнгъæлти бæлццонмæ комкоммæ никкастæн.

– Ке биццеутæ айтæ, – фæсос гъæлæсиуагæй сдзурдта æфсæдтон. – Нæхе ин баамудтан. Æз ин мæ муггаг æма мæ ном ку загътон, уæд салдати дзæкъолæ æ къохæй æрхаудтæй. Комкоммæ мæмæ нимдзаст æй. Æ галеу къохæй мæ æхемæ æрбалваста æма резгæ хъурихаттæй исдзурдта:

– Мæ минкъий æнсувæр... Ме 'нæзонгæ æнсувæр... Æз дæ авдæни ку ниууагътон, уæд цæййасæ лæг исдæ, цæййасæ...

...Дууемæй ранæхстæр ан сосебæл гъæумæ, нæ фиди къæсæрмæ. Æз мæ хестæр æнсувæри дирзæг къохбæл хуæцун, уотемæй сорт-сорт кæнун æ фарсмæ. Дзорун дæр имæ не 'ндеун. Æ сугъд цæсгон мин цидæр хузи тас уадзуй мæ зæрди. Фал ин е стъалумæ ба хъæбæр хицæ кодтон, уæдта ма æ пъагæнттæмæ. Æхцæуæн мин адтæй, нур ба мæнæн дæр æнсувæр ке ес, е. Мæ цæститæбæл гъазта, нæ мадæ куд цийнæ кæндзæнæй, е.

Ме 'нсувæр дæр цæуй æнæдзоргæй. Æз дæр æй бафæрсун нецæбæл æндеун. Фал еу усми ба мæхе фæггебогъ кодтон. Кæд си тæрсгæ хъæбæр кодтон, уæддæр ин æ сугъд цæсгонмæ искасттæн. Уомæн е 'ставд цæстисугтæ æ хъуæцхуз ростæбæл зæйгуртæ кодтонцæ, уотемæй гъæуæрдæмæ кастæнцæ. Нæбал фæггæдзæ кодтон æма имæ фарста равардтон:

– Тугъди хъæбæр тæссаг фæуүй?

– Хъæбæр, ме 'нсувæр, хъæбæр.

– Ауæхæн рæсугъд стъалутæ си алкæмæн дæр фæддæттунцæ?

– Алкæмæн дæр.

– Дæумæ ци ордентæ ес, уæхæнттæ еугуремæн дæр лæвардтонцæ?..

– Алкæмæн нæ. Бæгъатæртæн æрмæстдæр.

– Æма ду дæр бæгъатæр дæ?

– Мæнæй бæгъатæрдæртæ дæр си берæ адтæй.

– Тугъдмæ ма ескæд цæудзæнæ?

– Нæбал. Тугъдмæ некебал цæудзæнæй.

– Ци хуарз æй. Дзицца-еу алли бон дæр кæугæ кодта. Хуæргæ дæр-еу нæбал кодта...

Уæдмæ гъæумæ нæ хæдзарæмæ бахъæрттан. Дзицца æ изæри куститæ кодта. Мах ку рауидта, уæд рафæлорс æй, сагъдауæй райзадæй. Æ раздарæни кæронæй æ цæститæ

рамбарзта æма никкудтæй. Æ къæхтæ бадонзонуг æнцæ. Фæццæйхаудтæй, фал имæ ме 'нсувæр фæццурд æй, æ еу къохæй æй тута бæласи буни æрбадун кодта. Æ цæстисугтæ фемæхстæнцæ нæ мадæн. Нæбал æма нæбал æнцадæй æ кæунæй.

Æрæгиау ба унгæг гъæлæсиуагæй исдзурдта:

– О, мæ сæри хецау, еунæгæй цæмæн иссудтæ, еунæгæй? Мæ бæдоли мин куд нæ багъæуай кодтай? Æз æй дæубæл ку бафæдзахстон, уæд?..

– Дзицца!.. Дзицца!.. Е æз дæн, æз!.. Дæ бæдолæ. Дæ тугъдон фурт. Бабай фæсте цæун ке нæ уагътай, фал æхе фæндæ ка ратардта, еци биццеу, – дзурдта резгæ гъæлæсиуагæй ме 'нсувæр.

– Бабай хæццæ еу артиллерион полки службæ кодтан. Еухатт нæ полк къундæг уавæри бахаудтæй. Нæбал нæмæ адтæй тохæн æрмæг, фæттæ дæр фæцæнцæ. Фæндаг дæр немуци къохмæ бахаудтæй. Мах нæ командир цалдæремæй рарвиста æхсæнгæрзтæ ласунмæ. Шофирæй ба нин нисангонд æрцудæй нæ фидæ. Уайтæккæдæр исбадтан машини. Æнæкъулумпийæй бахъæрттан нисангонд бунатмæ. Фæттæ, ихалæн æрмæг исæвгæдтан машини.

Фал фæстæмæ ку раздахтан, уæдта нæ немуцаг хуæдтæхгутæ бафеппайдтонцæ. Бомбитæ нæбæл ехуарæгау никкалдтонцæ. Бæстæ хъуæцæ æма мегъæ фестадæй.

– Нуртæккæ уæ еугур дæр машинæй æргæппитæ кæнетæ! – райгъустæй мæ фиди фæсос гъæлæс. Фал ни æ бардзурдмæ неке байгъуста.

Райгъустæй еу исрæмугъд. Дугкаг... Æртигкаг... Нецибал балæдæрдтæн. Мæ цæститæ ратартæ æнцæ, ме 'уæнгтæ æрбампулдæнцæ. Нæбал бæлæдæрдтæн, баба мæ тæхгæ-тæхун машини кабинæй куд фесхуста, уой дæр. Мæ кеми æрцудтæн госпитæли. Уоми фегъустон бабай æнамонд хабар дæр. Берæ цæстисуг, берæ уæззау æхсæвтæ рарвистон. Мæнæн дæр фæййервæзунæнгъæл нæбал адтæнцæ. Басугъдтæн. Мæ цæсгон-цæсгони хузæн нæбал адтæй. Хирургтæ тохи бацудæнцæ. Тог мæмæ уагътонцæ, архайдтонцæ, цæмæй мæ цæсгони науæртæ ма бахускъæ уонцæ, зæрдæ ма æрлæууа.

Мæ реуи дзиппæй мин исистонцæ мæ фиди хузæ æма мæ бафарстонцæ:

– А дæхе хузæ æй? – Æз сабургай мæ цæститæ байгон кодтон. Мæ фиди хузистмæ нимдзаст дæн. Цæстихаутæ кæрæдзебæл æрæндæгъд æнцæ. Цæстисугтæ фемæхстæнцæ. Исдзурдтон:

«– Гъо, е мæхе хузист æй. – Хъæбæр мæ фæндæ адтæй мæ фиди хузæн бæгъатæр ун. Æхсæвæ-бон нæ зонгæй, дохтуртæ лæудтæнцæ мæ сæргъи. Архайдтонцæ, цæмæй мæ цæсгон адæймаги цæсгони хузæн исуа, цæмæй хузи хæццæ уæддæр еу гæзæмæ æмæнгæс исуа, уобæл...

...Дзицца нæбæл æ куствæллад цæнгтæ ниттухта:

– Мæ бæдæлттæ!.. Мæ бæдæлттæ!.. – æнæсцохæй хаудтæнцæ æ резгæ билтæй еци-еу дзурдтæ.

...Гъе уæд фиццаг хатт банкъардтон мади гъæр гъæбес, æнсувæри зæрди уарзт...

## ИХÆС

Æнзтæ... Уогæ ба куд тагъд тæхунцæ, куд! Алиханбæл дæр дæс æма æртинсæй анзи кæбæлти рагæпп кодтонцæ, уой лæдæргæ дæр нæ бакодта. Æ къахи исист фæуууæззаудæр æй. Æ кæддæри бæзгин сæригъунтæй ма цидæр еугай техалгутæ райзадæй, иннетæ ба фæззигон бæлæсти сифтау æрæгъзалдæнцæ. Æ астæу фæкъкъæдзæ ’й. Æ ростæ медæмæ бахаудтæнцæ.

...Æнзтæ... Æнзтæ... Уонæмæ дзæгъæл хатиртæ нæййес. Фал сæмæ уойхигъд гъолон миутæ ба берæ ес. Еуетæн цæргæ-цæрæнбонти уæззау уаргъ фæххæссун кæнунцæ, иннетæн ба сæ къох уазал дони ниттолун дæр некæд бауадзунцæ.

Алиханмæ дæр æ хъисмæт, цæмæдæр гæсгæ, цъæммар фидиуоси цæстæй ракастæй. Æ бийнойнаг Нуцъа дæр æй æ еунæг бундари хæццæ фæуууагъта, æнæнгъæлти фæммард æй фæндаггон фидбилизæрцуди. Дæс æма инсæй анзей бæрцæ фæккуста шахтити. Æхе загъдау, æ сæрбæл куройни цалх нæ разилдæй, æндæр ци нæ бавзурста, уæхæн ин нæбал байзадæй æ царди.

Алихан еци-еугур зинтæн дæр ниббухстæй, фал æ еунæг фурт Табег ци устур бæллахи бахаудтæй, уомæн ниббухсун ба нæбал бафæразта.

Мæнæ бабæй аци сæрдигон æхсæвæ дæр тухсуй, катай кæнуй Алихан. Рæстæг фæсæмбесæхсæвтæмæ рахизтæй, фал уæддæр хуссæг нæбал æма нæбал ахæссуй зæронд лæги. Мæйæ дæр ин цума æ уоди катай лæдæруй, уоййау имæ æфсæрмитæгæнгæ, къæразæй аййевæй æрбакæсуй.

Алихан сабургай гъузгæцуд бакодта, Табег ци хуссæни хустæй, уой сæргъæмæ. Лæууй æнкъардæй æ цори. Фиди æ къах нæбал хæссуй æ фурти цорæй. Биццеуæн ба æ къæбæлдзуг сæригъунтæ базбæл ниппурх æнцæ, уотемæй адгин фунæй кæнуй.

Алихан имæ дзæвгæрæ фæккастæй. Фал æвваст æ зæрдæ исгæбар-губур кодта. Реуи къолтæбæл æхе хуайун райдæдта. Лæг æрæнкъард æй. Æ гъостæбæл рауадæнцæ, абони сæ дуармæ фæсарæйнаг машинæ куд æрлæудтæй, бæзæрхуг, дастсæр лæхъуæнтæ си куд рахизтæй æма ин æ фурт Табегмæ куд нивзистонцæ, етæ.

– Къуæре ма дин дæттæн æма нин уæдмæ нæ ихæс ку нæ бафедай, уæд дæ хæдзарæ – нæ хæдзарæ.

Алихани зæрди бабæй хъæмай нирræхустау рахизтæнцæ аци дзурдтæ. Æ цæститæ ратартæ æнцæ. Æ зæнгитæ бустæгидæр бадонзонуг æнцæ. Æрхаунмæ æй берæ нæбал гъудæй. Фал æ хъауритæ æрбамбурд кодта æма дзой-дзойгæнгæ, сабургай сæ дзæхæрадонæмæ рахизтæй. Æрбадтæй æнгозæ бæласи буни къелабæл. Гъудити ранигъулдæй. Арвæй зæнхи æхсæн ма ин æрмæстдæр еунæг аци биццеу ес. Е æй æ уодбæлхуæцæг æма æ зинтæ сорæг. Кедæртау ин рæдуд надбæл лæуд нæ фæцæй. Исæздахтæй æфсадæй.

Берæ арфитæ ибæл исæмбалдæй æ хецæуттæй. Фал æфсади фæсте ба куст иссерун æ бон не 'ссæй, æнæ æхцайæй ба уæлдæр скъоламæ бацæун æ нифс нæ бахаста. Æма тухстæй. Рахауæ-бахауæ кодта æгустæй.

«Ехх! Бæргæ ин дзурдтон, – арф ниууолæфгæй, загъта Алихан, – еци къуæдеппити хæццæ ма æмдзæхдон кæнæ. Мæ зæрдæ æй лæдæрдтæй, 150 мин соми ин æфстау уотæ æнцонтæй цæмæн равардтонцæ, уой».

Табеги зæрди адтæй еци æхцатæй еу минкъий тукангонд байгон кæнун, фал... Æфстау ин ци лæхъуæнтæ равардтонцæ, уонæй ку фæххецæн æй æма сæхемæ игъæлдзæгæй куд фæццæйцудæй, уотемæй ин æ над еу «Тойотæ» æрæхгæдта.

Агъодтæй сæ цæсгæнттæ æмбæрзт, уотемæй си æртæ лæхъуæни рагæппитæ кодтонцæ æма 'й машини багæлстонцæ. Æ цæститæ ин хæцъелæй бабастонцæ æма 'й горæтгæрон исмедæг кодтонцæ. Уоми ин е 'хца байстонцæ æма 'й итигъд будури ниууагътонцæ.

Биццеу æ фур адæргæй зæнхæбæл ниддæлгонмæ 'й æма æ кæунæй нæбал æнцадæй. Æппунæрæгиау æ кеми ку æрцудæй, уæд цодтæ-модтæгæнгæ, сæ хæдзарæмæ ранæхстæр æй. Хæкъурццгæнгæ æ фиди цори æрлæудтæй æма ин загъта:

– Баба, фæррæдудтæн... Ме 'хца мин байстонцæ... Нур ба ихæсмæ нæ хæдзарæ дæр...

Æ фидæ 'й бæргæ сабуртæ кодта, фал биццеуæн æ кæунæй басабури мадзал нæбал æма нæбал адтæй.

«Ех, мæ бæдолæ, мæ бæдолæ, – арф ниууолæфгæй, æнкъард гъæлæси уагæй сдзурдта Алихан. – Нур дин цæмæй фенхус кæнон, уомæн мæ сæр ку неци ахæссуй. Мæ пенсий капеккитæ еуæрдæмæ дæр неци æма иннердæмæ дæр... Нæ зонун... Нæ зонун...»

Алихан хеуонтæбæл, зонгитæбæл дæр бæргæ фæззилдæй, фал адæн сæхуæдтæ дæр тухст адтæнцæ еци рæстæгути æма ибæл неци уоййасæ бауозæлдæнцæ. Æдеугурæй æрæмбурд кодта æхсæз мини...

«Мадта ма нур ци киндæуа?» – фæрсуй æхе Алихан. Уæдта æвеппайди æ сæри фегурдæй: «Мæнæн мæ цард кæронмæ фæхъхъæртуй, мæ фуртæн ба ма разæй æй æма... Мæ къох мæхемæ исесинæ... Æма Хуцауи цормæ уой устур тæрегъæддаг гъуддагбæл ку нимайунцæ!.. Цæй, ци уа, е уæд! Æндæр фæггæнæн мин нæбал ес», – федарæй искарста Алихан æма сарайæй рæвæйнæ рахаста. Резгæ къохтæй æй бабаста æнгозæ бæласи къæлеубæл. Къелабæл æрбадтæй, æ дзиппæй ручкæ æма гæгъæдий гæбазæ исиста. Æ къохтæбæл резæнгæ бахуæстæй, уотемæй ниффинста цалдæр рæнгъи: «Хатир мин никкæнæ, Табег. Дæ ихæс бафедунæн дин æндæр нецæмæй æй мæ бон фенхус кæнун. Зиани капеккитæ... Марди кæндитæ мин æгъдаумæ гæсгæ искæндзæнæ, циртдзæвæн дæр хумæтæг куд уа, уотæ. Федар-еу фæллæууæ! Мæнæн ба еухаттдæр ма хатир!»

Табег сæумæй ку фестадæй æма æ фиди æ хуссæни ку нæ

раййафта, уæд æ зæрдæ цидæр æнахур гупп-гупп искодта.

Дзæхæрадонæмæ ратъæбæртт кодта æма æ фиди бæласæбæл ауигъдæй ку рауидта, уæд æ уæргутæ фæддудæгътæ æнцæ, уотемæй ниббогъ-богъ кодта. Æ гъæрмæ синхонтæ æрбафæдес æнцæ.

Дугкаг бон Алихани æ сигити хайбæл исæмбæлун кодтонцæ. Табег бустæгидæр æхемæ нийгъуста. Цæрун дæр имæ нæбал цудæй. Сæумæй-изæрмæ бадтæй сæ хæдзари еци мадзорайæй, гъæунги-еу еске къахгъæр ку райгъосидæ, уæд фестъæлфидæ: æ хæдзарæесгутæ имæ æрбацæунцæ! Къахунæр ку раидард уидæ, уæдта æ зæрдæ æ кеми æрцæуидæ.

«Æвæдзи, етæ дæр мæ фиди зиани хабар фегъустонцæ æма æфсæрми кæнунцæ æрбацæунæй...» – æ меднимæр-еу рагъуди кæнидæ Табег æма æхе уомæй сабуртæ кодта.

Еу бон ба телевизормæ кæсуй æма си æвдесунцæ циуавæрдæр фудгæнгути. Табег си базудта е ’фстаудæтгути.

Табеги гъостæбæл азæлдæнцæ диктори дзурдтæ: «Мæнæ, ке уинетæ, етæ фондз анзей дæргъи сайдтонцæ æма æстъигътонцæ адæни. Ескæмæн-еу цубур æнгъудмæ æфстау æхца радтиуонцæ, сæхуæдтæ ба æ фæсте рацæуиуонцæ, сæ цæсгæнттæбæл агъодитæ, уотемæй æма се ’хца фæстæмæ райсиуонцæ. Уой фæсте ба лæгæн æ хæдзарæбæл æрхуæциуонцæ. Уæ хуæрзæнхæй, уæхæн хузи сæйдтитæ ке бакодтонцæ, етæ слестгæнгутæмæ фегъосун кæнæнтæ».

Табегбæл æ фур мæстæй ехæнрезæ бахуæстæй. Тухтæамæлттæй æ фиди хуссæнмæ бацудæй, æхе ибæл ниддæлгоммæ кодта æма æмир куд кодта.

## МИХОЙ ДОГЪ

Экранбæл æвдесунцæ кинонивæ «Чемпион». Зал æ тæккæ цъоппидзаг. Къохбакæнæн дæр си нæййес. Михо дæр бадуй астæуккаг рæнгъитæй еуебæл. Æ ходæ æ сæрбæл бæрзонд, æ фæсте ка бадуй, уони фудæнæн æнцад-æнцойнæй кæсуй киномæ. Нигки ба ма æ фарсмæ бадт фæцæй еу æригон бордзалуг, цъæхцæстæ кизгæ. Кизги рæсугъддзийнадæмæ гæсгæ ба æхе бустæги схъæлхузæй æвдесуй.

Горцъебæл дууæ богалемæн гъæбесæйхуæст раеудагъ æй.

– Ехх, нуртæккæ æз уоми ку фестинæ, уæд син, æцæг лæппо ци æй, уой бæргæ фæууинун кæнинæ! – киномæ кæсгæй, æ реу сæрустурæй бахуаста Михо. Æгæр уæнгмардæй хуæцунцæ... Еугæрдæр лæги хæрдмæ исистай, уæд æй гъæуама е ’уæнгтæбæл æрæвæрай, æндæр ма имæ, гогуз биндзæмæ куд кæса, уой дзагъæлттæ кæнун цæмæн гъæуй.

– Æвæдзи, ду дæр богал дæ? – рафарста æй, æ фарсмæ ци кизгæ бадтæй, е.

– Уæллæй, æдæн! Мæхе æппæлун, зæгъгæ, ма баæнгъæлæ, фал уæгъдебарæ гъæбесхуæстæй – табу Хуцауæн. Дзюдо æма боксæй дæр чемпион берæ хæттити адтæн, – фæкъкъæртт æй Михо.

– Дессæгтæ! Дессæгтæ! – сæрустурæй загъта кизгæ.

Михо нигки хъæбæрдæр ниббоз æй æхецæй. Кизги цæстæмæ гæсгæ е ’ппæлæн дзубандитæн бустæги дæр кæрон нæбал адтæй. Кинойæй Михо рацудæй кизги хæццæ. Кизгæ разиндтæй киноактрисæ. Æ ном Юлия. Иристони истонцæ нæуæг кинонивæ. Михой гъостæ æ фурцийнæй цæхæртæ калдтонцæ. Нур е ’мбæлттæн æхе æппæлдзæнæй, киной стъалутæй еуей хæццæ базонгæ æй.

Михо æма Юлия цалдæр хатти исæмбалдæнцæ. Куд фæззæгъунцæ, Михо уарзти æнæбун цади ранигъулдæй. Æппунæдзох дæр æппæлдтæй æхецæй. Æ дзубандитæмæ гæсгæ бангъæлæн адтæй, зæнхæбæл аци лæхъуæнæй тухгиндæр æма нифсгундæр неке ес.

Еу бон бабæй Михо æма Юлия сæхе байстонцæ фæлладуадзæн паркæрдæмæ. Терки билæмæ базилдæнцæ. Михо бабæй æхецæй æппæлунтæбæл исхуæстæй:

– Æфсади службæгæнгæй, еу хатт æхсæзей еумæ фæннадтон, – æ тæнæг бецъоти буни хийнæхудт бакæнгæй, дзурдта Михо.

– Гъæбесæй хуæцгæй еристи ба хуæсттæн мæхецæй дууæ хатти уæззаудæрти хæццæ. Фал горцъебæл ба ме ’уæнгтæ некæд æрæмбалдæнцæ.

Раст тæккæ еци рæстæг ба сæ уæлгъос дууæ лæхъуæни æрбалæудтæй. Сæ цæсгæнттæ – æнæдаст. Сæ еу кизги су-

мочкæбæл ниххуæстæй, иннæ ба Михой дус райвазта. Райгъустæй æ дæндæгути къæс-къæс.

– Нуртæккæ дин æз дæ фест ракалдзæнæн... Уодæгасæй дæ ранихъуæрдзæнæн...

Михой иуæнгтæ фæддон æнцæ. Æ туппур рости тог цидæр æрбацæй. Æ зæрдæ фæццæйгъар кодта. Куддæртæй ма æхебæл фæххуæстæй æма æ тух – æ бонæй ниббиндзæ æй. Æ фур догъуадæй æ еу туфли кæмидæр надбæл фесхъиудтæй.

Æ фæсте цалдæр адæймаги нийййарцæ æй. Михо сæмæ уодаистæй фæккастæй, æ зæрдæ фæццæйгъар кодта.

Æ фæстæ ка догъ кодта, етæ имæ цидæр æнахур æппараттæ ниддардтонцæ. «Æвæдзи, сæмæ цидæр нæуæг хуæцæнгæрзтæ ес», – æ меднимæр рагъуди кодта Михо æма нигки тагъддæр фæййагайдта размæ.

Михо цалдæр бони сæ хæдзарæй æндæмæ дæр нæбал рандиудта. Æгасæй байзадæй, е си не ’руагæс кодта.

«Æвæдзи, Юлияй рамардтонцæ», – рагъуди кодта лæхъуæн.

Бæргæ ма имæ дзурдта биццеу: «– Ледзгæ кæнæ», – зæгъгæ, фал... Æхе хуардта Михо. Еске уæхæн лæгмартæмæ дзурдмæ лæууй.

«Цæй, бадзорон имæ», – исфæндæ кодта Михо æма резгæ къохтæй исиста телефони хæтæл. Æ гъостæбæл рауадæй Юлияй игъæлдзæг дзубанди:

– Æз ма дæмæ, Михо, уæхемæ дзорунмæ гъавтон, фал дин дæ телефони номертæ нæ зудтон, – дзурдта кизгæ. – Михо, хъæбæр молодец рауадтæ. Æвæдзи, фæттарсттæ, уæй? Етæ сæ еугур дæр нæ киностудий артисттæ æма оператортæ адтæнцæ. Тæрсагæ, хеппæлой лæхъуæн æ кизги куд фæууадзуй, уой тухгъуддаги нин ду хъæбæр фенхус кодтай. Арфиаг уо, арфиаг! О, хæдæгай, нæ режисер куд зæгъуй, уотемæй дæ, æнæмæнгæй, бацæун гъæуй рæуæг атлетикæмæ. Догъи уайунæй дæ неке раййафдзæнæй.

Кизгæ ма ин нигкидæр цидæртæ зæгъунмæ гъавта, фал Михо еци уæнгмардæй телефони хæтæл уæззау æвæрд æркодта.

# ДЗИБИЛ ÆМА ГИБИЛ

– Гъей, мæ лимæни гæбазæ, – фæстаг ма ниуæзтæ дæ цъухмæ кæд исхастай, уой гъуди кæнис? – фæрсуй Дзибили Гибил.

– Тæккæ æдосæ.

– Æма нур дæ къоппа нæ ресуй?

– Бæргæ ресуй, фал мæ дзиппи еу сауæри дæр нæййес, – æнкъардæй загъта Дзибил.

– Абони ба ци бон æй, – фæрсуй бабæй æй Гибил.

– Фиццæгæймаг апрел.

– Куд? Фицц... Фиццæгæймаг апърел?

– Гъо, фиццæгæймаг апрел...

– Мадта дæ гъуддаг раст – дæ гъолæ сах рабадтæй.

– Уæд цæмæй? – фæрсæгау имæ бакастæй е ’мбал.

– Тæккæ аци бон æз æма ду мийнаси фингæбæл баддзинан.

– Нæ дæ лæдæрун... Куд æма кæми?.. – Æ цубур билтæ е ’взаги кæронæй растардта Дзибил.

– Куд кæми? Уæлæ, нæ тæккæ сæрмæ ка цæруй, уонæмæ. Аслæмурзи фæрнуг хæдзари...

– Гъо, дæхе æррæвдзæ кæнæ. Зумæгон мет кæмæй нæ раададздзæй, еци Аслæмурзæ дин устур фингитæ куд не ’ррæсаддзæй.

– Мадта кæсгæ кæнай!

– Гириз ми кæнис?

– Уанцон гириз ку нæй...

– Мадта...

– Мадта игъосгæ кæнæ.

– Игъосун.

– Аслæмурзи хъæбæр хуарз зонис?

– Æгæр дæр ма: къинди, фудзæрдæ...

– Æ барæ æхе, фал æ бакомкоммæ ка цæруй, уой дæр лæгъуздæр нæ зонис?

– Бекмарзай... Е ба уомæй нигки фуддæр... Къæбæр ратт-туни бæсти ин æ цæстæ ракъахæ...

– Уомæн дæр æ барæ æхе... Махæн ба аци сайæн бони Аслæмурзи хæдзари æнæ фæйнæ баниуазгæ нæййес.

– Бæргæ хуарз уидæ, Гибил, фал кутемæй, – æ комидæнттæ æруадæнцæ Дзибилæн.

– Хъæбæр æнцонтæй... Хуарз æй зонис, Аслæмурзæн Бекмæрзайæй знагдæр ке нæййес, уой. Мах ба Аслæмурзæмæ аци бон – фиццагæймаг апрели, – фæххуæрзæнгорæггаг уодзинан: цума æдосæ Бекмæрза фиди комбинатæй æ хæдзарæмæ æнæгъæнæ стори æмбес æрбампъухта æма ин æ фæд милици косгутæ базудтонцæ.

Барæй ин балæдæрун кæндзинан, синхæгтæ аци хабар гъос-гъосай ке дзорунцæ, уой дæр.

Уайтæккæдæр дууæ ниуæзтæуарзагæ лæги цуппæрæймаг уæладзуги балæудтæнцæ. Развæлгъау куд баунаффæ кодтонцæ, уотæ Аслæмурзæн радзурдтонцæ Бекмæрзай хабар.

Аслæмурзæбæл цума къæвдай фæсте хор ракастæй, уоййау æ цæститæ цийни æрттивд фæккодтонцæ æма æ иуазгути уайтæккæдæр цæлгæнæни фæммедæг кодта. Фингæбæл цæстифæнникъулдмæ фæззиндтæнцæ къудурфунх фид æма коньяки авгæ. Иуазгутæ æма фусунæн зæрдиуаг дзубандитæ раеудагъ æнцæ.

Аслæмурзæ еу дууæ ку раниуазта, уæд æ зæрдæ фæффæлмæндæр æй никкидæр æма уазалгæнæнæй дуккаг авгæ дæр райста.

Сæ ростæ дзæбæх басурхвазæ æнцæ Дзибил æма Гибилæн. Хатгай-еу кæрæдземæ дæр аййевæй бакæсиуонцæ æма сæ цæститæ æрникъолиуонцæ, уотемæй коньяки фæсте адгин комидзæгтæ искæниуонцæ къудурфунх фиди кæрститæй.

Аслæмурзи æвзаги уорамæнтæ бустæгидæр фæуугъдæ æнцæ. Еу усми фæсте ба фестадæй æма иуазгутæн æхе къохæй ниуазæнтæ баниуазун кодта. Етæ ин арфæ кæнунмæ рагъавтонцæ, фал сæ Аслæмурзæ дзурдти буни фæккодта. Цума ин Дзибил æма Гибил æ ресагæдæр сункъæ ниллæмарстонцæ, уотæ галбоз си адтæй Аслæмурзæ.

– Лæг гъæуама кæддæриддæр лæг уа, – мæнæ мæн хузæн, – æхецæй æппæлунтæбæл исхуæстæй Аслæмурзæ. – Æз уæртæ мæ синхаг Бекмæрзай хузæн нæ дæн. Æз дæр давун. Фал уой хузæн ба нæ. Нур ахæстдони ку рабада, уæд æй балæдæрдзæнæй. Гъауай, æз ба имæ «хуæрзæнгорæггаг» фæуун.

– Алло, Бекмæрза дæ? – телефони хæтæлæй дзоруй æ синхагмæ Аслæмурзæ.

– Е дæн, цæмæн дæ багъуддæн? – дзуапп ин равардта мæстгун гъæлæсиуагæй Бекмæрза.

– Зин... Зин мин æй дæ хабар, кæд кæрæдземæ нæ цæуæн, уæддæр?!

– Циуавæр хабар?

– Мæнæ дæ æдосæ, фиди комбинатæй дæ хæдзарæмæ стори косарти æмбес ласгæй ке фæууидтонцæ.

– Ка... Ка? Цитæ лæхорис? Дæ сæри зунд фæццудæй?

– Æз неци дзорун, фал дин æй милици косгутæ ба зæгъдзæнцæ. Мæнæ нæ синхи æндæр коййаг ку нецибал ес...

Аслæмурзæ ма Бекмæрзамæ цидæртæ бæргæ дзурдта, фал бæрæг адтæй, Бекмæрзай къохæй телефони хæтæл куд æрхаудтæй, е.

...Æртигкаг авги буни рохс дæр искалдæй. Къæсæри туххæн ма лæугæй сæ ниуазæнтæ баниуазтонцæ Дзибил æма Гибил. Хуæрзбон æма аразийæй рафæндараст æнцæ сæ фусунæй дууæ æмбали.

Дугкаг бон бабæй Дзибил æма Гибили сæ сæрти рист нæуæгæй исæмбæлун кодта.

– Ехх, нур фæйнæ сæди... – арф ниуулæфгæй ’сдзурдта Гибил.

– Уобæл мин æгириддæр ма тухсæ, – нифситæ ин райвардта Дзибил.

– Ци бабæй æргъуди кодтай?

– Ци ку зæгъай, уæд лæг мадзалæн игурд æй. Аци бон ба Бекмæрзай харзæй мийнасæ кæндзинан.

– Гириз нæ кæнис?

– Нæ ди æруагæс кæнуй?

– Неци хузи...

– Игъосæ, мадта... Нуртæккæ Бекмæрза хъæбæр тарст уодзæй, мах ба ин æ зæрдæ фæффæлмæн кæндзинан: зæгъдзинан ин, æзинæ сайæн бон ке адтæй, уой туххæн си еу гæзæмæ ке рагириз кодтан æма нин – хатир.

Е дæр æ кеми æрцæудзæнæй æма нин æ фурцийнæй медæмæ «еблагъуæ» æнæзæгъгæ нæ уодзæнæй.

– Уæллæй, лæг дæ, – æ фур цийнæй æ медбунати искафта е ’мбал. Уотемæй дууæ лимæни цуппæрæймаг уæладзугмæ

исхизтæнцæ. Дзæнгæрæги гъæрмæ сæмæ ракастæй Бекмæрзай бийнойнаг.

– Бекмæрза хæдзари æй? – райфарста Дзибил.

– Бекмæрза нин, мæ хор, уæртæ нæ фарсмæ ци маргæйдзаг хелагæ цæруй, уой амæттаг фæцæй, – гъæрæй æма тингунæй исдзурдта силгоймаг.

Уогæ æхе фуд дæр адтæй. Нæ мæмæ игъуста. Æ лимæнти хæццæ æндæрæхсæвæ кустæй фид раластонцæ æма сæ фæууиндæ ’й. Нæ лæг ма æхуæдæг цæфбæл милицæмæ бæргæ бацудæй, – мæ рæдудбæл мæхуæдæг басæттон, – зæгъгæ, кæд мæмæ хуæздæр цæстæй ракæсиуонцæ, фал сæ æруорæдтонцæ.

Дзибил æма Гибилæн силгоймаги дзубандитæмæ игъосгæй, сæ сæрти рист æрбайсавдæй. Уайтæккæ дæр гъæунги балæудтæнцæ.

– Е дæмæ дессаг нæ кæсуй, – мах сайæн бони гириз кодтан, хабæрттæ ба æцæг рауадæнцæ, – дзурдта лæф-лæфгæнгæй, Дзибил Гибилæн.

Æрмæстдæр ин е ’рдхуард ци дзуапп равардтайдæ, уой ба нæ ахæста æ сæр...

## БЮРОКРАТ

Фæсарæйнаг дзаумати бази директор Ирбег аци бон æппундæр æ кеми нæй. Тингунæй рацо-бацо кæнуй æ кабинети, Тамаку еу инней фæсте пъæртт кæнуй. Фал ибæл ци бæллах æрцудæй, уомæй ба ’й бази косгутæй еунæг дæр бафæрсун не ’ндеуй.

Бустæги хъæбæрдæр ба фæттарстæй бази сæйраг бухгалтер Верæ. Æ цæсгон æхсæггагæй фæлорсдæр ниццæй, ручкæ æ листæг æнгулдзити æхсæн зир-зир кæнуй. «Æвæдзи, нæбæл уæларвæй æнæнгъæлти дор æрхаудтæй, – катай кæнуй æхе меднимæр, æзинæ бази тургъи дзæгъæли хумæтæги нæ рауайæ-бауайæ кодтонцæ ОБХСС-и косгутæ. Мæ зæрдæ æй цума лæдæргæ кодта... Æдосæ-бонмæ дæр фудфунтæ уомæ гæсгæ уидтон... Аци хатт ма ести хузи ку раервæзинæ...

Цума гъуддаг ци хузи базундæуа?» – катайтæ кæнуй сæйраг бухгалтер. Æппунфæстаг ба æхе фæггебогъ кодта æма сабургай базихъир кодта директори кабинети дуар. Ирбег кедæр хæццæ дзубанди кодта гъæрæй.

– Æз дин – аст ку загътон!.. Дæс нæййес!

Сæйраг бухгалтер еци дзубандитæ ку фегъуста, уæд æ уæргутæ бадонзонуг æнцæ. Медæмæ бахезунмæ дæр æ нифс нæбал бахаста. Къелабæл æхе æруагъта: «Цума дæс мини бафæсвæд кодтон, уой цæмæй базудтонцæ ОБХСС-и косгутæ, – резæнгæ бахуæстæй сæйраг бухгалтербæл. Æвæдзи, мæ бæдæлттæ седзæрæй райзайдзæнцæ».

Бази иннæ косгутæ дæр уодаист фæцæнцæ. Сæ кæрæдземæн гъос-гъосаййæй дзурдтонцæ: «ОБХСС-и косгутæ нæ бази дæс мини иссердтонцæ», – зæгъгæ, хецауи хуæдæййевæг дæр Ирбегмæ комкоммæ нæ бæндиудта, фал сæйраг бухгалтери ба рафарста:

– Æццæйнæ, адæн ци дзорунцæ, етæ æцæг хабæрттæ æнцæ? Ести нæмæ иссердтонцæ?

– Гъо, мæхе гъостæй æй фегъустон. Ирбег Семени-фурт син аст мини лихстæмæ дæттуй, фал етæ ба дæс агорунцæ. Мæрдгинтау æгуппæгæй лæуунцæ директори кабинети цори æ хуæдæййевæг æма сæйраг бухгалтер. Æнгъæлмæ кæсунцæ хецауи рацудмæ. Фал е æндæмæ нæ зиннуй. Еу замани ба æ дуар фегон æй æма мæсттъæлланг фæккодта æ хуæдæййевæг æма сæйраг бухгалтербæл:

– Ами ци лæууетæ? Косгæ цæмæннæ кæнетæ?

Нæуæгæй бабæй рацо-бацо кæнуй тургъи директор. Æхецæн еу рауæн бунат нæбал еруй. Хатгайти ба æ цъухæй исхауй:

– Аст!.. Аст!.. Гæр, мæ сæр æппундæр косгæ нæбал кæнуй?..

Сæйраг бухгалтер имæ æхе аййевæй байста æма ин унгæг цъухи уагæй уотæ бакодта:

– Дæхе æгæр ма хуæрæ, Ирбег Семени-фурт... Æз... Æз дæр дин фенхус кæндзæнæн...

Фал имæ директор кæсгæ дæр нæ фæккодта. Нæуæгæй бабæй æ кабинети дууердæмæ рацо-бацо кæнун исиста. Æппунæрæгиау ба æ цийни удзæл райгъустæй:

– Ура! Æрæй гъуди кодтон!.. Нур æй еугурæй дæр искод-

тон!.. – Сæйраг бухгалтер имæ гъæрмæ багæпп кодта. Ирбег Семени-фурт æй æ гъæбеси фелваста фур цийнæй.

– Æгас бонæмдæргъци мæ аци дзурдбид хохолæгæй рамардта. Бунмæ ма мин си еунæг дзурд байзадæй æрфинсуйнаг аст дамугъаемæй æма ’й мæнæ нур æргъуди кодтон: «бюрократ».

Сæйраг бухгалтерæн дæр æ зæрдæ æ фур цийнæй уотæ ниррохс æй æма æ хецаумæ идзаг цæститæй идзулун райдæдта.

## Æ СУЙНИ САСТ ФÆРРÆСТМÆ ÆЙ

Уогæ ба, аци зæнхæбæл цæйбæрцæ тугъдтитæ æрцудæй æма цæуй... Нимад ба сæ уæд ка фæуууодзæнæй. Фал ма Хуцау адæнæн еу арфæ ракодта, æма кæци фæнди тугъд дæр фæстагмæ фæууй федудæй.

Фал а дуйнебæл адæн ку сæнтæстæнцæ, уæдæй фæстæмæ киндзитæ æма æфсинтти æхсæн ци тугъдтитæ цæуй, уонæн ба æгириддæр кæронвæтгæ нæййес. Нигки ба ма сæ бафедаунæн дæр неке ма неци мадзал æма хуасæ иссердта.

Киндзитæ сæхуæдтæ куд зæгъунцæ, уотемæй æфсинттæн сæ тæккæ налатдæр æма æнæбасæттондæртæ æнцæ, мæнæ сæ цар стгутæбæл кæмæн ниссор уй, еци фудхуз, фуцъулуз силгоймæгтæ.

Хуæрзхузтæ, нард ка фæуууй, еци æфсинттæбæл ба сæ киндзитæ æнцондæртæй фæууæлахез унцæ. Се ’хсæн цалдæр хили ку рауайуй, уæд уайтæккæдæр еци æфсинттæ фæууонтæхъел унцæ. Къохидзæгтæй ма зæрди æма игæри хуастæ бæргæ фæнниуазунцæ, фал син сæ Елиай хай дæр нæбал фенхус уй...

Æфсинттæн сæхемæ дæр уæхæн гъудитæ фæууй, къæсхур æма фуцъулуз киндзити неке басæтдзæнæй.

Фал нигки мардæрцуддæр бæллах ба фæууй, æфсийнæ æма киндзæ, еу геппи уагъдау, æмвæйнæ ку разиннунцæ, е. Хили рæстæги уони æхсæн бацæун ба цийфæндуй тугъдæй дæр мæлæтдзаг тасуадзæгдæр хабар фæууй. Уони бафедаун

кæнунмæ æ нифс хæсгæ ба ка бакæндзæй? Мæнмæ гæсгæ – неке.

Нур ацал-ауали æ еунæг киндзæ Фенай хæццæ тох кæнуй, уæлæ уæллаг синхи ка цæруй, адæн æ номæй дæр кæмæ нæбал дзорунцæ, фал «киндзхуар» ке хонунцæ, еци налат, æма фуцъулуз æфсийнæ Дидикка.

Киндзæ дæр æхе хузæн æнæхатир. Уой ба гъæубæстæ «æфсийнæхуар» исхудтонцæ. Арвбæл фæстаг стъалутæ ку æрбайсæфунцæ, мæйæ, хори фиццаг тунтæ рауингæй, æхе ку бафæсвæд кæнуй, уæд аци дууемæн дæр се ’фсæртæ искосунцæ. Цо, æма сæ ду балæдæрæ, ка си растдæр æй, уой. Цубур дзурдæй, сæ еуебæл – сæхъес, иннебæл ба – голлагæ.

Хæдзари нæлгоймаги ном ка хæссуй, еци сабур, хуæдæфсæрмæ лæг Алихан дæр, мæгур æ бон, сæумæй кустмæ æхе райсуй, куд тагъддæр фендæбилæуабæл катайтæ гæнгæй. Ка дин бухсуй силгоймаги цъах-цъахмæ игъосун.

Мадта, уæлдай унгæги бон ба сæ синхонтæбæл никкæнуй. Фал сæбæл етæ дæр исахур æнцæ, мадта ци фæуонцæ? Уæдта сæ ергъæвгæ дæр некебал кæнуй. Сæ еу си инней ку мара, уæддæр сæмæ кæсгæ дæр некебал ракæндзæнæй.

Фал нур ба фæстаг цалдæр къуæрей æ кеми нæбал æй Дидикка. Уогæ æнзтæ дæр сæ кæнон кæнунцæ, мадта куд?.. Æхсæз æма цуппаринсæй анзи минкъий нæ ’нцæ... Æнзтæ ма ци ’й фæндуй фæууæнтæ, фал æй аци астæути рист ба бустæги хохолæгæй маруй. Бунтон губур ниццæй. Æ астæуистæги цидæр ниббадтæй. Мæнæ си цума еске тад изди рауагъта, уотæ еци-еугæндзон асдзагъд кæнуй.

Дидиккайæн аци фудбони рист æ астæуи ку фæззиндтæй, уæд æ киндзæбæл ба хортæ æма мæйтæ искастæй. Еци тасгæ-уасгæ е ’фсийни цорти ку еуæрдæмæ, ку иннердæмæ рацъиллинкк кæнуй.

Фал Дидикка дæр нерæнги, æ бартæ уотæ æнцонтæй ка æрæвæра, уæхæнттæй нæй. Æ бон ма æй киндзæн агкаг нихкъуæрд раттун. Æрмæстдæр æй еци астæути нез ба бустæги бадæмдта, æ уод ин æрдойæй нарæгдæр искодта. Сауæнгæ æ бон тургъæмæ, гъæунгæмæ рахезун дæр нæбал æй.

Раздæрти-еу Дидиккай сæумон зилдтитæ райдайуонцæ уомæй: хæдзари къумтæбæл-еу æ цæстингас рахаста æма си æнæхснад дзаумабæл е 'нгас ку æрхуæцидæ, кенæ къахидарæсбæл, уæд сæ гъæунгæмæ радавидæ æма æ цъæхснаг гъæлæс арви гъæрау ниннæридæ:

– Кæсгæ кæнетæ, хуарз адæн, кæсгæ!.. Мæнæ мæ хæдзари ци сæппæркъе киндзæ ес, уомæ!..

Тухсуй! Катай кæнуй мæнæ абони дæр Дидикка. Æ фур адæргæй æ цъæх цæститæ радавæ-бадавæ кæнуй хæдзари къумтæбæл. Фал си нецæбæл хуæст кæнуй. Алли къум дæр хуæрзæфснайд.

Гъе-гъе, мæнæ дуаргæрон дууæ æнæхснад туфлий, æ киндзæй ка райронх æй æфснайгæ-æфснайун, етæ. Æ цъæх цæститæ си нæбал есуй. Æ амæттагбæл фæххуæст æй æфсийнæ. Фал сæмæ кутемæй баервæза? Æнæхаир ку фæууидæ аци астæу. Нæдæр æй размæ раампъез кæнун уадзуй, нæдæр ба – фæстæмæ. Бустæгидæр никъкъæдзæ æй. Æ циргъ фий зæнхæбæл ку æрæндзæва, уомæй дæр бустæги æдас нæй. Æхемедæг багъенцъун кæнуй: ехх, нур, уартæ еци дууæ туфлийемæ баервæзæ, уæд дин æз дæ мæрдтæ хормæ бæргæ ракалинæ, мæ киндзæ! Фал аци æнæхаири астæу...

Киндзæ балæдæрдтæй, е 'фсийнæ бабæй æнæ тургъæмæ рахезгæй ке нæ ниллæудзæнæй, уой æма... Æма æ сæри фегурдæй еу дессаги гъуди. Æфсийни сосæггай æрхезæни дугкаг къæпхæни уомæл хæцъели буни харбузи цъарæ нивæрдзæнæй æма ибæл куддæр Дидикка æ къахæй æрæнцайа, уотæ фæггурдзæй æма си уæд киндзæ æппунфæстаг фæййервæздзæнæй.

Фал гъуддæгтæ Фенай фæндон нæ рауадæнцæ. Дидикка е 'гас хъауритæ дæр рамбурд кодта æма æнæхснад туфлитæмæ баервазтæй. Æ зир-зиргæнгæ къохтæй сæбæл фæххуæстæй. Æ раздарæни буни сæ раримахста æма æ лæдзæги кæронæй байгон кодта тургъи дуар. Киндзæ ци адтæй, уомæй еугурæй дæр цæститæ фестадæй. Æхе тургъæмæ райста. Æхе тута бæласи бун сæрфæг искодта, уотемæй æ цæстæ ба зæронд уосæмæ дардта, е 'фсийнæ нуртæккæ харбузи цъарæбæл куд фæггурдзæй, æма сæрбехъулæнттæгæнгæ куд фæццæйтæхдзæнæй, уомæ.

Дидикка тухгъезæмæрттæ гæнгæ æ рахез къах асийни фицдаг къæпхæнбæл æрæвардта. Фена уодаистæй кæсуй, нуртæккæ е ’фсийнæн æ иннæ къах дугкаг къæпхæнбæл кæд æрнидзæвдзæй, уомæ. Мæнæ æфсийни дугкаг къах къæпхæнбæл æрнидзæвдæй æма æвеппайди æ цъæххахст райгъустæй.

«Æллæх, бабун дæн!..» Зæронд уосæ ма хаугæ-хаун дуари хуæцæнмæ фæллæбурдта, фур тарстæй æвваст æ астæу фæрраст кодта æма æ астæуистæги гъоли къæрцц фæццудæй. Æ нивæн бæрзондæй нæ рахаудтæй. Æдзæмæй лæууй Дидикка. Фезмæлун дæр не ’ндеуй. Æ киндзæ дæр имæ еци тарст каст кæнуй.

Æма мæнæ дессаг... Дидиккабæл ирон æмбесонд æрцудæй: æ суйни саст фæррæстмæ ’й. Харбузи цъарæбæл фæггургæй, æ астæуистæги гъолæ фæкъкъæрцц кодта æма æ бунати исбадтæй. Зæронд æ незæй фæййервазтæй. Æ астæу исраст æй. Зæронд уоси цæсгон æ фур цийнæй ниррохс æй. Æ киндзæмæ бакастæй æма хийнæхудт бакæнгæй, дзурдта: «Æ къохтæ фæрнæй фæддарæд, харбузи цъарæ къæпхæни буни ка сæвардта, е». – Фена æ æрмитъæпæнтæ æ ростæмæ исбуцæугæнæй, кастæй æ фæсте еци æнкъардæй.

# АЛАНТÆ КИРИСТОН ДИН РАЙСУНИ 1100 АНЗМÆ

ГОСТИТИ Ларисæ

## САУГИН АЛАДЖИХЪОТИ АКСО

Саугин Аладжихъоти Докой фурт Аксо райгурдæй Уæллагири коми Нæзгини гъæуи 1836 анзи. 1844 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Владикавкази духовон училищемæ. Æ фидæ Доко ниффинсти буни æ къох ку байвардта, гъома, æ фурт фæсахур духовон кусти фæндагбæл ке ниллæудзæнæй æма саугин ке исуодзæнæй, уой фæдбæл, уæд æй Владикавкази училищей хецау къазнай харзæй ахургæнуйнæгти номхигъдмæ бахаста.

Аксо училищей ахур кодта æнтæстгинæй. Владикавкази духовон училище фæууни фæсте ци аттестат райста, уоми

æ ахури бæрæггæнæнтæ адтæнцæ зæрдæмæдзæугæ еугур предметтæбæл дæр. Духовон училищей уæлдæр хаййади æ ахургæнæг адтæй Хъантемурти Геуæрги. Уой фæсте еци дууæ лæги еумæ кустонцæ дини киунугутæ маддæлон æвзагмæ тæлмацгæнæг комитети.

1851 анзи 26 июни Аксо æнтæстгинæй каст фæцæй Владикавкази духовон училище æма 'й раййивтонцæ идарддæр ахур кæнунмæ Тифлиси духовон семинаримæ. Еци ахурадон уагдонæ дæр каст фæцæй 1857 анзи, тæккæ уæлдæр къæпхæни номи хæццæ.

Ахур фæууни фæсте Аладжихъой-фурт семинарий правлений бардзурдмæ гæсгæ фæстæмæ æрвист æрцудæй Владикавкази духовон семинаримæ æма косун райдæдта фиццаг приходи къласи ахургæнæгæй. Ами 'й багъудæй æ цардиуагон фарстатæ лух кæнун. Владикавкази ин цæрæнбунат н' адтæй, æма 'й багъудæй фатер ихуæрсун. Ци 125 соми иста, уомæй ба е 'мбес фиста фатер ихуæрсæггаг. Ци уæззау материалон уавæри бахаудтæй, ци тухцæрдтитæ кодта, уой туххæн æхуæдæг 1858 феврали финста духовон училищей сæргълæууæг И. Холуйскиймæ: «Училищей æмдзæрæни мин цæрæнбунат ке нæййес, уомæ гæсгæ ихуæрсун фатер, мæ кусти мизд ба нæ хъæртуй æма берæ гъуддæгти æвзарун гъæуагæдзийнæдтæ».

Фиццаг приходи къласи ахурдзаутæн Аксо амудта уруссаг æвзаг.

1857 анзи 1-аг октябрæй ба 1858 анзи 1-аг январмæ ма уæлæнхасæн ахуртæ лæвардта маддæлон æвзаги уроктæ дуккаг приходи къласæн. Уæлæнхасæн ахуртæ арæзт цудæнцæ къуæре дууæ хатти.

Тифлиси духовон семинарий Правленимæ И. Холуйский ци рапорт ниффинста, цæмæй ин æ кусти мизд фæффулдæр кæнонцæ, уоми сæрмагондæй бафеппайдта: «Ахуртæ аразуни гъуддаги æ къохи æфтуйуй хуарз æнтæститæ», – зæгъгæ.

Тифлиси духовон семинарий дигорон æма ирон æвзаги ахуртæ арæзт цудæнцæ, 1844 анзи А. М. Шегрен ци грамматикæ исаразта, уомæ гæсгæ.

Уæлдæр куд бафеппайдтан, уотемæй училищей ахуртæ арæзт цудæнцæ къуæре дууæ хатти. Ахурдзаутæ архайд-

тонцæ Псалтиртæ нæхе æвзагæй уруссагмæ тæлмац кæнунбæл, уæдта тексттæ грамматикон æгъдауæй æртасунбæл.

1857 анзи, бунæттон æвзагæй уруссаг æвзагмæ тексттæ тæлмац кæнуни куст Владикавкази духовон училищей разамунд банимадта «хуарзбæл» æ ведомости.

Ахургæнæги куст Аксо духовон училищей фæккодта дууæ анзей бæрцæ.

Уой фæсте Аксо райста диакъони цин æма еци бунати куста Владикавкази æфсæдтон – Ирон зилди духовон-ахурадон уæгдæнтти архимандрит Иосиф Чепиговскийи хæццæ. Архимандрит Иосиф æй æхуæдæг иснисан кодта еци бунатмæ, уомæн æма ’й хуарз зудта, Аксо ма Тифлиси духовон семинарий ку куста, уæдæй фæстæмæ. Цалинмæ нæуæг бунатмæ нисангонд нæма æрцудæй, уæди уæнгæ, иеромонахи сани уогæй, архимандрит Иосиф куста Тифлиси духовон семинарий инспекторæй, уой агъонмæ ба еу рæстæгути адтæй логики æма психологий ахургæнæг, уæдта ма еци-еу рæстæг библиотекарь дæр.

Цубур рæстæгмæ Аксо иссæй архимандрит Иосифи активондæр æма арæхстгиндæр æнхусгæнгутæй еу. Æппунæдзох цудæй Иосифи хæццæ, е цидæриддæр дигорон æма ирон приходтæмæ цудæй, уордæмæ, архайдта алли мадзæлтти дæр. Колити Аксо æма Сухити Михали хæццæ Аладжихъой-фурт дæр æнхус кодта архимандрит Иосиф Чепиговскиййæн нæуæг æвзаг ахур кæнуни гъуддаги. Уæлдæр куд бафеппайдтон, уотемæй маддæлон æвзаг ахургонд цудæй А. М. Шег-рени грамматикæмæ гæсгæ æма еци динамонгути фæрци хуæрзрæхги Иосиф базудта маддæлон æвзаг.

1859 анзи фæззæги ба Аладжихъоти Аксо, Иосиф Чепиговскиййи фæндонмæ гæсгæ æрвист æрцудæй, Алагири ци дууæкласон дини-приходи скъола байгон кодта, уордæмæ.

1859 анзи сæрди архимандрит Иосиф скъолайæн балхæдта сæрмагонд азгъунст, æ сæр ин гъосинæй æрæмбæрзун кодта, уæдта ’й медæгæй исцалцæг кодта

1859 анзи 31 августи Иосиф финста Гурдзий экзарх архиепископ Евсевиймæ (Ильинский): «Хозяйственную часть по училищу поручить диакону Аладжикову: ему же нахожу более постоянным поручить законоучительскую должность,

так как для большей вразумительности предметов учения веры неоходимо объясниться с учениками по-осетински и заставлять их отвечать на вопросы как по-русски, так и по-осетински».

1862 анзи Аксо ниууагъта Иосифи цори æ диакъони куст. Еци бунати уой фæсте косун райдæдта федæни саугин Хъарати Геуæрги. Фæстæдæр Аксо райста саугини сан æма æрвист æрцудæй Киристонгъæумæ Сугъдæг Мадæ-Майрæни аргъауæндонæмæ. Еци аргъауæндонæ арæзт æрцудæй 1858 анзи Ирон духовон къамиси фæрæзнитæй.

Киристонгъæу исæвзурдæй 1852 анзи, Дигори XIX æноси къласон рахастдзийнæдтæ бустæги хъæбæр ке иснихмæ æнцæ, уомæ гæсгæ. Адæнихæттитæ истох кодтонцæ баделиати гъæздугутæн хъалон федуни нихмæ.

1848 анзи 25 апрели дигорон зæнхкосгутæ сæхе æрхаттонцæ Кавказмæ цæстæдарæг къниаз Воронцовмæ, цæмæй син зæнхитæ радта баделиатæй еппард рауæн æрцæрунæн.

Дигори цæргути 'хсæн къласон рахастдзийнæдтæ никки итингдæр кодтонцæ зæнхкосгутæ æма баделиати æхсæн, динмæ цæстингас фæйнæ хузи ке адтæй, уомæ гæсгæ дæр.

Баделиати гъæздугутæ сæхуæдтæ раги райстонцæ пусулмон дин æма сæ еугур тухтæй дæр архайдтонцæ æргонæй, еци дин адæни æхсæн парахат кæнунбæл, сæ кæнон кодтонцæ киристон дини гъуддæгти.

Ирон духовон къамис кæд еугур хъауритæй дæр архайдта еци пропагандæгæнæн куст фæллæмæгъдæр кæнунбæл, уæддæр, пусулмон дин ка райста, раздæр киристон уогæй, уони нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр кодта фæстаг рæстæгути.

1847 анзи Стур-Дигори приходи зæнхкосгутæ курдиадæ балæвардтонцæ Гурдзий экзарх, архиепископ Исидормæ (Никольский), кæцими гъаст кодтонцæ: «Пусулмон динбæл хуæст гъæздугутæ сæ ке тухсун кæнунцæ, нæ киристон динæй сæхе дин уæлдæр ке кæнунцæ, æфхуæрунцæ нæ æма нæ туххæй дæр сæхе динмæ ке æздахунцæ æвæндонæй». Уогæ, æрмæст Дигори нæ рахæлеу æй еци архайд, фал Иристони дæр.

Кавкази Сæйраг линий хецау къниаз Г. Р. Эристов бацæт-

тæ кодта киристон æма пусулмон динбæл хуæст адæнти хецæн рауæнти æрцæрун кæнуни пълан æма ’й Кавказмæ цæстæдарæг къниаз Воронцов хуарзбæл ку банимадта, уæдта æвдист æрцудæй Уæрæсей император Николай 1-мæ æма ’й исфедар кодтонцæ сæрмагонд манифестмæ гæсгæ.

Дигорон киристон зæнхкосгутæн цæрунæн зæнхитæ радех кодтонцæ Ирæфи рахес фарс. Еци зæнхи гæппæл æмарæнеуæг кодта скæсæн æрдигæй – Николаевски хъалли хæццæ, цæгат-нигулæнæрдигæй – Туйгъанти æма хонсарнигулæнæрдигæй ба – Хъубадти зæнхити хæццæ.

Киристонгъæуи ци 263 хæдзари æрцардæй тæккæ фиццаг, уонæн дехгонд æрцудæй 1870 дæстини. Будури гъæутæмæ æдеугурæй ци 635 хæдзари рафтудæй, уонæн ба дехгонд æрцудæй 9564 дæстини. Уонæй ба дзæвгарæ хай – баделиатæн, «сау адæнихатбæл барæ ке нæбал дардтонцæ», уой феддонæн.

Киристонгъæуи тæккæ фиццагдæр æрцардæнцæ Дур-Дур æма Хусхæ-Майхуæй раледзæг адæн. 1859 анзи Киристонгъæуи адтæй 280, 1866 анзи ба сæ нимæдзæ исхъæрттæй 350 хæдзаремæ.

Киристонгъæуи аргъауæни саугин уогæй, Аксой къохи адтæнцæ цалдæр приходи, сæрмагондæй ба: Киристонгъæуи дууæ приходи – 2423, Гæлиати – 1408, Стур-Дигори – 724, Мизури – 1019, Мæхчески – 1304 æма Дагоми – 1179 адæймаги. Киристонгъæуæй уæлдай иннæ приходтæ ба æгасæй дæр адтæнцæ хуæнхбæсти зиндзæуæн рауæнти, уæлдай зиндæр бафтуйæн ба сæмæ уидæ зуймон рæстæгути.

Благочинныйи бунати косгæй, Аксо устур куст бакодта бунæттон цæргути æхсæн киристон дин рапарахат кæнуни гъуддаги. Уомæн æвдесæн æй, 1866 анзи 18 январи архимандрит Иосифмæ ци рапорт балæвардта, е дæр: «Я заметил, что духовенство наше потеряло доверие, оно подорвано влиятельными лицами Дигории, врагами Православия, которые уверяют слабых в вере в том, что христианство в Дигории желают только они, а начальство на это не обращает внимания: почему приказ, изданный относительно совращающихся, ни над одним не приведен в исполнение...

Враги Православия поставили народ в такое положение, что в христианах ослабела ревность христианской религии и

– по несчастью – в ислам переходили важные лица в обществе; и поэтому к прошлогодним сорока дворам прибавилось девять семейств в Махческе, а в Стур-Дигорском к двадцати девяти дворам прошлогодним прибавилось еще семнадцать».

Аци дæнцæ æрхаста æ киунуги протоиерей Гатути А.: «Христианство в Осетии. Исторический очерк».

Аргъауæни сæргълæууæг æ рапорти куд бафеппайдта, уотемæй адæнмæ нецихузи гъаруй æууæндунади дзурд, уомæ гæсгæ коруй, цæмæй бунæттон хецауадæ дæр æ фарс рахуæца. «Фарæ 27 ноябри мæхе бахаттон Владикавкази 1-аг зилди хецау болкъон Эчлаумæ, рæхги рæстæги ести мадзæлттæ ку нæ исараза уавæр фæххуæздæр кæнунæн, уæд Мæхчески приход бунтондæр æхгæд æрцæуд-зæнæй», зæгъгæ. Еци рапорти ма Аксо финсуй, пъиристуф Ницикки æма Владикавкази адæмон тæрхондони депутат Къорнай-фурти хæццæ, къохбафинститæ ке æмбурд кодтонцæ, цæмæй киристон динбæл сæ къох ма есонцæ цæргутæ, фал нин еци мадзæлттæ дæр неци фенхус æнцæ, зæгъгæ.

Киристонгъæуи Аксо айдагъ саугини куст нæ кодта, фал ма адтæй аргъауæни еукъласон скъолай сæргълæууæг æма «Хуцауи дзурд»-и ахургæнæг дæр. Адæмон сфæлдистадæ æмбурдгæнæг æма ахургæнæг. Гарданти Михал фæстæдæр куд финста, уотемæй: «Бунæттон цæргутæ абони дæр ма устур зæрдæхцæуæндзийнади хæццæ имисунцæ сæ ахургæнæги».

1856 анзи Киристонгъæуи фиццаг скъола æхе харзæй байгон кодта саугин Иоанн Мревлов. Е ахуртæн равардта æхе фатер. 1861 анзи скъолай ахур кодта 25 ахурдзауи, уонæй ба 10 æйййивд æрцудæй Алагирмæ паддзахади харзæй ахур кæнунмæ. Уæди дини къамис куд исфедар кодта, уомæ гæсгæ алли анз дæр Алагири дини скъолай гъæуама ахур кодтайдæ 16 дигорон ахурдзауи. Уони ахур кæнунæн алли анз дæр къазнай харзæй уагъд цудæй 40 соми. Уæхæн æйййивдтитæ цудæй нæуæг саугини рæстæги дæр. Алагири дини скъола каст фæууни фæсте ба ахурдзаути бон адтæй сæ ахур идарддæр Владикавкази духовон училищей райдарддæр кæнун.

1863 анзи 1-аг январæй фæстæмæ ба ма Аксо æнхæст

кодта скъолай иннæ ахургæнæг Саулохти Григорий ихæстæ дæр. Саулохи-фурти ба, Кавкази киристон дин парахат кæнуни Æхсæнади комитети унафæмæ гæсгæ райййивтонцæ Владикавкази силгоймæгти скъоламæ маддæлон æвзаги ахургæнæгæй.

Еци скъола байгон кодта саугин Колити Аксо 1862 анзи 10 маййи. Саулохи-фурт еци бунати гъæуама баййивтайдæ Цæликкати Александри.

Аладжихъой-фурт фарста цæхгæр æрæвардта дини разамунди цори, цæмæй гъæуи арæзт æрцудайдæ нæуæг азгъунст скъолайæн, фал æ курдиадæ ба æнхæстгонд не ’рцудæй.

Киристонгъæуи дини скъола аразун райдæдтонцæ æрмæстдæр 1878 анзи æма ’й кæронмæ рахъæртун кодтонцæ 1882 анзи. Арæзт ба æрцудæй бунæттон цæргутæн сæхе фæрæзнитæй. Æдеугурæй ибæл харзгонд æрцудæй 4000 соми.

Æма кæд гъæуи скъолайæн сæрмагонд азгъунст н’ адтæй, уæддæр ахурадон-динон куст ба некæд бакъулумпи æй Аксой фæрци. Сауæнгæ ма фиццаг дуузæ анзи æ ахургæнæги кустбæл мизд дæр нæ иста. Æрмæстдæр 1864 анзи райдæдтонцæ Æрæдони æма Киристонгъæуи скъолатæн сæ кустбæл 200-гай сомтæ федун.

1864 анзи 31 августи архимандрит Иосиф æвзурста Владикавкази зилди 11 дини скъолай ахурти цуд æма си тæккæ арæхстгиндæртæбæл банимадта æртæ: Киристонгъæуи, Æрæдони æма Гъæдгæрони скъолати куст.

Æ хигъдлæвæрди финста: «Биццеу-ахурдзаути ахур кæнуни куст æвæрд æй бæрзонд æмвæзадæбæл, уæлдайдæр ба æртæ скъолаеми... ахурдзаутæ хуарз зонунцæ кæсун иронау, дигоронау æма уруссагау. Абетæмæ гæсгæ кувдтитæ зонунцæ æмдзæвгитау дзорун, уæлдайдæр ба маддæлон æвзагбæл. Дигори æхсæн Киристонгъæуи скъола адтæй тæккæ берæнимæцондæр, ахур си кодта 36 скъоладзауи.

1865 анзи инспектор Гогоберидзе финста æ хигъдлæвæрди: «Цæгат Иристони нæлгоймæгти скъолати æхсæн Æрæдони æма Киристонгъæуи скъолатæ банимайун æмбæлуй тæккæ æнтæстгиндæртæбæл. Е ба дзорæг æй, ахургæнгутæ сæ ихæс æнхæст кæнунмæ уæлдай бæрнондæр цæстинга-

сæй ке кæсунцæ, ахурдзаутæ ахур кæнуни гъуддаги сæхе арæхстгинæй ке æвдесунцæ, уобæл».

Фидæ Аксо берæ хъауритæ лæвардта, цæмæй æ ахургæнуйнæгтæ сæ дæсниадæ фæуугæлдæр кæнуни туххæй идарддæр дæр сæ ахур æнхæстдæр кодтайуонцæ, уой фæдбæл. 1865 анзи æ дууæ ахурдзауи – Хъазбегти Илларион æма Гатути Фомæ – æййивд æрцудæнцæ Владикавкази зилди училищемæ.

1866 анзи Киристонгъæуи дини скъолай ахур кодта 46 скъоладзауи.

Еци анз скъола бабæрæг кодта инспектор Дмитрий Бакрадзе æма банисан кодта, ахурадон уавæр си дзæвгарæ ке фæллæмæгъдæр æй, уой, уомæн æма уæдмæ Аладжихъоти Аксо уæззау сæйгæ æрцæй, фæстæдæр ба е ’носон дуйнемæ бацудæй.

Æ сæйраг кусти уæлæнхасæн ма Аксо кодта дини киунугутæ тæлмац кæнуни куст дæр. Еци куст кæнун ба райдæдта 1850 æнзти кæрони.

1858 анзи сентябрæй ба 1859 анзи августи уæнгæ, архимандрит Иосифи разамундæй, диакъон Аладжихъоти Аксо саугинтæ Колити Аксо, Сухити Михал æма ахургæнæг Жускати Соломони хæццæ активонæй куста, уой агъонмæ Тифлиси духовон семинари ахургæнæг Даниил Чонкадзе не 'взагмæ рæдудтити хæццæ ци Иоанн Златоусти Литурги ратæлмац кодта, уой исраст кæнунбæл.

Берæ бунæттæ си исрастгæнгæй, фæстæдæр ба ’й славайнаг æма бердзейнаг финстити хæццæ исбаргæй, æппунфæстаг æрмæги тæлмац мухурмæ цæттæгонд æрцудæй æма 1861 анзи мухури фæззиндтæй Тифлиси хецæн киунугæй.

Уой уæлæнхасæн ма мадтæлон æвзагмæ ратæлмац кодта Сæумон æма Изæйрон кувдтити тексттæ. Еци куститæмæ æркастæнцæ саугинтæ Колити Аксо, Сухити Михал æма Жускати Соломон, сæ феппайуйнæгтæ сæмæ бахастонцæ æма етæ дæр мухури рацудæнцæ Тифлиси.

Еци киунугутæ хъæбæр ахсгиаг гъудæнцæ ирон-дигорон приходти, цæмæй кувдтитæ игъустайуонцæ мадтæлон æвзагбæл. Еци киунугутæй 35 экземплярей бæрцæ æрвист æрцудæнцæ бунæттон приходтæмæ, цæмæй еци бонæй

фæстæмæ дини аргъауни ахуртæ еугурдæр цудайуонцæ мадтæлон æвзагбæл, уæхæн нисани хæццæ.

Еци гъуддагмæ цæстæдæруни ихæс ба æвæрд æрцудæй архимандрит Иосифбæл. 1862 анзи ба ма никкидæр 40 экземпляри æрвист æрцудæй приходтæмæ.

1860 анзи ба арæзт æрцудæй дини киунугутæ маддæлон æвзагмæ тæлмацкæнуни фæдбæл сæрмагонд комитет. Æ иуæнгтæ адтæнцæ: Колити А., Сухити М., Жускати С., Цорати В., Хъарати Г., Хъантемурти Г. æма Аладжихъоти А.

Уонæй алкæмæн дæр ихæсгонд æрцудæй хецæн сæргæндтæ мадтæлон æвзагмæ ратæлмац кæнун.

1861 анзи фиццаг æмбеси Колити Аксо æма диакъон Аксо æркастæнцæ æма бараст кодтонцæ, Цорати В. ци æрмæгутæ райййивта мадтæлон æвзагмæ, сæрмагондæй ба апостолтæ Петр, Иоанн æма Иуди æрвист фæдзæхститæ.

Саугинтæ Колити А., Сухити М., ахургæнгутæ Цорати В., Хъарати Г. æма Хъантемурти Г. хæццæ еумæ Аксо куста, архимандрит Иосиф ци абетæ ниффинста, уой бацæттæ кæнунбæл.

Зин банимайæн æнцæ, Аладжихъоти Аксо ци берæ тæлмацтæ фæккодта, уæдта сæ исрасткæнунбæл ци хъиамæттæ бакодта, етæ.

Дини разамонгутæ устур аргъ кодтонцæ Аксой сфæлдистадон архайдæн. Æ ратæлмац киунугутæн ин искодтонцæ устур аргъ. Хуцау æ зонæг, цæйбæрцæ ма ин бантæстайдæ, æнафони мæлæт æй ку нæ ратудтайдæ æхсæнадæй, уæд.

1863 анзи æрцудæй устур бæллах – æхгæд æрцудæй Владикавкази духовон училище. 1866 анзи ба ма никкидæр еума фудæрцуд – сæ цардæй рахецæн æнцæ Колити Аксо æма Аладжихъоти Аксо.

Аксо дзæвгарæ рæстæгути адтæй уæззау сæйгæ. Ку рамардæй, уæд æвæрд дæр æрцудæй Киристонгъæуи аргъауæндони тургъи. Гъулæггагæн, æ цирт абони бæрæг нæбал æй.

Киристонгъæуи ци гъæунги цардæй, е абони хæссуй Октябрьскийи ном. Аксойæн байзадæй бийнойнаг Аннæ, уæдта дууæ æнсувæри: Васили æма Гæбуда. Гæбудайæн исæнтæстæй дууæ фурти: Къостан æма Алихан.

Къостанæн адтæй æртæ фурти: Александр, Константин æма Васили, уæдта цуппар кизги: Аминæт, Улийнæ, Лизæ, Тамарæ. Александри зæнæг: Валоди, Аннæ; Василий цæуæт: Милæ, Жаннæ, Тамарæ; Аминæтæн – Хони æма Валери; Улинæн – Славик, Розæ, Котик, Ингра. Алиханæн адтæй æртæ фурти: Андрей, Кермен, Анзор, уæдта æртæ кизги: Мæдинæ, Уарзетæ, Наталья. Аци бæрæггæнæнтæ нин радзурдтонцæ Тæкъоти Валентинæ æма Аладжихъоти Олег.

Аладжихъоти Аксо адтæй XIX æноси дигорон-ирон рохситаугути раззагдæртæй еу, дин парахатгæнæг, культури архайæг, æма æ ном гъæуама иронхгонд ма цæуа.







## ГОРÆТ ДИГОРА – 170 АНЗИ

Цæгат Иристони горæтти ’хсæн Дигора нимад цæуй тæккæ æригондæртæй еуебæл. Æвæрд æй будури, нæ республики сæйраг горæт Дзæуæгигъæуæй нигулæнæрдæмæ 52 километри идарддæр. 1989 анзæрфинстмæ гæсгæ æ цæргути нимæдзæ хъæрттæй 10,9 мин адæймагемæ.

Дигорай (раздæри Киристонгъæуи) истори гъæздуг æй аллихузон цаутæй. Æнæ уони лæмбунæг базонгæй нæййес Иристони цард æнхæстæй балæдæрæн. Æ рантæст коммæ баст æй зæнхкосгути тохи хæццæ сæ зæнхитæбæл, хуæздæр цардбæл.

Киристонгъæуи цæрæг мæгур адæн еу æма дууæ хатти нæ раистиуонцæ гъæздугути нихмæ, уомæ гæсгæ ба арæх æфхуæрд баййафиуонцæ паддзахади хецауеуæггæнæг оргæнти æрдигæй.

Æвæццæгæн, феврали буржуазон революций фæсте революцион парти «Кермен» дæр аци гъæуи раззагдæр интеллигенций хъæппæресæй умæн исæвзурстæй. Парти «Кермен»-и иуæнгти бон бацæй сæ фæлабулай фæллойнæгæнгути æрбамбурд кæнун, кæцитæ, сæ къохтæмæ тохæнгарз райсгæй, активонæй тох кодтонцæ, цæмæй советон хецауадæ бунæтти æрфедар адтайдæ, уобæл.

Деникини æфсæдтон командæкæнунадæ, Цæгат Иристон байахæссуни фæдбæл плантæ аразгæй, фиццаградон ихæсбæл нимадта Киристонгъæу ниппурх кæнун.

1919 анзи райдайæни инæлар Шкуройæн ихæсгонд æрцудæй: «Киристонгъæуи фæд бундзарæй исæскъунун, дор си дорбæл куд нæбал байзайа, уотæ…»

Еци уавæрти Шкурой лæгмарти нихмæ хъæбæр карзæй исхуæстæнцæ киристонгъæуккæгтæ æма сæ тох нæ ниууагътонцæ, цалинмæ уорсгвардионтæ Цæгат Кавказæй сурд не 'рцудæнцæ, уæдмæ.

Граждайнаг тугъд ку фæцæй, æма Советон хецауадæ бунæтти ку æрфедар æй, уæд киристонгъæуккæгтæ дæр æмхузонæй архайун райдæдтонцæ нæуæг цард аразунбæл.

Сæ фæллойнадон уæлахезтæ абони дæр ма дæнцæн хæссуйнаг æнцæ нæ абони фæлтæрæн дæр.



Киристонгъæуи хестæр
райдайæн скъолай гъомбæлкæнуйнæгтæ

Сæ революцион æма фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдтæ никки хъæбæрдæр рабæрæг æнцæ Фидибæсти Устур тугъди рæстæги. Дигорайæй рацæуæг тугъдонтæ сæхе куд бæгъатæрæй равдистонцæ, уомæн æрхæссæн ес сæдæгай дæнцитæ.

Сæдæгай тугъдонтæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ аллихузон Паддзахадон хуæрзеугутæй, æхсæземæй ба иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ. Цалдæремæй ба райстонцæ инæлари нæмттæ.

Нуртæккæ Дигорайæй ка рацудæй, уони æхсæн ес 16 профессори, æма наукити доктори, 40 доценти æма наукити кандидаттæ, Паддзахадон æма Ленини номбæл премити 8 лауреати, финсгутæ æма æндæр уæхæн игъустгонд лæгтæ.



Уруймæгти Езетхан
Алимæрзай кизгæ



Цæголти Геуæрги
Александри фурт







1919-аг анзи
Киристонгъæуи
гъæуайкæнунади
архайгутæ

ГАРДАНТИ Михал



## КИРИСТОНГЪÆУИ ЦАРДИ ХАБÆРТТÆЙ
## (1852–1920 æнзтæ)

### Киристонгъæу Уорсдони билæбæл куд исæвзурдæй.

XIX æности райдайæнмæ, Кавкази хуæнхрæбунтæмæ хæстæг, Дигоргоммæ бацæуæнти адтæй цалдæр гъæуи, растдæр зæгъгæй ба – федæрттæ. Етæ аллирдигити адтæнцæ æхгæд. Уæхæн гъæутæбæл нимад цудæнцæ: Дур-Дур, Къора, Фæдау, Соппар, Хусхæ-Майхуæ æма Кет.

Еци федæртти нисан адтæй, Дигоргоми цæргути æндæр адæнихæттити нимпурститæй гъæуай кæнун.

1805 анзи Тъæпæн Дигорæ, фæстаг хатт ма Кæсæги æлдæртти хæццæ ку истухтæй, уæд уой фæсте сæхе бакодтонцæ барвæндонæй Уæрæсей дæлбарæ. Еци рæстæгути Тъæпæн Дигори цæргути еу хай, сæхе хъазахъæгти евгед бакæнгæй, сæ цæрæнбунат раййивтонцæ Мæздæги фæлабулайтæмæ æма си æрцардæнцæ дууæ хъаллеми: Мусгъæуи – 1805, æма Дзæрæстей – 1810 æнзти.

Дигорæнтти иннæ хай ба цæргæй байзадæнцæ сæхе бунætти уæлдæр ранимад гъæути.

1828 анзи ба æрцудæй, Иристонæн, сæйрагдæр ба Дигорæн ахсгиаг ка адтæй, уæхæн цау. Уæрæсе æрбампурста Иристони хуæнхаг гъæутæмæ æма ниссаста «æнæбасæттон Мизур» Уæллагири райони. Уой фæсте еугур Иристон дæр бацæй Уæрæсей паддзахади дæлбарæ.

Уæдæй фæстæмæ Дигори, Ири æма Туалгоми цæргутæмæ сæ цæстæ дардтонцæ Уруси хецауадæ. 1849-1852-аг æнзти арæзт æрцудæй, зæнхитæ дех кæнунмæ æ цæстæ ка гъæуама дардтайдæ, уæхæн сæрмагонд къамис. Еци къамиси иуæнгтæ бадтæнцæ Æрæдон æма Нальчикки. Къамиси иуæнгтæ сæ цæстæ дардтонцæ, медбæстон адæни муггæгути æхсæн ци буцæйуаг фарстатæ исæвзуридæ, уонæмæ, алли муггаги мийнæвæрттæ дæр сæхе нимадтонцæ дзурддзæугæдæр æма кадгиндæрбæл.

Уотемæй, иннетæй игъаугидæр, гъæздугутæбæл нимад ка æрцудæй, етæ æлдареуæг кæнун райдæдтонцæ фæлмастдæр цæргутæн.

Уотемæй Дигоргоми баделиати ахил, Кавказмæ цæстæдарæг кънfamaз Воронцови æнхусæй, сæхе банимадтонцæ æлдæрттæбæл.

Николай I-аги фæндонæнхæстгæнæг Воронцов æма æ хъозæнттæ, зæнхитæмæ цæстæдарæг къамиси иуæнгтæ Нальчикки æма Æрæдони тæрхæнттæ хæсгæй, кой кæнун дæр нæ уагътонцæ, гъома, дуйнебæл, еске дæлбарæ ка нæ уа, уæхæн адæнтæ цæра урух фæзуæттæбæл, æлдæрттæ æма саугосгутæ ма уа, уæхæн хабар.

Баделиати гъæздугутæбæл базуртæ базадæй, сæхе цæттæ кодтонцæ, еци къамиси зæрдитæ балхæнгæй, будури фæзуæттæ комидугæй ба сауæнгæ Мусгъæу æма Дзæрæстей уæнгæ нæхе дæлбарæ бакæндзинан, зæгъгæ.

XIX æноси 40-аг æнзти комкоммæ рабæрæг æй, баделиатæ сæхе иннæ адæнæй уæлдæр бунати ке æвæрунцæ, еци гъуддаг, гъома, сæхецæн агурдтонцæ фулдæр бартæ. Еци фæндæ æ фæдбæл расайдта устур бæллæхтæ. Дигори хумæтæг адæн раистадæнцæ сæ нихмæ æмхузонæй. Тæссаг адтæй баделиатæн, сæ дзилагæ син бунискъуд ку искæнонцæ, уомæй.

Фал баделиати хестæртæ адæни рази ард бахуардтонцæ, сæхецæн уæлдай бартæ ке нæ агорунцæ, иннетæй сæхе уæлдæр ке нæ кæнунцæ, уобæл.

«Сау адæн» бауæндтæнцæ хийнæйдзаг æлдæртти мæнгæ дзубандитæбæл æма сæ хæдзæрттæмæ рахæлеу æнцæ.

Еци хабæрттæ Петербургмæ дæр ке нийгъустæнцæ, е дузæрдугкаг нæй. Петербурги ба уæд службæ кодта Туйгъанти Аслæнбег – фæстæдæр паддзахи инæлар.

Буцæу ци фарстатæбæл цудæй, етæ фæстæмæ хъаугъайаг иссæнцæ. Райгъустæй уæхæн гъуди: Дигори адæни æхсæн гъæуама уа гъæздугутæ æма саугосæг адæн. Уотемæй еуæрдигæй баделиатæ, иннердигæй ба – косæг адæн кæрæдзей нихмæ æрлæудтæнцæ кардæлвæстæй. Гъуддаг уой уæнгæ æрхъæрттæй, æма дууæ нихмæвæрд æхсæнади кæрæдзебæл нæбал аурстонцæ. Баделиатæй æхе уæлдæр ка кодта, æхемæ фулдæр ихæстæ æма бартæ ка иста, уонæбæл нæ аурстонцæ марунæй «сау» адæн. Баделиатæ дæр еци рæстæг æнцад кæми бадтæнцæ. Кæсæги æлдæртти æнхусæй æхсæвигæнтти устур фæндæгтæбæл рацæуæг нæбал уагътонцæ, мардтонцæ мæгур адæни къотæрти аууæнттæй. Сæ еумæйаг цардæн кæрон æрхъæрттæй, кард æма фидау иссæнцæ се 'хсæн рахастдзийнæдтæ.

Еци буцæути рæстæг ихæлд æрцудæнцæ зæронд Дур-Дур æма Хусхæ-Майхуи гъæутæ æма сæ бæсти исæвзурдæнцæ дууæ нæуæг гъæуи: Киристонгъæу – цæугæдон Уорсдони билæбæл, Пусулмонгъæу ба – Чиколай дони билæбæл.

Сæ дууæ гъæуи дæр хунд æрцудæнцæ Сæребарæ дзурди хæццæ номи разæй. Сæребарæ Киристонгъæу æма Сæребарæ Пусулмонгъæу ба сæ исхудтонцæ, ци цæргутæ си æрбунæттон æнцæ, уонæн паддзах Николай I-аг унаффæмæ гæсгæ, ке си ци дин райсун фæндæ адтæй, уой равзаруни гъуддаги къулумпигонд ке нæ цудæнцæ, уомæ гæсгæ.

Уæлдæр ци гъæути кой искодтан, уонæми сæ еуеми гъæуама цардайдæ айдагъдæр киристæнттæ, иннеми ба пусулмæнттæ.

Раст зæгъгæй, паддзах Николай I-аг 1852-аг анзи ци бардзурд равардта, уоми сæрмагондæй загъд цæуй, цæмæй хуæздæр зæнхитæ (Уорсдони билæбæл), лæвæрд æрцæуонцæ киристæнттæн.

Уотемæй 1852-аг анзи уалдзæги Терки къабазæ Уорсдони галеу билгæрон исæвзурдæй нæуæг гъæууат Киристонгъæу. Цардæй си 260 хæдзари, киристон динбæл хуæст адæн.

Аци гъæумæ лигъдæнцæ зæронд Дур-Дур æма Хусхæ-Майхуи раздæри цæргутæ. Киристонгъæуккæгти 260 хæдзаремæн дехгонд æрцудæй 7402 дæстини, уонæй ба 28 дæстини алли хæдзарæн дæр хумзæнхитæн.

1861–1863-аг æнзти иннæ гъæути цæргутæ дæр ниххæррæт кодтонцæ Киристонгъæумæ, æма хæдзæртти нимæдзæ цæхгæр фулдæр кæнун райдæдта. 1880 анзмæ сæ нимæдзæ 260-æй исхизтæй 395-мæ, цæргути нимæдзæ ба адтæй – 3203 адæймагей бæрцæ. Цубур дзурдæй, гъæу фæффулдæр æй 135 хæдзарей бæрцæ, уони хæццæ ба зæнхити фæзуæттæ дæр.

Еци 135 хæдзаремæй исæвзурстæй хецæн бæстихай – синх Уорсдон, уордигæй рацæугæ ке адтæй сæ фулдæр хай, уомæ гæсгæ.

1857 анзи Киристонгъæуи арæзт æрцудæй аргъауæндонæ, 1863 анзи ба си байгон æй дини скъола.

Уæди уæнгæ хецæн гъæздугутæмæ ци ихуæрститæ æма цагъар косгутæ адтæй, уонæн дæр бартæ лæвæрд æрцудæй, иссæребарæ æнцæ. Сæ фулдæр хай фæстæмæ ниффардæг æнцæ сæхе райгурæн бæститæмæ, иннетæ ба гъæуи цæргæ байзадæнцæ. Абони дæр ма сæ кæстæр фæдонтæ цæрунцæ Киристонгъæуи.

## БАДЕЛИАТИ ФÆСТАГ ФУДМИУТÆ

Киристонгъæу арæзт ку цудæй, уæд æ аразгутæ æруагътонцæ устур рæдуд: æрбаледзæг адæн сæ цæрæнтæ аразтонцæ, ке куд æма кæци рауæн фæндадтæй, уомæ гæсгæ. Алкедæр си архайдта æхе хæстæгутæмæ хæстæгдæр хæдзарæ искæнунбæл. Уомæ гæсгæ ба нæуæг фæззинд гъæуи гъæунгтæ рауадæнцæ унгæг, къæдзтæ-мæдзтæ, лæкъæрдæ, фудконд æндаг бакастæй дæр. Е хъæбæр фуцъулуз кодта гъæуи аййевдзийнадæ, æма уæд гъæуи цæргутæ хецауадæй æрдæмдтонцæ сæрмагонд арæзтадон пълан.

Дигори цæстдарæгæй еци рæстæгути куста баделиати æлдæрттæй еу – Хъубадти Хадзимуссæ. Фæстæдæр Хæмицати Цæрай ке рамардта, е. Маргæ ба ’й ракодта, Стур-Дигори фонсхезнитæ æхе бакæнунмæ ке гъавта Хæреси, уой фæдбæл.

Еци Хъубадий-фурт зæнхæбарæг-техникти хæццæ 1873–1875 æнзти æнхæст кодта æ ихæс Киристонгъæуи гъæунгти аййевдзийнади фæдбæл.

Æ ихæс æнхæстгæнгæй, Хаджимуссæ æхе барвæндонмæ гæсгæ цæргути дех кодта дууæ фæлхæнебæл: ездæнттæбæл æма сау адæнбæл. Хаджимусси гъудимæ гæсгæ гъæуама ездæнттæ цæронцæ хецæнæй астæуæй, сау адæн ба идæрддзæфдæр, цæмæй сæ тог ма хæлæмулæ кæна, уой туххæн.

Фал дигорон адæн, сæребарæ райсгæй, æгасей дæр нимадтонцæ æмсæр, æмбарæбæл, уомæ гæсгæ ба Хадзимусси фæндонбæл не ’сарази æнцæ æма ’й ратардтонцæ æ кустæй.

Æ бунати æвæрд æрцудæй æрæдойнаг Хъарати Додтий.

1875 анзмæ Киристонгъæуи гъæунгтæ пълангонд æрцудæнцæ æма адæн уомæ гæсгæ аразун райдæдтонцæ сæ цæрæнтæ. Фиццаг 30 анзей медæгæ Киристонгъæуи цæргути багъудæй сæ хæдзæрттæ ихалун æма нæуæг уагбæл аразун.

Ами ма мæ æрлæуун фæндуй еу цаубæл киристонгъæуккæгти цардæй. Хъубадтæ æма Гуæздæртæ адтæнцæ тоггинтæ. Цидæр минкъий гъуддаги фæдбæл Хъубадтæ Гуæздæрти æфхуæрун райдæдтонцæ. Гуæздæрти Елмæрза фегъосун кодта, æ гъуддаг ин растбæл ку нæ банимайонцæ, гъома, Хъубадти хъумайаг Дзалати мудибиндзити бæтмæнтти радавди фудгин ке нæ ’й æма сæ æфхуæрæн дзурдтæбæл хатир ку нæ ракоронцæ, уæд абæрег ке цæуй æма æнæхатирæй ке цæгъддзæнæй Хъубадти, уой туххæн.

Хъубадтæ еци гъуддаги туххæн сæхе нигъгъос кодтонцæ. Елмæрза абæрег иссæй æма нихмæфæллæуди рамардта Хъубадти Темболати. Хъубадтæ сæ тог райсуни фæдбæл Æрæдони рамардтонцæ Елмæрзай æнсувæр Гуæздæрти Осай.

Еци хæбæрттæ хъæбæр фæгъгъулæг æнцæ Киристонгъæуи цæргутæн æма æд цъелæ, æд мелæ исистадæнцæ Хъубадти нихмæ, æвзистонцæ сæмæ тог есунæй.

Хъубадтæ фæттарстæнцæ æма сæхе баримахстонцæ,

гъæуайгæстæй ба сæ силгоймæгти ниуувагътонцæ. Дигорон æгъдауи ба силгоймаги бафхуæрун хъæбæр устур æгадæ гъуддагбæл нимад адтæй.

Уæд Киристонгъæуккæгтæ баздахтæнцæ æма Хъубадтæн будури хезнити ци листвонс æма сторвонс адтæй, уони ратæлæт кодтонцæ. Æма сæ сæ медастæу байурстонцæ. Хъубадти бон сæ нихмæ фæллæуун не 'ссæй. Еци хабæрттæ æрцудæнцæ, Киристонгъæуæн бундор æвæрд ку цудæй, еци æнзти.

Рацудæй цалдæр анзи æма Киристонгъæуи цæргутæ 1857 анзи бæрæг кодтонцæ бунæттон аргъауæн байгон кæнуни бон. Бæрæгбонмæ адæн æрæмбурд æнцæ æгас Дигорæй дæр.

Участокки сæргълæууæги хæццæ бæрæгбонмæ фæззиндтæй Хъубадти Б. дæр. Гуæздæрти Гуйманмæ е харзау фæккастæй æма 'й дамбацайæй (гобедзæгæй) багæрах кодта æма 'й фæццæф кодта.

Еци фудраконддзийнади туххæн участокки хецау æхуæдæг æхе къохæй бандзарста Гуæздæрти Гуймани хæдзарæбæл, æхе ба ин æносмæ Сибири амæттаг бакодта.

Бафеппайун æмбæлуй, еци цаутæ ку æрцудæнцæ, уæд бунæттон цæргутæй гъæздугутæбæл нимад ка адтæй, етæ дæр Хъубадий-фурти æма администраций бæрнон косæги фарс ке рахуæстæнцæ, уой.

Уæлдай активондæрæй архайдта Акъоти Мæрзабег, Гуæздæрти Гуймани хæдзарæ содзгæй. Хæдзарæ ихалгæй, тугурмæ исрæдæхсгæй, фæггурдæй æма мехбæл дæлгоммæ æрхаудтæй. Акъотæ сæхе нимадтонцæ баделиати хæстæг æрвадтæлтæбæл.

## МÆХЕ ИМИСУЙНÆГТÆЙ

Фæндуй мæ, гъæуи фæлабулай ци æрдзон уавæртæ адтæй, уæдта си ци хузи экономикон царди уагæ федар кодта, уонæбæл æрлæууун æма сæмæ мæхе цæстингасæй æркæсун. 1880 æнзти, скъоладзау ма ку адтæн, уæд нæ гъæу æвæрд адтæй Уорсдони æма Дур-Дури цæугæдæнтти æхсæн сакъадахи. Дууæ доней билгæрæнттæ æппунæдзох дæр æмæхгæд уиуонцæ тар гъæдтæй, никки ба ма си ирæзтæй фатхъæдæ, фæруæ, гæдитæ, донæхсинцъæ, гъæддаг кæрдтутæ æма

фæткъубæлæстæ. Еци фиццаггъæдон, æнæвнæлд бæлæстæн сæ бæрзæндæ æмбалдæй арви цъæхбæл, сæхуæдтæ ба ахæстонцæ дууæ доней билгæрæнттæ сæ райдайæнæй сауæнгæ æндзæр рауæнтæмæ. Кæми сæумæраги, кæми ба изæрмелти ранæхстæр уинæ æд уæрдун æрдæг хусигъæлдзгутæй.

Мæнæ фæтæн Уорсдон, мæнæ ба Дур-Дури æрра дон æмпурсæнтæ кæнуй. Уогæ фæстагмæ æгæр истæнæг æй, æма уотæ æзнæт нæбал æй.

Дур-Дур гъæдти хурфити гулфæнтæ кæнуй, æвæццæгæн, бабæй æ амæттаги агоруй. (Дур-Дури дон арæх райвулидæ æма аллихат дæр анзмæ 1-4 адæймаги фæлласидæ. Уомæ гæсгæ, бунæттон цæргутæ уотæ дзориуонцæ:

«Дур-дури дон нæ банцайдзæй, цалинмæ æ цæхъалти еске нæ ранигъула, уæдмæ»). Аллирдиги бæлæсти цъонггитæй игъусуй гъæддаг мæргъти зард. Æма еци æрдзон сабуйради цæурæхцæ кæнуй, 260–350 хæдзари кæми ес, нæ еци гъæу. Фæйнердигæй игъусуй куйти рæйун, къæрæзгитæй фæззиннуй рохси цъитай æрдæфæнтæ.

Мæнæ уоддæр гъæддаг хути, сæгти, сикъети, рæубести æрдонгтæ, сæ удзæлмæ син лæмбунæг нийгъустонцæ цæргæсцæстæ, æнæ фæйййевгъаугæ цауæйнонтæ Мами, Хъаурбег, Тегодза, Заур æма сæ иннæ æмбæлттæ. Мæнæ Абисал æма Урусбий нийййарцæ æнцæ урух будурти мæнгард æма хийнæйдзаг робаси фæдбæл. Цауæйнон куйтæ ниппарасетт æнцæ æма устур таси бафтудтонцæ тæрхъости. Æстонг берæгътæ ба бафтудæнцæ, ка радзæгъæл æй, уæхæн гъоги фæдбæл.

Берæгъти неун, бæхти хурруттитæ, гъæуи цæргути фæдесгъæр: «Маргæ ’й кæнетæ», цауæйнæнтти топпити гæрæхтæ, сувæллæнтти къæл-къæлходæ, гъæунгти куйти рæйун, – еугур еци зæлтæ хатгай исеу уиуонцæ æма адæймаг æнæбари дæр балæдæрдтайдæ, – аци гъæуи тох цæуй фæццæрунбæл.

Фал еци æмæнтъери фæдесгъæри æма æрдзи уинди адтæй цидæр æнахур еудзийнадæ æма рæсугъддзийнадæ, гъæддагдзийнадæ æма цæрæццагдзийнадæ. Етæ адтæнцæ æ бундор нæ гъæуи экономикон цардиуагæн.

Мæ зæрдæбæл ма æрлæууй фæззигон фустæ æлвинæн рæстæг. Еци куститæ рахæссиуонцæ æнæгъæнæ æртæ къу-

æрей æмдæргъци (15 августæй – 8 сентябрьмæ). Еци æмгъуд рæстæги фиййæуттæ (гъæуи ба уæхæн хæдзарæ на ’дтæй æма еу 60 сæрей бæрцæ дзогæ кæмæ нæ уидæ), æлвиниуонцæ сæ листвонс, ка нæ хъæртидæ, уонæн ба æнхус кодтонцæ сæ синхонтæ, æма син хæдзари хецау уой фæсте хинст исаразидæ (**æлвинæни кувддæлтæ**). Еци кувд арæзт цудæй фонси Фæлвæрай номбæл.

Мæ зæрдæбæл ма лæуунцæ Муртазати æма Силтанухъи фæхстæбæл мудибиндзити бæтмæнтти сæдæгай райтигъд рæнгъитæ. Мудгæстæ сæ «тиллæг» ку æрдоциуонцæ, уæдта кувд искæниуонцæ мудибиндзити баридауæг – Анæголæн.

Нæ ми иронх кæнунцæ хумгæнгути æма хуаскæрдгути æхсæйвон æрттитæ дæр, цæмæй сæумон сатæгбæл сæ кустмæ бавналонцæ, уой туххæн æхсæвигон бунæтти байзайиуонцæ.

Мæ зæрдæбæл лæууй нæ гъæубæсти евгъуд цард æма мæ бон зæгъун æй, – 1880 æнзти райдайæнти ма нæ фæлабулайтæ ирæзтæй сонгун кæрдæг игуæрдæнти, æнæвнæлд гъæди бæлæстæ.

Уарунтæ фагæ адтæй, цæмæй зæнхæ бауомæл адтайдæ, уомæн. Мæрæ адтæй хуæрзгъæдæ, гъæздуг аллихузон бауæргъæдтæй.

Гъæуи цæргутæ кодтонцæ зæнхи, фонси æма мудибиндзити куст. Сæ удвæллойнæ син хаста уæлдайгун фæстеугутæ. Уомæй ба ес æрцæуæн уæхæн хатдзæгмæ: Киристонгъæуи цæргутæ адтæнцæ сæхе дарунгъон, уомæн æма сæмæ зæнхи, фонсдарунади æма мудибиндзитæ æнтауни куст æвæрд адтæй æмбæлгæ æмвæзадæбæл.

Нур ба æркæсæн, Киристонгъæуи гъæууон хæдзарадон ирæзтадæ официалон æгъдауæй куд æвæрд адтæй, уой бæрæггæнæнтæмæ.

Мæ къохи ма бафтудæй 1810 – 1880 æнзти хигъдтити гæгъæдитæмæ æркæсун (1919–20 æнзти гъæуи архивтæ уорситæ басугътонцæ). Мæнæ еци бæрæггæнæнтæ.

1880 анзи Киристонгъæуи цæргути къохи адтæй: мæнæуæ – 2207 дæстини, иннæ хузи хуари зæнхитæ ахæстонцæ – 1818 дæстини, фæззегæнди мæнæуæ – 1749 дæстини, æма уотæ ид.

Еци хигъдлæвæрдмæ гæсгæ 1880 анзи Киристонгъæуи адтæй 395 хæдзари, цæргути нимæдзæ хъæрттæй – 3203,

уонæй ба 1627 нæлгоймæгтæ, 1527 силгоймæгтæ. Фонсдарунади къабазæ дæр æвдист цæуй мæнæ уæхæн хузи: бæхтæ – 901, сторвонс – 5485, фустæ – 10855, сæгътæ – 630, æдеугурæй ба 17871 сæри.

Рæстæмбес нимадæй, алли хæдзарæмæ дæр адтæй 45 сæри, уонæй ба еу адæймагбæл уадæй 5–6 сæри.

1852–80 æнзти, Киристонгъæуи цæргутæ куд цардæнцæ æма ци хузи куститæ кодтонцæ, уой туххæн ба неци бæрæггæнæнтæ байзадæй. Æрмæстдæр ма нæмæ си æрхъæрттæй, 1877–79 æнзти хæццæ рабаргæй, 1880 анзи тиллæгæрзад дзæвгарæ фулдæр æфтуйæгтæ ке æрхаста, еци дæнцæ.

Раст æнцæ æви æнæраст еци бæрæггæнæнтæ, уой мах нæ зонæн, фал бæрæг-бæлвурд ба æй еу гъуддаг: Киристонгъæуи цæргутæ кодтонцæ сæйрагдæр зæнхи æма фонси куст, итудтонцæ хуар, æнтудтонцæ бæхтæ, сторвонс, листвонс, кæцитæн сæ нимæдзæ хъæрттæй сæдæгæйттæмæ.

Сæ цард комкоммæ æрдзи хæццæ баст ке адтæй, уомæ гæсгæ сæ хæдзарадон продукци дæр адтæй кæдзос.

Дигорæнттæ цардæнцæ гъæздуг æма хуæрзæфсесæй. Нæ синхон ирæнттæ Дигори худтонцæ, уорс сиутæ кæбæл зайуй, уæхæн галти райгурæн бæстæбæл, æхсирдæттæг гъоцитæ исæнтауæг адæнбæл, сæ зарти ба нæ худтонцæ – æхсир муди хæццæ хæлæмулæгондæй ниуазæг адæнбæл.

Уогæ уоми уадессагæй дæр неци ес, уомæн æма гъæуи фæлабулай фæзуæттæ хъæрттæнцæ алцæмæн дæр, Ирæфæй райдайæ æма Уорсдон Теркбæл кæми бафтуйуй, уой уæнгæ си æдеугурæй цардæй 500 хæдзари, уоми ба 5000 цæрæги.

Куд загътан, уотемæй зæнхитæ дæр фагæ, игуæрдæнтæ дæр, фонсхезнитæ дæр хъæрттæнцæ, цæмæй еугур Дигори адæн дæр æфсесцард кодтайуонцæ, уомæн, цалинмæ зæнхитæ дигорæнтти къохти адтæнцæ, уæди уæнгæ.

Фал 1848 анзи ба сæ зæнхити еу хай 13 мин дæстини, уони хæццæ ба ма Сурхи гъæдтæ æма игуæрдæнтæ дæр Туйгъанти гъæздугути къохи ку бацæнцæ, 20 мин дæстини ба Змейки, Николаевски, Æрхонки, Æрæдони æма Терскаг хъазахæн ку радехтæ кодтонцæ, уæдта киристонгъæуккæгтæ бустæги æлхъивд уавæри бафтудæнцæ. Æдеугурæй ма сæмæ райзадæй 7730 дæстини бæзгæ æма æнæбæзгæ зæнхитæ. Еци къундæг

уавæртæмæ сæ æркæнгæй, Киристонгъæуи цæргути багъудæй сæ рæнттæ бадæрæлвасун.

Уæлдæр æрхаст дæнцитæ дзорæг æнцæ уобæл æма 1880 анзи дæр ма киристонгъæуккæгтæн сæ бон сæхе дарун адтæй сæ тиллæгæй, сторвонси нимæдзæ фулдæр кæнун, сæ тиллæг дæр хъæрттæй уæлдайгунтæй анзи дæргъи. Нур ба ма син æфтуйæгтæ лæвардтонцæ æрмæстдæр фонсдарунади æма мудибиндзити къабæзтæ.

## 1893, 1900 ÆМА 1907 ÆНЗТИ СТАТИСТИКОН БÆРÆГГÆНÆНТÆ

Уæлдæр ци бæрæггæнæнтæ æрхастан, уомæй 13 анзи фæстæдæр ба нæ къохи бафтудæй мæнæ ауæхæн æрмæг:

1893 анзи Киристонгъæуккæгти къохи адтæй 7730 дæстини, уонæй ба 7670 дæстини, пайда кæнун кæмæй æмбалдæй, уæхæн зæнхитæ, 60 ба – æнæпайда гæппæлтæ. Еци зæнхитæн унаффæ кодта æхсæнадæ æма иурст, дехгонд цудæй мæнæ уотæ: 52 дæстини – мæнæуæ, нартихуар – 570 дæстини. Уотемæй нартихуар рахизтæй раззаг бунатмæ, будурти ци хуайраг культуритæ итудтонцæ, уони æхсæн (дзубанди цæуй 1893 анзбæл).

1900 анзи мæнæуи хумтæ ахæстонцæ 650 дæстини, нартихуар – 3250 дæстини, хъæбæрхуар – 50, картоф – 350 дæстини.

1907 анзи ба еци бæрæггæнæнтæ хъæрттæнцæ: мæнæуæ – 500, нартихуар – 2200, картоф – 12 дæстинемæ.

Æма кæд мæнæуи тиллæгæрзад комкоммæ баст адтæй æрдзон фæззиндтити хæццæ (сахуарун, ех), уæд нартихуар ба, зæнхæ куд кустгонд æрцæуидæ, уой хæццæ. Никки ба ма нартихуарæн уотæ тæссаг на ’дтæй сухæ рæстæгутæй, ехæй, уæрунтæй, уомæн æма ’й байтаунцæ апърели кæрæнттæй ба маййи æмбестæмæ, къæвдатæ, ех, зæнхæ ку ниссор уй æнæ донæй, еци рæстæгути. Уомæ гæсгæ ба цæргутæ се ’ргом уæлдай хъæбæрдæр здахун райдæдтонцæ нартихуар ирæзун кæнуни кустмæ. 1920–21 æнзти ци стонг æнзтæ никкодта

нæ бæсти иннæ рауæнти, еци рæстæг мах уотæ нæ багъигæ дардта, уомæн æма нæмæ нартихуари тиллæг фагæ адтæй. Иннердигæй ба сабургай-сабургай нартихуари хумзæнхити фæзуæттæ фулдæргæнгæ цудæнцæ, мæнæуи зæнхитæ ба минкъийдæр.

Куд уинæн, уотемæй 1880 æнзти хигъдлæвæрдтитæмæ гæсгæ нартихуари кой кæнгæ дæр нæ кæнунцæ, еци культурæ нæмæ фæззиндтæй дзæвгарæ фæстæдæр.

1893 анзи нартихуари будуртæ ахæстонцæ 4154 дæстини, мæнæуæ ба – 52 дæстини, уонæй ба 7 дæстини рагуалдзæги мæнæуæ, 45 ба – фæззегæндæ.

Нартихуари фæзуæттæ ке фæффулдæр æнцæ, мæнæуæ ба ке фæмминкъийдæр æй, уой анхосæгтæ æнцæ:

а) 1892 анзи Киристонгъæуи цæргутæбæл бахуæстæй халери нез æма си дзæвгарæ адæн фæццæгъдуни æй, уæлдайдæр ба и нез фæллæмæгъдæр æй августи, фæззегæндæ итауни рæстæг.

1892 анзи тиллæгæрзад адтæй хъæбæр бæрзонд, уæлдайдæр ба мæнæуæ, фал будурти бафснайæг къохтæ нæбал хъæрттæй, æма цæттæ æфсертæ лæудтæнцæ, цъинатæй, къапинатæй, кæми ба æррæстæ будурти. Раздæр бал гъудæй цæттæ тиллæг бафснайун, уой фæсте ба итаун, киристонгъæуккæгти бон ба еци куститæ бакæнун не 'ссæй æма æнæ фæззегæндæй байзадæнцæ.

б) 1880 анзæй фæстæмæ нæмæ фæхъхъæрттæй уруссаг базайради тæвагæ. Нартихуари тиллæг æрагурдтонцæ Санкт-Петербургмæ, Ригæмæ, Новороссийскмæ, фæсарæнтæмæ, уæдта ма Уæрæсей æндæр рауæнтæмæ ниуæзтæуадзæн кустуæттæмæ.

в) Нартихуари аргъ цæхгæр исгæпп кодта, мæнæуæ ба уойхигъд дзæвгарæ фæййаслангдæр æй.

г) 1893 анзи Уруси стонг анз никкодта, уомæ гæсгæ ба фулдæр æлхæдтонцæ нартихуар. Нартихуари аргъ кæд раздæр адтæй 45-70 капекки еу путбæл, уæд еци рæстæгути ба исхизтæй 1 сом æма 20 капеккемæ.

Гъе уæхæн анхосæгтæмæ гæсгæ нартихуари фæзуæттæ фæффулдæр æнцæ, мæнæути хумтæ байахæсгæй.

# ФОНСДАРУНАДИ КЪАБАЗÆ

Киристонгъæу ку равзурстæй, уæдæй сторвонси, бæхти æма листвонси нимæдзæ алли æнзти æмхузон нæ уидæ.

Уæд сæ еуети нимæдзæ фæффулдæр уидæ, уæдта иннети.

Зæгъæн, 1880 анзи хæццæ рабаргæй, 1900 анзи фонси нимæдзæ фæффулдæр æй – 1736 сæрей бæрцæ, 1907 анзи ба еци бæрæггæнæн дзæвгарæ фæмминкъийдæр æй. Уойхигъд гъæуи цæргутæ райдæдтæнцæ дарун хутæ. Уой агъонмæ Киристонгъæуи еци фонси муггаг æнтауни куст неке кодта.

Куд уинæн, уотемæй, фонсдарунади къабазæ фæстезаддæргæнгæ ке цудæй, уомæн адтæй æхе рæуæнттæ. Фиццагидæр еци æнзти тиллæгæрзад уидæ хъæбæр бæрзонд, уæдта æ аргъ дæр хуарз адтæй. Иннемæй ба нартихуар агурдтонцæ æлхæнунмæ хъæбæрдæр. Уомæ гæсгæ ба, кæд 1880 анзи будурти нартихуарæн æ кой дæр некæми адтæй, уæд 1908 анзи ба æ фæзуат ахæста – 6302 дæстини. Уæхæн æргътæй нартихуар уæйæ гæнгæй, хæдзарæдти фонсдарунади куст ба минæгдæргæнгæ цудæй, уæдта сæ даруни хæрзтæ дæр æгæр берæ зæран хастонцæ сæ хецæуттæн.

1907 анзи бæхти нимæдзæ фæффулдæр æй 883 сæрей бæрцæ, сторвонс дæр уотæ. Е цæмæн уотæ ’й?

Уæлдæр куд бафеппайдтон, уотемæй 1893 анзæй фæстæмæ нæ гъæуи цæргутæ рахизтæнцæ базарадон рахастдзийнæдтæмæ. Уоми ба сæйрагдæр гъæугæ продуктбæл нимад цудæй нартихуар. Нартихуар цæмæй будури байтауай, бахумæ кæнай, уомæн ба гъудæй косæг тухæ. Техникон фæрæзнитæ кæми адтæй еци рæстæг. Уомæ гæсгæ ба цæргутæ пайда кодтонцæ галтæ æма бæхти хъаурæй. Уæлдайдæр ба сæ гъудæй бæхти æнхус, æма уони фулдæр æнтаун райдæдтонцæ.

Цубур дзурдæй, уруси базаради рахастдзийнæдтæ Киристонгъæуи цæргутæбæл дæр фæззиндтæнцæ дууæ хуземæй: еуæрдигæй нартихуарæрзад фæффулдæр кæнунбæл архайд фæббæрзонддæр æй, фусвонси нимæдзæ ба цæхгæр æрхаудтæй. Бæхтæ ахæссун райдæдтонцæ сæйрагдæр бунат фонсдарунади къабази, уомæн æма æнцондæр адтæй зæнхæ

хумæ кæнун, уæдта тиллæг дæр базарбæл тагъддæр исæмбæлидæ уæрдунæй.

Кæд 1880 æнзти бæхтæ сайрагдæр дардтонцæ, саргъбæл ескумæ цæунмæ, кенæ бæрæгбæнтти ратезгъо кæнунмæ имонауæн, уæд нур ба бæх иссæй, раййевæн кæмæн нæбал адтæй, уæхæн косгæ фонс хæдзарадон архайди. Бæх гъудæй хумæ кæнунмæ, таунмæ, похци кæнунмæ, сог зумæгмæ æрцæттæ кæнунмæ. Цубур дзурдæй, – бæх иссæй гъæууон хæдзаради кустади сæр. Алли гъуддаг дæр баст адтæй уой хæццæ.

1880 анзи агъонмæ мæнæуæ итудтонцæ дзоллагæн, арахъагæн, бæгæнийæн æма æндæр гъуддæгтæн. Таугæ кодтонцæ нартихуар дæр, фал хъæбæр ефстагмæ æма минкъий фæзуæтти. Зæгъæн, дзæхæрати æй сагътонцæ гъædиндзи, болгити, тауæгтъафи, къумбули, гедигини, цивзи, фидхуаси татхати кæрæнтти æррæстæ цъæхæй рахуæрунмæ. Фиццаг ауæдзæ Киристонгъæуи ракодта Тихилти Баззе. Мæхе цæститæй æй фæууидтон, куд похци кодта æ нартихуари минкъий будургонд, уой. Хъæлнæгъ æгæр бæрзонд раирæзтæй æма похций буни фæссæттидæ, фал зæнхæ ба фæлмæнгонд цудæй.

Æ цорти ци адæн рацæуидæ, етæ æрлæууиуонцæ æма ибæл сæхе ходæгæй мардтонцæ, гъома, дæ цæттæ тиллæг цæбæл исафис, зæгъгæ. Тæккæ фиццаг хатт похцигонд уæд æрцудæнцæ нартихуари зæнхитæ. Похцигæнгæй, хъæлнæгътæ фæхъхъæнттæ уиуонцæ æма адæн æнгъалдтонцæ, – е æнæпайдайаг гъуддаг æй, зæгъгæ, фал рацудæй цалдæр бони æма, гъæдтæ сæхебæл исхуæцгæй, исхъел æнцæ, сæ буни ба разиндтæй фæлмæнгонд мæрæ æнæ хæмпæлæй. Уой агъонмæ ба æхсæдæн куститæ кодтонцæ къохæй, хæмпæл дзæвгарæ ку искæсидæ æма къохæй тонунмæ ку фæббæззидæ, уæд.

Фæспохци, еу дæс боней фæсте Баззей дзæхæрай хъæлнæгъ дзæвгарæ фæббæрзонддæр æй иннети хæццæ рабаргæй, фæссаухалуг æнцæ, фал хъæлнæгъти рæнгъитæ ба фæттæнæгдæр æнцæ.

Фæззæги Тихилти Баззе æ хуми гæппæлæй исиста еугуремæй фулдæр æма гъæздугдæр тиллæг. адæн балæдæрдтæнцæ, нартихуари хумтæ похци кæнун ке гъæуй, фал æрмæстдæр, зæнхæй ку скæса, уæд, уой.

Дуккаг анз Киристонгъæуи похцитæ раййивтонцæ асойнити.

Уæззау дзубур æййивд æрцудæй æфсæйнаг готонæй, ассойнæ ба похцитæй, 1895–1900 æнзти ба ма сæбæл бафтудæй тауæн дæр. Уотемæй галти раййивтонцæ бæхтæ, фæстæдæр ба бæхти раййивта дон æма тулфи тухæ. 1880–1890 æнзти цæугæдæнттæбæл фæззиндтæй инайгæнæнтæ, етæ нартихуар æгъзалдтонцæ. Уæхæн фæрæзнитæ арæх фæууинæн адтæй еугур гъæунгти дæр. Фæстаг æнзти ба будуртти дæр бæхи хъаурæй нæбал хумæ кодтонцæ. Фæззиндтæй нæмæ трактортæ, кæцитæ сæ фæсте ласунцæ 2-3-гай готæнттæ. Фиццаг трактортæ Киристонгъæуи фæззиндтæнцæ 1918 анзи. Уони Америкæй æрбаластонцæ Туай-фурт æма Хъодзаси-фурт. 1924 анзи ба тракортæ фæззиндтæй гъæууон хæдзарадон кооперативти дæр.

**Асойнæ**, – гъæууон хæдзарадон косæнгарз. Хумæ ку бакæниуонцæ, нæмуг мæри ку ниггæлдзиуонцæ, уæд асойнæ ластонцæ итуд будуртæбæл æма е муггаг мæри буни кодта. Æ конд ба адтæй уотæ: æртæ-цуппар бæхъи райсиуонцæ, кокойни къалеутæ ибæл исбийуонцæ, сæ гъæдтæ еуæрдæмæ, сæ кæрæнттæ ба иннердæмæ, ку исцæттæ уидæ, уæдта ин рæвæйнæй е 'ставддæр кæрæнттæ бабæттиуонцæ, дууæ галебæл æй бафтауиуонцæ æма уотемæй мæрæ хæфгæ цудæнцæ. Æрæги уæнгæ дæр ма медкæмтти цæргутæ арæх пайда кæнионцæ асойнитæй.

Нартихуари фæзуæттæ ке фæффулдæр æнцæ, никки ба ма Владикавказмæ æфсæнвæндаг арæзт ке æрцудæй, мæнæуи тиллæг уотæ берæ ке нæбал итудтонцæ, уой фæрци нартихуари кусткæнунадæ рахизтæй фиццаг бунатмæ иннæ будуйрон культурити æхсæн. Мæнæуæ ба 1900 анзи хаст æрцудæй, æфтуйæгтæ ка нæбал дæттуй, уæхæн тиллæгбæл. Некебал уотæ даруй листвонс дæр Киристонгъæуи цæргутæй. Тугъди агъонмæ ма кæмæ байзадæй фусти дзогитæ, уони бон сæ бацæй багъæуай кæнун революций фæсте дæр. Сæ листвонсмæ кæсунцæ æндæр естæбæл баййевуни цæстæй. Фусти дзогтæ ка даруй, етæ сæ фид уæйæ кæнунцæ Владикавкази, Кутаиси, Тифилиси, 1914 анзи империалистон тугъди агъонмæ ба ма сауæнгæ Бакумæ дæр рахъæртиуонцæ.

Сæ фонс кæми æхца фестун кæнунцæ, соми уæзæ ку фæддæлдæр уй, уæдта бабæй сæ бауорамунцæ æма син сæ нимæдзæ фулдæр кæнунцæ. Раздæр куд адтæй, нуртæккæ уотæ нæбал æй. Раздæр фиййæуттæ, еске сæбæл ку сæмбæлидæ, уæд æй фуси фидæй æнæ фæххинцгæ нæ фæууиуонцæ, нуртæккæ ба фусвонсдарунадæмæ кæсунцæ сæудегери цæстæй. Раздæри фиййæуттæ нуртæккæ иссæнцæ буржуйтæ, еске расайунæй æндæр сæмæ нецæй мæтæ ес.

Фустæдарунади къабазæ ке нæбал иразуй, е хъæбæр фæззиндтæй фиди аргъбæл æма æхсири продукттæбæл. Еуæрдиги фид агорунцæ æлхæнгутæ, фид ба уæддæр нæ фагæ кæнуй, иннердиги ба йæ аргъ тугурмæ ниццавта. 1880 анзи фуси аргъ хъæрттæй 1 сом æма 50 капеккемæ, 1893 анзи – 2 сомемæ, 1900 анзи – 3-4 сомемæ, нуртæккæ ба 7-8 сомемæ. Уотæ стори фид дæр.

Фиди аргъ куд æййевгæ цæуй, уотæ æййевгæ цæунцæ сæхе æгъдæуттæ дæр. Раздæр-еу хæдзарæмæ иуазæг ку æрбафтуидæ, уæд ин æ кадæн фус равгæрдиуонцæ, кæд сæмæ цæттæ фид уидæ, уæддæр. Хæдзари хецаумæ цæхгунгонд фид иуазæги цори æрæвæрун аййев нæ кастæй, гъæуама æй фæххинстайдæ нæуæг æвгæрст фуси фидæй.

Дигори цидæриддæр изæдтæ адтæй нимади, уони номбæл дæр сæ бæрæгбæнтти кодтонцæ косæрттæ. Мадта рамæлæгæн дæр æ номбæл фиццаг рæстæгути уæлмæрдхуæрнæги æвгарстонцæ 8 фуси, е æ зиани бон нæ нимайгæй, анзи кæрони ба ин кодтонцæ устур хист. Нуртæккæ косарт некебал уоййасæ кæнуй иуазæгæн, æлхæд фид дæр исфедауй фингæбæл, уорс нивæндтæ дæр некебал кæнуй изæдтæн, дзиуæрттæн, рæхги нæ мæрдтæн дæр хиститæ конд нæбал цæудзæнæй. Нæййеси къох хъæбæр даргъ æй. Хецæн гъæути хисти косæрттæ кæнгæ дæр нæбал кæнунцæ, тог нæбал уадзунцæ. Мæрдти дуйней мард фид ке нæ хуæруй, уой дæр балæдæрдзæнæнцæ.

Аци рауæн æркæсæн, фид ке фæхъхъазардæр æй, еци гъуддаг хæдзари фингæбæл цæйбæрцæ æма куд фæззиндтæй, уомæ.

1852 анзи хуæрдæгъæуагæ неке адтæй, алли хузи гахти хæццæ æхцинтæ, уорс дзол, фид, муд, царв, цихт, касæ, –

фæндон ниуæзтæн месин (кундурсу), къæпуй месин, къумæл, уæрас къумæл, бæгæни, арахъ æма æндæр уæхæнттæ.

Нуртæккæ хуæрæн нартихуари кæрдзин цæнхи тулдæй æма ибæл æнæуой дон ба исхупп кæнæн. Æхсир ефстаг нивгунтæмæ æрхауй. Гъæуи исарæх æй рæугути нез – чехоткæ.

Мæнæуи тиллæгæрзад, уæдта æ фæзуæттæ цæхгæр ке фæмминкъийдæр æнцæ, уомæн ма ес æндæр анхосæгтæ дæр. Мæнæуи куст гæнгæй, гъудæй инайæ кæнунмæ æма гъæмпæ дарунмæ сæрмагонд азгъунститæ, уомæн æма еци рæстæг инайæгæнæн фæрæзнитæ нæма адтæй фæндон. Уомæ гæсгæ ба алли хæдзари хецауи дæр аразун гъудæй гъæмпæ æма зугунтæн саратæ, никки ба ма уони фарсмæ стæнттæ ставд фонсæн, уомæн æма сæ зумæгон æндæмæ нæ уагътонцæ. Галтæ æма бæхтæн дæр гъудæй скъæттæ, æхсæвæ, уæдта сæ бонæй дæр кæми гъæуама дардтайуонцæ, уæхæн бунæтти хæццæ, зумæги цæмæй уазали ма лæудтайуонцæ, уомæн. Мæнæуи културæ ку нæбал итудтонцæ, уæдта сæ уæхæн мадзæлттæ аразуни сæр нæбал гъудæй.

Цубур дзурдæй, нæуæг хæдзарадон цардиуагæ дæмдта цæргутæй нæуæг хузи мадзæлттæ. Даргъ саратæ ист æрцудæнцæ æма фæзуæттæ фæуурухдæр æнцæ. Изæрæй фæскуст галтæ æма бæхтæ хезунмæ кумæ раскъардтайуонцæ, уæхæн гæппæлтæ фæуурухдæр æнцæ, уæситæн дæр фадуат фæцæй тезгъо кæнунмæ.

Иннердигæй ба æхе равдиста зæнхити нæхъæртондзийнадæ. 1885 анзæй фæстæмæ киристонгъæуккæгтæ балæдæрдтæнцæ сæ зæнхи гæппæлти къундæгдзийнадæ, алли метр дæр син зинаргъ ке æй, уой æма æмхузонæй раистадæнцæ, сæхецæй гъæздугдæр ци адæн иссæй, уони нихмæ. Ихалдтонцæ син сæ еуварсиконд цъухдзæхæратæ, бæхдæнттæ æма скъæттæ. Уой фæсте хъæбæр гъæуай кæнун райдæдтонцæ сæ гъæугæрæнттæ, цæмæй си уæлдай арæзтадон мадзæлттæ макебал араза, ка сæ араза, етæ ба сæ аразунцæ гъæугæрæнттæй еуварс рауæнти.

## МУДИБИНДЗИТÆ ДАРУНАДÆ

Зæнхикусткæнунади къабæзти кой кæнгæй, æнæрлæугæ нæййес æ тæккæ ахсгиаг рахуæцæнтæй еу – мудибиндзитæ дарунбæл.

Статистикон бæрæггæнæнтæмæ ку æркæсæн, уæд бафеппайун æмбæлуй, 19-аг æноси Киристонгъæуи фусти дзогтæй мудибиндзити бæтмæнтти нимæдзæ дæр минкъийдæр ке нæ адтæй, еци гъуддаг.

Мæхуæдæг куд гъуди кæнун, уотемæй 1880-аг æнзти кæрон нæ квартæли, мудибиндзитæ кæмæ нæ адтæй, уæхæн хæдзарæ еунæг дæр на ’дтæй. Киристонгъæуккæгтæ муд уæйæмæ ластонцæ Даргъ-Къохи æма Елхотти æфсæнвæндагон станцитæмæ, уордигæй ба Георгиевски армукъамæ. Муд ластонцæ рамкити æнæдугъдæй, уæдта боцикъати. Фиццаг сорти муди пут уæд кодта – 4-5 соми. Нуртæккæ ба æ аргъ хъæртуй – 40-50 сомемæ. Еци æргътæ мæ зæрдæбæл уомæн бадардтон æма æз мæхуæдæг дæр адтæн мудласгутæй еу.

1900 анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, Киристонгъæуи цæргутæ сæ мудтæй кæдзос æфтуйæгтæ райстонцæ – 2934 соми æма етæ хумæтæги бæрæггæнæнтæ нæ ’нцæ. 1900 анзи размæ, уæлдæр куд загътан, уомæ гæсгæ игуæрдæнтæ, мæнæуи будуртæ цæхгæр ку фæмминкъийдæр æнцæ, адæни фулдæр хай нартихуари куст кæнунмæ се ’ргон ку раздахтонцæ, уæд мудибиндзити бæтмæнтти нимæдзæ дæр дзæвгарæ фæмминкъийдæр æй.

Киристонгъæуи уæди 882 хæдзаремæй ма муди бæтмæнттæ дардтонцæ æдеугурæй – 300. 1900 анзи бабæй еци бæрæггæнæнтæ фæстæмæ фæббæрзонддæр æнцæ. Зæгъæн, еци анз муд уæйæгонд æрцудæй – 2500 пути, æмбурдгонд ба æрцудæй – 3500 пути, мудадзæ – 630 пути. Уæд ма муд æма мудадзи æргътæ дæлæмæ нæма хаудтæнцæ: муди пуд кодта – 6 соми, мудадзи пут ба – 18 соми. 1900 анзи еумæ райсгæй, мудибиндзити æфтуйæгтæ исхъæрттæнцæ – 26340 сомемæ, кæдзос нимадæй.

Нуртæккæ гъæууон хæдзаради еци къабазæмæ уойбæрцæ æргон здæхт нæбал цæуй, уомæн æма уруссаг базари мæнæуæ нæ гъæуй, уони гъæуй нартихуари тиллæг. Уомæ

гæсгæ ба нартихуари будуртæ урухдæргæнгæ цæунцæ, мудхæссæг культуритæ æма сосхъæдæ гъæдтæ ба минкъийдæр æма уони хæццæ ба мудгæсти нимæдзæ дæр еугæйттæмæ æрхаудтæй.

Киристонгъæуккæгтæ зæнхитæ багендий есунцæ 1880 анзæй фæстæмæ. 1880 анзи багендий райст зæнхитæ ахæстонцæ – 943 дæстини, 1907 анзи ба еуæндæс хатти фулдæр.

Гъæу уорсгвардионтæ ку нихxæлеу кодтонцæ, уой агъонмæ си адтæй 75 муддарæг цæрæги, сæ бæтмæнтти нимæдзæ ба хъæрттæй 7070 бæрцæмæ, 1908 анзи ба муддаргутæ адтæнцæ 15, сæ бæтмæнттæ ба – 3750 бæрцæ, уомæн æма мудибиндзитæ сойнæ кæцæй цъирунцæ, еци фæзуæттæ хъæбæр искъундæг æнцæ.

1900 анзæй фæстæмæ ма, къиристонгъæуккæгти къохи ци зæнхи гæппæлтæ байзадæй, етæ фонсхезнитæн дæр нæбал фагæ кодтонцæ, хуасгæрдæнтæ æма хумзæнхитæ ба кенæ багендий ист цудæнцæ, кенæ ба сæ æлхæнгæ кодтонцæ.

Багендий ист зæнхити фулдæр хай адтæй Муртазати. Уоми ба берæ мудхæссæг кæрдæггун игуæрдæнтæ адтæй.

Нуртæккæ ба еци фæзуæттæ хумæгонд æрцудæнцæ æма си нартихуар бакодтонцæ. Муддартæ сæхе хецæн гъæдæмæ байстонцæ, будури кæми æрбунæттон уонцæ, уæхæн рауæнтæ син ке нæбал ес, уомæ гæсгæ. Хуарз уидæ мудхæссæг кæрдæгути муггæгтæ байтаун, фал нæ адæни сæризунд уæхæн æмвæзадæмæ нæма исхъæрттæй. Æрмæстдæр ма еугай зæрæндтæ дарунцæ муди бæтмæнттæ, иннæ æригондæр адæнæй ба иронхгæнгæ цæуй еци куст. Мудибиндзити баридауæг Анæголи ном дæр иронхуати изайгæ цæуй.

Цубур дзурдæй, нартихуари тиллæг æрзайун кæнунмæ сæхе ке рахаттонцæ адæни фулдæр хай, уомæ гæсгæ ба цæхгæр фæмминкъийдæр æнцæ мæнæуи, зæтхи æма хъæбæрхуари фæзуæттæ, фустæ æма мудибиндзити куст некебал кæнуй, гъæуи исарæх æнцæ рæугути нез, резæнгæ, æма адæн цæгъдуни кæнунцæ, раздæр ба еци незтæ зонгæ дæр нæ кодтонцæ.

Куд фæстеугутæ, уотæ Киристонгъæуи цæргути нимæдзæ хуæрзцубур рæстæгмæ фæмминкъийдæр æй – 127 адæймагей бæрцæ. Æма кæд медкомæй дзæвгарæ лигъдонтæ нихxæррæтт кодтонцæ гъæумæ (æхсæз анземæ гъæубæл

бафтудæй 351 хадзари), уæддæр сæ нимæдзæ ба нæ фулдæр кæнуй, берæ си фæззиндтæй æдзæрæг, кенæ ба зæнæг кæмæн не 'сæнтæстæй, уæхæн хæдзæрттæ дæр. Гъæуи хæдзæртти нимæдзæ фулдæргæнгæ цæуй, цæргути нимæдзæ ба дæлæмæ хауй. Е ба уомæн уотæ 'й æма мæнæуæ нæбал итаунцæ, дзоллаг инсад сæмæ нæййес, нартихуари кæрдзини евгед бацæнцæ адæн, æма е иссæй сæ хуæруйнаг. Мæ бон æргомæй зæгъун æй, 1852-80 æнзти æхсири æма муди буни ци бæстæ адтæй, е нур ба исæфуй бор нартихуар æма арахъи æвдулæнти. Адæнæн сæ фулдæр, ци бахуæронцæ, е нæ фагæ кæнуй, фал уой хигъд ниуæзтæбæл фæцæнцæ, уомæ гæсгæ ба сæ сувæллæнттæ дæр æнтæсунцæ æдзардгъонæй, æнæхъаурæй, незгунтæй.

Æндегæй бакæсгæй, кæд нæ гъæу цæрдхуз зиннуй, уæддæр син хумæтæг уорс дзол дæр ма нæ фагæ кæнуй. Нæбал син хъæртуй фуси фид, сторвонс, æхсири продукттæ. Æрмæст нартихуарбæл æрбадтæнцæ. Гъæу мæлуй стонгæй, мæгурдæргæнгæ цæуй, сæйуй аллихузон хуæцгæ незтæй, æдзæрæггæнгæ цæуй.

Еске бон мин бауайдзæф кæнун æй, гъома, еугурæй уотæ мæгур цард нæ кæнунцæ, ес си, æ фагæ кæмæ ес, уæхæн цæргутæ дæр, зæгъгæ.

Раст æй еци гъуди дæр. Киристонгъæуи, базарадон рахастдзийнæдтæ пайдайаг кæмæн фæцæнцæ, уæхæн буржуйтæ дæр нæмæ ес. Етæ нуртæккæ дæр кæнунцæ бохъцард. Фал, кедæр дзиппи уæлдай минтæ ке ес, уомæй адæни еумæйаг уавæр хуæздæр нæ кæнуй. Æндæр гъуддаг æй, адæн сæ рæстæги æмхузæн гъæздуг ку цардæнцæ, сæ мæнæуи гомтæ идзаг ку адтæнцæ, сæ фонси æма фусти дзогти нимæдзæн кæрæнттæ ку нæ адтæй, хæдзæртти маргъ сæдæгæйттæй ку нимадтонцæ, еци догæ. Зæгъæн, фиййауи муд ку æргъæуидæ, уæд мудгæсмæ рарветидæ æма 'й цæйбæрцæ гъæуидæ, уой бæрцæ имæ барветидæ, фиййау ба ин уæлитæ, кенæ фустæ баскъæридæ. Уотемæй сæ продукттæ æмсæрбæл æйййивтонцæ, алци дæр син фæндон хъæрттæй. Нур ба нæуæг хæдзарадон рахастдзийнæдти рæстæги ба алцидæр иссæй æхца, æхца æма æхца.

# НÆУÆГ ХÆДЗАРАДОН РАХАСТДЗИЙНÆДТИ ФÆСТЕУГУТÆ

Æнæзæнхæ æма æрдæгæстонг цæргути еу хай сæхецæн агорунцæ аллихузон мадзæлттæ æма фæггæнæнтæ, еу рауæн бунат нæбал ерунцæ, агорунцæ æхца бакосуни фæрæзнитæ Цæгат Америки гъæдти æма уазал Сибири æрзæткъахæнти.

Æндæр рауæнтæмæ кустагор цæуни æнзтæмæ хаунцæ 1855–1905 æнзтæ. Фæстаг анз ба бустæги ниххæррæтт кодтонцæ нæ лæхъуæн фæсевæд Америкæмæ, Австрали æма Сибирмæ.

Киристонгъæу бустæги гъæууатмæ æрхаудтæй, косæг къохтæ си нæбал фагæ кæнуй. Нартихуартонæнти рæстæг еу косæги мизд бонмæ хъæртуй – 40–60 капеккемæ, æхсæдæнти рæстæг ба – 1 сом æма 20 къапеккемæ.

Тиллæгикустгæнæг хецæуттæн сæ хæрзтæ сæ æфтуйæгтæй æнцæ фулдæр. Цæргути фулдæр хай сæ зæрдæмæ нæ есунцæ хæдзарадон архайди нæуæг хузтæ, фæндуй сæ фиццагон мадзæлттæй архайун. Раздæрау ма сæнтаунцæ мудибиндзитæ, фал сæ æфтуйæгтæ сæ хæрзти не 'хгæнунцæ. Æнтаунцæ фонс, фал æй агкаг аргъбæл æлхæнæг нæййес. Гъæуи экономикон æма социалон уавæр уотемæйти еугур æдзæллагмæ хаугæ цæуй. Экономикон æгъдауæй гъæу ирæзгæ нæбал кæнуй æма цæйбæрцæ уотæ рахæсдзæнæй, е дæр бæрæг нæй.

Цума æцæгæй ба нартихуари пайда фулдæр æй æви хъæбæрдæр бедуй нæ хæдзарадон архайдбæл?

1893, 1900, 1907 æнзти, рæстæмбес нимадæй, нартихуари æфтуйæггæгтæ исхизтæнцæ 327600 сомемæ. Фал уойхигъд нартихуар ранихъуардта дæсгай мин фусти æма сæгъти дзогитæ, мингай мудибиндзити бætмæнттæ, бундзарæй искунæг кодта мæнæуи фæзуæттæ, æхсирдæттæг хæдзарадæ. Уæдта хекъохтæй арæзт косæнгæрзтæ ба фабрикити уагъд гæрзтæй цæйбæрцæ æййивд æрцудæй?

## ЛАСУН ÆМА ÆРВЕТУН

Æхца – нартихуари рахастдзийнæдтæ ке райрæзтæнцæ, уой фудæй, хе продукци æма товартæ ка уагъта, уони архайд æрминæг æй. Адæн æлхæнунцæ продукттæ æма цæттæ уæледарæс базари. Нæхе къохтæй кондæй нæмæ нецибал ес æгириддæр: ходæ – базари æлхæд, цохъа – фабрики уагъд тунæй, баслæхъ æма нимæттæгтæ дæр æндæр кæцæйдæр ласт, къахидарæс – Варшавæй.

1880 æнзти нæ хеконд продукци хъæрттæй уæледарæсæн дæр æма къахидарæсæн дæр, продуктти уæлдаййæгтæ ма æндæр рауæнтæмæ дæр ластонцæ. 1893 анзи уæнгæ Киристонгъæуи цæргутæ мæнæуæ дæр, фид дæр ластонцæ æндæр рауæнтæмæ уæйæ кæнунмæ, нур ба сæ нæхуæдтæ æлхæнæн. Фид ласæн – Ассийæй, инсад – Хъобанæй, Мæздæгæй.

Империалистон тугъди агъонмæ нæмæ инсад ластонцæ – 36000 сомей аргъ, фид – 72 мин сомей аргъ. Уой уæлæнхасæн ба ма уæледарæс, къахидарæс, ниуæзтæ. Раздæр нæ гобæнттæ, гъæццæлттæн сæ хурфæ конд адтæй фуси цъоппæй, нур ба нæ гобæнтти цъæрттæн дæр агъодитæ æлхæнæн базæртти. Нæхемæ конд ниуæзтити бæсти æлхæнæн сипъирт – 90 градусей хæццæ, уорссæр водкæ, сæнæ къахеттæй, цай æма сæкæр дæр уотæ.

Цубур дзурдæй, цидæриддæр гъæуй царди адæймаги, уони ес иссерæн базари, æрмæстдæр гъæуй æхца. Фал еци еугур гъæугæдзийнæдтæ æнцæ уруссаг фабрикти уагъд æма конд цæунцæ, цæмæй хуæнхаг адæнæн сæ фæстаг тоги æртах кæронмæ исцъиронцæ. Хе хæдзарæдти архайд кæнуй къæхти буни, капитал тавдæ арсгийнæбæл æвæрæгау, нин æвæруй нæхе рахуæцæнтæ, листæг сарсинау нин лæуаруй нæ есбон æма ни есуй, æхе цидæриддæр гъæуй æ ирæзтæн, уони.

Нартихуари будуртæ пайда хæссунцæ æви зæран, уомæн дæнцæн æрхæсдзинан 1908 анз. Еци анз Киристонгъæуи еугур будурти дæр – 6302 дæстини, конд æрцудæй нартихуар. Еци тиллæг адæнон хæдзарадæмæ хуæлцæн нæ цæуй, фал базармæ. Нур ба ин æркæсæн æ æфтуйæгтæмæ.

1908 анзи нартихуари тиллæгæрзад, рæстæмбесæй, адтæй минкъий бæрзонддæр. Дæстийнæбæл багендий аргъ хъæрттæй – 25-40 сомемæ, косæг къохтæн фистонцæ – 1-1,20 соми. Уотемæй нартихуари будури еу дæстинæ хъæрттæй æд æфтуйæгти хæццæ – 81 сомемæ. Нур ба банимайæн, дæстийнæбæл цæйбæрцæ харзгонд цудæй, еци бæрæггæнæнтæ.

1) Рæстæмбес нимадæй, дæстинæбæл багендий аргъ хизтæй – 30 сомемæ.

2) Зæнхæ бахумæ кæнун – 10 соми.

3) Муггæгутæ – 4 пути, пут – 45 капеккемæй – 1,80 соми.

4) Похци кæнун – 6 соми.

5) Æхсæдун (фондз косæги сæхе хуæруйнаги хæццæ – 1,20 соми).

6) Нартихуар тонун – 1,50 соми.

7) Æ цъарæ ин æстъегъун – пут 8 соми æма 10 капекки.

Æдеугурæй – 78 соми æма 90 капекки.

Уотемæй дæстини еумæйаг æфтуйæгтæ хъæрттæнцæ – 81 сомемæ, æ хæрзтæ – 79 соми æма 10 капеккемæ. Кæдзос æфтуйæгтæ си изадæй – 1 сом æма 10 капекки.

Æхца мæгур лæгмæ кæцæй хаудтæй, уомæ гæсгæ ба багендий хецауæн фиста, ци тиллæг имæ рацæуидæ, уомæн æ 30 проценти. Гъе, уæхæн æнæпайдайаг тиллæг адтæй нартихуар мæгур æма рæстæмбес цæргутæн Киристонгъæуи.

Берæ пайдадæр на ’дтæй æййевгæ базарадæ дæр. Гъе, уомæ гæсгæ ба фæсевæд кустагор цудæнцæ идард бæститæмæ.

Бæргæ агурд цудæй аллихузон мадзæлттæ уавæр фæххуæздæр кæнунæн, фал неци хуæздæр фæггæнæнтæ ирдтонцæ сауæнгæ 1917-22 анзмæ. Æййевгæ базарадæ зæууатмæ цудæй. Киристонгъæуи æхгæд æрцудæнцæ еци анз Тихилти Е. Гатути, Елбайти, Æбати, Елехъоти, Къесати æма Туккати тукæнттæ, уомæн æма пайда нæбал хастонцæ.

## АДÆМОН ÆЗМÆНСТИТÆ 1880 ÆНЗТИ

Адæнæн сæ цардиуаги сæйраг фæрæзнитæ адтæнцæ сæ зæнхитæ æма хе къохтæй конд дзаумæуттæ уæйæ кæнун. Нæ зæнхи гæппæлтæ нин æхе бакодта нæ сæрустур тухгæнæг. Фабрикти æма заводти продукци парахатгонд ке цудæй æхсæнадон царди, уомæ гæсгæ бунæттон продукци уадзгутæ æгустæй изайгæ цудæнцæ. Æхцай æма æййевуни базарадæ ба нæма æрфедар æнцæ æнхæст, адæни ба гъудæй фæрæзнитæ сæ цардæн. Агорунцæ мадзæлттæ, ергæ ба сæ нæ кæнунцæ. Уомæ гæсгæ ба се 'хсæн сабургай зиннун райдæдтонцæ, хецауади закъæнтти хæццæ арази ка нæ адтæй, уæхæн адæймæгутæ.

1880-85 æнзти Киристонгъæуи исарæх æнцæ аллихузон æзмæнститæ, адæн кæрæдземæ фæннихмæ уиуонцæ. Еци нихмæлæудтитæ хæстонцæ куд экономикон, уотæ политикон хузæ дæр.

1883-84 æнзти гъæуи цæргутæ се 'мбурди бадомдтонцæ, цæмæй гъæуи старшина Бердити Дзабай æ кустæй исесонцæ, уой. Фал Дзабай фарс æрæдойнаг хъазахъаг, Дигори участокки сæргълæууæг Антонов ку рахуæстæй, уæдта адæн æд цъелæ, æд мелæ æмхузонæй исистадæнцæ æ нихмæ. (Листæг-буржуазон кулактæ, еци рæстæги сæ муггæгти бæрæнимæцондзийнадæй æма хецауадæмæ хæстæг унæй сæрустур угæй, арæх рахуæциуонцæ кæрæдзей фарс æма уотемæй косæг адæни нигъгъос кæниуонцæ).

Косæг исæзмæнтæг адæн урди над фæккодтонцæ кулакти муггæгти минæвæртти, участокки сæргълæууæги ба æрахæстонцæ æма 'й гъæуи правлений азгъунсти комнæттæй еуеми бакодтонцæ, кедæрти ба си Уорсдони донмæ багæлстонцæ.

Гъуддаг уобæл ниллух æй, æма змæнтгутæй 12 лæги ахæст æрцудæй æма сæ Терски облæстæй Хъаспи денгизи Чечени сакъадахмæ рарвистонцæ. 80-аг æнзти исистад ка исаразта, уони æхсæн адтæнцæ: Цæголти Аслæнгерий – саугин, Гарданти Цæрай – ахургæнæг, Гагулати Сабан, Къесати Мæрза, Уруймæгти Дауит æма Мæхæмæт, Цæголти Хатар, Туккати Гаспо, Зæлети Дзаге æма æндæртæ. Нуртæккæ ма

еци æрвист адæнæй æгас æнцæ Гагулати Сабан æма Гарданти Цæрай.

1886 анзи бабæй нæуæг уæхæн æзмæнститæ æрцудæй экономикон бундорбæл. 80-аг æнзти Киристонгъæуи цæргутæн сæ къохи бакодтонцæ зæнхити нæуæг план, кæцими, ци гæппæлтæ ма сæмæ байзадæй, уонæй Змейки æма Николаевски хъаллитæн дехгонд цудæй – 22,830 дæстини, Туйгъантæн – 1200, Хъубадтæн – 2700 дæстини. 1882 анзи агъонмæ етæ нимад цудæнцæ Дигори зæнхитæбæл.

Ардæмæ нæ хаунцæ, уæлæнхасæн ма син ке радех кодтонцæ, еци зæнхитæ: Æрхонкæн – Хецæн гъæдæ æма Устур гъæдæ, Æрæдонæн – Даргъ-Тагæ, Туйгъантæн – Мæскъиагæ, никки ба ма Ирæфæй Црауи дони æхсæн будуртæ, Сау гъæдтæ, игуæрдæнтæ. Еци урух фæзтæй æма гъæдтæй Киристон æма Пусулмон гъæутæмæ æдеугурæй æрхаудтæй – 11,382 дæстини, кенæ ба Дигори будурти фæзуæттæн сæ 5-аг хай дæр нæ.

Дигори зæнхитæ уæхæн æнахъинон хузи дехтæгонд ке цудæнцæ, уой Киристонгъæуккæгтæ куд нæ уидтонцæ, æма еци æнæраст гъуддаг нæ ниббæлстæнцæ. Сæ гъудий дæр на ’дтæй, Муртазати гъæдтæ æма зæнхитæ хъазахъæгтæн, Силтанухъ æма Дзæгъеппарз ба Туйгъантæн радех кæндзæнцæ, еци гъуддаг.

(Абони дæр ма Киристонгъæуккæгтæ федарæй дзорунцæ, цæмæй син фулдæр зæнхитæ байурстайдæ зæнхæбарæг, уой туххæй си ке агурдта гæртанæн Къесати Сабази саулохаг бæх, фал етæ сæ сæрмæ не ’рхастонцæ гæртан раттун æма æнæнецæмæй байзадæнцæ).

Зæнхитæ иурст æма закъонæй федаргонд ку æрцудæнцæ, уæдта ма бæргæ балæдæрдтæнцæ сæ æфхуæрд æма фæдесгъæр исистонцæ, фал байрæгæмæ æй. Етæ хуарз лæдæрдтæнцæ, æнæ гъæдæй син цæрæн ке нæййес, гъæдæмæ бацæуни барæ ба сæ нæбал адтæй, уомæн æма 1800 анзæй фæстæмæ сæ гъæдтæ бафтудæнцæ хъазахъæгти æма Владикавкази гъæди хæдзаради къохтæмæ. Фал уæддæр цагътонцæ Устур гъæди бæлæстæ, етæ ба хаудтæнцæ æрхонкæгти хъазахъæгтæмæ. Æрхонкæгтæ сæ гъаст бахастонцæ участокки сæргълæууæг Антоновмæ. Николаевски æма Æрæдони хъазахъаг сæдей хæццæ рабалци кодта, дигорæнттæ

гъæдæрмæг кæми кодтонцæ, уордæмæ, цæмæй сæ бафхуæра. Дигорæнттæ нецæмæ дардтонцæ закъæнттæ, гъæди хъазахъæгтæбæл ку фембæлиуонцæ, уæд сæ фæннæмиуонцæ, «сæхе гъæдæмæ» сæ нæ уагътонцæ.

Хабар уайтагъддæр рахæлеу æй æгас Киристонгъæубæл дæр. Цæргутæ æмхузонæй рацудæнцæ Антонови размæ. Киристонгъæуккæгти хæццæ адтæнцæ, Дунаййи тугъди хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд ка æрцудæй, уæхæн тугъдонтæ дæр. Дууетæ дæр фембалдæнцæ «Устур гъæди» æрдози. Антонов карзæй бадомдта, цæмæй согæрмæг гъæддзаутæ баласонцæ уой участокмæ, фал имæ игъосæг нæ фæцæй. Уотемæй кæрæдзей нихмæ фæцæнцæ, Антоновбæл фиццаг цæф æруадæй дунаййаг тугъди кавалер Акъоти Дзабой къохæй. Уой фæсте иннæ Киристонгъæуккæгтæ дæр сæхе ниццавтонцæ хъазахъæгтæбæл æма си устур хилæ рауадæй, фиццаг тумбул къохтæй, уой фæсте ба лæдзгутæ æма бæхъитæй. Антонов ку балæдæрдтæй, уавæр хуарз нæ уодзæй, уой, уæд æ бæх фездухта æма адæгтæ-адæгтæ Æрæдонмæ ниххуаста. Киристонгъæуккæгтæ æ фæсте лæдзгутæ æхсгæй гъæр кодтонцæ: «Маргæ, маргæ». Æнæ камандир ци хъазахъæгтæ байзадæй, уони ба сау над фæккодтонцæ. Уотемæй хъазахъæгтæй цалдæр фурнадæй рамардæй, цæфти нимæдзæ ба дууердигæй дæр дзæвгарæмæ исхъæрттæй.

Еци æзмæнст хаста националон-политикон æма экономикон хузæ. Хецауади унафи нихмæ раистадæнцæ бунæттон цæргутæ. Гъуддаг тæрхондонæмæ æрцудæй æма змæнсти архайгутæй кæмæн 1 мæйæй – 6 мæйей уæнгæ ахæстдони фæббадуни тæрхон хаст æрцудæй, кадæртæ ба си 5 сомемæй 25 сомей уæнгæ иваргонд æрцудæнцæ.

Уæрæсей центрон хецауадæ уæхæн дзиллон æзмæнстити архайгути ауиндзæнтæмæ æма Сибирмæ нæ кодта, фал сæ æрахæссидæ.

Кавказаг хецауадæ æрхайдта уæхæн мадзæлттæй «гъæддаг хуæнхæгти» æрсабур кæнун, уруссаг културæбæл сæ бафтаун. Фал царди ба гъуддæгутæ иннецирдæмæ æрзелиуонцæ. Сæребарæуарзæг хуæнхаг адæн нæ бæлстæнцæ царди еци æцæгдзийнæдтæ. Етæ зудтонцæ, хецауадæ син сæ зæнхитæ байстонцæ æма сæ се знæгтæн равардтонцæ. Нур сæ зæнхитæ агорун гъудæй æндæр ескæмити, кенæ ба

сæхе гæппæлтæ гъудæй тухæй есун. Еци гъуддæгутæ хуарз лæдæрдтæнцæ устур хецауадæ дæр. Рабæрæг æй, хецаудзийнадæ æ тæккæ райдайæнæй фæстæмæ дæр хорх кодта хумæтæг адæнти, сæ зæнхити хæйттæ син цубурдæргæнгæй. Хъазахъæгтæ æма бунæттон цæргути кæрæдземæ æнæуинондзийнадæ анзæй-анзмæ тухгиндæр кодта. Уомæ гæсгæ ба анзæй-анзмæ æзмæнститæ æма буцæути нимæдзæ дæр фулдæргæнгæ цудæй.

## КИРИСТОНГЪÆУИ ÆНДАГ БАКАСТ 1852–1874 ÆНЗТИ

1852–1874 æнзти Киристонгъæу адтæй устур гъæуи хузæн, кæцими квартæлтæ дехтæгонд цудæнцæ синхгай, æма, еу муггагæй, æрваддæлтæ цардæнцæ еумæ, кæрæдземæ хæстæг. Алли хæдзари хецау дæр æ фæлабулайтæ æрæхгæнидæ каутæй. Æстæнтæн адтæй толдзæ фæйнæгутæй горентæ.

Хæдзæрттæн, ефстæгтæй уæлдай, сæ сæртæ æхгæд адтæнцæ гъæмпæй, сæ дуæрттæ æма къæрæзгитæ искæсæнæрдæмæ арæзт.

Хæдзари цори алкæмæндæр æ зæнхи гæппæл, уæдта къалеугун цæгиндзитæ, нартихуари æфсертæ кæбæл сор кæниуонцæ, уæхæн.

Сæхе амондгунбæл нимайунцæ, цæкуйаг берæ кæмæ фæууй, еци хæдзари сувæллæнттæ. Хæдзари фæсдзæгат скъæттæ, стойнитæ. Уонæмæ ес хæдзарæй сосæг рахезæн – фæстаг къæразгæ. Гъæунгæрдæмæ сара кенæ уæрдундонæ, æ фарсмæ иуазæгдонæ, иуазгутæ кæми исбоц кæниуонцæ, уæхæн азгъунст. Колдуари цори бæхбæттæн æма гъæди лухдзаг бадæни бæсти. Тургъæмæ æма скъæттæмæ бацæуæн дуæрттæ æхгæд фæуунцæ дугай-æртигай æхгæнæнтæй, цæмæй давæг æнцонтæй ма бафтуйа медæмæ, уой туххæн. Цæмæй æхгæнæнтæ федардæр хуæцонцæ, уой туххæн ба толдзæ цæгиндзити сæрмагонд цъæстæ никкæниуонцæ æма си цорки хузæн æхгæнæнтæ ниффедар кæниуонцæ, сæумæй ба сæ дзæбокæй æркъуæр-къуæр кæниуонцæ æма сæ рафтауиуонцæ. Еци къуæр-къуæр амудта, хæдзарæн æ косгæ бон ке райдæдта, уой.

## ГЪÆУГÆРÆНТТÆ

Гъæугæрæнтти радаргъ æнцæ хуасдарæнтæ, гъæмпæ, зугун, æма æндæр уæхæн азгъунститæ фонсæн хуаллагæн, уæдта бонхуæрæнтæ (зумæг фонс кумæ раскъæриуонцæ, уæхæн бунæттæ). Муртазати æма Силтанухъи будурти ба адтæнцæ сæ уотæрттæ фусвонсæн, сæгъæн, бæхти æргъæуттæн. Зумæгон еци будурти берæ кæрдæг æма фæсалæ байзаидæ, кæрдæг си карст ке не 'рцæуидæ, уомæ гæсгæ æма сæ фæндон хизтæнцæ.

Бустæги уазал рæстæгутæ ку никкæнидæ, уæдта фустæ дардтонцæ къасарати æма син уоми æвардтонцæ хуасæ.

Фæлабулай гъæутæ еугурæй дæр адтæнцæ æндаг бакастæй æнхузæн, сæ хæдзарадон архайд дæр нецæмæй уоййасæ хецæн кодта. Еухузæн адтæнцæ сæ хæдзæртти æвæрд дæр, гъæунгтæ, къонай артдзæстæ, сæ уæледарæс, къахидарæс, хуæруйнаг.

Алли гъæуи цæрæг хæдзарæ дæр архайдта æ фонс арфдæр баримæхсунбæл, уомæ гæсгæ ба скъæттæбæл æвæрд уидæ дугай дуæрттæ. Бийнонти хуссæн авæрттæ ба æвæрд адтæнцæ сæ скъæтти фæйнæ фæрстеми, цума сæ æмбурдæй дæр гъæуай кодтонцæ, уотæ. Гъæунгтæ æмхузон æмраст нæ адтæнцæ, фал алли хæдзарæн дæр е 'ндæмæ рацæуæн конд адтæй, куд ин æнцондæр рахезæн адтайдæ, уотæ.

Квартæли цæргутæ цума еумæйагæй гъæуай кодтонцæ сæ фонс, хæдзæрттæ кæрæдземæ уотæ æвæрд адтæнцæ. Уидæ уотæ дæр æма фонсдавæг еу хæдзари фонс æндæр кедæр дзæхæратæбæл дæр раскъæридæ. Уæхæн уавæри радавд фонсбæл дзуапп лæвардта, ке дзæхæрабæл сæ ратæриуонцæ, уой хецау. Уомæ гæсгæ ба се 'гас дæр фонс гъæуай кæнуни гъуддагмæ кæстæнцæ хъæбæр бæрнон цæстæй.

Уогæ еци доги дæвдтитæ арæх нæ цудæнцæ. Дигоргоми 1895–1900 æнзти æрцудæй еунæг цау, – давд æрцудæй болкъон Абисалти Генардухъи бæх, е дæр, махмæ гæсгæ, баделиатæмæ адæн æнæуинон цæстæй ке кастæнцæ, уомæ гæсгæ. Сæ мæгурдзийнадæ адæни еу кодта æма кæрæдзей есбон гъæуай кодтонцæ. Уæдта си давæггагæй дæр ци адтæй: сæ косæг фонс еу, сæ зæнхи гæппæлтæ, игуæрдæнтæ еу рауæн, се 'скъæттæ, стæнттæ фæрсæй-фæрстæмæ, сæ уæледарæс,

дзабур æмхузон, сæ кустæгутæ дæр уотæ: уалдзæги – хумæ кæнун, сæрдигон – хуасгæрдæнтæ, фæззæги – тиллæгæфснайæн куститæ, зумæги – фонсмæ зелун. Уæдмæ ба сæ бæрæгбæнттæ райдайуонцæ æма Геуæргобати, Басилти хуæрдæ, ниуæзтæ фæндон, цийнæ кæнæ, зарæ, кафæ, хуæрæ. Се ’гас дæр æмхузон æстонг, кенæ æфсес. Се ’гас дæр æмхузон амондгун, игъæлдзæг, игъусуй тъæлланг зари «Уæрæйда», гахгун æхцинти æма фезонгути хуæрздæф. Алке дæр цæттæ иуазæг фæххинцунмæ. Еу адæнæн сæ амонд дæр еу фæууй.

## КИРИСТОНГЪÆУИ ÆНДАГ БАКАСТ 1875 АНЗИ ФÆСТЕ. ТИЛЛÆГИ УÆЛДАЙЙÆГТÆ УÆЙÆ КÆНУН. КУЛАКТИ ФÆЗЗИНД

22 анзи рацудæй, кæдæй Киристонгъæу равзурстæй, уæдæй. Адæн косунцæ, цæрунцæ. Се ’гас дæр ма нерæнги æфсес æнцæ. Сæ фагæ сæмæ ес зæнхитæ. Сугъзæрийнæ син сæ уодтæ нæма бахуардта.

Гъæуи цæргути æхсæн ма берæ ес саламгин, цæрæццаг æма цийнæйдзаг адæн. Уруссаг базарадон рахастдзийнæдти тæвагæ бустæги нæма рахæлеу æй. Фæсарæнтæ агурдтонцæ æлхæнунмæ сæйрагдæр мæнæуи тиллæг, Уæрæсей базари дæр гъудæй мæнæуæ, гъома, цæмæй æй адæнæй еу аргъæй æлхæдтайуонцæ, фæсарæнтæмæ ба ’й æндæр уæлдæр аргъбæл уæйæ кодтайуонцæ, уой туххæн. Фал махмæ ци мæнæуи уæлдайййæгтæ изадæй уæйæмæ, уомæн нæдæр Уæрæсемæ, нæдæр фæсарæнтæмæ на ’дтæй фæхъхъæртæн. Цæгат Кавкази æфсæнвæндæгтæ арæзт нæма æрцудæй. 1875 анзи æфсæнвæндаги къалеу хъæрттæй æрмæстдæр Ростовмæ. Уомæ гæсгæ ба сæ мæнæуæ уæйæгонд цудæй, Валдикавкази, Нальчикки æма Алагири ци æфсæдтон хæйттæ лæудтæй, уони гъæуагæдзийнæдтæн.

Æппунфæстаг г. Владикавказмæ арæзт æрцудæй æфсæнвæндаг æма Иристонæн Уæрæсей хæццæ бастдзийнæдтæ фæффæндондæр æнцæ. Комкоммæ базар кæнунæн дуæрттæ бадæригондæр æнцæ. Фал еци рæстæг мæнæуи аргъ цæхгæр дæлæмæ æрхаудтæй. Ци киндæуа? Фæсарæни нæ мæнæуæ уотæ æхсицгон нæбал гъæуй. Æма сæ уæлдайййæг-

гæгтæ уæйæ кæнун райдæдтонцæ Уæрæсейæн æхе медæги сæнæ æма крахмаларазæн заводтæмæ. Уони ба сæйрагдæр гъудæй нартихуар, уæдта æ аргъ дæр дзæвгарæ бæрзонддæрмæ исхизтæй. Æма уомæ гæсгæ сæхе разилдтонцæ нартихуар итаунмæ киристонгъæуккæгтæ дæр. Сæ еугур уæлдаййæгтæ дæр нур ласт цудæнцæ базармæ.

Уалдзæгæй-фæззæги тиллæгесæнти уæнгæ сæ сæйрагдæр мæтæ адтæй æрмæстдæр нартихуар. Куд зонæн, уотемæй нартихуарæн бустæги берæ дарæн нæййес, уæдта имæ еудадзугдæр гъæуй цæстдард.

1880 анзæй фæстæмæ киристонгъæуккæгтæ сæ хæдзæрттæ дæр аразун райдæдтонцæ базар æма нартихуар дарунмæ гæсгæ. Хæдзари æмбес тургъи астæуæй хаст цудæй гъæунгæмæ, æ фарсмæ нартихуарæвæрæн гоморитæ. Уони фарсмæ бæхтæдарæн бунæттæ, сæ сарати æма хæдзæртти тугурти хъæлнæгъ цургъд. Хæдзарвæрсти ци гомтæ адтæй мæнæутæ дарунмæ, уони æрихалдтонцæ, уомæн æма мæнæуæ нæбал итудтонцæ æма сæ сæр нæбал гъудæй. Ке гъудæй, е æй цæттæй æлхæдта базари. Гъæути фæлабулайти ци мудибиндзити бæтмæнттæ уидæ, уони дæр гъæдти æрдозтæмæ фæлластонцæ, уомæн æма Муртазати фæлабулай уæгъдæ игуæрдæнтæ æма мудхæссæг кæрдæги халæ нæбал задæй, хумæгонд æрцудæнцæ нартихуари фæзуæттæн, биндзитæн «тиллæг» нæбал байзадæй. Æрдозти стойнитæ æма зумæгон бунæттæн сæ кой дæр нæбал адтæй, уомæн æма фустæдарунади къабазæ нæбал ирæзтæй. Ноябри æмбеси исуæгъдæ уиуонцæ фæзуæттæ æрмæстдæр. Уæди уæнгæ ба еци будуртæмæ фустæ баскъæрун не ’нгъизтæй.

Киристонгъæуккæгти сæри зунд дæр базарæрдæмæ рафæлхæттæй. Алли хæдзари хецауи дæр фæндæ адтæй æ цæрæни еу хаййи тукангонд исаразун.

Куд фæстæмæ, æхсæнади еу хаййæй рауадæй сæудегергæнгутæ. Етæ бунæттон цæргутæй æлхæдтонцæ фонс, тиллæг, аллихузон хекъохæй конд дзаумæуттæ æма сæ уæйæ кодтонцæ хъазардæр æргътæбæл устурдæр базарти. Уотемæй фæллойнæгæнгути еу хай мæгурдæргæнгæ цудæй, сæудегертæ ба – гъæздугдæр. Цубур дзурдæй: мæгур лæг, хумгæнæг, гъонгæс, фиййау æхсæвæй бонæй куста, цæмæй гъæздуг никки дæр фулдæр æхца æ дзиппи ниввæра, уой пай-

дайæн. Киристонгъæу дууæ дехи фæцæй: еуетæ мæгуртæ, иннетæ ба, – цардæй тъæпп ка хауй, уæхæнттæ, еуетæ æрдæгæстонг, иннетæ – кулактæ.

1905 анзи гъæуи кулактæ сæхецæн ихуæрсти дардтонцæ мæгур адæни. Етæ æнхæст кодтонцæ еугур сау куститæ дæр. Уотæ рауаидæ æма се 'гас анзи хъиамæт дæр уорæд æрцæуидæ кулакки пайдайæн.

– Атæ мæн саугосгутæ æнцæ, – æ реу бахуаста еухатт мæхе цори еу гъæздуг.

Фæстаг æнзти ба нартихуари тиллæгæрзад дзæвгарæ ке фæууæлдæр æй, уомæ гæсгæ алли анз дæр, рæстæмбес нимадæй, киристонгъæуккæгтæ базармæ æрвистонцæ 322 вагони. Ци кулактæ син æлхæдтонцæ сæ тиллæг, етæ алли вагонæй дæр истонцæ æфтуйæгтæ – 50 соми, – анзмæ – 16 мин соми тæккæ минкъийдæр. Уобæл ба ма бафтауæ мæнæуæ, фабрикити уагъд косæндзаумæутти æргътæ, ниуæзтæ, бæгæни, самовартæ, æгтæ, цигæнттæ, авгин, фарфор æма æндæр æрмæгæй конд дзаумæуттæ æма сæ æфтуйæгтæ исхъæртиуонцæ 34-40 мин сомемæ.

Гъæуи цæргути есбон сабургай цæун райдæдта еугай лæгти къохтæмæ æма етæ гъæздуг кодтонцæ, бунæттон адæн ба – мæгурдæр.

55-70 анзей размæ гъæуи цæргутæ куд цардæнцæ æма нур куд цæрунцæ, уони ку рабарæн, уæд æнæбафеппайгæ нæ фæууодзинан уæхæн нивæ:

– Раздæр еугурей хæдзæрттæ дæр адтæнцæ æмхузæн. Нуртæккæ ба гъæздугути цæрæнтæ агоридорæй амад, сæ сæртæ къала, кенæ гъосинтæй æхгæд, голландиаг пецтæ, сæ къухнити пецтæ плитати хæццæ, хæдзæртти хурфи кæдзос, пъолтæ хурст, фæрстæ, тугуртæ штукатуркæй исæрст. Уæззау уæлдæф цæмæй æндæмæ цæуа, уомæн аллихузон фæрæзнитæ. Къæрæзгитæ урух æма бæрзонд, бæзгин æвгитæ сæбæл, азгъунститæ райдзаст, сæ хуссæнтæбæл уорс гъæццæлттæ, хæдзари дзаумæуттæ, бадæнтæ – венæйаг. Тæбæгътæ фарфор æма хрусталæй, алли алцæмæн хецæнæй. Æхсæукъæ, бацæугæй, æ къах басæтдзæнæй. Алли-алци дæр си зæрдæбал æрлæуун кæнуй европæйаг цард.

Æ тæккæ фарсмæ ба æ царди мæгури радæ кæнуй саугосæг. Æ хæдзарæ кæркдони хузæн, гъæмпæй, кенæ гъосинæй

æмбарзт сæр ин. Æ зæнхæ сикъити лæхудзæй исæрст, медæгæй авари пецæн æ кой дæр нæййес. Арт си кæнунцæ хæдзари бæрæгастæу къонагонди, фиццаг хатт ка бафтуйа уæхæн рауæнмæ, уомæн æнахурæй æ цæститæ хъæуцæмæ тæхсун райдайунцæ. Уæллæй хæдзарæбæл тугур нæййес, фæрсти зихъиртæй дунгæ скъотт кæнуй. Хуарз æма еци цъæстæбæл æндæмæ цæуй хъуæцæ æндæра смаг æма алайæй бæстæ фесæфидæ. Азгъунсти медæги æй цъумур æма уомæл, æнæхснад бауæр кæнуй хуæдмæл æсмаг. Хуссæнти бæсти зæнхæбæл дивилтæ итуд, уонæбæл ба хуссунцæ цалдæргай сувæллони, æнæгъæнæ бон æнæфæккæсæг, æнæгъудгонд, æнæрæвдуд, уомæн æма сæ ниййергутæ сæрдæй – зумæгæй косунцæ гъæздугутæмæ. Сабийтæ æнæхснад, цъумур, фудхуз, систитæ пæс-пæс кæнунцæ. Æнæгъæнæ æнзгæйттæ æхсири цумд сæ цæстæй уингæ дæр нæ фæккæнунцæ. «Нæ цард æма нин нæ уодтæ нартихуар бахсидта», – фæззæгъунцæ мæгур адæн. Сæ мулк – гъæдин къæстæнтæ, къоппатæ, æрхи агæ къонай рæхисбæл ауигъдæй, сæ уедгутæ дæр гъæдæй конд.

Мах равдистан киристонгъæуккæгти царди уавæртæ, нур ба æрлæууæн сæ хуæрдæбæл.

Гъæуккаг буржуййи фингæбæл: уорс дзол, фид, муди хæццæ арахъ, сæнæ, бæгæни. Е сæумæй æма рæфтæй алли бони уавæрти. Изæрæй ба цай æхсир, кенæ æхсири цъæртти хæццæ. Бæрæгбони ба сæ фингитæ исунцæ кæлгæ-уæлгæ: сæнæ æма бæгæни фæндон.

Мæгури фингæ ба æд сæрдæ, æд зумæг, æд бæрæгбон федауй æрмæстдæр кæрдзин, цæнхæ æма донæй. Гъæуи ести еумæйаг бæрæгбон кенæ хист ку фæууй, уæд нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ дæр еумæ æмхузонæй фегъæстæ унцæ къеретæ, кенæ фидигъзæлæй, ниуæзтæй. Æрмæстдæр аци фингитæбæл фæуунцæ æмсæр æма æмбарæ куд гъæздугутæ, уотæ мæгуртæ дæр.

Мадта сувæллæнттæмæ ба уæхæн фингитæй хаугæ дæр некæд неци æркæнуй.

Киристонгъæуи гъæунги ку фæццæйцæуай, уæд уайтæккæдæр бафæсмæрдзæнæ гъæздуг цæрæги æ хæдзари фадуæттæмæ, æ уæледарæсмæ, сауæнгæ ма, æхе куд даруй, уомæ гæсгæ дæр.

Æ реугудур размæ, æ цуд – сабур къахдзæф, бараггенхуз, фæйнердæмитæ кæсуй æнæнвæрсонæй, цума зæнхæбæл уомæй уæлдæр искондадæ нæййес, уоййау. Æ уæледарæс кæдзос, æ гурæбæл хуарз бадуй, къуæдепп уасæнги хузæн æ каст: æ сæрбæл къепкæ кенæ шляпæ, æ бауæрбæл курæт, уой уæле ба пæлито рæстæгмæ гæсгæ, æ къæхтæбæл цулухътæ, æ хæлафи фадгутæ уоми цавд, уотемæй.

Æндæр гъуддаг æй мæгур лæги бакаст: цæуй тарæрфуг æма сæргубурæй, æ уæле тунæй конд хæдонæ ронæй æлвæст, урух салбар. Æ къæхтæбæл хæдзариконд дзабуртæ, хатгайти ба еугур бæгъæнбадæй. Балæдæрæн ес, æ хъисмæтæй, æ цардæй æфхуæрд ке æййафуй, уой.

Бацо æхсæнадон æмбурдмæ: гъæздуг ци дзоруй, уомæ игъосунцæ еугурæй дæр, дзоруй лигъз æма рæсугъд. Мæгури дзубанди ба тухст, некуцон, æнæуæзгун.

Буржуйти къохи, гъæуи цидæриддæр ес хуарзæй, бæркадæй, етæ еугурæй дæр, цæмæй цæронцæ, хуæронцæ, ниуазонцæ, еумæйаг æмбурдти сæ дзурдæн ес аргъ, алкæддæр уони фæндæ фæууæлахез уй. Сæ фадуæттæ фулдæр куд амудтонцæ, уомæ гæсгæ ба сæ цæуæти дæр сæ бон адтæй уæлдæр ахурадон рауæнтæмæ бакæнун. Сæ фарсмæ ба сæ царди радæ кæнунцæ мæгуртæ, кæцитæн гъæуй æрмæстдæр сæ ихуæрсæггаг хъисмæт, сæхуæдтæ ба – неке. Уомæ гæсгæ къумухæй-къумухдæр кæнунцæ. Царди уавæртæ бонвуддæргæнгæ цæунцæ. Гъæуй æнæмæнгæ истох кæнун адæймаги ном хæссуни бартæбæл...

## ХÆДЗÆРТТИ ÆМА СÆ ÆНДАГ БАКАСТИ ÆЙЙИВДДЗИЙНÆДТÆ

1859–1880 æнзти Киристонгъæуи цæргути царди уавæртæ неци уоййасæ хецæн кодтонцæ. Алли хæдзарæн дæр зæнхи гæппæлтæ дехгонд цудæнцæ æмхузон: 281 дæстини. 1861 анзи уæнгæ цæргутæ сæ еугур дæр дардтонцæ æмхузон уæледарæс, алкæбæл дæр си адтæй æхе дзогæй фуси царæй конд ходæ, цубур цохъа бунæттон тунæй, курæт, салбар, дзабуртæ, сæ астæубæл бабæттиуонцæ ронæ, уобæл ба алли хузи гъæугæ дзаумæуттæдарæн агъодитæ. Цохъати

реутæбæл дардтонцæ бæрцитæ, сæ хурфи издин фæттæ, топпи хуасæ. Сæ уæледарæс уотæ конд адтæй, цæмæй син ледзунмæ, фусти, фонси фæсте уайунмæ адтайдæ æнцон. Зуймон уазæлтти ма сæ фусдзар ходти уæле æркæниуонцæ баслæхъæ, сæ цæрæнтæ – уосонгитæ: сæрди сæ хуссæн уидæ гъæмпæ, зумæги ба гъæццæлттæ, кенæ буйнагин нимæттæ.

Цæугæ-цардахур адæн сæ фонс гъæуай кодтонцæ берæгътæй, æндæр сирдтæй, зæйтæй, карз дунгитæй, уарунтæй, сухæ рæстæгутæй.

Уомæ гæсгæ ба алкæддæр цæттæ адтæнцæ сæ фонс, сæ есбон еу рауæнæй иннæ рауæнмæ бахъæртун кæнунмæ. Агурдтонцæ сæ фонс æма мудибиндзитæн бæзгæдæр бунæттæ æма сæ еци гъуддаги хъоргæнæг некæд неке адтæй.

1900 анзмæ адæни нимæдзæ дзæвгарæ фæффулдæр æй, зæнхитæ син нæбал хъæрттæй. Туйгъанти зæнхкосгутæ æма сунжæйаг хъæзахъæгтæ сæ сæ зæнхитæмæ нæбал уагътонцæ. Базарадон рахастдзийнæдти сæйраг бунат ахæссун райдæдта нартихуар. Уой ирæзун кæнунæн ба гъудæй устур будуртæ. Уомæ гæсгæ ба раздæри Дигори фæзуæттæ цубурдæргæнгæ цудæнцæ. Æхе æййевгæ цудæй хæдзарадон кустади системæ дæр. Раздæр сæхе къохтæй цидæриддæр аразтонцæ, уой бунат ахæссун райдæдта промышленнон кустадæ. Еци-еу рæстæг æхе æййевгæ цудæй сæ уæледарæс дæр. Цубур цохъатæ уæраги сæрæй фæддæлдæр æнцæ, хеконд тунæ райййивта фабрики уагъд хъумац, сæ рæнттæ æма хъæматæ æвзестæй, сæ фестæнттæ нур гъæдæй нæбал кæнунцæ, фал сугъзæрийнæ дони тулд. Нæхе бунæттон уæледарæс евгъудмæ рафæрдæг æй. Сæ рæнттæбæл фæсарæйнаг дамбацатæ: Браунинг, Наган, Маузер. Сæ къахидарæс – варшаваг батинкитæ къалости хæццæ, пæлито – рæстæгмæ гæсгæ. Раздæр кæд бунæттон цæргутæмæ киртæ хæдонæ дарун æгадæ кастæй, уæд нур ба е курæти райййивта.

Федар хæдзарадæ кæми нæ уа, уоми еугæндзон уæледарæсæн дæр уæн нæййес.

Хæдзарадон æйййивддзийнæдтæ еугæр цæргути уæледарæсбæл фæззиндтæнцæ, уæд æнæфæббæрæг уогæ нæ фæцæнцæ æхсæнадон царди рахастдзийнæдтæбæл дæр. Патриархалон æхсæнади хæдзари хестæри цæсгони еу код-

тонцæ бийнонти фидæ, ахили хестæр, е унаффæ кодта еугур бийнонтæн дæр, ахилæн дæр, унафгæр адтæй еугур хæдзарадон архайдæн дæр. Зундамонæг адтæй еугур кæстæртæн дæр, адтæй косартгæнæг, къерековæг.

Еци хузи архайд куд æййевгæ цудæй, уотæ ба æхе æййевгæ цудæй хестæртæмæ рахаст дæр. Нуртæккæ каст цудæй, бийнонтæй ка куд æнтæстгиндæр адтæй, ка куд фулдæр пайда хаста хæдзарæмæ, уомæ. Кæци си баргъондæр адтæй, кустгъондæр, е цудæй нимаддæр. Кæд хæдзарæмæ фулдæр æфтуйæгтæ хæссуй, уæд е исуй сæ дзиуарæ, сæ дарæг, æгас дæр имæ игъосунцæ, аргъ ин кæнунцæ. Хестæрдзийнадæ нецибал давта. Нури уæнгæ кадгиндæр æма нимаддæр ци хестæртæ адтæй, етæ фæстаг планмæ рахизтæнцæ. Сæ бартæ, куд æнæкустгъон, уотæ равардтонцæ сæ кæстæртæмæ. Цард сæ æхуæдæг еуварсмæ рагæлста, æма уомæ гæсгæ ба æхсæнадон царди фæлхæнмæ размæ рахизтæй нæуæг кустгъон фæлтæр.

Фал ма зæронд патриархалон æгъдæуттæ нерæнги федар адтæнцæ. Уомæ гæсгæ ба медтох раеудагъ æй зæронд æма æригон фæлтæри, фидтæлтæ æма цæуæти æхсæн. Фæстаг рæстæгути дзæвгарæ фæффулдæр æй бийнонтæ байуаруни нимæдзæ æма 1880-1900 æнзти исхъæрттæй – 487 хæдзарæмæ. Алли анз дæр иурстонцæ 25 хæдзари. Иуаргæ ба кодтонцæ, айдагъ фидæ æма фурт нæ, фал дууæ æнсувæри дæр.

Ес дæмæ æхца, уæд æгас дуйнейæн дæр æлдареуæг кæнæ. Сугъзæрийнæ, гъæздугдзийнадæ иссæй царди нисан. Æзинæ табу ци гъуддæгтæ æма æгъдæуттæн кодтан, етæ абони нæбал цæунцæ, нуртæккæ пайдагонд цæуй нæуæг мадзæлттæй, фал нин бæззунцæ æви зæранхæссæг æнцæ, е ба нерæнги бæрæг-бæлвурд нæма æй.

## АДÆНИ НИМÆДЗÆ
## ÆМА ЗÆНХИТИ БАГЕНДИ

Киристонгъæуи цæргути æма хæдзæртти нимæдзæ анзæй-анзмæ фулдæргæнгæ цудæй. Хæдзæртти нимæдзæ фæффулдæр æй фæстаг æнзти æхсæз хатти, цæргути нимæдзæ ба – æртæ хатти.

Зæнхæ ба байзадæй, куд адтæй, уотемæй – 7606 дæстини. 1893-1908 æнзти хумзæнхити фæзуæттæ исхъæрттæнцæ 6302 дæстинемæ. Цидæриддæр бæзгæ зæнхитæ нæмæ адтæй, е хумæгонд æрцудæй нартихуарæн. Зæнхитæ син ке нæбал хъæрттæй, уомæ гæсгæ киристонгъæуккæгтæ зæнхитæ багендий истонцæ хъазахъæгтæ æма Туйгъантæй.

Ами ма бафеппайун æмбæлуй еума ахсгиаг гъуддаг дæр. Туйгъантæ сæ зæнхитæ уæйæ кодтонцæ зæнхкосгути банки фæрци. Еци банк ба Кавказаг хуæнхæгтæн нæ лæвардта зæнхитæ, фал Уæрæсей æндæр рауæнтæй æрбацæуугутæн (Чернигови, Полтави, Харькови æма æндæр губернити бæстихæйттæй æрбаледзгутæн).

Уотемæй гъæуи фæлабулай уæгъдæ зæнхи гæппæлтæ нæбал адтæй. Уони байахæстонцæ, æндæр рауæнтæй æрбацæуугутæ, сауæнгæ Мæскъиагæй ба Сау гъæди уæнгæ. Сæребарæй ма байзадæнцæ Æрхонки æма Æрæдони фалдзостæ – 5790 дæстини. Гъе, еци гæппæлтæ ма адтæй сæ бон багендий райсун киристонгъæуккæгтæн. Зæнхæ ке гъудæй, уони нимæдзæ берæ, гæппæлтæ ба – минкъий. Уомæ гæсгæ ба багендий æргътæ хæрдмæ хизтæнцæ.

Багендий лæвæрд зæнхити аргъ 1900–1908 æнзти хъæрттæй – 25–50 сомемæ, уой агъонмæ ба еу дæстийнæ кодта – 1-2 соми. Зæнхæбæл лæвардтонцæ – 1000–2000 дæстийни еумæ. Уоми дзæвгарæ æхцатæ бафедун гъудæй. Уони еу ист ракæниуонцæ æхцагин арендатортæ, уой фæсте ба ма сæбæл сæхе æргътæ бафтаугæй, сæ лæвардтонгцæ хæйттæгай. Фулдæр занхкосгути бон уойбæрцæ æхца бафедунгъон нæ уидæ æма ма сæ тиллæг еугурæй дæр багендидæтгутæн ратгæй, никкидæр ма ихæсгинæй байзайуонцæ. Бустæги мæгурбон ба уидæ, гъуддаг тæрхондонæмæ ку æрхъæртидæ, уæд зæнхкосæгбæл. Уæдта ма ’й федун гъудæй тæрхондони хæрзтæ дæр æма æ хæдзарæ, æ мулк еугур уæййаг фæууиуонцæ, æхуæдæг ба æд бийнонтæ гъæунгæмæ гæлст æрцæуидæ æма е ’нæбари мæгурбонæй кустагор рафтуидæ кенæ Сибири æрзæткъахæнтæмæ, кенæ ба Америкæмæ.

## АДÆМОН АХУРАДÆ 1880 АНЗИ АГЪОНМÆ

Æнзтæ цудæнцæ æма 1863 анзи Дигори байгон æй фиццаг скъола нæлгоймæгтæн. Еци скъола иссæй Дигори сувæллæнтти сæйраг ахургæнæндонæ. Игон ба 'й бакодта Цæгат Кавкази киристон дин парахатгæнæг æхсæнадæ. Уæдæй фæстæмæ Киристонгъæуи ахурадон куст æнхæстæй-æнхæстдæр кодта анзæй-анзмæ. Æз мæхуæдæг скъоламæ бацудтæн 1880 анзи. Уæд мæбæл цудæй аст анзи æма алцидæр хуарз гъуди кæнун. Еци анз скъолай ахургæнгутæй кустонцæ дууæ хуæдæнсувæри Дзугати Иосиф æма Дауит, уæдта Гарданти Хъайтухъи фурт Соломон. Уой агъонмæ ба нæмæ ахургæнгутæй кустонцæ уруссæгтæ, гурдзиæгтæ, ирæнттæ, етæ сæхуæдтæ ахургæнæги дæсниадæ райстонцæ Тифилиси ахургæнгути скъолай æма духовон семинарий. 1880 анзи агъонмæ Киристонгъæуæн æхе медæги дæр фæззиндтæнцæ адæнон ахургæнгутæ: Бердити Дзаба, Гатути Фомæ, Цæголти Дзандар æма Слангерий, Гатути Каку, Габети Гæбуза æма æндæртæ. Етæ ахургæнгути куст кодтонцæ ирон гъæути, сæхе райгурæн гъæуи ба син косуни барæ лæвæрд не 'рцудæй.

Уогæ киристонгъæуккæгтæй сæхецæй дæр адтæй ахургæнгутæ скъолай. Цæголти Михал, хуæрздæсни æма хуæрзцæттæ ахургæнæг, революцион цæстæнгаси хæццæ. Каст фæцæй Тифилиси Духовон семинари, фал æй хуæрзрæхги ба исистонцæ, дини предметти нимæдзæ æгæр берæ ке адтæнцæ скъолай, уой нихмæ ке дзурдта æма тох кодта, сæребарæ скъолай фарс ке адтæй, уой фæдбæл.

Бунæттон цæргутæн сæ фулдæр хай кæд æнахургонд адтæй, уæддæр лæдæрдтæй сæ æбарæдзийнадæ æма сæ уæлдæр лæууæг хецауадæмæ æнæуинон цæстæй кæсгæй, цæттæ адтæнцæ сæ тог никкалунмæ сæребари сæрбæлтау.

## 1917 АНЗИ КЪÆСÆРБÆЛ

Октябри ревлюций агъонмæ Киристонгъæуи адтæй 1200 хæдзари, цæргути нимæдзæ ба хъæрттæй – 9452 адæймагемæ.

1917–1926 æнзти ба хæдзæртти нимæдзæ никкидæр фæффулдæр æй æма исхъæрттæй – 1551, цæргутæ ба – 9325 адæймагемæ, кенæ ба – 9480 адæймагемæ (Дигори зилди зæнхити сæрмагонд къамиси бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ). Куд уинæн, уотемæй Киристонгъæуи хæдзæртти нимæдзæ иразгæ цудæй, æ цæргути нимæдзæ ба хаудтæй дæлæмæ. Раст зæгъун гъæуй, Граждайнаг тугъди рæстæг Киристонгъæуи æрцудæй дууæ устур исхуæсти æма си фæммард æй дзæвгарæ адæн.

Контрреволюцион зундрахастбæл хуæст адæни еу хай 1920 анзи сæхе райстонцæ фæсарæнтæмæ, революцион зундрахастбæл хуæцæг интеллигенци ба тох кодтонцæ Уæрæсей горæтти. Никки ба ма 1920 анзи адæнбæл рахæлеу æнцæ халерæ, резæнгæ, дзиуарæ æма æндæр уæхæн хуæцгæ нестæ, æрдзон фидбилизтæ, гъæугæ æнхус ба нæ истонцæ æма си уотемæйти дæр дзæвгарæ адæн фæгъгъудæй. Беретæн ба си хуæнхбæсти дæр байзадæй хæдзæрттæ æма зæнхи гæппæлтæ æма сæ фулдæр рæстæг æрвистонцæ хуæнхти, уомæн æма Киристонгъæуи дæр, уæдта Дигоргоми дæр истонцæ зæнхи гæппæлтæ.

Киристонгъæуи хæдзæртти нимæдзæ фулдæргæнгæ цудæй, адæни, иннердиги ба бийнонтæ медбæсти иуаргæ ке цудæнцæ, уомæ гæсгæ. Адæнбæл æрцудæй Вавилони цау: цæргутæ кæрæдзей нæбал лæдæрдтæнцæ, уомæн æма дзурдтонцæ фæйнæхузон æвзæгтæбæл, муггæгути нимæдзæ минкъийдæр кодта, дехтæ кодтонцæ.

Уотемæй 1917 анзи уæнгæ Киристонгъæу нийхалдæй, куд экономикон, уотæ социалон æгъдауæй дæр. Æхсæнадон цардмæ цæстингас дууæ дехи фæцæй: фулдæр хаймæ хаудтæнцæ мæгур зæнхкосæг адæн æма рæстæмбес цæргутæ. Уомæ гæсгæ ба 1919 анзи сæ нихмæ раистадæнцæ хъазахъаг æма æндæр адæнихæттити минæвæрттæ. Етæ баеу æнцæ Деникин æма Шкурой æфсæдти хæццæ æма гъæуи есбон ниггаффет кодтонцæ дууæ хатти: 29 январи æма 2 маййи.

Гъуддаг уой медæги адтæй, æма Цæгат Кавкази хуæнхаг цæргути æхсæн æрмæстдæр киристонгъæуккæгтæ байзадæнцæ революций фарс, иннетæбæл ба хъæбæр фæззиндтæй туркаг пусулмæнтти тæвагæ. Уомæ гæсгæ ба æ нихмæ иссæнцæ еугур уæлдæрлæуукæг хецауадæ дæр. Киристонгъæ-

уккæгтæ зудтонцæ еци хабар æма сæхе цæттæ дардтонцæ знагæн нихкъуæрд раттунмæ.

Гъæуи арæзт æрцудæй парти «Кермен». Е 'уæнгтæ адтæнцæ партий рæнгъонтæ. Уой уæлæнхасæн ма син æнхус кодтонцæ æнæпартионтæ дæр. Сæ гъæу багъæуай кæнунмæ сæхе æрцæттæ кодтонцæ хъæбæр бундоронæй. Сæ сæргъи лæудтæнцæ Такъоти С., Гостити А., Уруймæгти А. æма æз. 1918 анзи августи Киристонгъæуи адæнон милицæ, сæ сæргъи Къесати К. С., уотемæй 200 лæгемæй ранæхстæр æнцæ г. Владикавкази Советон хецауадæ багъауæй кæнунмæ. Ами лæгæй-лæгмæ фиццаг хатт сæмбалдæнцæ хъазахъаг æма æндæр контрреволюционерти хæццæ тохи. Еци рæстæгути кæрæдзей нихмæ тохмæ æрлæудтæнцæ фидтæлтæ æма сæ фурттæ, еу мади зæнæг. Тох ба адтæй мæлæтдзаг.

1918 анзи керменонтæ уруссаг пролетариати хæццæ ке баеу æнцæ, уомæ гæсгæ Киристонгъæуæн æхе уавæр ба тæссагæй-тæссагдæр кодта. Багъудæй гъæуæн гъæуайгæс къуæрдтæ æрæвæрун. Етæ сæ цæстæ лæмбунæг дардтонцæ, Æрхонки сæхе ка æрбунæттон кодта, еци Хабай-фурти æма Къибири-фурти фудгæнгути архайдмæ. Уогæ айдагъ Æрхонки на 'дтæнцæ, фал Æрæдони, Николаевски æма Змейки хъаллити дæр еци сæркъуæр къуæрдтæ.

1919 анзи 29 январи Киристонгъæуи адæн æд цъелæ, æд мелæ æмхузонæй раистадæнцæ Шкурой «Бархеон æфсади» нихмæ. Сæ тогкалæн тох цудæй 3 бони. Мæхонти нимæдзæ хъæрттæй 2000 адæймагемæ. Нæ зæрдæбæл æрлæуун кæнæн еци бæнтти уæззау цаутæ.

## КИРИСТОНГЪÆУИ ТУГЪДТИТÆ 1919 АНЗИ

1919 анзи 29 январи Киристонгъæуæрдæмæ æмпурстонцæ Цæгат-Скæсæнæрдигæй сæйраг гъæунгæбæл æссон æфсæдтон хæйттæ. Уæдмæ Змейки хъаллæ байахæстонцæ Шкурой æфсæдтæ. Æссон æфсæдтон хæйтти хæццæ ма баеу æнцæ нæхе сурхæфсæдтон хæйттæ дæр, Николаевски хъалли ба ма сæбæл бафтудæнцæ Терскаг республики сурхæфсæдтонтæ. 30 январи бони 4 сахаттебæл гъæуи аллирдигити игъусун райдæдтонцæ топпи гæрæхтæ.

Гъæуи цæргутæ, Шкурой æфсæдтæ ке æрбалæбурдтонцæ, уомæн неци зудтонцæ æма æнцад-æнцойнæй сæ хабæрттæ кодтонцæ: кæдæр си киндзæхсæвæри идзаг фингæбæл мийнасæ кодта, ка æ мард æвардта, ка æ хæдзари куститæ кодта, ка æ дуармæ къелабæл бадтæй. Æнæевдæлон адтæнцæ æрмæстдæр бунæттон административон оргæнтæ. Етæ партий иуæнгтæн хæлæф-хæлæфæй иурстонрцæ топпитæ æма фæттæ. Изæрæрдæмæ ба аллирдиги фæдесгъæртæ игъусун райдæдтонцæ гъæу æзнагæй багъæуай кæнуни туххæн.

Лæборгути уæрдунтæ, бричкитæ, линейкитæ, аллихузон тохæнгарзæй идзагæй рарæнгъæ æнцæ Киристонгъæумæ фæндагбæл. Еци хабар фæдесгъæрау уайтагъддæр рахæлеу æй æгас Киристонгъæубæл дæр. Гъæуи цæргутæ æд устур, æд минкъий, æд нæлгоймаг, æд силгоймаг сæхе ракалдтонцæ итигъд будурмæ социалистон революций уæлахездзийнæдтæ багъæуай кæнунмæ.

Адæмон депутатти бунæттон совет исаразта гъæу багъæуай кæнунæн Тугъдон революцион Совет, æ сæргъи болкъон Тæкъоти Бицка, уотемæй. Бицка æхе хъæбæр бæгъатæрæй равдиста Фиццаг Империалистон тугъди. Совети иуæнгтæ адтæнцæ: Гарданти М., Къесати С., Золойти Н. Гъæуайгæнгутæ цубур рæстæгмæ æрбунæттон æнцæ акъоппити. Зæронд, рацæргæ силгоймæгтæ æма сувæллæнттæ гъæунгтæ æхгæдтонцæ алли алцæмæйти. Цубур дзурдæй, æгас гъæубæстæ дæр, куд еу адæймаг, уотæ бавналдтонцæ сæ гъæу фудæзнагæй багъæуай кæнунмæ.

Ами мæ æрлæууун фæндуй, Дур-Дури квартæли цæрæг Гокъонати-Тауитон Кяби устур бæгъатæрдзийнадæбæл. Кябæ æ сасуг, æ галеу усхъæбæл æркæнгæй, фæссидтæй гъæуи цæргутæмæ уæхæн, дзурдти хæццæ:

«Фæдес, лæг ка ’й!
Хъазахъ æрбацæуунцæ!
Уæ цард адгин ма ’скæнетæ!
Уоси сæрбæттæн никкæнæд,
Æ цард абони адгин ка рахона,
Хъазахъ ардæмæ ка æрбауадза!
Уæ уоститæ хъазахъæн ма ниуадзетæ!
Фæдес, лæг ка ’й, хъазахъ æрбацæунцæ!»

5 сахаттемæ æссон тохгæнгути къуар, хъазахъ сæ æн-

сæндгæй, баеу æнцæ мах къуари хæццæ. Бæстæ рæстæгмæ басабур æй. Цалдæр минутей фæсте ба Уорсдон æма Дур-Дури цæугæдæнтти билтæбæл цæугæй, хъазахъаг æфсæдтон къуæрдтæ æртеголæ æнцæ Киристонгъæубæл. Мах нæхе нигъгъос кодтан, æнгъæлмæ кастан, топпæхсти бæрцæмæ сæ æрбауадзунмæ. Уæдмæ æрхъæрттæй нæ тох райдайуни рæстæг дæр. Куддæр хъазахъæгтæ акъоппитæмæ æрбадæрхæстæг æнцæ, уотæ топпити гъæр, пулеметти къæр-къæр аллирдигити ниййазæлдæй. Цалдæр хатти æрбансæндиуонцæ хъазахъæгтæ акъоппитæ ’рдæмæ, фал бабæй сæ фæстæмæ рансониуонцæ, сæ берæгай мæрдтæ будури уадзгæй. Уотемæй тугъд раеудагъ æй сауæнгæ фæсæмбесæхсæвтæмæ. Æмир тар ниццæй фæлабулай æрдзæ. Цæсти æнгулдзæ ку рацæвай, уæддæр æй не ’рæстæфдзæнæ.

Еци тайрадæй фæппайдагæнгæй, хъазахъæгтæ сæ мæрдтæ æма цæфтæ рахастонцæ æма сæхе Николаевски хъаллæмæ райстонцæ. Æхсæвæ сабурæй рарвистонцæ. Мах æрдигæй си уойбæрцæбæл берæ зиæнттæ не ’рцудæй. Адæн фæддæрнифсгиндæр æнцæ. Еугурæй дæр æмвæндæй баунаффæ кодтонцæ сауæнгæ кæронмæ хуæцун. Сæударæй ба сгаргутæ рарвистонцæ, знагмæ цæйбæрцæ хуæцæнгæрзтæ æма тухтæ ес, уой базонуни туххæн.

Куд рабæрæг æй, уотемæй æзнаг æхсæвеуат рарвиста синхаг хъалли, ес имæ берæ хуæцæнгарз, бæхгинтæ, артиллери æма фестæгдзæугутæ. Уой хуæдфæсте бабæй сгаргутæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй хъазахъæгтæ Киристонгъæумæ рацудæнцæ 4 полкемæй, адтæй сæмæ дзармадзантæ, бомбææхсгутæ, пулеметтæ. 4 сахаттебæл бабæй хъазахъæгтæ науæгæй æртеголæ æнцæ гъæубæл. Райдæдтонцæ бабæй æхститæ дууердигæй дæр. Æрмæстдæр ахæри ку рахуæциуонцæ хъазахъæгтæ, нæ топпитæ уæд æркосиуонцæ. Фæсарæфтæ 3 сахаттебæл хъазахъаг сæркъуæртæн бантæстæй, гъæуи астæудон кæми цæуй, еци гъæунгæмæ бампурсун æма цæргутæн æнаккаг миутæ бакæнун. Æнауæрдонæй мардтонцæ уæззау сæйгитæ, сувæллæнттæ, зæрæндти. Шкурой лæгсирдтæ гъæуи цæргутæн цитæ кодтонцæ, уонæн ниффинсæн дæр нæййес. Æбуалгъ мардæй рамардтонцæ гъæуи зæрæндтæ Тихилти Баззей, Тæкъоти Бегай, Тихилти Дехай (120 анздзуд зæронд уосæ), Хъазбегти Хъубади æма Хакъиасси,

Гæмати хæдзари ба силгоймагæн фиццаг нивгарстонцæ æ сувæллæнтти, уæдта ин æхе дæр листæг сихирна никкодтонцæ. Сæ гъæддаг миутæй сæрустур уогæй, æппундæр хатир нæбал лæдæрдтæнцæ, мардтонцæ, сæ нихмæ ка нæ тох кодта, уони дæр. Сабур цæрæг адæнæй истонцæ сæ маст гъæуи хурфи, уомæн æма лæгадæн гъæугæрæнтти акъоппити адтæнцæ еци рæстæг. Хъазахъаг лæгмартæ ке рамардтонцæ, уонæй еу Къолоти Гæбудийæн бантæстæй хъазахъаги сагойнæй барæхуайун. Сирдуодтæ фехстонцæ, æхе бафхуæрун ци силгоймаг нæ бауагъта æма æхе фегадæ кæнун æ сæрмæ ка не 'рхаста, уой. Никкидæр ма еу дæс зæронд лæги никъкъуæхтæ кодтонцæ сæ мудзуратæй гъæунгти.

Æрмæстдæр изæрæрдæмæ бантæстæй хъазахъæгти гъæуæй рансонун. Нæ ниббурст рауадæй тухгин, хъазахъæгтæ сæхе райстонцæ, гъæунгти сæ дæсгай мæрдтæ ниууадзгæй.

Гъæуи цæргутæ катаййи бацудæнцæ, уомæн æма гъæуи алли кæрæнттæй хабæрттæ игъусун райдæдтонцæ, гъома, махонтæмæ тохæн фæрæзнитæ фагæ нæбал ес, зæгъгæ. Хестæртæ лигъстæ кодтонцæ кæстæртæн, цæмæй бал рæстæгмæ хъазахъæгти хæццæ бафедауонцæ, уой туххæн. Хегъæуайкæнунади Совет еци фæндæбæл исарази æй æма хъаза-хъæгтæмæ рарвистонцæ сæ делегаттæ уорс турусай хæццæ.

Цалинмæ дууетæ дзубанди кодтонцæ, рæстæгмæ бал бафедауни туххæн, уæдмæ хъазахъæгтæ цалдæр хатти бампурстонцæ гъæумæ æ байсуни туххæн, фал сæ нæхеуæнттæ фæстæмæ рансониуонцæ. Хатгай гъæунгти фæууинæн уидæ уæхæн нивтæ дæр: зæрæндтæ, силгоймæгтæ æма сувæллæнттæ сагæнттæ, белтæ, æма æндæр уæхæн ефтонггæрзти хæццæ лæгæй-лæгмæ истохиуонцæ хъазахъæгти нихмæ. Дур-Дури дæллаг бæстихай ке хонунцæ, уой гъæунгтæ идзаг адтæнцæ мæрдтæй.

Се 'гас дæр тогиæвдулд. Цæфти фæдесгъæр идæрдтæмæ игъустæй, фал син æнхусгæнæг ба на 'дтæй. Адæн сæ мæстгуни еугур æнæхатир фестадæнцæ. Раздæр, сæ фидтæлтæн кадæ кæнунбæл ахур ци киристонгъæуккæгтæ адтæй, етæ нур ба хизтæнцæ сæ фидтæлтæ, мадтæлтæ, хуæрти, æнсувæрти мæрдти сæрти æма æнхæст кодтонцæ Сурх æфсади рæнгъитæ.

1919 анзи 1-аг феврали нæ делегаци æхсæвигон исæздахтæнцæ фæстæмæ æма исхастонцæ уæхæн дзуапп: «Хъазахъæгти фæндуй сабурдзийнадæбæл бадзубанди кæнун, сæ домæнтæн ба син дзуапп ратдзинан, æрмæстдæр киристонгъæуккæгтæ сæ тохæнгæрзтæ ку æрæвæронцæ, уæд». Зинвадуати бахаудтæнцæ махонтæ, уомæн æма 'й зудтонцæ, æнхусмæ сæмæ неке фæззиндзæнæй. Мæску идард, ирон гъæутæ ба адтæнцæ Шкурой бандитти къохи. Сæуми 7 сахаттебæл Совети уæнгтæ аразий дзуапп равардтонцæ уорситæн, сæ хуæцæнгæрзтæ æрæвардтонцæ.

Сæумæй 10 сахаттебæл уорситæ æрбацудæнцæ Киристонгъæумæ æма хъазахъаг сæдей командир балæдæрун кодта бунæттон цæргутæн, цæмæй етæ феронх уонцæ революций байститæ, фæстæмæ рахезонцæ раздæриккон царди уагæмæ. Уорсити домæнтæмæ гæсгæ, киристонгъæуккæгтæ гъæуама уорситæн равардтайуонцæ бæхгин æфсад æд рæвдзæ, æд хуæлцæ. Уорс æфсадæн гæрзефтонг нихкъуæрд ке равардтонцæ, уомæ гæсгæ ба гъæуккæгтæ ивар гъæуама бафедонцæ 1000 соми Николаййи æхцатæй, нартихуар – сæдæ вагони, нимæттæ, кæрцитæ, медæггаг дзаумæуттæ «Бархе æфсадæн» – 1500 комплекти. 12 сахаттемæй – изæри 5 сахаттемæ гъæу адтæй уорсити дæлбарæ. Етæ хæдзаргай зилдæнцæ æма адæнæн ластонцæ сæ кæрцитæ, нимæттæ, баслæхътæ, сæ фусдзар ходтæ, æвзестæ дзаумæуттæ – рæнттæ, бæрцитæ, ластонцæ син сæ цулухътæ æма къалостæ æма адæн метбæл бæгъæнбадæй изадæнцæ. Састонцæ скъæппитæ, шифонертæ, рагон киртæ æма си цидæриддæр ирдтонцæ бæзгæй, уони æмбурдтæ кодтонцæ, мæрдтæн ластонцæ сæ хъæппæлтæ, сæхе ба син гъæунгтæмæ рагæлдзиуонцæ æма сæ нигæнун дæр нæ уагътонцæ, тæлæт кодтонцæ бæхтæ, фонс, листвонс. Изæрæй ба, дæсгай æнзти дæргъи киристонгъæуккæгтæ ци мулк фембурд кодтонцæ, уони син сæхе бæхуæрдунти ниццурхтонцæ æма Æрæдон-Владикавказæрдæмæ ранæхстæр æнцæ.

Адтæй ма уæхæн æбуалгъ цау дæр. Киристонгъæуи адтæй сæйгæдонæ. Уоми адтæй 120 сæйги сурхæфсæддонтæ аллихузон адæнихæттити минæвæрттæ. Колков бардзурд равардта сæйгæдони сæйраг дохтур Саламти А. С. цæмæй азгъунстити æндзаргæ мабал кæнонцæ, хуæруйнаг син мабал

дæттонцæ, медицинон æнхус лæвæрд дæр син мабал цæуа. Сæйгитæмæ ка кастæй, уони дæр фæттардта.

Сæйгитæ уазал æма æстонгæй ку нæбал фæразтонцæ, уæд, æ бон си кæмæн куд уидæ, уотæ гъæунгæмæ ралæсиуонцæ, уоми ба сæ хъазахъæгтæ хизтонцæ æма сæ рагæрах кæниуонцæ.

Киристонгъæу гъæуайгæнгæй, ка фæццæфтæ æй, уонæн дæр нæ уагътонцæ медицинон æнхус дæттун.

## ДУККАГ ИСХУÆСТ

Уорситæ уотæ æнгъæл адтæнцæ æма киристонгъæуккæгтæ материалон æгъдауæй хъæбæр æфхуæрд ке баййафтонцæ, уомæ гæсгæ сæ сæртæ нæбал бандеудзæнæнцæ исхъел кæнун, барвæндонæй цæун райдайдзæнæнцæ «Бархе Æфсад»-и рæнгъитæмæ, мæлæти тасæй сæ къох исесдзæнцæ Сурх Уæрæсебæл. Фал еци фæндитæ уотемæй байзадæнцæ уорсити сæри зунди, киристонгъæуккæгтæ ба равзурстонцæ æндæр фæндаг. Тухæй сæ хæццæ ци киристонгъæуккаг фæсевæд фæккодтонцæ, етæ хуæрзцубур рæстæги фæсте, сæхе фæттилеф кодтонцæ сæ рæнгъитæй, сæхи Дигори Сау гъæдтæмæ райстонцæ æма баеу æнцæ керменонти хæццæ.

1919 анзи апрели керменонти тæвагæ уойбæрцæбæл тухгин адтæй Дигоргоми æма æдæрсгæй цудæнцæ Киристонгъæуи гъæунгти. Етæ уæгъдæ кодтонцæ ахæст адæни. «Бархе Æфсад»-и разамунд исфæндæ кодта киристонгъæккæгти бафхурун. Еци гъуддаг ихæсгонд æрцудæй Иристони сæргълæууæг болкъон Хабати Беттайæн.

Дигори цифуддæр æзнаг Хабати Бетта Киристонгъæумæ рарвиста апшеройнаг дууæ роти пулеметтæ, бомбææхсгутæ æма дзармадзæнтти хæццæ. Етæ æнхусмæ цудæнцæ Гутъий-фуртмæ Беслæнæй, Гъуцъунай-фуртмæ Киристонгъæумæ. Еци дууæ командирей лæгсирдтæ фудмиутæ кодтонцæ гъæуи цæргутæн.

Хабай-фурт сæмæ ци апшеройнаг къуæрттæ рарвиста, етæ Киристонгъæумæ нихъхъæрдтæнцæ Комуадзæни хуæдразмæ æхсæвигон. Бунæттон цæргутæ сæ дуккаг бон хуарз байуазæг кодтонцæ æмбесбони уæнгæ, фингитæбæл бадæг

салдæттæн сабургай балæдæрун гæнгæй, гъома, сæхе хузæн мæгур адæни цæгъдунмæ сæ ке æрветунцæ, уой. Салдæттæ ку балæдæрдтæнцæ гъуддаг, уæд син зæрдæ байвардтонцæ, æмхузонæй сæ фарс ке рахуæцдзæнцæ, уой туххæй. Дуккаг бон 8 апрели æцæгæйдæр уотæ рауадæй. Хабай-фуртмæ еци хабар ку байгъустæй, уæд исæрра æй æма Деникини штаби унаффæ рахастонцæ, цæмæй Киристонгъæу бустæгидæр зæнхи хæццæ исæмлигъз кæнонцæ, æ цæргути ба ин бунæскъуд искæнонцæ.

29 апрели книаз Вадбольскийи, – Цæгат Кавкази уорс-æфсæдтонти сæйраг командæгæнæг, кæсгон книаз Æмзорати Мулдар, ирон болкъонтæ Гутъиай-фурт æма Икъай-фурт æртеголæ æнцæ Киристонгъæубæл æма адæнæй æрдæмдтонцæ, цæмæй син еугур керменонти дæр сæ къохтæмæ радтонцæ, уæдта ивар бафедонцæ сæуми 7 сах. 10 сахаттей уæнгæ.

Гъæуи цæргутæ нур ма нур раскъардтонцæ сæ фонс хезнитæмæ æма сæ Вадбольский æхе бакодта, куд æфсæдтон æгъдаумæ гæсгæ байсæккаг мулк, уотæ. Еци фонс ивармæ хаст нæ цудæнцæ. Гъæуи цæрæг адæни бон уæхæн цубур æнгъудмæ уойбæрцæ хъалон бафедун кæцæй адтæй.

Вадбольский бардзурд равардта, цæмæй гъæуи цæргутæ уой фарс фæцайуонцæ æма дзæгъæли уæлдай мардæрцудтитæ ма адтайдæ. Е адтæй, гъæуи цæргутæ Алаурдий бæрæгбон ку фæббæрæг кæнунцæ, еци бон. Адæн развæлгъау сæхе цæттæ кодтонцæ бæрæгбонмæ.

Фæхсунтæ фунхæй, фезонæггондæй, дзолтæ, къеретæ, бæгæни, арахъ нерæнгæ беретæн цæттæй лæудтæнцæ сæ фингитæбæл. Æстæнтæн бафтудæй сæ къохи сæ финги ковуйнæгтæ исковун æма исахуадун, уотемæй райгъустæй бардзурд, цæмæй адæн цалдæр сахаттей бæрцæ гъæуæй исистонцæ æма будурмæ сæхе райсонцæ. Æнцон æууæндагæ адæн æнгъалдтонцæ, – мæнæ будурмæ рацæудзинан, Вадбольскийæн балæдæрун кæндзинан, – цæттæ ке ан æ бардзурд æнхæст кæнунмæ æма нæ фæрнуг хæдзæрттæмæ фæстæмæ раздæхдзинан, – зæгъгæ. Уомæ гæсгæ ба се ’гас дæр будурмæ рацудæнцæ ревæд къохтæй.

Уæдмæ дзармадзæнтти гæрæхтæ райгъустæнцæ æма адæн уодаистæй, Хабай-фурт син кумæ баамудта, уордæмæ ниццавтонцæ. Гъæуи ма ци керменонтæ байзадæй 200 бæх-

гиней бæрцæ, етæ ба исфæндæ кодтонцæ, гъæубæл ка æртеголæ æй, уони хæццæ æнæравги истохунбæл, кенæ гъæуама æзнаги æрхъолай рæхис фехалдтайуонцæ кенæ ба хъазауатонæй иссирдтайуонцæ сæ мæлæт. Бæхгинтæ «Хъазауати зар»-никкæнгæй æма «Маргæ», зæгъгæ, гъæргæнгæй, ралæгарстонцæ размæ цæгат-нигулæнæрдæмæ Хецæн гъæдæрдæмæ. Цалдæр минуттей фæсте тар гъæдтæ æма кæмтти фæййаууон æнцæ Муртазатæ æма Силтанухъи.

Сауæнгæ изæрмæ æхстонцæ уорситæ æдзæрæг гъæу дзармадзантæ, пулеметтæй, бомбитæй, фал син фæстæмæ дзуаппдæттæг ба нæ фæцæй. Гъæуи ма байзадæй цалдæр æнæбон зæронд лæги æма дууæ коммунисти: Цæголти Г. А. æма Золойти Н. А.

Вадбольский ку балæдæрдтæй, гъæуи цæргутæй уоми некебал ес, зæгъгæ, уæд изæрæрдæмæ æхуæдæг дæр гъæумæ бацудæй.

Еци лæгсирд æма æ дæлбарæ лæгмартæ цитæ кодтонцæ, уонæн æрфинсæн дæр нæййес. Еугур сæнтдзæф ниууогæй, разел-базел кодтонцæ хæдзæрттæбæл, æрдæгхъæрæу зæрæндти æхсаргæрдтæй листæг къуæхтæ никкодтонцæ сæ рæсæнуæттæмæ.

Уæлдай æгъатирдæрæй ба сæхе æвдистонцæ Æмзорати Мулдари лæгмартæ. Ци еугай силгоймæгтæ ма си байзадæй, уонæн тухæ кодтонцæ, мудибиндзити бæтмæнттæ дууехтæ кодтонцæ æма сæ цæугæдонмæ калдтонцæ, æрдæгмард зæрæндти топпити гъæдтæй лихъæ кодтонцæ уодæгасæй, агурдтонцæ сугъзæрийнæ æма æвзестæ. Адтæй уæхæн цаутæ дæр æма хæдзари ци зæронд силгоймаг байзадæй, е дамбацайæй фехститæ кодта хъазахъæгти æма си кедæрти рамардта.

1919 анзи 3 майи хъазахъ æбуалгъ мардæй рамардтонцæ парти «Кермен»-и сæргълæуууæг Цæголти Геуæргий. 1920 анзи, керменонти разамундæй сурхæфсæддонтæ, сæ маст райсуни туххæн Æмзори-фурти берæгъбали книæзтæй кедæрти фехстонцæ, сæ хæдзæрттæ ба син басугътонцæ.

## ÆРТИККАГ ИСХУÆСТ

1919 анзи 3 маййи Киристонгъæуи революцион тухтæ æма апшеройнаг æфсæдтонцæ æрæмбурд æнцæ еумæ Æхсинттæ æма Цъифгуни æрдози. Æфсæдтон Совет унаффæ рахаста Киристонгъæумæ нимпурсун, байсун æма си Советон хецауадæ æрфедар кæнун.

Еци унаффæмæ гæсгæ не 'фсæдтон хæйттæ рахуæстæнцæ Киристонгъæу исуæгъдæ кæнунмæ. Фал сæ тугъдон балци нæ фæррæстмæ 'й. Гъæуæй ци бунæттон цæргути исистун кодтонцæ, етæ нур цæйдæрбæрцæдæр рæстæгути дæргъи адтæнцæ игон арви буни, уазал æма стонгæй бастадæнцæ уарун æма лæкъæрди.

Æнæуодбарæ силгоймæгтæн игурдæй мард сувæллæнттæ, кæми ба сæхуæдтæ дæр рамæлиуонцæ, мардæнцæ резæнгæй сæйгæ адæн дæр уаруни бунмæ. Адæн курдтонцæ, цæмæй сæ сæ гъезæмæрттæй исуæгъдæ кодтайуонцæ, фал сæ кæми мудзурай рæхустæй, кæми ба топпигъæди цæфæй нигъгъос кæниуонцæ. Дæсгæйттæй фæммардæнцæ кермеонтæ дæр.

Æрмæстдæр 5 маййи барæ лæвæрд æрцудæй киристонгъæуккæгтæн, цæмæй æндæр гъæути æрбунæттон адтайуонцæ, уомæн.

Сæхе гъæумæ раздæхуни барæ син нæ равардтонцæ, уомæн æма бархе æфсад исфæндæ кодта, дæсгай æнзти цидæриддæр æрæмбурд кодтонцæ мулкæй, есбонæй, азгъунстæй, уони бунсугъд бакæнун. Киристонгъæуккæгтæ сæхе бафæсвæд кодтонцæ Æрæдони, гъæуи гъæздугутæ ба, еци хабæрттæ развæлгъау зонгæй, сæ есбон рагацау æндæр гъæутæмæ фæлластонцæ. Хабай-фурти бардзурдмæ гæсгæ еци бонæй фæстæмæ Киристонгъæуи хæдзæрттæбæл арт æфтаун райдæдтонцæ. Æнæгъæнæ мæйи дæргъи син сæ мулкитæ гаффет кодтонцæ. Еци гъуддаги син æнхус кодтонцæ бунæттон кулактæ дæр.

Уæлдæр æрхаст цаути туххæн æрмæгутæ фæззиндтæй аллихузон газетти дæр. Зæгъæн, гурдзиаг хецауади официалон газет «Тох» («Борьба») финста: «В Ставропольской губернии между горцами и добровольческой армией идет жестокая

борьба. Деникинские части ворвались в Осетию, бесчеловечно расправлялись с керменистами, партией большевиков-осетин. Деникинцы, окружив Христиановскую, заставили население сдаться, захватили 1 млн. пудов хлеба, 1000 лошадей, 5000 винтовок, 2 млн патронов. Керменисты прорвали цепь, ускакали в Ардонский лес. Банды захватили председателя ЦК партии «Кермен» Цаголова Г. А. и закололи его штыками» (газета «Борьба», 230/149. 1919 г. 16 октября).

Иннæ тифилисаг газет финста: «Борьба между горцами и деникиновцами на Северном Кавказе приняла ожесточенный характер. В горной Дигории горцы совместно с керменистами геройски защищиют свое ущелье. 2000 горцев расстреляно озверелыми деникинцами» («Закавказское слово», 14 окт. 1919 г.).

Куд уинæн, уотемæй синхаг Гурдзистони дæр æнæбафеппайгæ нæ фæцæнцæ, Цæгат Кавкази деникинонтæ ци сирдти миутæ кодтонцæ, уони, сæйрагдæр ба – Дигори.

Гурдзиаг меньшевиктæ кæд сæхуæдтæ дæр дигорон коммунистити фæдбæл зилдæнцæ, уæддæр сæмæ еци фудмиутæ ба æгæр дессаг фæккастæнцæ. (Еци рæстæги сæмæ Мцхетай федари бадтæй Такъоти С. А.) Деникинонти нихмæ тохгæнгæй, Киристонгъæуи цæргутæ алкæддæр еузæрдиуонæй изадæнцæ Сурх Мæскубæл, æма кæд Цæгат Кавкази æнæфарс-фæххуæцæг адтæнцæ, уæддæр сæ сæ еци еудзийнадæ никки хъæбæрдæр æнгон кодта кæрæдземæ, сæ исонбони рохсдæр федæнбæл тохти.

1917, 1918, 1919 æнзти ци историон цаутæ æрцудæй, етæ абони байзадæнцæ зарти, тауæрæхъти æма сæ дигорон адæн алкæддæр сæ зæрдæбæл дардзæнæнцæ.

# АХУРАДОН ÆРМÆГ СКЪОЛАДЗАУТÆН

Дзтиати Ларисæ

## АЛФАМБУЛАЙ ДУЙНЕ*

1 къласс

*Идарддæр. Райдайæн 2022 анзи 1-аг æма 2-аг номерти.

# ХÆДЗАРÆ

► Ранимайæ аци цæрæгойти æма сæ цæрæнбунæтти нæмттæ.



Цæрæгойтæй алкæмæн дæр ес æхе цæрæнбунат. Сирдтæн – лæгæттæ, хуккойнитæ æма муратæ. Кæсæлгитæн – дон. Урунгонтæн – сифтæ, къалеутæ, зæнхæ. Мæргътæн – астъæнттæ. Адæн ба цæрунцæ хæдзæртти.

► Кæци рауæн æй уæ хæдзарæ æма цæхæн æй?
► Аци хузтæй кæций æнгæс æй уæ хæдзарæ?







Адæн хæдзæрттæ аразунцæ аллихузон æрдзон æрмæгутæй: агорийæй, гъæдæрмæгæй, дорæй, гранитæй, мраморæй, æргъæй, хъæзæй, торфæй, сауæнгæ ма метæй дæр.

**Расагъæскæнуйнаг...**
Цæхæн æрдзон æрмæгутæй арæзт æй уæ хæдзарæ?

► Радзорæ, ци уинис хузи.
► Сумах хæдзари ба цал уати ес?
► Куд архайис дæ уати кæдзосдзийнадæбæл?







Аци хузи æвдист цæуй рагон аллон хæдзарæ. Къуми ес къона. Къонабæл ауигъд агæ. Астæуæй лæууй 3-къахуг фингæ.



► Зæгъæ, фингæбæл ци ес æвæрд.

| | |
|---|---|
| **уат** – комната | **хæдзари къона** – домашний очаг |
| **хæдзарæ** – дом | **цæрæнбунат** – жилище |

Нуриккон хæдзæртти ес аллихузи мийдауæнтæ æма техникон фæрæзнитæ. Уони фæрци адæймаги цард кæнуй рæсугъддæр. Æ куститæ ба – рæуæгдæр.

- Мийдауæнти нæмттæ ранимайæ.
- Ка си цæмæн гъæуй, уой радзорæ.
- Уæ хæдзари ба цæхæн мийдауæнтæ ес?



- Техникон фæрæзнити нæмттæ ранимайæ.
- Адæймаг си куд пайда кæнуй?
- Цæмæн тæссаг æнцæ электрон æма гази прибортæ?





Дæхе гъæуай кæнæ электрон æма гази прибортæй!

- Адæймаги цæрæнуат куд хуннуй?
- Циуавæр æрмæгутæй аразунцæ адæн хæдзæрттæ?
- Циуавæр мийдауæнтæ базудтай?

# ÆДЗАРД ÆМА

Ци æй æрдзæ?



**Æдзард æрдзæ**
Неживая природа









Арв, уæлдæф, хор, мæйæ, стъалутæ, мегътæ, мæрæ, дон, дортæ, зменсæ, къахгæ хæзнатæ æнцæ æдзард æрдзæ.

Нæ алфамбулай цидæриддæр
ке не скодта уæхæнæй, е

Аланий æрдзæ.

Дессаги рæсугъд æй Аланий æрдзæ: бæрзонд хуæнхтæ æма арф кæмттæ, уæрæх фæзбудуртæ, сойнæгун игуæрдæнтæ, тар гъæдтæ. Хуæнхти бæрзæндтæй кæлунцæ финккалгæ æхсæрдзæнтæ. Хуæнхаг цæугæдæнттæ амбохгæ лæсунцæ фæзбудуртæмæ. Ес ма си уазал сауæдæнттæ, аллихузон зайæгойтæ æма цæрæгойтæ.

# ЦАРДÆГАС ÆРДЗÆ



уинæн, адæймаг,
еугурæй дæр æй æрдзæ.

**Цардæгас æрдзæ**
Живая природа









**æхсæрдзæн** – водопад
**къахгæ хæзнатæ** – полезные ископаемые
**мæрæ** – почва
**сауæдонæ** – родник
**игуæрдæн** – луг
**цæугæдон** – река

Зайæгойтæ, цæрæгойтæ, адæймаг æнцæ цардæгас æрдзæ.

- Ци æй æрдзæ?
- Ци хауй æдзард æрдзæмæ?
- Ци хауй цардæгас æрдзæмæ?

# РУХÆНИ МÆЙÆ – ФÆЗЗÆГИ РАЙДАЙÆН

► Базонæ æма зæгъæ.

Мегъæ кæд бадуй ниллæг,
Мах кæд бафснайæн
тиллæг?

**Рухæни мæйæ** – сентябрь.
**Кæфти мæйæ** – октябрь.
**Геуæргобай мæйæ** –
ноябрь

► Рухæни мæйи æрдзæ æхе куд раййивта?
► Цæхæн æй арв? Куд раййивта бонигъæдæ?



Рухæни мæйæ æй фæззæги райдайæн –
рагфæззæг.

Рагфæззæги æууæлтæ.

Бон фæццубурдæр æй. Хор хъæбæр нæбал тавуй.
Уæлдæф фæууазал æй. Арв фæттардæр æй.
Арæх уаруй къæвда.
Бæлæстæ æма къотæртæ сæ хузæ раййивтонцæ.
Адæн æфснайунцæ бæркадгун тиллæг.

Радзорæ, ци уинис хузти.
Кæми цæрис, уоми ба циуавæр фæззигон хузтæ ес фæйййинæн?









Куд райййивтонцæ сæ хузæ зайæгойтæ: бæлæстæ, къотæртæ, зайæгхæлттæ?

► Базонæ, цæхæн бæлæсти сифтæ æнцæ.



► Ранимайæ фæззæги мæйтæ.

► Фæззигон æрдзæ куд райййивта, уой зæгъæ.

**бæркадгун** – богатый
**къæвда** – дождь
**сифтæ** – листья
**тиллæг** – урожай
**фæззæг** – осень

# ФÆЗЗÆГИ ЛÆВÆРТТÆ

Байрайай, бæркадджын
Бурзачъе фæззæг!
У нын де 'рцыд адджын,
Царды хос хæссæг.

*Хозиты Яков*

**Фæззæги лæвæрттæ:**
Дары осени:

**гъæди** – в лесу



**рæзбуни** – в саду



**будури** – на поле



**дзæхæрай** – в огороде



**анзи афæнттæ** – времена года
**рæзбун** – сад
**къотæртæ** – кустарники

**Куд лæдæрис...**

– фæззæг – алцæмæй æнхæст;
– фæззæг – бæркадхæссæг.

► Цæхæн куститæ кæнунцæ адæн фæззæги?

## Фæззæги зар



«Ǽгас цо...» – зæгъæн фæззæгæн,
Нæ фæллойнæ нимад æй.
Бор мæнæуæ, æвæдздзæгæн,
Уоди фæндон æрзадæй.

«Ǽ рацо...» – зæгъæн фæззæгæн,
Бонти халæ нимад æй.
Бор мæнæуæ – гъоли стæвдæн,
Дæгæ-дæгæ, æрзадæй!

Гъой, уæрæйдæ, гъæздуг фæззæг –
Цийни радæ æрхъæрттæй.
Ивулд бæркад – амонд хæссæг,
Фæннæ хинцæд æ хунтæй.

*Хохойти Энвер*

Аланий гъæдтæ фæззигон.

Аланий гъæдтæ фæззæги фæуунцæ хъæбæр гъæздуг. Аллихузи гагарæзæ, æхсæртæ, гъæддаг фæткъутæ, гъæддаг кæрдтутæ, зокъотæ, хуæрунæн бæзгæ кæрдæгутæ – алке фагæ дæр!




| | |
|---|---|
| **æхсæртæ** – орехи | **гагарæзæ** – ягоды |
| **æхсæли** – можжевельник | **лæджирттæг** – спорыш |

► Циуавæр халсартæ сцæттæ æнцæ дзæхæрати?
► Радзорæ, куд æфснайунцæ адæн сæ тиллæг, уой.

# ЦАРДÆГАС ÆРДЗÆ ФÆЗЗИГОН

Мегъти сарсийнæй арв
Сæлфунæг лæуаруй,
Рагзумæг фæххатуй
нур æ дустæ...

Фæлласуй бони гъар
Цæугæдон ивадæй.
Уазал дунгæ гъæумæ
æрæсмуста...

*Скъодтати Эльбрус*

► Кумæ æма цæмæн тæхунцæ цъеутæ?
► Циуавæр мæргътæ тæхунцæ гъар бæстæмæ?

**Гоцгæнагæ мæргътæ**
Перелётные птицы

Багъуди кæнæ аци мæргъти нæмттæ.




Уæ хæдзари æма скъолай фалæнбулай ци мæргътæ адтæй, уонæй гъар бæстæмæ цæхæнттæ фæттахтæнцæ?

**æрæгфæззæг** – поздняя осень
**рагфæззæг** – ранняя осень
**гъæддаг цæрæгойтæ** – дикие животные

Хузæмæ гæсгæ банимайæ цæрæгойти нæмттæ.
Сæ уруссаг нæмттæ син багъуди кæнæ.




1. **Æхсæрсæттæг** – белка.
2. **Арс** – медведь.
3. **Берæгъ** – волк.
4. **Тæрхъос** – заяц.
5. **Робас** – лиса.
6. **Мистæ** – мышь.
7. **Узун** – ёж.
8. **Æрвгæ** – ласка.
9. **Дзæбодур** – тур.
10. **Гъæддаг ху** – кабан.

► Куд цæттæ кæнунцæ сæхе гъæддаг цæрæгойтæ зумæгмæ?

Циуавæр уæледарæс æма къахидарæс ес сувæллæнттæбæл? Ду ба куд гъæуай кæнис дæ æнæнездзийнадæ фæззæги?



**Куд лæдæрис…**

– рагфæззæг, фæззæг, æрæгфæззæг;
– гъæддаг цæрæгойтæ.

*Уодзæнæй ма*

Зембатти Ларисӕ, Хъиргъути Фатимӕ

# МАТЕМАТИКӔ*

1 къалас

1 хай
(Ахури анзи фиццаг ӕмбес)

* Идарддӕр. Райдайӕн 2022 анзи 1-аг ӕма 2-аг номерти.

## Æ сæрмæ. Æ бунмæ

### На. Над. Под

Хузи ци уинис, уой радзорæ. Испайда кæнæ дзурдтæй: æ сæрæй, æ сæрмæ (æ сæрбæл), æ бунæй, æ бунмæ (æ буни), уæлдæр (бæрзонддæр), дæлдæр (ниллæгдæр).





Кæци хузи кизгæ биццеуæй æй бæрзонддæр, бæласæй ба – ниллæгдæр?





Цæхæн æйййивддзийнадæ æрцудæй?

Анæй «уæлдай» кæци æй?



## Фæсте. Разæй. Æхсæн. Астæуæй. Фарсмæ

Сзади. Впереди. Между. Рядом

Хузи ци уинис, уой радзорæ. Испайда кæнæ дзурдтæй: фæсте (фæстегæй), разæй, æхсæн (астæуæй), рæбуни, цори, рази, фарсмæ, æ уæле, æ сæрмæ (æ сæрæй), æ бунмæ (æ бунæй).




Тикис нæдæр устур хæдзари цæруй, нæдæр – бор хæдзари. Кæци хæдзари цæруй Тикис?



Хъæбунтæ нæййес нæдæр тæккæ бæрзонддæр цетени, нæдæр тæккæ минкъийдæри, нæдæр, Катя ци цетенæбæл бадуй, уоми. Кæци цетени римæхст æнцæ хъæбунтæ?





Цæхæн æййивддзийнадæ æрцудæй?

Кæци фигурæ æй «уæлдай»?



## Райдайӕни (фиццаг). Уой фӕсте (фӕстагмӕ). Раздӕр. Фӕстӕдӕр

Сначала. Потом (позже). Раньше

Раздӕр ци адтӕй, уой зӕгъӕ.



Кӕци гъӕдиндзӕ ниййаразтонцӕ ӕгасемӕй раздӕр, кӕций ба – ӕгасемӕй фӕстӕдӕр?



Хӕдзарӕ цӕхӕн фӕткӕбӕл арӕзт цудӕй, уой радзорӕ.





Хузти раст радæвæрд базонæ æма исаразæ радзурд.




Хузтæ рабарæ.

Кæци фигурæ æй «уæлдай»? Цæмæ гæсгæ?



# Классификаци

## Классификация

Æркæсæ хузтæмæ. Банхæст кæнæ рæнгъитæ.
Гъазæнтæ: къозо, гекъуна, зурнæ... .
Хæдзари дзаумæуттæ: стъол, къела, тæрхæг... .
Ахургæнæн дзаумæуттæ: пенал, тетрад, киунугæ... .



Хузæмæ æркæсæ. Хецæн къуартæбæл сæ радех кæнæ. Байамонæ дехгæнæг æуууæл.



Хузтæ радех кæнæ къуартæбæл. Цал дехгæнæг æууæли иссирдтай?







Рабарæ хузтæ.

Алли рæнгъи дæр зæгъæ дууæ фæсдзæуæг фигури.



# Фæлхаткæнунадæ

## Повторение

Æркæсæ хузæмæ. Радех кæнæ предметтæ къуартæбæл. Рабарæ чашкитæ æма тæбæгъти бæрцæ.



Рабарæ предметти бæрцæ рахесæрдигæй æма галеуæрдигæй.



Цæхæн фигурæ нæ фагæ кæнуй, уой зæгъæ.



Радех кæнæ къуартæбæл. Байамонæ дехгæнæг æууæл.







Хузтæ рабарæ.

Иссерæ фондз игъаугий.



Хузæмæ гæсгæ æргъуди кæнæ фæрститæ. Испайда кæнæ дзурдтæ галеуæрдигæй, рахесæрдигæй, уæлдæр (бæрзонддæр), дæлдæр (ниллæгдæр), фулдæр, минкъийдæр, æмбæрцæ, æ уæле, æ сæрмæ, æ бунмæ, тæнæгдæр (листæгдæр), бæзгиндæр (ставддæр)-æй æма син дзуæппитæ раттæ.



## Нимæдзити нумераци 1 – 10 уæнгæ

## Нумерация чисел от 1 до 10



1



2



3



4



5



6



7



8



9



10

## Берæ. Еу
### Много. Один. Одна. Одно

Цал карки ес хузи? Цъеутæ ба?



Хузæмæ гæсгæ æргъуди кæнæ фæрститæ дзурдтæ еу æма берæ-й пайдагæнгæй. Радех кæнæ предметтæ къуартæбæл. Байамонæ дехгæнæг æууæл.



Æркæсæ хузæмæ. Аци предметтæн еу дзурдæй исхонæн ес? Ци си æй «уæлдай»? Цæмæ гæсгæ?





Радзорæ цаутæ гъæугæ фæткæвæрдбæл.



Хузтæ рабарæ. Цæхæн æйййивддзийнадæ æрцудæй?

Иссерæ аст игъаугий.



# 1










Ӕркӕсӕ хузтӕмӕ. Алли хузи дӕр ци ес берӕ, ци ба – еу?





Хузи цӕй ӕма ке туххӕй ес зӕгъӕн *еу*?






*Уодзӕнӕй ма*

**Журнал «Ираф», 3, 2022 г.**

*Учредитель и издатель:*
*Комитет по делам печати и массовых коммуникаций*
*РСО-Алания.*
*362040, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ,*
*ул. Димитрова, д. 2. Офис 202.*

Главный редактор – Э. Б. Скодтаев

*Адрес редакции: 362015, Республика Северная Осетия-Алания,*
*г. Владикавказ, пр-кт Коста, д. 11, литера «А», кабинет 23, 24.*
*Телефон: 55-01-48; E-mail: iraf.journal@inbox.ru*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы*
*по надзору в сфере связи, информационных технологий и*
*массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00147*
*от 30 мая 2017 г.*
*Индекс издания – 73941*

Сдано в набор 07.07.2022 г., подписано в печать 21.07.2022 г.
Дата выхода в свет 31.08.2022 г. Знак. инф. продукции 6+
Формат 60x80 $^1/_{16}$. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.
Заказ № . Тираж 500 экз. Цена свободная.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис».
362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
Тел.: 25-96-18. E-mail: osetia-poligrafservis@mail.ru

**© Ираф, 3, 2022 г.**

Журнал «Ирæф»-и æрмæгæй æндæр мухурон оргæн ку пайда кæна, уæд гъæуама бæрæггонд æрцæуа, ист кæцæй æй, е.

Журналмæ ци къохфинститæ бацæуй, уони редакци рецензи нæ кæнуй, уæдта сæ автортæн фæстæмæ нæ дæттуй.

Журнал «Ирæф»-и мухургонд æрмæгутæбæл
дзуапп кæнунцæ автортæ сæхуæдтæ.